

## DAFTAR ISI

Teks Jawa (*Javanese Text*)—**2**

Catatan Historis dan Komentar—**197**

Lampiran I: Daftar Perbandingan Pupuh, Bait, dan Baris dari BL Add.  
MS. 12330 dan LOr 2045—**481**

Lampiran II: Pejabat Tinggi Pemerintahan Sementara Inggris, 1811-1816—**493**

Indeks—**496**

# Javanese Text

f.1r / punika Sêrat Babad Ngèngrèng ing sapunika tédhakan ingkang amésthî ngèngrèng kaping kalih

f.2r (rough notes)<sup>1</sup>

f.2v / punika pémut karésmèn salamina jumênêng Panjênênganipun,, wit sarèng sampun diwasa, Panjênêngan kawan-wêlas taun kasuda karésmèn ingkang sèwu dintèn,, rêsmi ingkang lumampah, kalakatèng ing ditèn Sènèn tanggal ping walulikul,, wulan Sawal ing taun (J)é<sup>a</sup>, angkaning warsa 1 7 4 2 (28 Sawal, A.J. 1742 / Monday, 2 October 1815) kapanggih rêsminya kaping saléksa,, kalihèwu kawan-atus ditèn kawan-dasa ditèn,, cowokkan ingkang sèwu ditèn wau,, sumèrèp yèn wotèn karsa Allah angganjar pambèngan gèrah,, tuwin chajabnya piyambak nyègah atas sangking karsa Allah,, sapunika kaétang Panjênênganipun wit ing taun (J)é<sup>a</sup>, kawan-dasa taun langkung walung taun,, sawèg apuputra mawi dakkirang Panjênênganipun ing sapunika salikur kalih,, ingkang wotèn (taun) . . .

f.3v<sup>b</sup> / Sêra(t)<sup>c</sup> Babad Ngèngrèng ping kalih

## CANTO I (Dhandhanggula)

1. ing ditèn Kémis witira dadi bicarèng nagri tan kènèng éwah sumèdhèng bicarèng kyaté nuju tanggal ping pitu wulanira Jumadilakir taun Alip angkanya sèwu pitung-atus tigang-dasa langkung songa (7 Jumadilakir, A.J. 1739 ; Thursday, 18 June 1812) sinéngkalan trus guna pandhitèng bumi<sup>2</sup> asar ri sèdhèngnya prang

2. aprang maryèm ramé dènnya muni syaranya ta lir klap sasra nampar tuhu yèn sami surané syara jalma gumuruh wong panjriting turongga muni gadèbèging lumalya syandana kèh ucul

<sup>a</sup> BL MS 'Zè'.

<sup>b</sup> f. 3r is blank in BL MS.

<sup>c</sup> BL MS. appears to have 'Sêrab'.

gilap kumèdhaping sara pan kumèbul nèng tawang lir kukus api liwèran sumyut tiba

3. bata ka(w)yan sèmpal pang rug kang wit wisma ta/tas tumibèng kang kis(m)a<sup>a</sup> rug grong pan imbuh larasé ubah kisma lir lindhu apuyèngan gègèr mènuihi non tawang ting samburat mimis ing lor kidul wus pasthiné ing Hyang Sukma tan kapèthuk mimis Jawa mimis I(ng)gris sèsmita sor kang yuda

4. tan kadi Srat Bratayudèng jurit duk Pèndhawa aprang lan Kurawa<sup>3</sup> sara campuh ta wong akèh pinasthi ramé pupuh myang kasèktèn pinagut sami pèrbawa amèsèsèsa rug mèrjayèng ratu

f.4r

<sup>a</sup> BL MS. 'kisa'; I have followed LOR.

tan kontap lirnya tinulak  
mongsa mangké miriba mimba sakédhik  
tan padya mangkonoa

f.4v 5. mimis Sabrang angè(n)cèng pribadi  
/ pundi kang dèngkah datan lèpat  
mawi panggungan sidiké  
sèmprong kinarya guru  
myang panduman pan datan kari  
inggil panggung kalintang  
sapucak pring pètung  
Sèpahi kang dadya tingal  
myang Sutabèl<sup>4</sup> saklangkung suraning jurit  
taté tahu sèdaya

6. anèng Sabrang (m)aulah ajurit  
kinèpalan Inggris datan kathah  
kinarya pamugari ngrèh  
tan kétang pèjahipun  
sanès lawan Sutabèl Jawi  
kathah datan santosa  
kirang tédhanipun  
balonja mung walung réyal  
pèndhak taun mila datan purun mati  
kathah ingkang kaétang

7. satèngah nyuléd<sup>b</sup> tur manah gèndring  
mila sadaya-daya muniya  
mung malès syara chajaté  
mila amalang méngung  
mimisira datan ngènèni  
muluk tumujèm kisma  
nganan-ngéring ngawur  
lapaking manah sandéya  
mung kalèlèt ajrih dhatèng kang nindhihi  
lawan sampun supata

8. mring pra Pangran kang tumindhil jurit  
karsaning Nata datan amanggyan  
mung mrintah yèn watèn gawé  
mila magut tan patut  
tindhil rungak pra Pangran sami  
kang nèng Siti(ng)gil Pangran  
Dèmang saputrèku  
anèng platar kilèn ika  
buluwèrti<sup>4a</sup> pra Pangran catur tumindhil  
Pangéran Sumayuda

9. Pangran Danupaya ingkang rayi  
Pangran Sontakusuma myang putra

<sup>b</sup> LOr 'ngulèt'.

sajuga Pangran Silarong  
wadya datan ingétung  
kang nèng platar wétan ing puri  
buluwèrti Pangéran  
Muchamad<sup>5</sup> puniku  
Abubakar myang arinta  
Pangran Arya Pangran Dipasana katri  
Kadipatèn rumèksa

10. duk sèmantèn kang tinèmpuh / wani f.5r  
mung Kadipatèn ingkang rinèmpak  
dhasar bluwèr clak Lajiné  
mriyèm gèng kathah pèngkuh  
ing Sitinggil ngampad pribadi  
tuwin baluwèr kilyan  
mung wétan kapupuh  
samyang suraning ngayuda  
pra Pangéran kèkalih ingkang tumindhil  
Pangéran Dipasana

11. wus lorodan raka tan nglawani  
Pangéran Muchamad Abubakar  
tan tumut prang mi(ng)gah bluwèr  
nèng Tanjung Anom<sup>6</sup> iku  
pipi régol kang dènlènggahi  
dadya mung Pangran Arya<sup>6a</sup>  
kapèngkuh ngapupuh  
tumindhil wadya sèdaya  
pan ingulap suraning wadya prajurit  
tètèg tyas ambèk pèjah

12. jrih mring Pangran yèn sèdya  
gumi(ng)sir  
mila panggah dangu sèswatan  
mriyèm gung saklangkung ramé  
Sutabèl gya kapupuh  
mimis sawat lajèng ngèmasi  
kang baris kèh kabranan  
kang nèng pajok mawur  
kilèn wétan mawurahan  
tuwin (w)adya<sup>c</sup> ing Trunasura<sup>7</sup> amiring  
runtik Pangéran Arya

13. gya angadag abadinya pribadi  
myang mèrgongsa nyuléd mriyèm panggah  
Pangran jumènèng iringé  
gih maksa wadya daut  
datan nongga mimis ing Loji  
brol nulya cinègatan  
Pangran langkung bèndu

<sup>c</sup> BL MS. 'madya'; I have followed LOr.

landhayan ngalangkèn sagra  
maksa nunjang kang jrih Pangran wangsul  
malih  
samyang angong iriban

- f.5v
14. yèn Jèng Pangran nyégati prajurit  
marga kang wétan kang kulon dhadhhal  
yèn ngulon wétan byar kabèh  
pan dadya wusal-wangsul  
kurda Pangran wa/os tinarik  
pan arsa tinumbakan  
jalma kang tan purun  
nulya mi(ng)gah lon-ëlonan  
wotèn Lurah Sutabèl maksa tan arsi  
aran Surapènantang
15. kèpalanya tinèkèm pribadi  
pan gumètèr ulatnya lorodan  
sèsambatira dhèrèndhèl  
Gusti kawula mudhun  
dédé wawrat kawula nyanggi  
umur kula satunggal  
tan watèn pèpitu  
tyang alit uman punapa  
mongsa buya ginanjar dados Bupati  
tuwas nyawa ngong sirna
16. bèngak-bèngok sambatnya mirisi  
ing akathah Pangran langkung kurda  
arsa tinumbak wètèngé  
wong dadi Lurah anung  
Kadipatèn mriyèm gadhuhi  
tèka tiningal malya  
i(ng)sun maksih pèngkuh  
tandya ingacungan sagra  
sambat biyung kula taksih purun Gusti  
sampung émut kawula
17. tandya mi(ng)gah gya mriyèm lèr muni  
mimis angsal ing candhi pan gèmpal  
mimis liwat pyur laburé  
Surapènantang takut  
pan dhèrodhog nèkèm murdèki  
lah konca èndhas kula  
napa taksih wutuh  
ikèt kula pan wus kontal  
kènèng mimis sampuna kula géndholi  
kados katut sèdaya
18. tatuné konca dika golèki  
kang sinung sabda gumuyu nir tyas  
non Suranatang solahé

dhasar wataknya gècul  
kèkandhangan satengah baring  
sarèng kalimpé Pangran  
anulya lumayu  
wadya ingkang mi(ng)gah tata  
tandya mangsah mari/yèm munya lir uni

19. kadèrèsèn nulya dhadhhal malih  
maryèm anyar pajok ingkang sigar  
ambrol Ki Nagaruntingé<sup>8</sup>  
kobar Sutabèl mlunyu  
Sélananik kabranan mimis  
suku nging tan rinasa  
rinèksèng Hyang Agung  
satang yuda Sutabèlnya  
gih kabranan nging rinèksa ing Hyang Widi  
mung tri jalma pralèna

20. langkung mimis gya kasaput wèngi  
dhèdhèp wadya tan ana kang lawan  
dadya mudhun sing bluwèré  
wadya Gris ngangsgé gupuh  
katadhahan kang baris Jawi  
Pangran Adinègara  
tindhahnya pra wadu  
Jagakarya Wirabraja<sup>8a</sup>  
gya sinambèr Inggris kang watèn ing wajik  
téji sura sèdaya

21. pan ingèdrèl ing kèstul prajurit  
langkung kagèt amalès sunapan  
ngawur nging tan wruh parané  
larugira mangidul  
angubèngi ing buluwèrti  
sabèn tèkan barisan  
wadya Gris angèstul  
gih pinapag ingèdrèlan  
nging tan kèna lampahnya amèksi(h) bèri  
rikat nyambèr bèdhama

22. nadyan watèn wadya Gris kang kèni  
tan kètarèng pèlayunya sura  
tandya mangsuk ing Lajiné  
makuwon barisnya gung  
ingkang wotèn sawawèng Laji  
tuwin jru wadya-bala  
Pakulaman umung  
wah prajurit Prangwèdanan  
putra wayah myang sinèbar baris margi  
Karangkajèn Kèrapyak<sup>9</sup>

f.6

f.6v 23. na/nging uninya maryëm ing Laji  
kang ingangkah duk malëm Jumungah (the  
eve of Friday, 19 June 1812)  
mung dalëm ing Kadipatèn  
mila kang wadya gumyur  
langkung miris kabyaté mimis  
ing dalëm karisakan  
dhëdhëp wadya agung  
tan këna ingangсахëna  
tandya Pangran umatur mring Kajëng Gusti  
yèn sagung wadya dhadhal

24. wah Sutabël samya anglorodi  
ubatnya tëlàs mariyëm sigar  
ambrol Ki Nagارuntingé  
Pangran Dipatya jë(n)tung  
wigugèn tyas tandya dira ngling  
lah ta paman dëninggal  
sampéyan umatur  
dhumatëng ing Kajëng Rama  
mongsa barong sampéyan kang dados  
tindhih  
kang mawrat ing ayuda

25. nuwun bantu yèn parëng rama Ji  
tandya kang paman nulya umësät  
tumanduk purarsa Rajèng  
lënggah bangsal Sang Prabu  
majëng ngalèr ing ayap sari  
pan samya prajuritan  
apsari sëdarum  
tandya matur Pangran Arya  
lir wëlingnya kang putra Pangran Dipati  
nuwun bantuning aprang

26. Kajëng Sinuwun ngandika aris  
kapriyé tholé Mangkudiningrat  
sapa kang yugya bantuné  
nëmbah këndël gya muwus  
mring kang paman sëndhu dira ngling  
lah paman déné kathah  
Kadospatèn wadu  
damélé paman punapa  
ingkang paman mangsuli sëndhu dira ngling  
inggih anak mas kathah

f.7r 27. Wiraguna salèrèhnya sami  
Jaminarsa pun Sasrawirana  
tu/win Bupati Tampingé  
mosan-Dalëm sëdarum  
tindhihira pun Sélamanik  
sura inggih kabranan

tri jalma kang lampus  
Sutabël pëcach mriyëmnya  
kang sundawa ngobar malonyoh kang jisim  
punika byuring wadya

28. sakëlangkung gèn kula ngadhangi  
maksä nunjang adhadhal lorodan  
tan kënèng syara maryëmé  
mëndhak dhëpèl ing banun  
pan lumajar kang manah tipis  
kadospundi gèn kula  
ngajëngkën kang wadu  
mi(ng)gah kinarya ëlèsan  
milanipun sumongga karsa Sang Aji  
aturipun rakanta

29. Pangran Mangkudiningrat tan angling  
mawas Sang Nata tandya ngandika  
ya mëngko i(ng)sun pikiré  
mung ubat ingsun bantu  
lan Sutabël ingsun bantoni  
lah wis sira mintara  
tutura mring nakmu  
gya Ratu Mas<sup>10</sup> angandika  
lir Sang Nata kagyat Pangran tyas anggalih  
sumëlangi wërdaya

30. kaya priyé pasëmon Sang Aji  
éwuh tëmën yèn sun rasa-rasa  
sun sunduk mënawa dédé  
wus pasthiné Hyang Agung  
ana Nata pasëmon nyilih  
solah bawa këtara  
sabdanya binawur  
kaya ana ingkang mawa  
Pangran waspa kathah karasèng ing galih  
nuwun Hyang Mulyaningrat

31. dëntëbahna pënggawéning iblis  
kang durjana tyas sampun këlakyan  
mugi èngëta ing tëmbé  
Kajëng Sang Nata Prabu  
dëntë/bahna karsa kang miring  
Allah atutulunga  
ing budi rahayu  
kaya priyoganingwang  
mongsa wurung dinuta ngulon ngétaning  
sun këdhap datan ana

32. kang umiring labuh lara-pati  
anglakoni sarupaning bawa  
bawaning karya ngël kabèh

f.7v

karya putra myang Prabu  
kayaparan gonku sumingkir  
ngong pan katèmpuh sèpah  
kapusthi Hyang Agung  
nadyan ana lir manira  
kadi nora Gusti Allah anglilani  
arja tyas mawat ing prang

33. ya ta tumèkaa lara-pati  
yèn sapakonnya Jèng Sri Naréndra  
tuwin Pangran Dipati Nom  
sarta perintah Hyang Agung  
myang panuta(n)<sup>d</sup> ingkang linuwih  
nanging panédhani(ng)wang  
kadyinya dèntulus  
supata pèrjangjya lama  
tuwin omba tèmèn-tèmèn mring sèkalih  
dènsama ngyèktosana

34. prapta gya matur mring putranèki  
sampun kula ngutus mring (ra)manta  
nuwun bantu prajuritè  
timbangan Rama Prabu  
pan ginalih ingkang prajurit  
dèrèng tamtu kang karsa  
mung Sutabèl bantu  
ubat mimis sinagahan  
lan abdinta Kadospatèn karsa Aji  
kinèn ngantèpa yuda

35. nadyan gi(ng)sir winangsulna malih  
Pangran Dipatya gupuh ngandika  
lah dawèg paman d(è)nagé<sup>e</sup>  
dènangsahèna gupuh  
mongsa barong paman nindhihi  
prajurit Jayèngsèstra<sup>10a</sup>  
bantunana gupuh  
Poncakèsuma miluwa  
ngiring paman ngobètna ingkang prajurit  
gupuh tandya umangkat

f.8r 36. praptèng jawi ing Sawojajaring  
panggih kang raka Pangran Bubakar  
ri / Pangran Dipasanané  
nèng pipi régol lungguh  
ingaturan raka myang rayi  
kinèn angukuhi prang  
tumindhah ing wadu  
kang raka ngandika gérah

<sup>d</sup> BL MS. 'panutas'.

<sup>e</sup> BL MS. 'dinagé'.

myang arinta Pangran Dipasana sakit  
tan kèna angsahèna

37. gya Pangran Arya mangkat pribadi  
tèkèng pèlkung' suwarèng ing wadya  
karya dora sèmbadané  
ngèmban timbalan Prabu  
dhinawuhkèn Wiragunèki<sup>11</sup>  
Sasrawirana Citra-  
diwiryana Tumènggung  
Sélananik pèmajègan  
myang titindhah kèpala Lurah prajurit  
lah padha rungokèna

38. timbalané Jèng Sri Narapati  
myang anggèrku Pangran Adipatya  
angantèp mri(ng) sira kabèh  
pa mung samono iku  
babotira anglanggar jurit  
ting balulung nèng ngandhap  
tan wani mandhuwur  
sura pèradhah ing yuda  
yèn wus katog kapriyé aturmu sami  
kamota mring manira

39. Wiraguna aturnya èsmu jrih  
Kèrtawijaya para kèpala  
rumasa tuk dukèng Rajèng  
tandya umatur gèbyug  
inggil sagah matur manginggil  
Pangran lègèng tyas ngatag  
lah mara dènggupuh  
tandya mi(ng)gah mring pèlatar  
gya ingèdrèl mariyèm saking ing Laji  
dhadhal malih lorodan

40. datan kèna ingobètkèn sami  
mung kari tindihnya lingan bata  
wirang yèn mudhuna mangko  
tandya kasaput dalu  
sama dhèdhèp wadya kang baris  
sring rinundhuk wong Sabrang  
biting arsa mangsuk  
gègèr / ing nginggil gya tadhah  
bèdhil ngawur kang sura wus anglungani  
sabèn-sabèn mangkana

41. injingira Pangéran katrining  
Pangran Bubakar Pangéran Arya  
myang Pangran Dipasanané

<sup>f</sup> LOr 'plèngkung'.

f.8

samya malbèng kédhatun  
Pangran katri ngabèktè(ng) Aji  
nuwun kang sawab donga  
mring Kajèng Sang Prabu  
sawèrnènipun santana  
wus kélakyan myang ngabèkti praméswari  
Ratu Kédhaton Rukma<sup>12</sup>

42. Sri Naréndra matédhani idi  
myang pra Ratu pan paring pandonga  
dhatèng Pangéran katriné  
Pangran Bubakar matur  
abibisik mring putranèki  
Pangran Mangkudiningrat  
anak mas ta wau  
kalanya kang mriyèm munya  
sarèng kula kapriksa dhatèng wong Inggris  
yèn kula kang nèng platar

43. samya gègèr Sutabèlnya sami  
ning mring kula tan dangu anak mas  
ing Loji munya mriyémé  
raosé manah ulun  
pan ingangkah<sup>8</sup> kula puniki  
Sang Nata gya ngandika  
jër sira riningsun  
cara kaji pèngganggonnya  
mulanira kètara ingangkah Ngloji  
bècik sira salinnya

44. tandya kapètédhan bajo lurik  
myang dhèsthar tudhung lawan lancangan  
samya lorodan Sang Katong  
Pangran saklangkung nuwun  
kinèn salin anèng ngarsa Ji  
dèlasan kang lancangan  
kinèn salin ngriku  
Pangran nuwun aturira  
mangké jawi mung bajo dhèstar rinakit  
wusnya tinundhung mèdal

f.9r 45. duk sèmantèn Kajèng Sri Bupati  
anggèganjar ingkang para putra  
sa/ntana Bupati mangko  
Mantri prajurit anung  
pinaryogi i(ng) kathah-kèdhik  
Radèn Brongtakusuma  
sèdaya kang mandu(m)<sup>h</sup>

<sup>8</sup> BL MS. 'ingangkahna', one sy. too many in the line.

<sup>h</sup> BL MS. 'mandun'.

kang pinatajèngan Nata  
ninging kasèsa wutahé dona<sup>f</sup> Sang Aji  
kathah kang kèlangkungan

46. Pangran Dipatya sumalèng galih  
animbali kang paman titiga  
nèng natar mugèng ku(r)siné  
prasamya gunèm rëmbug  
kang prayogya dipunlampahi  
Pangéran Abubakar  
anulya umatur  
kèjawi ngèrsakna mèdal  
aprang sabil tan watèn pèryogi malih  
sabèndana salira<sup>j</sup>

## CANTO II (Asmaradana)

1. ngandika Pangran Dipati  
kadospundi Paman Arya  
kang linakyan pèryogyané  
déné mung ngriki kéwala  
kang ingarah Wèlonda  
binédhil mriyèm kinrutug  
mimisnya ngèjurkèn wisma

2. sarta ubungan mènuihi  
wadya samongsa punika  
kang manah akathah mirong  
tan pèsajèng ing wèrdaya  
mriksa sèsmitèng Nata  
malih kaptanirèng sunu  
ninging kang juti (api)sura<sup>a</sup>

3. Jèng Rama ngélu ing kapti  
tan ngawèl rusakéng praja  
mèh supé mri(ng) kula Rajèng  
ninging wingi kula mèrdana  
malbèng cundhuk Jèng Rama  
ngandika Jèng Rama Prabu  
yèn sira kabotan yuda

4. lung sira jangkah ajawi  
Ingsun kang pèngkuh ing pura  
lan rimu Mangkudingraté  
kang kathah sèkarèpira  
kang dadi kanthènira

<sup>i</sup> L.Or 'dunya'.

<sup>j</sup> L.Or 'sabèn dina kèsmaran'.

<sup>a</sup> BL MS. 'pi-asura', one sy. missing in the line; I have followed L.Or.

myang pamanira sadarum  
pilihèn kang sarju manah

f.9v 5. gya kula tinudhung mijil  
nging manah langkung sandéya  
kadospundi prayoginé  
kang paman matur smu was/pa  
uning susahing putra  
gya matur prayogènipun  
kula gèr nyaosi pula

6. yèn mêngkatèn karsa Aji  
éwah puwasing puputra  
yèn tan klar prang mungsuh abot  
luwung mardanèng ing rama  
péjah gésang sumongga  
kadosa Yang Sunan Prabu  
Mangkurat duk Trunajaya<sup>13</sup>

7. pratadhèng tèmèn nyudarmi  
lalosing praja tut-wuntat  
maski kang rérépot anggèr  
lan nyuprih kagèla ing tya(s)  
rèngat-rènguning Nata  
sampun lyan anggalih sunu  
kang tyas sih mung papa duka

8. kèndèl Pangéran Dipati  
mirsa tur paman karénan  
ngandika kapriyé kabèh  
Man Bubakar Dipasana  
tuwin sira Tawirya  
Samawijaya katèlu  
Poncakésuma matura

9. samya matur mèryogèni  
anulya tinudhung mèdal  
Pangran dadas<sup>b</sup> rérépoté  
dinèkèk watèn ing Taman<sup>14</sup>  
mriyèm sèngsaya sura  
mawi long kalaning dalu  
wisma kang katrajang kobar

10. ing siyang mawi bès mèni  
wisma wadya Kadipatyan  
kang kinarya wit urubé  
anulya ing Pèngurakan<sup>15</sup>  
wisma Gèladhag tèlas  
tandhès Kauman Pèngulu  
wismanya tèlas sèdaya

<sup>b</sup> LOr 'datan'.

11. ngalèr Danurjan kabèsmi  
wadyanya miwah Kètandhan  
sakilèn lurung pa déné  
Danunègaran Gèladhag  
jaidan Natapuran  
kèh lèr kèdhaton tinunu  
nging pinincatan kang wisma

12. mila gègèré nglangkungi  
wadya lit ngili sèdaya  
sèngsaya kang ngrayah akèh  
wadya ing Aprangwèdanan  
wadya Pakualaman  
Gri/s Sèpèhi tindhihipun  
kang nimbrung sangsaya kathah

f.10

13. amung sawétaning kali<sup>16</sup>  
kiwa-tèng(è)n Pakualaman<sup>f</sup>  
tan watèn kang kisma kabong  
mung bajag kèh pinincatan  
tinèlèng Dikusuman  
myang Mangkubumèn puniku  
késrawo Abubakaran

14. Glèdhègan ènggèn Sèpèhi  
bèkta mriyèm kalataka<sup>17</sup>  
ingajèngakèn mèngalèr  
Mangkubumèn kang sinipat  
titis daud wadyanya  
warnanèn sajrun kèdhatun  
saklangkung tikbraning manah

15. ribèng nging tyas Nata kalih  
kang sajuga mungsuh sura  
kadyi anggalih putrané  
kèlajèng pangèbangira  
dhatèng putra taruna  
wus dhinawuh ing tyas tèmbug  
putra kang sèpuh kiniwa

16. tan kèku Pangran Dipati  
nanging taksih kang pèrbawa  
samantèn Kajèng Sang Anom  
wadya Kadipatyan dhadhal  
tan kèna ingangsahna  
waninya mung jagèng pintu  
sangking jrih mimis lir udan

17. kang baris Jawi wus gusis  
Inggris baris anèng wisma

<sup>c</sup> BL MS. 'kiwang-tèngn Pakualaman'.



aclak lan bètèng karépé  
yèn katungkul arsa ngrangsang  
wadya Sèpèhi rangap  
wus nyandhing mriyèm kadyiku  
badhé karya ngèdrèl lawang

18. mila wadya nginggil gusis  
(g)èlaning<sup>d</sup> manah angrasa  
yèn pinèndir mung saénggon  
déné wadya pra Bupatiya  
prajurit moncanagra  
tan ana swiji kang tulung  
mila langkung kékésira

10v 19. rumasa lamun (g)inalih<sup>e</sup>  
lèlèjèm prajadikara  
duk karta gumruh / kèdhapé  
runtik èsmu Jèng Pangéran  
Dipatya gupuh sabda  
Paman Arya dènagupuh  
lawan Paman Dipasana

20. sampéyan sowan Rama Ji  
nuwun bantu ingkang ngandhap  
yèn kaparèng Rama Katong  
Dipakusuma bantuwa  
lawan Danunègara  
sing kilèn lajèng amupuh  
mring kang baris Wiragunan

21. kang paman dyi mès(at)<sup>f</sup> aglis  
wus malbèng cundhuk Sang Nata  
tur sèmbah umatur alon  
kados wèlingnya kang putra  
Sang Nata gya ngandika  
lah Mangkudiningrat kulup  
kaya priyé karépira

22. sumongga karsa Sang Aji  
yèn kalonga ingkang kilyan  
tipis kang baris kèh longé  
pan samya anyanggi awrat  
malah wéwah Adhimas  
Natabaya lèrèsipun  
tumindhiya ing ayuda

23. Pangran Natabaya ling ris  
umatur dhatèng kang raka

<sup>d</sup> BL MS. 'èlaning', I have followed L.Or.

<sup>e</sup> BL MS. 'kinalih', I have followed L.Or.

<sup>f</sup> BL MS. 'mès', one sy. missing in line; I have followed L.Or.

kang sabda langkung adiyon  
lèrèsipun kakang émas  
Adhimas Natapura  
kang bantu ngilèn puniku  
kula ngadhèp Sri Naléndra

24. datan purun ingkang rayi  
sira Pangran Natapura  
nèng arsa-Dalèm adiyon  
gya Pangran Mangkudiningrat  
ngandika wis ménènga  
Kang Mas Mèrtasana bantu  
ngulon yèn sira tan sura

25. Dyan Prawiranata anging  
Bèndara prayogènira  
kèjawi karsa Sang Katong  
kang gitika mèngsah wétan  
kang watèn Wiragunan  
raka andika Tumènggung  
Rahadyan Sumadiningrat

26. nyambèr kang wo/tèn ing jawi  
prajuritnya samya sura  
Pangran rèmbag ing aturé  
Sang Nata langkung karènan  
lah gandhèk dhawuhana  
gya mriyèm Laji dhumawuh  
mimisnya tibèng kèdhatyan

f.11r

27. tintrim wong sadalèm puri  
lanang wadon dhikir samya  
ngungun Sang Naléndra tyasé  
sawab ing wau kèdhatyan  
tan katibanan sara  
ing mangké drès lir galudhug  
mimisnya sagoning tiba

28. Sang Nata ngandika aris  
kapriyé Mangkudiningrat  
jalma kang saguh angabong  
Laji goning gèdhong ubat  
Pangran matur wotsèkar  
bilih dèrèng Sang Aprabu  
Samadiwirya<sup>17a</sup> kang sagah

29. tiga abdi-Dalèm Bugis<sup>18</sup>  
éwah sampun kapatèdhan  
lagya agunèm Sang Katong<sup>g</sup>  
lèr wotèn abong-abongan

<sup>g</sup> BL MS. 'Sang Kangtong'.

biru mulék kukusnya  
Sang Nata kagyat andulu  
cingak wadya sakédhatyan

30. anërka Laji kabèsmi  
girang tyas Sang Nata duta  
kinèn mriksa mring baluwèr  
duta turnya Laji kobar  
nanging datan katingal  
sèmantèn mariyèmipun  
gantinya dangu tan munya

31. wus samya angèsthi Laji  
gèdhong sundawa kawlagar  
kinarya tēnggran kukusé  
anulya Pangran Bubakar  
malbèng sajruning pura  
Sang Nata gèpah andangu  
adhimas lah ana apa

f.11v 32. ing lor abong/an mēnuhi  
biru kukusé adhimas  
gupuh wotsèkar ariné  
ing Laji Sinuwun kobar  
inggih pandugi kula  
gèdhong sundawa katunuh  
lan kula mirèng syaranya

33. mriksa wong sadalēm puri  
Pangran Bubakar turira  
wit parèkan surak kabèh  
gya wadya prajurit samya  
pura Surimèngantya  
suraknya ambata rubuh  
lir karèngèh ing awiyat

34. wus ngèsthi kobari(ng) Laji  
manahnya kibir sumèngah  
jubriya pan arsa ngayok  
Sang Nata ngawé kang surak  
pamrihira mēnènga  
sangsaya surak gumuruh  
girang-girang sapulahnya

35. Sang Nata amèlajèngi  
mubèng sadawaning<sup>h</sup> bangsal  
sèntana tangawé-awé<sup>i</sup>  
ngandika sru Jèng Sang Nata  
ja sira bungah surak

<sup>h</sup> LOR 'sapanjangé'.  
<sup>i</sup> LOR 'angawé-awé'.

jubriya I(ng)sun tan ayun  
wis padha sira mēnènga

36. kang cèlak kèndèl nyuraki  
kang tèbih maksih gumèrah  
anulya munya mariyémé  
ing Laji dèntès/ syaranya  
anglir gèlap anampar  
mimisnya tibèng kèdhatun  
kisma gèrong sapuyuhan

37. umob natar klèban warih  
mimis muwèr nulya sigar  
lir pacar wutah tibané  
wadya kang kabrabad<sup>k</sup> jola  
sirèp kang surak samya  
lingan banon myang wraksèku  
kèkès manahnya sèdaya

38. wèkasan prasamya dhikir  
wadya myang èstri sèdaya  
nèdha mulyaning Hyang Manon  
Sang Nata kalangkung tikbra  
anulya angandika  
Dhimas Arya dènagupuh  
lah wis ta sira mundura

### CANTO III (Durma)

1. / lah tutura mring nakira si Dipatya f.12  
jaluk bantu prajurit  
Bupati dya Dipa-  
kusuma Danunagra<sup>18a</sup>  
ing mēngko aprang pribadi  
anyongga lawan  
kulon Anggris anggitik

2. nora bisa atulunga maring wétan  
amung si Mangkubumi  
kalawan Panèngah<sup>19</sup>  
iku yoga bantuwa  
Pangran kalih dèndhawuhi  
lah amung sira  
bantu Kangmu Dipati

3. Pangran kalih matur wrat nēmbah mring  
Nata

<sup>j</sup> LOR 'dèntèp'.  
<sup>k</sup> LOR 'kabribit'.

kēdah dhēpok Sang<sup>a</sup> Aji  
pinēksa Sang<sup>a</sup> Nata  
nulya tinundhung mēdal  
lajēng Pangran Mangkubumi  
mring Kadospatyan  
Pangran Panēngah kari

4. Pangran Arya wus matur rēhnya dinuta  
mring Pangéran Dipati  
ngungun tyas sumala  
pan sēngsaya kētara<sup>b</sup>  
sēngsaya kathah ginalih  
nulya ngandika  
wis baliya sira dhi

5. Mangkubumi yèn sira amor maringwang  
lawat éwuh kang ati  
luwung D(h)i<sup>c</sup> Panēngah  
sadhidik pakéwuhnya  
wis inggal baliya adhi  
kang rayi nulak  
tandya Pangran Dipati

6. animbali ing dalu paman tētiga  
wus sumaos ing kursi  
amung paman tiga  
sampun pisah lan kula  
kang paman tri matur i(ng)gih  
tandya ngandika  
répot kula prasami

7. sampun kula dèkèn<sup>d</sup> ing Taman sēdaya  
pan kula pikir-pikir  
lèrès Pa/man Arya  
yèn tan kangkat ing karya  
kula umarék Sang Aji  
suma(ng)gèng karsa  
rèhning tēmèn nyudarmi

f.12v

8. pan andhèrèk sakarsa-karsa Jēng Rama  
kagēla tyas kang nyilib  
kang paman sumongga  
langkung jumurung samya  
sēdalū kēkadhar sami  
tan ana nēndra  
samya muji Hyang Widi

<sup>a</sup> LOr 'mring'.

<sup>b</sup> LOr 'kēnyina'.

<sup>c</sup> BL MS. 'di'.

<sup>d</sup> LOr 'dèkèk'.

9. pukul songa maryēm ing Laji tan munya  
pan ngantos pukul kalih  
ayēm kang miarsa  
satēngah éca nēndra  
rumasèng mēndha kang jurit  
pan angsal rēmbag  
bicara kang ngrapēti

10. sawab déné Pēpatihira Sang Nata<sup>19a</sup>  
ing wau ta ing nguni  
kinèn mring Sēmarang  
angsung pasung Nata  
dhatēng Tuwan Jindral Inggris  
kēndèl ing marga  
tan tēkèng ing Sēmawis

11. pan anganti Pēpatih ing Kartasura<sup>e</sup>  
sarēng mring Sēmawis  
karsaning Sang Nata  
adating ingkang soban  
yèn pinēncil salah-siji  
pēnggalih Nata  
yèn Gris kang manah nyilib

12. sawab déné ing wau mongsa punika  
Sang Nata lawan I(ng)gris  
gēsèh kang bicara  
sabarang kang kacipta  
mila Ki Patih winangsit  
Jindral wus nyipta  
kurda<sup>f</sup> matah prajurit

13. wong Bērgala Supèhing prajuritira  
tanapi wadya Inggris  
tuwin Prangwēdanan  
kait Pakualaman  
/ kinèn mring Laji Mētawis  
icir lampahnya  
siyang dalu mēnuhi

f.13r

14. sarēng kēbak Laji tandya Tuwan  
Jéndral  
Minēstēr mring Mētawis<sup>20</sup>  
sumēdya ayuda  
Laji sampun sumēkta  
sabarang-barang mēnuhi  
tandya Sang Nata  
mirsa gumyur kang galih

<sup>e</sup> LOr 'Kartasura' emended to 'Salakartia'.

<sup>f</sup> LOr 'kuda'.

15. nulya i(ng)gal kinèn nimbali Kya Patya  
myang suta Sindunagri  
dyan Pri(ng)gakusuma  
susun gandhèk matumpang  
Sang Nata pan èsmu runtik  
déné nèng marga  
tan uning tèkanya Gris

16. nadyan mètu ing wétan pasthi uninga  
sak-anglakokkèn tèlik  
ngantya Tuwan Jéndral  
prapta Nagri Mètaram  
Patih tri dina létneki  
anganti aprang  
Patih tan ana prapti

17. pan anyipta Sang Nata jinégal Patya  
ngungun mangrujit galih  
pamabanan rētna  
kēncana winor timah  
pinanjingan susutya di<sup>21</sup>  
dawir kang banan  
wékasan pisah sami

18. pan matēbah-tēbah Nata ing pērnaja  
dadya pikir rarya lit  
pundi ingkang bisa  
tumanduk karsa Nata  
punika ingkang ginalih  
saklangkung ura  
bēdhug tiga kang wanci

19. nulya Inggris ngēdrèl mriyēm bal-  
-ambalan  
lir glap syaraningrēki  
mimisnya tuméja  
tatas ka(d)yan<sup>6</sup> katimpal  
gumyur wadya kagum sami  
kang samya néndra  
f.13v / gugup tanbuh karyèki

20. bangun é(n)jang I(ng)gris ngangsgēg  
surēng yuda  
marpēki baluwarti  
gèrèd<sup>6</sup> maryēmira  
sarta anangking ondha  
wadya Pakualam sami  
kang samya ngangkat  
pinasang buluwērti

<sup>6</sup> BL MS. 'kayan'; LOr 'kang'.  
<sup>7</sup> LOr 'gégèr'.

21. gya ingēdrèl mring Wirabraja<sup>22</sup> tan  
kontak'  
giyak ing buluwērti  
uning mungsuh ngrangsang  
bēdhilnya barondongan  
gya mriyēm sinuléd sami  
lir pindah gērah  
kasapta amēnuhi

22. wadya Sabrang angiyēr maksa  
angra(ng)sang  
kang kanin tan tinulih  
pintu Poncasura<sup>23</sup>  
dēndrèl mriyēm wus bēdhah  
Inggris wus angrasang biting  
prasamya giyak  
mawut kang wotēn nginggil

23. salang-tunjang pēlayunya rēbut  
paran  
tilar dangdanan sami  
Pēgēlaran tandang  
mriyēm munya lir gērah  
baluwēr kilèn mēnuhi  
lir glap syaranya  
sasra tumiyèng késmi

24. maksa ngangsgēg Inggris jarunthul  
lampahnya  
iyēg angēdrèl sami  
gēndhong mriyēm<sup>7</sup> samya  
kinarya ngēdrèl Jawa  
wadya Gris kang watēn nginggil  
ka(ng) wus tuk karya  
tutulung angēdrèli

25. mriyēm Jawa sinuléd kinarya gaman  
syaranira mawanti  
dadya makan tuwan  
mriyēm baluwēr samya  
wadya Pagēlaran uning  
yèn mēngsah samya  
wus nèng baluwēr sami

26. gya lumayu pan samya asalang-tunjang  
mundur Mandhungan<sup>24</sup> sami  
tindhahnya Pangéran  
Dē/mang sampun mirantya  
Bupati Martanégari

f.14r

<sup>8</sup> BL MS. 'koktap'.  
<sup>9</sup> LOr 'kēstul'.

Sumadiwiryā  
prajurit Jro mēnuhi

27. gantya sira Kajēng Pangéran Dipatya  
wus ing ngunjukan uning  
dhumatēng kang paman  
yèn baluwèr wus bédhah  
kang wadya-bala wus gusis  
tandya Jēng Pangran  
Dipatya malbèng puri

28. arsa marèk<sup>k</sup> Sang Nata suma(ng)gèng  
karsa  
gya praptèng Srimēnganti  
arsa malèbēta  
kinunci ingkang lawang  
Pangran Jayakusumèki  
matur mring raka  
timbangané Sang Aji

29. yèn Paduka arsa asowan ramanta  
tan kilan bēkta abdi  
mung kalih kéwala  
samya sèlèya gaman  
kagyat Pangéran Dipati  
runtik jruning tyas  
kathah kérasèng galih

30. sèndhu nyabda sira Radyan  
Ontawiryā<sup>25</sup>  
mara nètèpkèn kang kris  
kadospundi paman  
wicara Jēngandika  
tan énak rinasa<sup>l</sup> kuping  
punapa dika  
kang kinèn jagèng kari

31. bramētyandik Pangéran Jayakusuma  
sarya anyingkur<sup>m</sup> kang kris  
sèndhu wuwusira  
i(ng)gih anak mas kula  
kang jagèng wotèn ing kari  
lah ajèng napa  
kula niki nglakoni

32. timbalané Sinuwun dédé karsèngwang  
tandya Pangran Dipati

wis kulup Tawiryā  
aja sira pèpèka  
sapuluh wus karsèng Widi  
téga Jēng Rama  
marang ing awak mami

33. gya mangké yèn<sup>n</sup> mring Suranatan<sup>26</sup>  
Pangéran  
sawadyanira ngiring  
arsa joging Taman  
/ (k)unèng<sup>o</sup> Pangéran Arya  
kang lumampah wotèn wingking  
kinèban lawang  
kari wétan jujuning

34. wotèn kapal kaplèsèd nèng i(s)or<sup>p</sup>  
lawang  
sikilira kaplipis<sup>q</sup>  
rèbah ingkang kapal  
arsa kinunci lawang  
mring wong jro nanging tan kèni  
pinadal rosa  
kang jawi dèdèl wani

35. mapan dangu dinèdèl-dèdèl tan  
kèna  
Pangran mangsah pribadi  
dèdèl i(ng)kang lawang  
sih Hyang kang kari kontal  
kang kuda nya(dh)angi<sup>r</sup> aglis  
tinunjang wadya  
kudanira sumingkir

36. Pangran gèpah mardana ing parégolan  
panggih lan putranèki  
Pangran Jakusuma  
kularsa malbèng pura  
asowan dhatèng Sang Aji  
kang putra nya(b)da<sup>s</sup>  
korènipun kinunci

37. botèn kénging kawula punika paman  
kajèdhèlèn nèng jawi  
lan Kang Mas Dipatya  
ngilèn sawadyanira  
kang paman garjitèng galih

<sup>n</sup> LOr 'gya angilèn'.

<sup>o</sup> BL MS. 'gunèng'.

<sup>p</sup> BL MS. 'nèngiyor'; LOr 'ngisoring'.

<sup>q</sup> LOr 'kapalèpèd'.

<sup>r</sup> BL MS. and LOr 'nyatangi'.

<sup>s</sup> BL MS. 'nyatda'; I have followed LOr.

<sup>k</sup> BL MS. 'umarèk', one sy. too many in the line; I have followed LOr.

<sup>l</sup> BL MS. 'ringnasa'; I have followed LOr.

<sup>m</sup> LOr 'anyikul'.

nora pēsaja  
basa ki nyalawadi

38. tandya wadya kang baris Mandhungan  
mèngkab  
malbèng Surimènganti  
Pangran Jakusuma  
kras sabdanya masura  
bok baris kono pribadi  
nganggo lumalya  
anadhahi wong Inggris

39. ingkang paman tampi lamon  
sinèmonan  
gya sru dènira angling  
lah padha barisa  
aja padha lumalya  
Pangran wus anata baris  
garjitèng nala  
ingsun prang anèng ngriki

f.15r / 40. lamun tiwas mor wong cilik  
wangkèningwang  
/ tan nèng arsa Sang Aji  
lan lèjèm tan éca  
kélangan a(ng)gèr i(ng)wang  
tan sinung mardanèng Aji  
dadya kapiran  
tan karèbat sawiji

41. payo bocah lèrès mangulon tut-wuntat  
mring Pangéran Dipati  
ingsun nora cidra  
marang (S)ri' Naranata  
wong tan sinung malbèng puri  
dhèrèk putranta  
ya sasat dhèrèk Aji

42. tèkèng pintu wotèn jalma tri lumajar  
arsa angancing kari  
Pangéran prayitna  
jalma arsa pinèdhang  
wuring dènnya ngunci kari  
gya Pangran mèdal  
saabdènira sami

43. cicir gangsal abdinnya kabuton lawang  
tandya nusul kang rayi  
Pangran Dipasana  
cumundhuk mring kang raka

' BL MS. 'tri'; I have followed LOR.

wus sumusul putra sami  
rumèksèng wuntat  
pangkur ingkang gumanti

#### CANTO IV (Pangkur)

1. warnanèn Pangran Bubakar  
pan lumajar pisah lan Kajèng Gusti  
witnya wadyanya sèdarum  
prasama kèkapalan  
tut-wuntata mring pura atilar wadu  
kèndèl anèng Sawojajar<sup>27</sup>  
lan ngadhangi kang prajurit

2. kang samya kadèdèl mèngsah  
pan katèlun Pangran sawadya ngisi  
ngétan baluwèr tinurut  
nèkuk ngidul karsanya  
katan uning yèn mèngsah wus anèng dhuwur  
gya ingèdrèl pan lumalya  
rèbut paran ingkang abdi

3. tuwin kang nunut / sèdaya  
salang-tunjang buyar pèlayunèki  
Pangran pan arsa mètu  
kari ing Gadhing<sup>28</sup> ika  
pan kinunci ing nginggil mè(ng)sah supènuh  
ingèdrèl gya anjog Nagan  
warnanèn Pangran kèkalih

f.15v

4. Pangran Mangkubumi ika  
lan Pangéran Panèngah réwangnèki  
witnya pinèksa Sang Prabu  
bantu ing Kadipatyan  
nèng baluwèr anyar ènggè(n)nya<sup>a</sup> puniku  
Pangran Mangkubumi ika  
nè(ng) bluwèr gèdhong sundawi

5. tan kangkat nulya lumajar  
mèdal Sawojajar mangétan sami  
wus karsaning ing Hyang Agung  
Pangran suwalèng kaptya  
supè ja(ng)ji mring raka sarèng alampus  
duk karta carèming rëmbag  
sabarang karya nègari

6. ing mongsa puniku (u)wal<sup>b</sup>  
wit linulu singrèng duduka Aji

<sup>a</sup> BL MS. 'ènggèngnya'.

<sup>b</sup> BL MS. 'wal', one sy. missing in the line; I have followed LOR.

lan nyana raka tan èstu  
lamun dadya Naléndra  
milanipun kaléyèk prang tan cumundhuk  
sémantèn yèn mardanaa  
lan raka masthi kapanggih

7. sawab Pangéran Dipatya  
datan ugya inggal malébèng puri  
anitakakkèn pra wadu  
saèsthiné yèn bédhah  
mila Pangran kalih sinèndhu Hyang Agung  
ginanjar lélingsèm sira  
wit nilar kadang sudarmi

8. kinuya pan binéd(i)lan<sup>c</sup>  
mring Sèpahi atanapi mring Inggris  
buyar kang wadya anusup  
lumayu salang-tunjang  
Pangran Mangkubumi kènèng mimis siku  
sarungannya / ingkang gèmpal  
Pangran kang tyas langkung miris

9. dhasar méntas gèrah Pangran  
kasayahèn lumayu Pangran kalih  
gya ginédhong Pangran sampun  
mring abdinya kang trésna  
taruntunan lan Pangran Bubakar iku  
dhara(t) (lan) taksih nèng kuda<sup>d</sup>  
nging sowang-sowangan sami

10. kadyi karsanira mèdal  
praptèng pèlkung<sup>e</sup> Gadhing dipunbédhili  
gya ngilèn mring urung-urung  
Pangran kalih apingsah  
ngarsa wuri gih mèdal ingurung banyu  
kabuton suri ambédhah  
ngisoré dipunkédhuki

11. kang wèdhi wus sèdhèng jalma  
gya salulup Pangran kalih myang abdi  
I(ng)gris mriksa lamun urung  
kinarya rumpon jalma  
gya ingèdrèl sangking in èlèr puniku  
kang pèjah patih galimpang  
kang mulya kasèsa sami

12. gumèrah tunjang-tinunjang  
rèbut dhingin samya anunjang suri

sèsak tinunjang samètu  
labèt kasésanira  
gya Pangéran mèdal sawadya lumayu  
ingèdrèl nanging tan kèna  
wadya buyar kocar-kacir

13. ngidul-ngilèn pèlajèngnya  
kawarnaa kang aprang Buluwèrti  
kang baris lèring kèdhatun  
myang sakuloning pura  
sampun ambyar lir sapu wudhar subipun  
Bupati tan ana lawan  
giris tan nolèh ing wuri

14. lumiyat mring wadya Sabrang  
sura-panggah langkung tahan ing bédhil  
ang/iyèr ngutu jèrunthul  
nusup kukus sundawa  
lir tan kèna ing pati mongsa puniku  
Pangéran Dipakusuma  
tindhih pèngagèng Bupati

15. Tumènggung Danunègara  
Jadipura Ranadinigrat unin<sup>f</sup>  
Wèdana Jru Kliwon iku  
tan émut sihing Nata  
kang pinikir amung rahayuning wujud  
dhadhalnya sowang-sowangan  
Gris wus ngrangsang buluwèrti

16. tinadhahan mèksa ngrangsang  
pan binédhil mariyèm wa(n)ti-wanti  
maksa ngungkih wus mandhuwur  
wadya dhadhal sèdaya  
salang-tunjang pèlayunya rèbut dhucung  
samya atilar dangdanan  
Pangran catur malya<sup>g</sup> sami

17. putra Pangran Slarong ika  
Pangran Sumayuda santana Aji  
Pangran Danupaya iku  
Pangran Sontakusuma  
pan agancang lumayu ti(ng)gal rakèku  
kantun Pangran Samayuda  
tinututan ing wong Inggris

18. jinaluk curiganira  
wadya I(ng)gris nglaga<sup>h</sup> bédhama sami

<sup>c</sup> BL MS. 'binédhèlan'; I have followed LOR.

<sup>d</sup> BL MS. 'dharan taksih nèng kuda', one sy. missing in the line; I have followed LOR.

<sup>e</sup> LOR 'plèngkung'.

<sup>f</sup> LOR 'kanin'.

<sup>g</sup> LOR 'madya'.

<sup>h</sup> LOR 'ngliga'.

f.16r

f.16v

Pangran sedyanya tan angzung  
dangu datan ngandika  
gya pinédhang mring Inggris Pangran  
mukèku  
kang kénging ngandhaping tingal  
Pangran gupuh gya srah kérés

19. pēnyananya Jēng Pangéran  
tan nēmēni pēnjaluknya wong Inggris  
déné tēmbungnya winangsul  
jēr pranyata Pangéran  
sampun ba(ng)kit bisa Walonda Lumayu<sup>29</sup>  
lan kathah kang kuwanuhan  
wong Sabrang pésthi yèn bécik

f.17r 20. kaduwung tyasnya / Pangéran  
langkung mérang saputra gya srah kérés  
sawadyanira sēdarum  
sawerning gégaman<sup>1</sup>  
kang kacandhak sēdaya samya rinébut  
Pangran gya sowan mring Nata  
warnanèn kang wotèn jawi

21. santana kalih punika  
jējérira Bēbékèl lēngahnèki  
mongsa punika tan tumut  
aprang sajruning pura  
Pangran Mangkukusuma ingkang asēpuh  
Pangéran Adikusuma  
punika ingkang taruni

22. kang sēpuh pambēngan gērah<sup>k</sup>  
ingkang anèm mēntas ngapura Aji  
purwa bawahnya ginantung  
sinrèng dinukan Nata  
datan sinung mardana Kajēng Sang Prabu  
pērkarèng wani ing raka  
agahan titilarnèki

23. sabarang myang kēnyanira  
pan rinasuk duk raka nēng Sēmawis<sup>30</sup>  
Pangran Pakualam iku  
sarèng prapta krurèng tyas  
nuwun adil mring raka Kajēng Sang Prabu  
nulya katrap ing adilan  
dhasar Nata srèng pribadi

24. katērka kang rayi blila  
angadoni pē(ng)gawé kang tan bécik  
mring putra Sang Rajasunu  
sabab Pangran kaci(h)na  
Nata uning yèn Pangran asring malēbu  
mring (sa)jruning<sup>1</sup> Kadipatyan  
krēp wayahnya nyalawadi

25. apanggya lan Rajaputra  
Nata rēngu sinidik wus kapusthi  
punika purwa ginantung  
dhinèndha kinakènthang  
pitung Sēnèn anèng ing pasowan Sēptu  
wédhung pinundhut Sang Nata  
sangèt ri pēnlongsanèki

26. mring Nata saos prasētya  
tuwin dhatèng raka Pangran kang prapti  
/ nanging tan kanggēp turipun  
bēbana ingkang putra  
Pangran Mangkudiningrat sangèt turipun  
wutah sajruning pērnaja  
mring putra angasih-asih

27. papa cintraka luwara<sup>m</sup>  
duduka Ji mugé tyas sagēda nir  
kang putra wēlas saklangkung  
kabékta garwanira  
kang sēntana Pangran Mangkudiningratku  
sutanya Natawijaya  
nanging kang paman jinangji

28. dhasar sēmantèn Jēng Pangran  
Arya Mangkudiningrat ginadhang Ji  
ing praja pan sampun umum  
ganti Pangran Dipatya  
solah muna lan muni tēng(a)ran<sup>n</sup> sampun  
mila agécani kadang  
kathah tyas samya lumiring

29. santana sēpuh lan mudha  
lulut asih kang satèngah mèt liring  
sēmantèn kang raka sēpuh  
wasta Pangran Pančengah  
gih dinukan nunggil kang paman puniku  
pērkarèng mēmanis samya  
mring raka Pangran Dipati

<sup>1</sup> LOr 'bicara Landa Lumayu'.

<sup>1</sup> LOr 'Pangéran'.

<sup>k</sup> LOr 'mē(ng)sah'.

<sup>1</sup> BL MS. 'jruning', one sy. missing in the line.

<sup>m</sup> LOr 'citraka luwaran'.

<sup>n</sup> BL MS. 'tēngan', one sy. missing in the line.



30. pèrkareng sama lan paman  
 Dikusuma samya pē(ng)gawé juti  
 dinalih Nata angadu  
 prakarèng kang tan layak  
 datan kènèng ngambah kilèn lèpèn iku  
 kang bibi tinundhung mèdal  
 mongsa bandar tan pinaring

31. Pangran jrih dukaning Nata  
 pan bèbundhèt nuwun sih mring kang rayi  
 kadya kang paman turipun  
 ingkang rayi asagah  
 ingkang raka jinanggi sih mring rènipun  
 inggih wus kadya kang paman  
 tēmèn antèping mring rayi

32. gya Jèng Pangran matur Nata  
 nuwunakèn apuntèn paman kalih  
 Kang Mas Panèngah puniku  
 Sang Nata dhatèng dha/ngan  
 ingandikan samya pinundhut kang atur  
 sèmantèn sampun kalakayan  
 gya samya dangdaning jurit

33. Rēbo dintèning apura  
 Kēmis satèn<sup>o</sup> aprang mariyēm muni<sup>31</sup>  
 syara lir glap sasra nēmpuh  
 Pangran Panèngah inggal  
 wus nèng pura Pangran Dikusuma kantun  
 kasēsa sadhiya Pangran  
 tēpang lan rakanirèki

34. Pangéran Mangkukusuma  
 dhasar wisma clak lèt banon pribadi  
 gègèr sumēdya adhaut  
 supé mring Sri Naléndra  
 myang mring putra Pangéran Dipatya iku  
 mung ngétang raka nak-rayat  
 gya dhaut sawadyanèki

35. wismanira pan tinilar  
 myang dunya bot tinilar wisma kalih  
 kang ringkēs binē(k)ta<sup>p</sup> dhaut  
 prapta ing Jalasutra<sup>31a</sup>  
 gènnya manggèn Pangéran kadyi puniku  
 saputra garwa sèdaya  
 anaré Pangran sawèngi

36. pinisēpuh Jalasutra  
 nuwun priksa purwanira ing nguni  
 wus sinēbdan lirnya iku  
 gya matur sēndhu Radyan  
 yèn mēngkatèn sampéyan tilar Sang Prabu  
 botèn tumut prang ing pura  
 wékasan sampéyan ngili

37. dèrèng babak dèrèng bunyak  
 awèl anggèr<sup>q</sup> satr(ya) tilar (è)gari<sup>r</sup>  
 kula pan sangèt anuwun  
 pèryogi wangsul Pangran  
 bēnjang-énjang rērépot kula kang tunggu  
 Pangéran Adikusuma  
 nyabda sun tan duwé abdi

38. mung Pangran Mangkukusuma  
 ingjing wangsul lajèng mangsuk wismèki  
 nulya Di/kusuman iku  
 rinayahan sèdaya  
 wadya Pakualaman Supèhi pènuh  
 dhasar wus lama ing ngancam  
 syara gumèdèr kapyarsi

39. ngambil brana kang singidan  
 wus tinapis dunya kang kari ènting  
 Pangran Mangkuku(su)mèku<sup>f</sup>  
 gya dhaut ngili sigra  
 dhatèng Pakualaman sawadyanipun  
 réncang kèdhik ingkang tēngga  
 ngaub ingkang antuk kardi

40. bēgja wisma tan rinayah  
 sawab botèn watèn ingkang prakawis  
 Pangran Balitar kawuwus  
 inggih santana Nata  
 rinya Pangran Dikusuma tunggil ibu  
 inggih tan tumut prang pura  
 dhaut saabdinya ngili

41. lan ngajèngi pèdalēman  
 lurung agèng kinarya a(ng)jang jurit  
 lan tibaning mimis iku  
 sing baluwèr mri(ng) wisma  
 mila gugup Pangran sagarwa putrèku  
 lawan abdi mung sapala  
 wékasan nilar wismèki

<sup>q</sup> LOr 'nganggur'.

<sup>r</sup> BL MS. 'satriya tilar gari'; I have followed LOr.

<sup>f</sup> BL MS. 'Mangkukumèku', one sy. missing in the line.

<sup>o</sup> LOr 'sontèn'.

<sup>p</sup> BL MS. 'binèpta'.

f.18r

f.18v

42. dunya kang rowa tan kêtang  
mung waluya raga nak rabi kèsthi  
purwa ènthèng mring Sang Prabu  
bawah kèdhik pèrnata  
lèlènggahan anèng luhuré puniku  
kang raka Pangéran Dèmang  
nging bawah saklangkung katir<sup>f</sup>

43. wus lama pan sinèrgèpan  
mung rinampèk mung sabda kang amanis  
wus lama nir tyas gya mundur  
tan sowan ing Paséban  
karya ngantèp ing kapti Kajèng Sang Prabu  
nyuprih kagol sih mulyaa  
wékasan tan pinarduli

f.19r  
44. mila wotèn prang tan tumrap  
réncang kèdhik rinaos ngur sumi(ng)kir  
mring Pagèlèn larugipun  
ungkurnya gya binajag  
tètèlasan kang wisma la/jèng katunu  
ingobar tèlas sèdaya  
sèmantèn wotèn pawarti

45. Ki Dipati sampun prapta  
anèng Kutu mring Grogol gya mring Mlangi  
lajèng kèndèl Sanasèwu  
lajèng dhatèng Pakuncyan<sup>32</sup>  
gandhèk matur kadospundi lampah ulun  
tinimbalan gal-inggalan  
mangké mingsèd saking kèdhik

46. ngandika sèndhu Kya Patya  
wong lumaku sainaké kang kapti  
mariyémé lir galudhug  
kapriyé gonku nèrak  
Nata mriksa pawarti saklangkung rèngu  
nanging pinèrm ing wardaya  
mangrujit sinom pèngrawit

#### CANTO V (Sinom)

1. kawarna Pangran Dipatya  
arsa mring Taman wus prapti  
Kènarì pintu kinuncya  
dinèdèl-dèdèl tan kèni  
gya ngidul nasak margi  
miyos margi banon jugrug

<sup>f</sup> LOr 'kuwatir', one sy. too many in the line.

anjog dhatèng Mriyosan<sup>33</sup>  
marganya ing Tamansari  
Gèdhong Èbrak gih oranira<sup>a</sup> kinuncya

2. nulya wangsul Jèng Pangéran  
myang putra paman tan kari  
gya kèndèl Pangran Dipatya  
èsmu kèwèdan ing galih  
lajèng tan angsal margi  
kandhèg nèng lurung mangungun  
anggalih ing wékasan  
supéné putra Sang Aji  
kadyaparan kèdadèh ing<sup>b</sup> sarirèngwang

3. gya putranta Kang Panèngah  
Dyan Samawijaya rani  
matur èsmu sugal ngrama  
kadospundi karsaniki  
yèn kèndèla ingriki  
langkung èwèd papanipun  
mangké kasésa mèngsah  
suwawi / ngamuk pribadi  
ngalun-alun pèngkèran ènggènyaa wiyar

f.19

4. bègjan kang rèrèpot samya  
wong sampun mèkatèn ugi  
luwung ngamuka kèwala  
Rahadyan tur èsmu tangis  
Pangran Arya gya angling  
wis mènénga putoningsun<sup>c</sup>  
apa sarkarsèng rama  
suwawi gèr kula ngiring  
botènipun pun paman tilar gèlanggang

5. sun bèlani ing sakarsa  
dadya tèmah lara-pati  
gya abdi atuduh margi  
butulan nusup wismèki  
marganira mri(ng) kari  
Nagan gèn répot sèdarum  
tandya Pangran Dipatya  
miyos manusup latar Ji<sup>d</sup>  
anjog Nagan wus pangghil lan para garwa

6. apan wus samya sanéga  
miyos nèng jawining kari  
kirang dhidhik arsa mangkat

<sup>a</sup> LOr 'korinira'.

<sup>b</sup> LOr 'kadadoyanèng'.

<sup>c</sup> LOr 'putoningsun'.

<sup>d</sup> LOr 'latari'.

buyar ingkang para sari  
tan tahan syaranèki  
ing bédhil mimis kumrumpyung  
sarèng rawuh Jèng Pangran  
saklangkung ayèm ing galih  
duk sèmantèn Pangran Dipasana pisah

7. anulya Pangran Dipatya  
rèrépot binē(k)ta<sup>e</sup> sami  
sumédya miyos ing jaba  
gumuruh syaraning èstri  
samyā géndhong rarya lit  
myang dunya ringkēs myang sangu  
wastra punjèn tutulak<sup>33a</sup>  
pating carèngèk kang bayi  
kang sawèn(è)h<sup>f</sup> karuna pisah bēndara

8. sakēlangkung uyēkira  
tanbuh kawula lan gusti  
anglir gabah ingintēran  
lumaku arēbut dhingin  
dhasar aut<sup>g</sup> kang kari  
f.20r Purbakusuman sēk/pēnuh  
ngilèn baluwēr prapta  
lajèng ngalèr karsanēki  
joging Kari Jagabaya gēnnya mēdal

9. sēmantèn kang jagèng lawang  
samyā lorodan Bupati  
ran Tumēnggung Pri(ng)galaya  
kadyi Prawirayudēki  
Blambangan<sup>34</sup> kang prajurit  
Sutabēl myang Dēmang anung  
sampung inggal kang lawang  
lumayu wotèn ing jawi  
dadya mēnga wong ing jru prasamyā mēdal

10. jalēr èstri<sup>h</sup> brul-ēbrulan  
myang Dyan Janingrat kang kanin  
duk wau purwané ing prang  
pinédhang mri(ng) wadya Inggris<sup>34a</sup>  
èpèk-èpèk kang kēni  
dinèkèn Taman puniku  
mor pangilinya kēnya  
sagarwa putra tut-wuri  
kinèn jampya karsanira Sri Naréndra

<sup>e</sup> BL MS. 'binēpta'.

<sup>f</sup> BL MS. 'sawēnah'.

<sup>g</sup> BL MS. 'baut'.

<sup>h</sup> BL MS. 'èstrin'.

11. sarèng mēdal dhērakalan  
sagarwa putranya ngiring  
nulya Pangéran Bubakar  
tuk marga gya mēdal sami  
Jaminarsa nèng wi(ng)king  
kèndèl Pangéran andangu  
priyé Pangran Dipatya  
gya matur wau nèng wi(ng)king  
déné sira pisah anututi mēdal

12. déné sira wong (k)inarya<sup>f</sup>  
mring gēr sabarang pakardi  
kinasiyan cilik mula  
wékasan pisah ngoncati  
turnya sawab tyang alit  
anulya kēbat lumayu  
mangilèn lan rayatnya  
Pangran Bubakar nututi  
jog ing Toyatumumpang<sup>35</sup> panggya lan  
wayah

13. Dèn Mas Ambiya<sup>36</sup> kang nama  
kang tas lumayu lan bibi  
ran Radyan Ngrayungasmara  
langēnnya Pangran Dipati  
myang Radyan Ayu putri  
Prawirasantika iku  
Pangran lēga kang manah  
ngraos watèn kang sinuprih  
/ kartèng praja malar dadiya pangucap f.20v

14. ngiringkèn putra lan wayah  
tandya ingaturan sami  
mri(ng) Magiri<sup>37</sup> kang prayogya  
Pangéran ngiring samargi  
wus prapta ing Magiri  
kang rayi ingkang winuwus  
Pangéran Dipasana<sup>37a</sup>  
kang pisah putra Jèng Gusti  
pan lumalya dharat arépot sajaknya

15. tan pisah lan abdènira  
cinèkèlan nganan-ngéring  
lumajèng gancang tan bisa  
ingku<sup>g</sup> rindhik réncangnya jrih  
mēngsah gumēr mbédhili  
ginéndhong wrat tan pèkantung  
sangking kasēsanira

<sup>f</sup> BL MS. 'tinarya'; I have followed LOr.

<sup>g</sup> LOr 'laku'.

kang abdi rina(ng)kul kalih  
kinèn mlayu rikat Pangran géndhol jongga

16. kukuh baluwèr wus prapta  
tan arsa amèdal kari  
ngambil ondha abdènira  
tinurutkèn banon aglis  
kasèsa Pangran nuli  
mèlorod tan mèdal nguntu  
abdènira abéla  
sèdaya mèlorod sami  
ting gadèbug Pangran inggal mètu jaba

17. lumay(u)\* adhèrakalan  
inggi anggèndhol mring abdi  
mangidul Pangran larognya  
dhuwung rèntah tan tinulih  
rahyu tan kènèng mimis  
Pangran Dipatya winuwus  
saréng prapta ing lawang  
pinapag Inggris bédhili  
sanging èlèr luhur baluwèr atémbak

f.21r 18. / buyar kang rérépot samya  
myang prajurit ingkang ngiring  
gumuruh tunjang-tinunjang  
wor priya lawan pawèstri  
lèrès Pangran Dipati  
anulya mundur mangidul  
tandya Sèpèhi dharat  
Inggris sing kidul nangkèbi  
gya angèdrèl sèngsaya buyar kang wadya

19. rëbut urip pèlayunya  
myang pawèstri niba tangi  
nu(n)jang mring Pangran Dipatya  
tan umiyat dhatèng Gusti  
Pangran Arya nèng wingking  
rumèksèng putra nyabda sru  
lah aja padha nunjang  
lumayu dènngrasa abdi  
dènpitaya yèn ingsun maksih tut-wuntat

20. padha asraha Hyang Sukma  
lumayu yèn pasthi mati  
mongsa wurunga kapèdhak  
mu(ng)suh pan wus angidèri  
témahan ti(ng)gal Gusti  
tan rumasa tyas yèn tuhu  
kang nékad kandèl samya

\* BL MS. 'lumaya'.

kang tipis lumayu gèndring  
sadangunya nèng marga ngayèmi  
wadya

21. Pangran anyuprih wulèda  
dhatèng ing kawula alit  
yèn nunjang kinèn kriyina  
sinaguhan watèn wingking  
tandya Pangran Dipati  
nèkuk mangétan puniku  
nèng lurung Asèm<sup>38</sup> ika  
sumèdya wangsula malih  
dhatèng Taman kang jog Gèdhong Lopak-  
Lopak<sup>39</sup>

22. arsa sèlèh parépotnya  
sakari kang mawur sami  
gya ingèdrèl wantya-wantya  
mimis lir péndah garimis  
wit sè/m lir ngrok ing jalmi  
pang putung gadhong lir jawuh  
mambak tumibèng kisma  
datan katingal kang siti  
nging rahayu mung Radyan Ayu  
Dipatya

23. kasrèmpèd mimis sukunya  
lan kang èmban putranèki  
Radyan Mas Bagus<sup>40</sup> punika  
kang èmban anandhang kanin  
pitulung takat ati  
wadyanya wus kathah mawur  
samya tilar gèlanggang  
mung wadya kang ngampil-ampil  
ingkang taksih kèkasih uwal sèdaya

24. sèmantèn pintu kinuncya  
dinèdèl-dèdèl tan kèni  
kèndèl Pangéran Dipatya  
printah sru ngèngakkèn kari  
Pangran Arya pan uning  
yèn kèndèl kang putra wau  
labèt kabuton lawang  
kasupit Pangran tyas watir  
mri(ng) putranta Inggris nèmèn  
pangèdrèlnya

25. surak sing luhur bètèngnya  
suka angèlokkèn kèni  
gya Pangran Arya Panular  
lumyat tindak saking wajik  
busana dènkèncèngi

f.21v

mi(ng)kis<sup>l</sup> kang wastra cinancut  
anulya nyandhak watang  
ran Ki Kondhang<sup>41</sup> gya pinandhi  
miwah Pangran Pakualam  
rikat myang putra wadyané  
Jèng Sultan nulya ngaturan  
anèng kantor lèlasyan  
myang garwa putra sèdarum  
tuwin paman Pangran Arya

16. uwa Pangéran Ngabèhi  
Pangéran Sontakusuma  
dyi sèba putra Sang Katong  
nanging sami karisakan  
datan mawi curiga  
samantèn Patih wus rawuh  
pan taksih mawi curiga

17. tinimbangan mri(ng) Sang Aji  
mugèng jru gèdhong / Apatya  
tan dangu gya mèdal agé  
Jèng Pangran Bèi umiyat  
Patih maksih nyuriga  
Pangran Bèi ngandika rum  
mring kang rayi Pangran Arya

f.38r

18. lah iku kapriyé adhi  
wis tuwa abèdhogolan  
ngangkah apa awakingong  
anakmu siji tan kèna  
maksih nganggo curiga

<sup>c</sup> BL MS. and LOR 'anilih'.

<sup>d</sup> LOR 'wus kèna'.

ngonggowa apa pakéwuh  
déné Danurja kérésan

19. kĕjabané sira adhi  
kang rayi matur sumongga  
ngangkah punapa wus lungsé  
iya bĕnĕr ciptanira  
adhi sun ngangkah apa  
gya pinundhut ingkang dhuwung  
mring putra wus ngagĕm sigra

20. Bupati wus kathah prapti  
myang Mantri samya myardana  
Wĕdana prajurit kabĕh  
tan ana mawi curiga  
badan alus kéwa(la)<sup>e</sup>  
sĕmantĕn gĕnti winuwus  
Jĕng Pangran Aprangwĕdana<sup>93</sup>

21. saputra wayahnya sami  
saha prajurit nung samya  
myang Gris tindhĕh Sukĕtrisĕ  
ngubĕng Sumadiningratan<sup>94</sup>  
bakta mriyĕm<sup>f</sup> angru(m)pak  
wus pasthinĕ ing Hyang Agung  
Rahadyan Samadiningrat

22. tinilar wadyanya sami  
myang konca kadang warganya  
suta labĕté mungsuh bot  
lan wus sami mirĕng warta  
yĕn kĕdhatyan wus bĕdhah  
tyas kuwur pan lajĕng mawur  
tan ana mongga puliya

23. salong kaca(n)dhak dĕnungsir  
pinarjaya déné mĕ(ng)sah  
kathah pĕjah myang kĕtaton<sup>95</sup>  
Pangĕran Aprangwĕdana  
ngangsĕk malĕbĕng natar  
gĕgĕting tyas arsa pangguh  
lan Radyan Samyadi/ningrat

f.38v

24. déné kalokĕng nĕgari  
jĕjĕndhulĕ wong Ngayugia  
arsa ingajak guguyon  
tumpang pupu lan Pangĕran  
langkung gĕgĕting manah

kalokĕng Sala cinatur  
sawiyah dhatĕng Pangĕran

25. mila katuju ing galih  
prapta lawang gĕdrug Pangran<sup>8</sup>  
ngabani wadya angĕdrĕl  
mangsuk sumahah ing natar  
gla tyas Radyan tan ana  
Sukĕtaris gya malĕbu  
ing masjid<sup>96</sup> nulya kapĕdhak

26. anulya ingĕdrĕl wani  
sinasog ing ganjur atap  
akawal-kawal tan pulĕh  
pira kuwatĕ sajuga  
kinroyok wadya kathah  
Dyan Sumadiningrat lampus  
wadya kang trĕsna wus buyar<sup>97</sup>

27. Sukĕtris tan lĕgĕng ati  
anulya jongga pinĕdhang  
tan tatas nulya kinrayok  
busananya pinĕdhĕtan  
sĕdanira ngangĕkĕnan  
Sukĕtaris ingkang bunuh  
tandya Pangran Prangwĕdana

28. inggal tindak dhatĕng masjid  
ningali kuwonda Radyan  
Sumadiningrat kang layon  
tandya ingiling-ilingan  
rawis Radyan ingucap<sup>h</sup>  
wong kaku aja kumĕnthus  
yĕn tan kadi Prangwĕdana

29. tandya Pangran printah aglis  
mring wadyanira sĕdaya  
myang Sukĕtaris printahĕ  
Inggris Sĕpĕhi kinĕna  
wadya-bala ngĕrayah  
Sumadiningratan gĕmpur  
bang kidul sawĕrnĕnira

30. gya wismanya Dyan kang lalis  
wusnya rinayah ingobar  
saklangkung / gĕni urubĕ  
tandya Pangran Prangwĕdana  
saputra wayahira

f.39r

<sup>e</sup> BL MS. 'kéwa', one sy. missing in the line.

<sup>f</sup> BL MS. 'mariyĕm', one sy. too many in the line.

<sup>8</sup> BL MS. 'Pangĕran', one sy. too many in the line.

<sup>h</sup> LOr 'ingusap'.



myang Sukêtaris umangsk  
Ngloji përcayèng Twan Bésar

31. kang kari layon wus ngambil  
mring wadyanira kang trésna  
wus sinaèn ingkang layon  
pinètak watèn Jéjèran<sup>97a</sup>  
sèmantèn Jéng Pangéran  
Aprangwédana wus matur  
myang Sukêtaris kanthinya

32. mring Tuwan Jéndral nèng Loji  
saklangkung ing sukanira  
Samadiningrat wus layon  
rinayah wisma ingobar  
Sukètris kang mërjaya  
Tuwan Jindral tandya muwus  
Pangran lah andika séba

33. mring Sultan baru taruni  
angsung tabé kaslamètan  
myang sira Sukêtarisé  
ngirida maring Pangéran  
tandya dyi mangsuk sigra  
mri(ng) kantor gènnya Sang Prabu  
cundhuk lan Sang Nata Mudha<sup>98</sup>

#### CANTO XII (Sinom)

1. gya Pangran Arya Panular  
tumut malbèng gédhong aglis  
jaga sandinirèng jalma  
sawab dèrèng wotèn uning  
Pangran Prangwédanèki  
gya nyaoskèn tabé Prabu  
Sang Nata gya ngandika  
iki sapa Sukêtaris  
nulya matur Sukètris punika Pangran

2. Prangwédana putra Nata  
gupuh Sang Nata gya angling  
apa padha karaharjan  
inggih Sang Nata basuki  
kula punika Aji  
satataning Wlondi tumut  
tan sagèd krama Jawa  
mring Sunan kula tan bèkti<sup>99</sup>  
alim dalèm sampun dados galih Tuwan

f.39v 3. Sang Nata tandya nga/ndika  
angsal padha nyuprih bècik

tandya Pangran Prangwédana  
atakèn mring éyangnèki  
si(n)tèn dika kang sami  
kapèrnah punapa Prabu  
Pangran Arya gya pasrah  
pamanané kula niki  
pan karangkèp dadi maratuwa Sultan

4. lah niku anak kawula  
kidulé Sri Narapati  
nulya Pangran Prangwédana  
nyabda dados éyang mami  
apuntèn nyudakrami  
ing wau yang kula tan wruh  
ing nalar sapunika  
sampéyan sami basuki  
ènggih putu pènapa padha raharja<sup>a</sup>

5. manuhkèn tyas panggya anyar  
kang wayah umatur inggih  
gya mundur sing ngarsa Nata  
lan kang éyang kanthèn sami  
nuwun priksa nalaring  
ing pèrnah kadang nom sèpuh  
mapan sampun jinarwan  
mring éyang wayah wus uning  
dadya tèpang ing manah myang pagujèngan

6. gunèng pun Jisim lan Radyan  
Poncakusuma (mring)<sup>b</sup> puri  
wus panggya lan éyangira  
Ratu Kèdhaton kang nami  
matur sanès karèngting  
putranta wus madèg Ratu  
inga(ng)kat Tuwan Jindral  
ayéma sami kang galih  
Kajèng Ratu miyarsa sokuring<sup>c</sup> Allah

7. sèdaya pan dhinawuhan  
pra putri myang babu sami  
myang éyang apsarèng Nata  
myang manis sakèhing èstri  
kinèn ayèm kang galih  
mubèng Dyan jruning kèdhatun  
wus samya amiyarsa  
saklangkung ayèm kang galih  
mung Ratu Mas sèmantèn taksih karuna

<sup>a</sup> LOr 'sami raharja'.

<sup>b</sup> BL MS. 'myang'; I have followed LOr.

<sup>c</sup> BL MS. 'sokuringing', one sy. too many in the line.

f.40r

8. kang kaétang putranira  
 sajuga akarya brangti  
 waspa drës matèluthokan<sup>d</sup>  
 tyas li/nilih datan kèni  
 amèksa angranuhi  
 mèh kantaka Kajèng Ratu  
 nanging éling ing Sukma  
 digaparira<sup>e</sup> dharindhil  
 srah Hyang Purba kasarua Ngran Pakualam

9. sing kari kidul gya prapta  
 myang putra wadyanya sami  
 angagèm cara Wèlonda  
 kagèt wong sadalèm puri  
 kèkès prasama ti(n)trim  
 mènawi Pangran angrayud  
 tandya Pangran ngandika  
 Ratu Kèncana na ngèndi  
 kang dinangu matur nèng kidul punika

10. gya Pangéran Suryaningrat  
 marépèki bu kèpangih  
 gya rinangkul putranira<sup>100</sup>  
 karuna waspa drës mijil  
 myang apènira sami  
 pra Ratu samya amuwun  
 sun nyana tan panggiya  
 lan putraningsun wong sigit  
 sokur sèwu i(ng) mangkya nèmura haraja

11. ibu kula ngutus rama  
 sampéyan kin(on)<sup>f</sup> mondhong  
 sèdaya putra babunya  
 kula bèkta dhatèng Ngloji  
 watir wotèn ing wuri  
 yèn karayuk kang tan wèruh  
 punika Kajèng Rama  
 wétan ing bangsal ngéntosi  
 gya lumiring Jèng Ratu i(ng)gal-i(ng)galan

12. saputra babu parèkan  
 wus panggih lan Pangran gipih  
 kinanthi angusap waspa  
 gya nginggahkèn ing pèlangki  
 Dèn Ayu Rê(ng)gawati<sup>101</sup>  
 pamamong Ratu Nom tumut  
 gya wadya Prangwèdanan

<sup>d</sup> LOR 'atèlèthokan'.

<sup>e</sup> LOR 'tigaparira'.

<sup>f</sup> BL MS. 'kin', one sy. missing in the line.

ngupados santanèki  
 ingkang aran Dèn Ayu Pinongkawatya<sup>102</sup>

13. sèmantèn sampun kapèdhak  
 gya tinitih(kèn)<sup>g</sup> pèlangki  
 lan putranira satunggal  
 Yudawijaya Dyah putri  
 wus ingangkatkèn nuli  
 sarèng lawan Kajèng / Ratu  
 wus prapta Laji Taman  
 pinèrnahkèn pondhok sami  
 Kajèng Ratu Kèncana panggya lan putra

f.40v

14. Kajèng Ratu Yu<sup>103</sup> agèpah  
 kang ibu dènpèlajèngi  
 kalihnya angèmu waspa  
 tan winarna solahnèki  
 anèngira sakalih  
 Pinongkawati Dèn Ayu  
 wus panggih lan Pangéran  
 Prangwèdana rinangkul glis  
 waspa mijil gya ngandika Jèng Pangéran

15. wus bibi aja kèdawa  
 sok padha slamèta sami  
 wis dhèrèka Ratu Rukma<sup>104</sup>  
 mring pondhoké éyang sami  
 tandya nulya lumaris  
 gantya<sup>h</sup> Tuwan Mèstèr iku  
 ingkang ngundhang wadya  
 aprang kinèn samya uwis  
 nora nana bicara wus rampung samya

16. lan wus ana ingkang dadya  
 ingangkat Jindral dadya Ji  
 Kajèng Pangéran Dipatya  
 jumènnèng Sultan Mètawis  
 wadya Sabrang wus uning  
 kang aprang wus sami mundur  
 amung samya ngrèrayah  
 sakèh wisma-wisma ènting  
 wong gègawa ngandhut samya pinèndhètan

17. sèmantèn abadinya Pangran  
 Arya mring Ministèr ngiring  
 tri Surakrama Wasita  
 Surajaya ta ing nguni  
 ingutus ngupadosi

<sup>g</sup> BL MS. 'tinitih', one sy. missing in the line.

<sup>h</sup> BL MS. 'gyantya'.

<sup>i</sup> LOR 'wisma dènsumèdi'.

mring Pangran putra sēdarum  
myang babunya kawarta  
kang putra cicir kēkalih  
wus kapanggya kang putra pēpak sēdaya

18. lajēng ngiring Mastēr Tuwan  
mubēng mring Taman dhawuhi  
té(n)trēmīng prajadikara  
wong Jawa wus samya uning  
nanging Sēpahi Inggris  
tan pēgat ngrayah angrukud  
yèn tan sukarsa mēdhang  
kinarya sandi pēngambil  
kēkēs nir tyas dadya tan ngandēl parintah

f.41r 19. mila taksih abu/sēkan  
tan kēna kumrēsēk kēdhik  
tuwin ijo-ijo abang  
winēstan Sēpēhi Inggris<sup>105</sup>  
tuwin yèn watēn putih  
lanang wadon samya kagum  
nadyan prasamya Jawa  
yèn mēmpēr pēnganggé Inggris  
jola rungak mandirang tyas datan tahan

20. énthèng kang wujud lumajar  
mila kēdhik para Mantri  
datan watēn saprapatan  
kathah kang samya malēncing  
Mastēr wus praptēng Loji  
Jingsim Dyan putra wus cundhuk  
umatur mring Naléndra  
dinuta wasana énting  
tandya Pangran Samayuda duk sēmana

21. ingapura Tuwan Jindral  
myang putra wus kinèn nangkil  
sowan mring Jēng Sultan Mudha  
wus panggih nyaoskēn taklim  
wus kinèn lēnggah jawi  
mor raka lan rayēnipun  
tan dangu pra Pangéran  
sēdaya kang dēncēpēngi  
kinèn séba mring rakanira Naréndra

22. sēmantēn samya mardana  
Pangéran nēnēm myang rayi  
kang dērèng sinungan nama  
tētiga jējaka sami  
wus katimbalan Aji  
sajruning gēdhong umangsuk  
Pangran Jayakusuma

raka Pangran Pamot kalih  
ri Pang(é)ran/<sup>105a</sup> Sontawijaya tan klilan

23. winangsulakēn gya mēdal  
Sang Nata tan arsa panggih  
mung nēnēm ingkang kinarsan  
ngabēkti sēca Raka Ji  
wusnya gya mēdal sami  
Pangran Natabaya kantun  
dinangu kathah-kathah  
wusnya gya tinundhung mijil  
nulya Pangran Mangkudīningrat mardana

24. wus ngapura Tuwan Jindral  
Tuwan Ministēr kang ngirid  
wus prapta ngarsaning ra/ka  
nulya kang rayi ngabēkti  
rinangkul Raka Aji  
nging kang rayi datan lungguh  
jèngkèng ngarsaning raka  
sajak (lir)<sup>k</sup> wong sukèng galih  
raka-rēngu ing tyas tan katarèng nētya

25. wēkasan nulya ngandika  
adhimas lah i(ng)sun iki  
wis ingangkat mring Yang Jéndral  
sumilih rama dadya Ji  
sira pa tēmēn ugi  
rēhira ngratu sadulur  
Pangran Mangkudīningrat  
gya matur mring Raka Aji  
èsmu kēras turnya dhumatēng kang raka

26. inggih tēmēn kula Kang Mas  
rumiyin dēlong<sup>l</sup> samangkin  
atur kula datan tiga  
nanging sampun dēnēwahi  
sabarang kula sami  
sapatrap myang lēnggah ulun  
kadosa kang wus klakyan  
pangrēngkuh sihnya Sang Aji  
ingkang raka ngandika iya tan uwah

27. apa adaté kang saban  
dhimas ja kuwatir ngati  
angsal sira tēmēn mringwang  
nuwun aturé ka(ng) rayi  
gya matur mri(ng) Raka Ji

<sup>i</sup> BL MS. 'Pangran', one sy. missing in the line.

<sup>k</sup> BL MS. 'ling', I have followed LOr.

<sup>l</sup> LOr 'dalam'.

f.41v

kawula gadhah panuwun  
yèn Paduka bicara  
sabarang karya Sang Aji  
lamun nantun mring kula yèn datan rëmbag

28. kawula sampun pinèksa  
omba tan sagèd nglampahi  
kagyat kang raka ngandika  
adhi prakara kang èndi  
apa marang pawèstri  
yèn arsa bésuk sun angsung  
pun kakang tan kéduga  
Mèstèr mèsem miyarsa ngling  
Pangran matur sumongga pènggalih Nata

f.42r 29. Kajèng Sultan angandika  
wus jamaning dhingin-(dhingin)<sup>m</sup>  
wong gèdhé tadhah bicara  
ru/wèd-rèntènging nègari  
yèn tan klar mangun pikir  
abot dudu bubuhamu  
Mastèr I(ng)sun kang gadhah  
pangwasa rëmbug kang dadi  
priyé Mastèr apa bènèr sabdaningwang<sup>106</sup>

30. inggih lèrès Sri Naléndra  
Pangran lah sampun kuwatir  
bicara wrat watèn kula  
yèn tan pèthuk Raka Aji  
bicara datan dadi  
nadyan dadi karsa Prabu  
yèn kula datan rëmbag  
bicara inggih tan dadi  
lamun gilig kadyi punika kang dadya

31. sampun kathah kang dados was  
angsal tèmèn mring Raka Ji  
kang wus angsal sih Yang Jéndral  
sumilih ramanta Aji  
Pangran gya sumpah aglis  
mring raka Agama Rasul  
Tuwan Mèstèr saidnya  
nging Nata kagoling galih  
gya tinundhung mèdal mor rayi lan paman

32. sèmunya susah Pangéran  
kaduwung turnya mring Aji  
maryoga lèpat sèdaya  
wus pasthiné ing Yang Widi

<sup>m</sup> BL MS. omits the final 'dhingin', two sy. missing in the line.

sinukakkèn ing galih  
ngapura sadosaniipun  
wèkasan dadya sasar  
Pangran kèndel tan kèna ngling  
mung kang rayi-rayi saènggèn tan tèbah

33. tan nunggil lan uwa paman  
ingaturan datan apti  
sèmantèn Pangéran Arya  
kang putra rinangkul gipih  
sampun kathah kagalih  
narima sihnya Hyang Agung  
gih lèrès paman kula  
botèn kados awak mami  
tandya Pangran Prangwèdana mring gènira

f.42v 34. atatanya mring kang / éyang  
punika si(n)tèn kang nami  
gya Pangran Arya ngandika  
mring wayah anak mas iki  
Mangkudiningrat kasih  
rinta ramanta Sang Prabu  
gya ingajak tabéyan  
tan nyabda èwuh basani  
angujiwat kèsah Pangran Prangwèdana

35. gya takèn malih mring éyang  
kang kathah-kathah puniki  
ingkang sami watèn ngandhap  
punapané ing Sang Aji  
kang sami tan mawi kris  
kang éyang tandya atutur  
puniku rayi Nata  
kapunakan kula sami  
Pangran jola ngujiwat nyabda tan rowang

36. éman-éman rupanira  
nom pèkik padha barindhil  
lir batoh sèprandènira  
Prangwèdana kang dèncih  
gya ngidul wangsul malih  
gèrèd kursi gya anjujug  
ngarsané ingkang éyang  
Pangran Bèi dènaturi  
éyang kula Prangwèdana rinampèka

37. yèn sudya éyang ngandika  
dhumatèng ing awak mami  
gupuh Pangran Bèi nyabda  
putu karaharjan sami  
kang wayah matur inggih  
wilujèng sawab pukulun

éyang punapa gèrah  
têka lêsah tingal sami  
Pangran Bèi ngandika ya putoni(ng)wang

38. wus lawas sakit pèdharan<sup>106a</sup>  
maripat myang incok sami  
asta mèh tan bisa glawat  
mula répot putu mami  
wus tuwa kakyan sakit  
Pangran Prangwédana rēngu  
ngujiwat mring kang éyang  
wit basa mangké tan krami  
kalajèngkèn aturira mring kang éyang

39. yang kawula pagujèngan<sup>a</sup>  
nyaoskèn jampi tya(ng) sakit  
éncok adaté kang tomba<sup>107</sup>  
f.43r / uyah asēm kēncur sunthi  
mriyos lan lisah kēdhik<sup>o</sup>  
jinampyankèn inguyèg sru<sup>p</sup>  
pundi gènipun gèrah  
nging dédé dhukun yang kami  
tulang tomo éstiyar<sup>q</sup> yèn katarima

40. kang yang ngandika tarima  
bésuk mulih sun lakoni  
Pangéran anulya késah  
mangidul mring gèn Bupati  
jumènèng wotèn kari  
malang-kadhak Pangran dulu  
lir Walonda sajaknya<sup>108</sup>  
Bupati nir tyas samyaning  
sédangunya Pangran mung amawas Patya

41. gya ngalèr mri(ng) gènnya kang yang  
Pangran Arya dèntakèni  
kang kidul samya mardana  
punika yang si(n)tèn sami  
puniku pra Bupati  
wayah gya matur kang sèpuh  
kang paos gulonira<sup>r</sup>  
kang krép idu tingal ngiyip<sup>109</sup>  
anyuriga pèdhang taksih dhudhuwungan

42. kang yang mèsèm dèlingira  
lah puniku putu Patih  
kang ran Dipati Danurja

<sup>a</sup> LOr 'kang kula nuwun pagujèngan'.  
<sup>o</sup> LOr 'kalètik'.  
<sup>p</sup> LOr 'dhinèplökkèn ngusap asru'.  
<sup>q</sup> LOr 'ikriyar'.  
<sup>r</sup> LOr 'jangganira'.

èmbanané Sri Bupati  
kagyat Pangran mirsa ngling  
mring kang yang manthuk gègètun  
lah dè(n)tèn sampun tuwa  
répot laku sun tingali  
kula wau yang nginjèn Sultan kang lama

43. sigit pacaking Wédana  
tèbih sungsaté<sup>s</sup> lan Patih  
tan mirib mimba wètera  
kados kang tyas sanès pikir  
kang yang mèsèm dira ngling  
niku kang carèm tyas rēmbug  
mulané dadya Patya  
tyas nyuriga ngrètna wèning  
ing kang wayah gumujèng yang inggih talah

44. sampéyan kang kula tètah  
wus sumèrèp kula mangkin  
salampah nalar sampéyan  
putranta datan ngaturi  
miyos saja/wèng biting  
mangsuk jruning Laji Agung  
mila ing Kadospatyan  
kinrutug mriyèm rumiyin  
pamrih mèdal tinampan Mastèr Yang  
Jéndral

45. kèdangon mawi alawan<sup>t</sup>  
aprang mriyèm tan ngu(n)dhili  
mila mawi ngobar-obar  
sakèh griya dènèsmèni  
sangking kakuning galih  
mongsa puliya sawindu  
roning wit ing kang kobar  
tuwin jalma émah<sup>u</sup> sami  
ing kang éyang mangsuli sabda gujèngan

46. déné datan jawil dika  
anutur masaning ati<sup>v</sup>  
tuwin<sup>w</sup> mri(ng) kang dadya Nata  
tjuné tan kènèng mimis  
Pangran Prangwédana ngling  
wong amung pasang pasèmun  
milanipun kula yang

<sup>s</sup> LOr 'èmpèrè'.  
<sup>t</sup> LOr 'ménawa lawas'.  
<sup>u</sup> LOr 'omah'.  
<sup>v</sup> LOr 'rasaning ati'.  
<sup>w</sup> LOr 'Tuwan'.

f.43v

wus lama nyabat Wèlandi<sup>110</sup>  
ngong lampahi tan kécunggh amungsuha

47. ing Yugya arsa kuwawa  
puniki tétondhanèki  
mung kalih ditèn gya bédhah  
datan watèn labuh pati  
kang yang nyabda pun pèsthi  
karsané Alah Kang Agung  
lagya ginanjar duka  
narima èmpun pinasthi  
gya kang wayah késah mring gèdhong  
plérènan

### CANTO XIII (Pucung)

1. sèkar pocung gumantya dunya kèdhatun  
pan wus ingusungan  
mri(ng) Laji Agèng angili<sup>111</sup>  
pinèdhathi ginrubag myang ngusung jalma

2. (wadya) ing Jro prajurit kang nèng  
kèdhatun<sup>d</sup>  
samyakinèkèlan  
pan kinèn angusung sami  
pèthi kothak pan sami angègotongan

f.44r 3. tan wruh jalma tèkan ipé-Dalèm Prabu  
Dyan Prawiranata  
Prawiradiwira rini  
kinèn gatong pèthi ambrèko/t kadyinya

4. wotèn Lurah Kètanggung Jabrata iku  
dangu datan ngangkat  
arsa pinupuh ing bédhil  
gya sinungan kang awrat lajèng binè(k)ta<sup>b</sup>

5. pan sèdaya pra Lurah ingkang  
kèpangguh<sup>c</sup>  
tuwin jajarira  
lir kadé sikèp galidhig<sup>d</sup>  
tau mukti mangké samya gègotongan

6. kang tan karèp ginitik pinaliha sru  
tan sagèd minginga

<sup>a</sup> BL MS. 'ing Jro prajurit kang nèng kèdhatun',  
the line misses two sy.

<sup>b</sup> BL MS. 'binèpta'.

<sup>c</sup> LOr 'kètanggung'.

<sup>d</sup> LOr 'pèngarit'.

jinaga dhatèng wadya Gris  
langkung kèras printahnya dadya jrih samya

7. catur ditèn dèrèng tlas pangusungipun  
mung sarupani(ng) srat  
binè(k)ta<sup>c</sup> mring Laji Kèbun  
duk sèmantèn Mastèr angung sèrat Pangran

8. Ma(ng)kudiningrat aksara pégon iku  
kang Sèrat Ambiya<sup>112</sup>  
kang padha samya pinraos  
rèrayahan sangking sajruning kèdhatyan

9. Pangran nrima kasih tandya ngandika  
rum  
tan watèn kang bèkta  
kula titipkèn pribadi  
ènggih saé Pangèran sakarsa dika

10. gya ngandika mri(ng) Pangran  
Suryèngrat gupuh  
dhi sun titip layang  
kasihnnya Mèstèr mri(ng) kami  
gya tinaman pinaringakèn abadinya

11. tandya Pangran Prangwèdana kiling  
ngidul  
mring gèdhong kèpa(ng)gya  
tètakèn mring éyangnèki  
Éyang Arya Minèstèr wau angung srat

12. dhatèng Paman Mangkudiningrat  
puniku  
punapa ingkang srat  
kagunganira Sang Katong  
babad kuna duk Suwarga yasanira<sup>113</sup>

13. kula badhé takèn pun Minèstèr rikuh  
sampéyan kang mriksa  
ing wau duk ang/sung tulis  
lawan mongsa pandunga srat i(ng) f.44  
kèdhatyan

14. gya ngandika kang éyang dédé lah putu  
kang Sèrat Ambiya  
wikan kang wau darbèni  
kagèt kula yang anèrka lamun babad

15. tandya késah kang yang gujèngan  
nabda rum

<sup>c</sup> BL MS. 'binèpta'.

mau tan nyuriga  
saiki anyothé kang kris  
bécik têmén kang pëndhok jējél i(n)těnyya

16. ingkang wayah ěsmu anjola umatur  
kě(dh)uwung<sup>f</sup> wak ingwang  
nganggo kris pinayok kaki  
lah punika dhuwungipun wayahnya yang

17. kula anggé awěl nèng rawat tan bawuk  
gumujěng kadyinya  
gya Pangran kėsah tumuli  
nulya wangsul datan amawi curigan

18. ingkang éyang gugujěngan sabdanya  
rum  
bécik anyuriga  
tėka nganggo sělèh kėris  
botěn saé éyang yèn ginujěng kathah

19. cara Wlandi amawi curigan dhuwung  
gya lěnggah kursinya  
sapucapan lan Bupati  
kang tinělěng Pangéran Dipakusuma

20. marganané ing Yugja bėdhah puniku  
jěr kang pra Bupatiya  
atiné pan padha jail  
angadoni bicara kang ura layak

21. pėngajoké ing Ratu aluwih sěngkud  
wani mungsuh Wlonda  
déné Ratuné kėjadhi  
tan abėla wėkasan Ratunya papa

22. ěnak têmén wong dadi gėdhé  
mėthuthung  
witi(ng) nėmu papa  
ya turé kang gėdhé-gėdhé  
ingsun dalih tyas bėlang butěng<sup>g</sup> wong Yugja

23. Pangran Dipakusuma mėsēm sumaur  
tėka kėmukalan  
f.45r / tyang alit ngudi pėrkawis  
ing sakarsa Nalėndra umiring samya

24. kalih sampun pėsthining Gusti Kang  
Agung  
mongsa kněng sumi(ng)gah

<sup>f</sup> BL MS. 'kėduwung'.  
<sup>g</sup> LOr 'bontěng'.

dudukaning ing Hyang Manon  
Pangran Aprangwėdana mèn(n)jėp ngujiwat

25. pan kėtara wong Yugja bisa cėlathu  
lamisan kėwala  
lathi tan tumėkěng ati  
mandahané rėsik kaya Prangwėdana

26. gya Pangéran Arya Panular nyabda  
rum  
lah Dipakusuma  
di ngidul lėhira linggih  
tandya Pangran Prangwėdana landhėp ing  
tyas

27. lah di ng(i)dul<sup>h</sup> paman ngalingi yang  
ingsun  
yang arsa wėspada  
tėmbėnira aningali  
lah punika yang Arya pun Prangwėdana

28. sampun pandung ing bė(n)jang  
kalamun pangguh  
solah lawan m(u)na<sup>i</sup>  
minongka tėngnan yèn panggih  
rėsik ing tyas tan jail pun Prangwėdana

29. jrih ing Al(a)h<sup>h</sup> kaping kalih Kajěng  
Rasul  
dėnbėdhėla ěbrak  
tyas ngong tan rėgėd samėnir  
kirang priksa éyang s(ė)n(t)ana<sup>k</sup> Nyayogja

30. i(ng)kang éyang pasra(h) sėndhu winor  
guyu  
wikana ing liyan  
yèn kula pasthi nyamaning  
rėsik ing tyas ingkang kadya cipta dika

31. sama juga tan ana gėsėh sėrambut  
k(u)ciwėng<sup>i</sup> manira  
dadya santana panyilik  
tėmėn éyang sigaran ingkang pėrnaja

32. nglimbang manah tėmėn sukci kang  
yang sanggup  
ramya pagujěngan

<sup>h</sup> BL MS. 'ngadul'.

<sup>i</sup> BL MS. 'mona'.

<sup>j</sup> BL MS. 'jrih ing alih'; I have followed LOr.

<sup>k</sup> BL MS. 'sadana'; I have followed LOr.

<sup>l</sup> BL MS. 'kaciwėng'.

kang wayah gya marèpèki  
angujiwat éyang tyas apagujèngan<sup>m</sup>

- f.45v
33. ingkang éyang jumèng mèsèm tyas  
gapyak  
rakèt sèsa/laman  
anyandi tyas kang tan yukti  
kalih mawas pagujèngan tyas karènan
34. tandya wotèn Inggris liwat  
pungkuripun  
ginablog mring Pangran  
Prangwèdana kras sabdaning  
jaré arèp tuku sing singsim wus lèga
35. wus ingyang tèka wurung ulé nuku  
Inggris sabdanira  
kula wong drèng duwé dhuwit  
aja ngayang dhasaré Wèlanda édan
36. nulya kang yang tinawanan singsim  
gupuh  
éyang bilih karsa  
tumbas sangking kirang mami  
kula damèl ambayar réncang kawula
37. amung kèdhik pèngatosnya gangsal-  
atus  
mèsèm kang andika  
ulèh kula dhuwit pundi  
gugujèngan yang sampun dados kang manah
38. kathah-kathah mring ingkang éyang  
umatur  
tatané wawarta  
tèmbung sungaran nradini  
ingkang éyang nglaturkèn sakarsèng wayah
39. dhasar sampun wataké Pangran puniku  
tan arsa angèndhak  
suraning sabda sèsami  
sinèrodhah angsal sami arjèng manah
40. kadosta kang wayah punika  
saklangkung  
rècèhnya kang sabda  
myang gon jaka nyabda èstri  
yèn tinulis panjang durmané kang myarsa

<sup>m</sup> LOR 'angujiwat éyang kang amundur sami'.

#### CANTO XIV (Durma)

1. tandya Tuwan Jindral mangsuk ing  
gèdhongnya  
kang li(ng)gih samya taklim  
gya malèbèng kamar  
Mèstèr lan Jurubasa  
ambukak srat saking puri  
saklangkung kathah<sup>114</sup>  
wusnya gya mèdal aglis
2. pan kapèthuk lan Pangéran Pakualam  
nyaosakèn kang tulis  
Babad Panjèngan  
sakèhè Ra/tu Jawa<sup>115</sup>  
pinangkat-pangkat pribadi  
mawi wèdana  
tènggrané Narèndra siji
3. piniraos sinungging suwarnan indah<sup>a</sup>  
samak kèncana adi  
tinarètès<sup>b</sup> ngrètna  
mirah kinarya syarna  
ing Jawi datan amanggih  
gya Tuwan Bèsar  
tampi dangu ngilingi
4. lah puniki layangé si(n)tèn Pangéran  
warna ngédab-édabi  
Pangran gya ngandika  
punika yasa kula  
pinundhut dhatèng Sang Aji  
duk kula késah  
binucal mring Sèmawis<sup>116</sup>
5. pan ing wi(ng)king wisma rinayah Sang  
Nata  
bèrsih tan watèn kari  
punika nalarnya  
wit srat watèn jrun pura  
dadya kagungan Sang Aji  
tandya binuka<sup>c</sup>  
kula dika jarwani
6. wus anjarwa Pangran dhatèng Tuwan  
Jindral  
rèngga Nata sijining

f.46r

<sup>a</sup> LOR 'suwarnanira'.

<sup>b</sup> BL MS. 'tinarètès', one sy: too many in the line.

<sup>c</sup> LOR 'binukak'.



wadana kang lëgan  
kadyi tan na tulisnya  
si(n)tën Pangran kang gadhahi  
Nata kang murca  
lawan Sultan samangkin

7. manthuk-manthuk Tuwan Jindral  
sukèng nala<sup>117</sup>  
Pangran rinangkul gipih  
pan ingëmak-ëmak  
pamidhanganya Pangran  
wagèd tyas Pangéran ngënting  
gumujëng suka  
kadyinya rësëp galih

8. trima kasih Pangran srat pangrèka dika  
dadya duwèké Inggris  
jarahana sing pura  
dika gadhuh kéwala  
Pangran pan wus anampani  
gya mangsuk Jindral  
mring kantor karya tulis

f.46v 9. Mëstër Jurubasa réwangnya manurat  
badhé palëkat Aji<sup>117a</sup>  
pan ginëlak-gëlak  
tanduk pangrèka basa  
alus luwës ing mëma/nis  
luhur ingangkah  
tandya kasaput ing wëngi

10. Pangran Bèi duk uning lëlëjëm Jéndral  
dhumatëng ingkang rayi  
Pangran Pakualam  
Jéndral langkung sihira  
maibën ing dalëm batin  
pëngangkatira  
tan tuhu mring Sang Aji

11. wantuning Pangran wali-wali sabdanya  
ngësës matëbah galih  
rërasana mring putra  
watiré ingkang nala  
Wongsakusuma putrèki  
ingkang alawan  
matur angasih-asih

12. kajëng rama përyogi këndël kéwala  
yèn mirëng lawan I(ng)gris  
kabuka wadosnya  
nadyan batën tëmëna  
përyogi këndël pribadi

kang rama nyëntak  
tan ngrasëkkën raréki

13. lamun liya rékanya sun kadyaparan  
yèn lëlëjëm kang dadi  
sun tan bisa nyipta  
ëndi ana wus dadya  
tan ana antaranèki  
maksih nèng kamar  
lëjëm ngayëming ati

14. ingkang putra këndël jrih sinëntak  
rama  
gya bëbisik mring rayi  
Jëng Pangéran Arya  
adhi kapriyé sira  
kang landhëp duganirèki  
lan kawruh sira  
pangadëgé Sang Aji

15. apa uwis adhi inak atënira  
umatur ingkang rayi  
sampun pangros kula  
kanthi ngandël ing Alah  
luwang ing kina Wëlandi  
tan watën cidra  
mawi-mawi përkawis

16. nadyan I(ng)gris kados anunggil kang  
manah  
mung sanès arannèki  
cari kauntungan  
karya arjaning jaman  
ngi(ng) kaluhuran kang pinrih  
rakët sudarana  
nging tan kënëng ngungkuli

17. (myang) bi/nathi binënggang miwah f.47r  
cinidran<sup>d</sup>  
sëstu tan bësukëni  
sura rosa guna  
punika kang përtondha  
yèn tinurut anglujëngi  
kados putranta  
sëmonira lumiring<sup>e</sup>

18. sawangipun kang Yang Jéndral sihnya  
wëlas  
tuwin Minëster sami

<sup>d</sup> BL MS. 'binathi binënggang miwah cinidran', one sy. missing in the line; I have followed LOr.

<sup>e</sup> LOr 'sëmonipun angluwiki'.

kējawi yèn lèpat  
pandugi tingal kula  
papèsthèn apuntèn ugi  
raka ngandika  
sokur adhi yèn dadi

19. nging pun kakang kang manah maksih  
sumèlang

mula takon mring adhi  
kang uwus saksana  
ing purwaning sadhiya'  
gya rayi nambah tur ririh  
yèn parèng Kang Mas  
sampun susah kang galih

20. lèrès aturipun pun Wongsakusuma  
mènawi Inggris uning  
myang sèmu tan lèga  
mènawi kayèktosan  
kawèstan maibèn I(ng)gris  
kang nyuprih arja  
gèlamandé kang tyas sih<sup>8</sup>

21. lwung galih ya nunuhuni(ng) Gusti  
Allah

sung sawab putra Aji  
katèmpah ing sèpah  
si(n)tèn kados Paduka  
pèpundhèn i(ng)kang taruni  
sampun galih was  
sumongga Hyang Widi

22. ingkang raka kèndèl kaluhuran sabda  
adhi dènprak lan kami<sup>h</sup>  
aja tèbah-tèbah  
nadyan bèngi adhimas  
kang rayi pinèt ing galih  
nuwun arinta  
sihnja ing tyas kapundhi

23. dhasar Pangran Arya ing wèwatakira  
kasokan ing pènggalih  
tan nèdya drusila  
ing tyas datan layak  
sinung sih pèngandèl<sup>i</sup> sami  
lagya mangkana  
tyas sung sèbiting kulit

<sup>f</sup> LOR 'ing purwaning si adhiya'.

<sup>8</sup> LOR 'gèlané kang tyas sih'.

<sup>h</sup> LOR 'mami'.

<sup>i</sup> LOR 'pènggalih'.

24. / mandahané kang bisa ju(n)jung f.47v

jérajat  
adhasar lara-pati  
sanak pèrsanakan  
tan sèdya gumi(ng)sira  
maléca cidrèng<sup>j</sup> ing jangji  
saklangkung mèrang  
dhumatèng ing sèsami

25. tur kang raka ing wau abèbésanan  
kalawan ingkang rayi  
gèsèh wit bicara  
rèngat-rèngu(t) kadyinya  
ingkang sèpuh ngèlmi sisip  
purwa madyanya  
wèkasan luhur nindhih

26. ingkang rayi sinamalan ing akathah  
kinluhuraning ng(a)rdi<sup>k</sup>  
wasésa lir Nata<sup>l</sup>  
mèlik ingkang kacipta  
sasédané putranèki  
Martakusuma  
rayi sinèrung dhiri

27. rayi runtik dhasar purwa tan klèrèsan  
kathah tan sèrju galih  
kalih tan na nabda  
yèn pa(ng)gih mi(ng)gu samya  
nanging kang rayi pèngalit  
watak bèrarja  
nimbangi ulat liring

28. amung lèrès kang rayi ingkang kacipta  
tan jrih sèpuh gèng dhiri  
dhasar Pangran Arya  
bibli sing Bèlambangan<sup>118</sup>  
pupundhutannya Sang Aji  
duk baru pura  
Yugja wus paron nagri

29. bèdhamanya Jèng Sultan lan  
Rapnindhija  
Dlèr Harting kang dhalangi<sup>119</sup>  
sakèhing bicara  
wus karta nuwun Nata  
pasèmon kémuli guling<sup>m</sup>

<sup>j</sup> LOR 'balénja cidra'.

<sup>k</sup> BL MS. 'ngurdi'; I have followed LOR.

<sup>l</sup> LOR 'sasèlir Nata'.

<sup>m</sup> LOR 'gémuling-guling'.

landhép Sang Nata  
nulya pinaring èstri

30. kèlangènan kèkasih Mas Rètna Sèkar  
Dlèr langkung trima kasih  
anulya Sang Nata  
mundhut langèn Blambangan  
Dèlèr Harting gya nyaosi  
suka Sang Nata  
sih-siniyan tyasnya ning<sup>a</sup>

f.48r 31. dadya<sup>o</sup> tampar balèngkèt ing saudaran  
pyuh tyas/s samya angasih<sup>p</sup>  
ma(ng)ké kèlampahan  
patutan Pangran Arya  
Nata sih winèngku galih  
pinrih jagèng tyas  
nama pinantès Aji

32. myang kang bibi Mas Tondhasari  
namanya  
Pangran duk ingkang Syargi  
taksih timurira  
kinètawiskèn Nata  
dhatèng Kumpèni kang jagi  
pèngagèngira  
Uprup Pan Ngrèng kang jagi<sup>120</sup>

33. tuwin mring Dlèr fan dèr Bol<sup>121</sup>  
tabèkkèn<sup>q</sup> Pangran  
myang ingkang rayi kadyi  
Ngran Mangkukusuma  
Pangran Adikusuma  
duk timur Dlèr nrima kasih  
pèrcayèng Nata  
wiji angsalng nguni

34. gènnya tabé mri(ng) kang sèpuh rakèt  
pyambak<sup>r</sup>  
sab angsalng Kumpèni  
smantèn wus diwasa  
pinaring nama lènggah  
ning katir mri(ng)<sup>s</sup> rayi kalih

<sup>a</sup> LOr 'tyasnya èning'.

<sup>o</sup> LOr 'kadya'.

<sup>p</sup> LOr 'angalih'.

<sup>q</sup> BL MS. 'tinabèkkèn', one sy. too many in the line.

<sup>r</sup> BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.

<sup>s</sup> LOr. 'ing katirimèng'.

sinabdan Nata  
tinimbangan pribadi

35. pan ingarah aja dadi atènira  
bawahira sun katir  
lan rimu kadyinya  
Pangran dhèku kèwala  
Sang Nata ngandika aris  
lah narimaa  
ing Hyang sakarsa mami

36. pira bara ing tèmbe na bégjanira  
dhéwé ingkang aluwih  
Pangran gya manèmbah  
sèrat atur tan nyabda<sup>t</sup>  
nadyan jènèng wus prayogi  
sira tan arsa  
sun pèksa nruta kami<sup>u</sup>

37. yèn tan arsa tan rumasa purwanira  
sira dadya tètali  
supèkèt sun uga  
lawan Rap Pèni(n)diya  
Pangran nèmbeh tan mangsuli  
kang tyas sandika  
ruwéd mudha purwaning

38. dadya alit nging tyas tan padya  
mangkana  
mulya rahayu budi  
ing mongsa punika  
kèrsa Alah kang raka  
pamèlèh rècèh mring rayi<sup>v</sup>  
manut arinta  
sa/aturnya lumiring

f.48v

39. sarèng dalu kang paman ngandika  
Sultan  
wus mugèng ingarsa Ji  
Sang Nata ngandika  
paman ingkang rumèksa  
ing dalu dènggati-yati  
ing jawi paman  
mongsa bodhowa sami

40. ingkang paman inggih sandika turira  
anulya mèdal aglis

<sup>t</sup> BL MS. 'anyabda', one sy. too many in the line.

<sup>u</sup> BL MS. 'sun arsa sun pèksa nruta kami', three sy. too many in the line.

<sup>v</sup> LOr 'kami'.

dinangu mring raka  
adhi priyé timbalan  
samyā kinèn ngati-yati  
ing dalu jaga  
i(ng)sun adhi na ngèndi

41. wus ngaturan kang raka clak  
pagulingan  
nèng iringé Sang Aji  
lèt kari kéwala  
kursi rayi anata  
gya ngandika Pangran Bèi  
adhi ja tèbah  
lan pun kakang anunggil

42. inggih mangké kula anata kang jaga<sup>122</sup>  
tandya lumiyat aglis  
anata Bupati  
sakiduling pintunya  
Bupati moncanègari  
ponca Rahadyan  
Prawirasantikèki

43. Srakusuma Pri(ng)gakusuma caturnya  
Nataদিৱীয়া tuwin  
Dyan Sasradipura<sup>123</sup>  
kang kathah wotèn jaba  
pintu jinagèng Sèpèhi  
kang lèr Dèn Sasra-  
diningrat mung satunggil

44. lan abadinya Pangéran Arya rowangnya  
lan pènongsong Sang Aji  
jaga ulon Nata  
myang pintunya jinaga  
Pangran Arya ingkang abdi  
wor Sèpèhinya  
wira-wiri ajagi

45. para putra nèng salèbèt gadhong samya  
nunggil lan éyang sami  
nanging wotèn têngah  
sangajèng ngéring lawang  
mung Yang Sontakusumèki  
kang nunggil wayah  
samya mugèng ing kursi

46. tandya Pangran Arya ngaturi mring  
putra  
tuwin rakanirèki  
Pangran Sumayuda  
Pangran Mangkudiningrat

/ myang ingkang sadhèrèk sami  
ngaturan aprak<sup>w</sup>  
lan Sultan gèdhong sami

47. nging tan arsa Pangéran  
Mangkudiningrat  
aglar kèkadhar sami  
kumpul sadhèrèknya  
nèng ngajèng Gèdhong Bèsar<sup>124</sup>  
Pangran Sumayuda tèbih  
aclak lan raka<sup>x</sup>  
Pangran Pakualami

48. lan sawèg grah tèlapukan ingkang  
tingal<sup>y</sup>  
kang pinèdhang wong Inggris  
jèjampi Pangéran  
mila tan tumut rinya  
Pangran Arya mangsuk aglis  
gèdhong mor raka  
Pangran Bèi nyabda ris

49. priyé adhi anak-mas nak-mas sèdaya  
apa padha lumiring  
adhi kowé undang  
batèn kèdah nèng jaba  
agrah nèng gèdhong angis  
samya ngalèmpak  
putranira prasami

50. duk sèmantèn wayahnya pukul sèwèlas  
kalèsyan nindra sami  
nèng kursi sèdaya  
putra tri éca néndra  
myang rinta gih éca guling  
Pangéran Sonta-  
kusuma myang Bupati

51. kang Bupati ang(g)li(n)ting anèng ing  
kasah  
tuwin abdi Sang Aji  
kang nèng jruning lawang  
ngarsaning kari kamar  
Pangran Bèi klisak-klisik  
mèh tan duk néndra  
wor grah pèdharanèki

<sup>w</sup> LOr 'parak'.

<sup>x</sup> LOr 'cèlak rakanta'.

<sup>y</sup> LOr 'maksih gèrah tèlapukan'.

52. myang tingalnya grah kĕjĕp ing tyas tan  
nĕndra  
mung putranta ca guling<sup>z</sup>  
sĕmantĕn Pangĕran  
Arya tan tuk anĕndra  
ngĕsthi timbalan putra Ji  
lan sĕdyaning tyas  
mila rumĕksĕng wĕsthi

53. ak(rĕ)ᵑ langlang<sup>aa</sup> mring jro-jaba tanpa  
kanthya  
mring gĕnnya putranĕki  
pra Pangĕran samya  
kang mudha samya nĕndra  
kang sĕpuh sumĕndhĕ kursi  
f.49v / malayap-layap  
awis gĕnira guling

54. mung Pangĕran Mangkudiningrat  
drĕng nĕndra  
sabĕn dipunlanglangi  
dhumatĕng kang paman  
Pangran taksih pinarak  
nĕng tritis sĕ(n)dĕyan kursi  
kĕh krasĕng nala  
sĕkar pangkur gumanti

#### CANTO XV (Pangkur)

1. saklangkung prayitanira  
Pangran Arya rumĕksa ing sĕkalir  
kalir barangnya kĕprabun  
lir ta Inggris kang jaga  
mila asri(ng) kĕpranggul ingkang tyas lulus  
ingandhap gih linanglangan  
tlukan prajurit Jro sami

2. i(ng)gih akathah kang nĕndra  
wanĕh ngantuk sĕndhĕn banon prasami  
Supĕ ingkang jaga catur  
sawĕngi tan anĕndra  
sakĕh pintu marga jinagĕng sĕdarum  
wira-wiri Pangran Arya  
kang abdi tan suka guling

3. samya kinĕn gĕgĕntosan  
asĕsĕndhĕn watĕn ing pipi kari

<sup>z</sup> LOr 'mung putra ĕca guling'.

<sup>aa</sup> BL MS. 'akĕrp langlanglang'; LOr 'akrĕp  
nganglang ing jru-jaba tanpa kantha'.

kang pintu nginĕbkĕn sampun  
dhumatĕng Pangran Arya  
amung sĕdhĕng jalma satu(ng)gil kang pintu  
wotĕn Inggris kaping tiga  
sĕdalu inggih nglanglangi

4. mri(ng) kantornya Tuwan Jindral  
sarta panggya mri(ng) kang jaga bibisik  
gih kinĕn prayitnĕng kĕwuh  
wantu samya rumĕksa  
wusnya mĕdal Pangran anggugah kang turu  
ing jro ingkang jaga lawang  
wayah Bupati myang rayi

5. gih samya wungu sakĕdhap  
wantu arip gya samya guling malih  
sakĕca gĕnira turu  
lingsir ika<sup>a</sup> wayahnya  
tandya Pangran Sontakusuma anglindur  
bĕkuh jĕlih<sup>b</sup> nĕng kursinya  
asru anyikuti kursi

6. kagyat ingkang samya nĕndra  
gugup sami dilahira wus lalis  
/ kang jaga I(ng)gris agupuh  
kang nĕng jru kantor mĕdal  
bĕkta calok ngliga tlĕmpak bĕdhil maju  
myang pintu lĕr kidul samya  
kang jaga sampun amipi

f.50r

7. prayitna samya winĕstan  
kĕlbon amuk gupuh Pangĕran Bĕi  
Pangĕran Arya pan wus wruh  
yĕn anglindur arinta  
mila datan gugup kang tyas taksih wungu  
nulya kang rayi ginugah  
taksih anyikuti kursi

8. I(ng)gris kang tandang miyarsa  
yĕn Pangĕran ngalindur kĕsah aglis  
dadya prasamya gumuyu  
Pangran Sontakusuma  
sarĕng wungu andhĕrindhil sĕbutipun  
dangu gĕgĕtun tan pasra(h)<sup>c</sup>  
ginujĕng kang samya myarsi

9. raka wayah myang Bupati  
gya dinangu mri(ng) raka Pangran Bĕi

<sup>a</sup> LOr 'lingsir dalu'.

<sup>b</sup> LOr 'jĕlĕh'.

<sup>c</sup> LOr 'tan ngrasa'.

umatur rayi mangungun  
supëna ngong katënta  
duk binlojod èpèk ngong sabèt myang  
dhuwung  
dhumatëng Gris Sëpèhinya  
tan suka kawula budi

10. ginujëng bèlik syaranya  
Pangran Bèi tansah nètah kang rayi  
wantu Pangran watakipun  
ngluluh sadangonira  
tan ngrasakkën lagya mangkéné anglindur  
anggègèrakën kang jaga  
ngëpyuri tyas wong aguling

11. aja manèh-manèh<sup>d</sup> dhimas  
gawé sumlang kang jagagya tyas Sang Ji<sup>e</sup>  
kang rayi nëmbah mangungun  
tan sagéd mangsulana  
taksih asrë(p)<sup>f</sup> tandya pinadikan gupuh  
mring raka Pangéran Arya  
ngaliya dhi wor lan kami

f.50v 12. lan cëdhak këlawan Kang Mas  
kursënira pan wus jinujung / kalih  
Pangran Bèi ngandika rum  
mëngko kapindhon dhimas  
ngli(n)dur manèh iki clak lawan Sang Prabu  
kang rayi mësëm tur sëmbah  
kados batën watën ngriki

13. sampun clak lan Kang Mas Arya  
wau nëbih panggënan kula guling  
mor lawan mas putu-putu  
wayah ngong samya néndra  
pan kèpatos mila tan gugah ngong nglindur  
mangké sampun clak lan Kang Mas  
kados batën kaping kalih

14. ya adhi dëngatya-atya  
wus adangu gya samya guling malih  
bawanya arip këlangukung  
duk jaga ing kèdhatyan  
ngantos bédhah tan sagéd samya néndrëku  
mung Pangran Arya Panular  
sawëngi tan arsa guling

<sup>d</sup> LOr 'aja mëngkono maneh'.

<sup>e</sup> BL MS. seems to read 'kang jagagyat tyas Sang Ji'.

<sup>f</sup> BL MS. 'asrë'; LOr 'taksih asrap gya tinimbangan gupuh'.

15. midër langlang jru lan jaba  
rumëksëng tyas yèn watën sandi nyuprih  
malëbëng balilëng Ngratu  
Pangran wus ambëk p(ë)jah<sup>g</sup>  
kawëwahan sihnya trësna mring Sang Prabu  
putrëstri ngambil kang garwa  
umiring dhatëng Sang Aji

16. wirang-isin Dyah linakyan  
dadya dhatëng grah layon anglabuhi  
dhumatëng Kajëng Sang Prabu  
nyèthi dunya dëlahan  
ciptanira dadya pan ambaking lampus  
wirang yèn pisah Sang Nata  
rumasëng tusing dumadi

17. tan kadi kang garwa kathah  
samya buyar saparan ënggonëki  
amung ingkang padmi sëpuh<sup>125</sup>  
rowangnya kang tan pisah  
lan Sang Nata sab sampun puputra jalu  
ginadhang Pangran Dipatya  
sagënnya ma(ng)ku putrëki

18. wanci klangkung bédhug tiga  
wotën syara ëlër ramé kapyar/si  
sëdaya datan angrungu  
labëting samya néndra  
Pangran Arya mëdal sawawini(ng) pintu  
tan sakéca manahira  
kang syara amor lan anjrit

f.51r

19. abdënira ginugahan  
kinèn mëlèk kang ngël siniram warih  
kinèn ngrungokkën sèdarum  
kang ramé lër syaranya  
abdi matur kados kang griya tinunu  
konangan pandang kapédhak  
ing pandugi kula Gusti

20. anulya bangun rahina  
samya wungu tangis (a)këh kang guling<sup>h</sup>  
gya watën Cina malëbu  
tur uning Mastër Tuwan  
gya kèpangguh anèng sangajënging pintu  
kagayt Mastër gya atanya  
ana patutura gipih

<sup>g</sup> BL MS. 'pjah', one sy. missing in the line.

<sup>h</sup> BL MS. 'këh kang guling' the line misses one sy.; LOr 'wadya sakëh kang guling'.

21. tandya Cina gĕpah nabda  
atur uning mri(ng) Tuwanku sama(ng)kin  
Pacinan kalĕbĕng amuk  
tatu Tuwan Kapitan  
baunira anĕratas dhatĕng lambung<sup>126</sup>  
kang ngamuk amipi lawang  
Kapitan tinumbak aglis
22. kang dhusta sampun kantĕnan  
jalma Jawa abdi Sultan kang lami  
Gondadiwiryra ranipun<sup>127</sup>  
kang sampun tluk lan Tuwan  
Mastĕr kagyat bramatya a(ng)gĕdru(g)<sup>i</sup> suku  
nalarĕn i(ng) purwanira  
ingsun pan arsa udani
23. gya Cina aturnya inggal  
ingkang wau Sang Nata Baru titip  
apsari myang putra timur  
ngriki sĕsak kalintang  
ramĕning wong bribini nĕndra Tuwanku  
purwanya wotĕn Pacinan  
gya tinĕngga wadya Aji
24. kang samya pinitajĕngan  
Jasantika Citradiwiryra kadyi<sup>128</sup>  
Lurah panakawan Prabu  
kĕpati samya nĕndra  
kang drusila ngamuk ĕnggonnya wong turu  
ngĕnĕr pun Jayasantika  
sinuduk sampun ngĕmasi

f.51v 25. gya Radyan Citra/diwiryra  
gih sinuduk kalih samya ngĕmasi  
gya ngawur panyudukipun  
tangi gugup kang nĕndra  
langkung gĕgĕr sajruning Pacinan umyung  
gya Tuwan Jisim karsanya  
mĕdal sing jru gĕdhong aglis

26. tutulung mriksa kang ramya  
gya ngĕngakkĕn jumangkah jawĕng kari  
gya tinumbak dhatĕng pandung  
mipi kang indrajala<sup>j</sup>  
tandya Cina sawiji tulung Tuwanku

aniba gulung wor lĕmah  
sarta anarik bĕdhami<sup>k</sup>

27. gumrudug wusnya sadhiya  
samya jajog tĕkan Pacinan aglis  
wong Jawa kang nĕng jru gupuh  
prasamya cinĕkĕlan  
ngiwad-ngiwud da(n)dananira rinasuk  
kris kulambi bĕbĕd dhĕsthar  
sabuk samya dĕnpĕndhĕti

28. mung kantun sruwal kĕwala  
gya binasta kang bongga dĕnlarihi  
sinudukan sangkuhipun  
sĕmantĕn panakawan  
ran pun Subuh sutanta Bausasrĕku  
tĕdhaking Sasranĕgaran<sup>129</sup>  
abongga waknya jur kanin

29. gyi nora wurung binasta<sup>l</sup>  
kang satunggil ipĕnira Sang Aji  
panunggil(an)nya<sup>m</sup> kang lampus  
binathithil ing tampar  
ran Supada wayahnya wus jaka sĕpuh  
sutanta Sasradiningrat<sup>130</sup>  
gih putu Sasranĕgari

<sup>k</sup> LOr inserts three verses here, before v. 27, which are missing in the BL MS. They are as follows (corrections, in brackets, have been inserted directly into the text):

- (26a) kang nĕndra jala tan wikan  
dhatĕng Cina kang gulu(ng) wor (lan) siti  
gya sinaut lambungipun  
ing pĕdhang pan mĕh tigas  
gya palastra kang nĕndra jala Tuwanku  
Kapitan langkung sangĕtnya  
kang (rah) andrĕs gĕnnya mijil
- (26b) gya Mĕstĕr inggal mring kamar  
bilang Jĕndral kagyatira tan sipi  
sĕmantĕn Kapitan iku  
lagya siniyan Jĕndral  
pinitayan sĕbarang pakarya iku  
mĕngko wontĕn jalma sura  
mring Kapitan angĕnĕni
- (26c) sakĕlangkung gusarira  
nulya mĕdal ngundang Inggris lan Sĕpahi  
parintah sabdanya asru  
wong Jawa cĕkĕlana  
ingkang ana ing sajruning Pĕcinan wau  
ing kabongga uwisana  
gawanĕn marĕnĕ sami

<sup>l</sup> LOr 'botĕn sandĕ binasta'.

<sup>m</sup> BL MS. 'panunggilnya', one sy. missing in the line.

<sup>i</sup> BL MS. 'agĕdru'.

<sup>j</sup> LOr 'mĕndajala'.

30. gih kacépéng pinusara<sup>a</sup>  
 plantar-plintir sambatira mlas-asih  
 kang kathah datan kawuwus  
 Lurah myang para jajar  
 wus binë(k)ta<sup>a</sup> mri(ng) Laji Këbon<sup>131</sup>  
 sëdarum  
 samya ngëmu luh sëdaya  
 Mastër ananggap turnèki

31. wus tinakèn purwanira  
 kang pangarsa Lurah Jadiwiryèki  
 sutanta Jadirja iku<sup>132</sup>  
 ambrangkot kalung tampar  
 tanpa wastra mung kathok wong gëdhé  
 dhuwur

f.52r irëng / tur blëndhuk<sup>p</sup> wëtëngnya  
 mangré(ya)b gr(o)yok<sup>q</sup> dira ngling

32. lir kokok këcu sawangnya  
 Mastër mësëm gënira lawan angling  
 kang mriksa gumuyu (k)albu  
 mësëm winor lan awlas  
 myang pun Subuh Dyan<sup>r</sup> Supada sambatipun  
 kang raka Dyan Sradiningrat  
 mriksa tumu(ng)kul pribadi

33. ing aturnya Jadiwiryana  
 datan siwah lir Cina aturnèki  
 gya kinèn manggèn sëdarum  
 bëbandan mor tëlukan  
 prajurit Jro nèng ngisor ngandhaping pintu  
 rinëksa Supèhi samya  
 giris non tingalnya kang jrih

#### CANTO XVI (Gurisa)

1. Tuwan Mastër gya aprintah  
 Pacinan kéné ajaga  
 wadya Inggris ura këna  
 yèn ingambah uwong Jawa  
 nadyan Cina kang tékèng nyar  
 Jing Sim wus sinungan tomba  
 dhumatëng ing Tuwan Bësar  
 gya Tuwan Mastër dinuta

<sup>a</sup> LOr 'pinëlara'.

<sup>b</sup> BL MS. 'binëpta'.

<sup>p</sup> BL MS. 'bëldhuk'.

<sup>q</sup> BL MS. 'mangrëb grayok', one sy. missing in the line; I have followed LOr.

<sup>r</sup> LOr 'pan'.

2. tur uning mring Kangjëng Sultan  
 yèn Gondadiwiryana salah  
 wus mardana malbèng kamar  
 umatur dhatëng Sang Nata  
 wiwitan dhatëng wëkasan  
 kagyat ngungun Sri Nalëndra  
 sumuk ing tyas ngëmu duka  
 mëngyarsa<sup>a</sup> Mastër turira

3. dadya ngong iki këlangan  
 bucah<sup>b</sup> nging sëntaningwang  
 kang arsa Jayasantika  
 ipé ngong Citradiwiryana  
 kang kari pan cinëkëlan  
 nanandhang kanin binonda  
 tëmah lara-pati wirang  
 kagawa kang indrajala

4. duk awan Gondadiwiryana  
 nèng soring gëdhong mor kathah  
 sakèh wong jru tètëlukan  
 insun pan datan anyana  
 yèn karya cidra ing wëngnya  
 lëjémé nora pësaja  
 kaya ana ingkang mawa  
 .....

5. lah Ma/stër mongsa bodhowa  
 kang dadi rasaning manah  
 wus kaësthi mari(ng) sira  
 tuwin maring Éyang Jëndral  
 sun tan kuwawa masésa  
 nora lintang kang binonda  
 anaa apuraning Yang  
 Mastër gya bilang mring Jindral

f.52v

6. gya Sang Nata miyos jaba  
 nèng sawawènir(è)ng lawang  
 mugèng kursi èsmu winga  
 sumiyak ingkang Wëdana  
 kocaking nètra smu rëta  
 kumëdut padoning cana  
 goyang dangu tan ngandika  
 kang séwa bukuh sëdaya

7. kang paman Pangéran Arya  
 myarsa putranta kang naya<sup>d</sup>

<sup>a</sup> LOr 'myarsa'.

<sup>b</sup> LOr 'bocah'.

<sup>c</sup> Both BL MS. and LOr miss this line.

<sup>d</sup> LOr 'putranta nyiya'.



tyas anyipta kayaparan  
kang tinëlèng Sri Naléndra  
nanging sampun kawērdaya  
Pangéran Bèi usiknya  
baya wurung dadi Nata  
déné gèdhé pangkalannya

8. Pangran Arya bisik rinya  
mring Pangran Sontakusuma  
panglindurmu dhihi(n)<sup>e</sup> lapat  
dadya pagèring Sang Nata  
sémuné Gondadiwiry  
tyas kaya arsa mangrurah  
ing kéné kang jaga wignya  
lan ulap kèh pèrbawanya

9. s(r)èng<sup>f</sup> ing tyas sacandhakira  
golèk marga babah lènah  
ya sasat salirèng Nata  
ya prasasat Tuwan Jindral  
inggih lèrés kakang émas  
panujonira anèbah  
mèsèm Jèng Pangéran Arya  
gya Mastèr mèdal sing kamar

10. sémunya andik mawinga  
gya ngundang I(ng)gris kang jaga  
panggèdhèny kang mardana  
wus pinasran saraosnya  
gya I(ng)gris kalih tumandang  
macèg<sup>g</sup> anyèpèng Pangéran  
Ariya Mangkudiningrat<sup>133</sup>  
astanya kalih binayang

f.53r 11. Pangéran alon ngandika  
Mèstèr dosang ngong pu/napa  
prakara Gondadiwiry  
kawula lamun winèstan  
akakon<sup>h</sup> kula tan panggya  
tan rinungu sabda Pangran  
ginèndèng pan kinèn inggal  
maksuk dhatèng Loji Wétan

12. sadalan pan kinèn inggal  
wantu lampah satrya Jawa  
tinèpa Inggris lakunya  
ya kuntit-kuntis samarga

<sup>e</sup> BL MS. 'dhihi'; I have followed LOr.

<sup>f</sup> BL MS. 'sèng'; I have followed LOr.

<sup>g</sup> BL MS. 'makcèg'.

<sup>h</sup> LOr 'akongkon'.

Pangéran kawèlas-arsa  
anggèr kang samya tumingal  
wus praptèng ing Laji Wétan  
ginèdhong winor lan Sultan

13. wus wangsul ingkang ambèkta  
bilang mring Mastèr Tuwannya  
Mastèr gya umatur Nata  
ngaturan pinarak kamar  
sampun kathah kang kacipta  
dènggandè(l)' mri(ng) Éyang Jéndral  
Sang Nata wus malbèng kamar  
Mastèr wus cundhuk lan Jindral

14. tandya Sang Nata nyudaka  
nimbali Pangéran Arya  
wus prapta mugèng ing ngarsa  
paman yèn sarju ing manah  
adhimas Panatabaya  
kula pèthah sangking Jaba  
wor nèng Jru wayah Paduka  
sumongga karsa Naléndra

15. nging yèn kaparèng Sang Nata  
ing pakèwéd kagaliya  
yèn dados was rinta samya  
kang manah langkung tan éca  
bilih karya cidrèng Nata  
témahan adamèl susah  
yèn sampun kondur Sang Nata  
sumongga sihnya Paduka

16. lan yèn kaparèng Sang Nata  
Bupati jajar sèdaya  
aluwung tinimbalana  
drapon écaa kang manah  
myang Wèdana Jru dyi ika  
Prawiranata Diwiry<sup>134</sup>  
inggih drapon tyas maréma  
dhumatèng Paduka Nata

17. / yèn lèpat apuntèn Nata  
tur pun paman kathah-kathah  
bilih pèkantuk pa(m)rihnya  
sumongga Sang Sri Naléndra  
tandya ngandika Sang Nata  
inggih paman wandé Dhimas  
Bupati mangké ngong undang  
sakèhé moncanègara

f.53v

<sup>i</sup> BL MS. 'dènggandèr'; I have followed LOr.

18. mung Wédana dyi' tan arsa  
paman yèn kula ngundang  
dèrèng sotah sapucapan  
kang paman turnya sumongga  
gya paman wus kinèn mèdal  
samantèn ingkang binè(k)ta<sup>k</sup>  
pan sampun samya luwaran  
Bupati samya ngandikan

19. wusnya gya tinundhung mèdal  
ganti Wédana Jru dyinya'  
Prawiranata Diwira  
saklangkung jrih mring Sang Nata  
muka mèh kajèm<sup>m</sup> buntala  
mèsèm i(ng) tyas Sri Naréndra  
dangu datan ingaruhan  
pinancèr tingal Sang Nata

20. kadyi tan ngrasa darbé rah"  
sanging jrih rumasèng samya  
nguyahi prajadikara  
lèlèjèm samya sinukma  
sèngsaya nirkèn kasiyan  
awlas Sang Nata tumingal  
gya dinangu Sir Naléndra  
pèpaking wadya prasamya

21. gugup turnya gya manèmbah  
dèrèng abdi-Dalèm samya  
taksih ura Sri Naréndra  
myang abdi-Dalèm pra Lurah  
anulya tinundhung mèdal  
Pangéran Arya umiyat  
saklangkung lègani(ng) manah  
turnya ginalih maryogya

22. sèmantèn Sang Sri Naléndra  
wus utusan mring Sèmarang  
ambèkta sèrating Nata  
capnya Ingkang Éyang Jindral<sup>135</sup>  
kang bèkta Padmawijaya  
lawan Bèkèl panakawan  
/ jalma bèktan Kadipatyan  
rannya laré pun Subarja<sup>o</sup>

/ LOr 'tri'.

<sup>k</sup> BL MS. 'binèpta'.

<sup>l</sup> LOr 'trinya'.

<sup>m</sup> LOr 'kènjèm'.

<sup>n</sup> LOr 'katri tan ngraos dibèrah'.

<sup>o</sup> LOr 'arannya Prawirarèja'.

23. myang Sala upasnya Jindral  
saha amawa nuwala<sup>136</sup>  
datan kawarna lampahnya  
gantya Sang Sri Naranata  
kang baris wus katimbalan  
kang dadya kaping<sup>p</sup> ing wétan  
Rahadyan Riya Sindurja  
Jru kadyi Dyan Mèrtalaya

24. tri Tumènggung Danunagra<sup>137</sup>  
nanging sumusul kéwala  
duk sèmantèn dyan Sindurja  
kalajèng lan I(ng)gris aprang  
gènira mègati marga  
karya glar luwang myang burang<sup>137a</sup>  
sangkras sarta pinakanan  
wadya kèdhik karya nantang

25. kang kathah samya singidan  
sanging suraning wong Sabrang  
amburu sarèng tinantang  
kang glaran tinrajang wannya  
gya tinangkèb kéring-kanan  
bèdhil tumbak sarèng mara  
wadya Inggris karisakan  
kèh pèjah myang nandhang brana<sup>138</sup>

26. untung wadya turut marga  
myang nampani wadya-bala  
prajurit ing Prangwédanan  
kang sangking Yugja lumalya  
kang bantu gih ingadhangan  
sing wétan larut sèdaya  
pra Dèmag wong désa sura  
sakèh marga binarisan<sup>139</sup>

27. Dyan Sindurja sarèng myarsa  
Sang Nata wus nungkul samya  
putra santana Bupati  
Naléndra pan wus kagèntyan  
Pangran Dipatya kang dadya  
sakèlangkung ajrihira  
buyar sawadya angwiwa  
dadya ngon duga prayogya

28. kang kapanggya katimbalan  
Rahadyan Danunègara  
kadyi Radyan Martalaya  
praptèng ing Laji mardana  
mring Sang Nata Tuwan Bèsar

<sup>p</sup> LOr 'Tamping'.

ginédhong Dyan Mèrtalaya  
Laji Wétan mor Sang Nata  
gantya pèngrawit sèkarnya

CANTO XVII (Sinom)

- f.54v 1. mangsuli kondha kang surat  
ing ngarsa / dèrèng kawijil  
garwa Naléndra kang buyar  
sawèg kapanggih satunggil  
nging dèrèng sinung nami  
ing nalar duk wau sèpuh  
dadya padmining Sultan  
sutanta Dyan Rongga Syargi<sup>140</sup>  
Sri Naléndra kapèrnah uwa lan garwa
2. nanging duk kartaning praja  
wit éwah prajaning Aji  
Pangran sawèg kangkat Raja  
mring Jindral Pèrsman nègari  
Sang Dyah ginalih Aji  
rumajong dhatèng ing kakung  
Sang Dyah kinarya tampar  
kinarya pulut kumiring  
mring wadya kang sumèdya ngangkat  
kèrajan<sup>a</sup>
3. ing lami Sang Dyah karènan  
bawaning priya lan èstri  
gumyah jalma ing sapraja  
dadya Sang Nata udani  
ing wataknya Sang Dèwi  
Sang Nata saklangkung bèndu  
kagalih tumut ngrisak  
anyangarakèn nègari  
réka rakit<sup>b</sup> kagalih saklangkung duka
4. pasèmon nanging tan kontap  
gya dhawuhkèn putra aglis  
mring Jèng Pangéran Dipatya  
kinèn anglorod Sang Dèwi  
sapanunggilan sami  
dhinongkolakèn sadarum  
tan klilan<sup>c</sup> umarèka  
dhumatèng sajruning puri  
maski marak mring Pangran datan kalilan

5. lan namanira pra garwa  
ing wau katèdhan nami  
Jèng Ratu mangké karsanya  
pinundhutan mring Sang Aji  
kalih Dèn Ayu sami  
wondéné kang dados sèpuh  
garwa ingkang têngahan<sup>141</sup>  
dhasar duk wau ing nguni  
garwa têngah jaka laraning Pangéran

6. ing mangké kinarya tuwa  
dadya ma(ng)sul anglir uni  
sèmantèn garwaning Nata<sup>141a</sup>  
inggih dinukan mring Aji  
tan sinung marèk puri  
Sang Kajèng Ratu (gè)gètun<sup>d</sup>  
dosa ngilokkèn putra  
/ sabarang-barang pèrkawis  
duk sèmantèn garwa kang nèm Dèn Yu  
Wandhan<sup>142</sup>

f.55r

7. kati(l)ar<sup>e</sup> dèrèng kapanggya  
tan tumut sumusul Aji<sup>f</sup>  
sèmantèn palkat wus dadya  
Tuwan Jindral wus angrakit  
upacaranya Aji<sup>143</sup>  
sumahab wadya Gris pènuh  
kang bèsar amardana  
tuwin wadya Jawa sami  
Mantri Kliwon Wèdana myang pra Bupatiya

8. tuwin kang putra santana  
pèpak kèjawi kang ngili  
Jèng Pangéran Pakualam  
myang putranira kèkalih  
kang badhé angèstrèni  
mring putranta Jèng Sang Prabu  
myang Pangran Prangwèdana  
tandya Sang Sri Narapati  
ingaturan mring Yang Jéndral kanthèn asta

9. pinarak ing Gèdhong Bèsar  
anèng gigilang tulya sri  
mugèng ing dhampar kèncana  
jajar lan Yang Jindral adi  
ginèrbèg nganan-ngéring  
wadya kang ngampil kèprabun

<sup>a</sup> LOR 'ngangkat raharjan'.

<sup>b</sup> LOR 'rakat'.

<sup>c</sup> BL MS. 'kètilan', one sy. too many in the line.

<sup>d</sup> BL MS. 'gètun', one sy. too few in the line.

<sup>e</sup> BL MS. 'katiwar'; I have followed LOR.

<sup>f</sup> BL MS. seems to have 'tan tumut sumusul Laji'; I have followed LOR.

I(ng)gris kang bésar tarap  
tinata anglari kursi<sup>8</sup>  
ting pèrngangah lir buta tas mongsa jalma<sup>144</sup>

10. kéring ngandhap ngarsa Nata  
Pangran Pakualam mugging  
ing kursi larik mangétan  
Pangran Prangwédana nuli  
ing kéring Pangran Bèi  
gya Pangran Sumayudèku  
kéringnya Pangran Arya  
Pangran Sontakusumaning  
wétanira putra Pangéran Suryèngrat

11. putra mugèng ngarsa Nata  
myang rinta Naléndra sami  
para Pangéran sumahab  
tuwin ka(ng) para Bupati  
nèng ngarsa myang Apatih  
prasamya amarikèlu  
non nurbuwat<sup>h</sup> mèh dhawah  
gumantung luhuring Aji  
ing kang pan a(ng)lir<sup>c</sup> cahya wulan  
purnama<sup>145</sup>

f.55v 12. tandya Tuwan Jindral pasrah  
dhumatèng Jurubasa glis  
la/h mara sira wacaa  
palékatira Sang Aji<sup>146</sup>  
Upèrnèmèn kang inggil  
mangko anjujung kèprabun  
tandya nulya binukak  
lah samya myarsakna sami  
sawèrniné gung Sabrang Jawa sèdaya

#### CANTO XVIII (Dhandhanggula)

f.56v<sup>a</sup> 1. // sèkar dhandhanggèndhis kang  
gumanti  
malèm Sènèn tanggal ping sèdasa<sup>147</sup>  
wulan Jumadilakiré  
taun Alip kaétung  
ongka sèwu pitung-tus sing(gh)<sup>b</sup>

<sup>8</sup> LOr 'préntah angatur kursi'.

<sup>h</sup> LOr 'nurbuwah'.

<sup>i</sup> BL MS. 'alir'.

<sup>a</sup> f.56r is blank in BL MS. The MS. continues with two insert verses on f.56v and f.57r, which indicate a new beginning in the text. For an example of such a new beginning, see Plate 2.

<sup>b</sup> BL MS. 'ongka sèwu pitung-atus sing'; I have followed LOr.

tri-dasa langkung songa (10 Jumadilakir  
A.J. 1739 / Sunday, 21 June 1812)  
duk ngangkat kèprabun  
saha amawi palékat  
wus binuka winaca Jurubasa glis  
saha palékat Jindral

2. tuwin ingkang bésar-bésar sami  
Upèrnèmèn Gris Kang / Wicaksana  
ingkang sudirèng palugon  
kang ambèk rosèng kukuh  
ingkang bédhah sakèh nègari  
kang adil palamarta  
pamèrdi rahayu  
kang ngrèka Nata nègara  
Sabrang Jawa lah padha rungokna sami  
ing mènko karsaningwang

f.57r

3. Pangran Adipati ing Mètawis  
Ingsun angkat dadiya Naléndra  
Jèng Sultan ika namané  
Pakubuwana<sup>c</sup> i/ku  
Sénapati Ngalagèng Jurit  
Durahèman Panata-  
Agamaning Rasul  
Kalifatolah gumantya  
mring kang rama Sultan kang kakakèp  
Inggris  
kang wotèn Laji Wétan

f.57v

4. marmanira Sultan ingkang lami  
Ingsun larod ing kèratonira  
Naréndra akèh cidrané  
mri(ng) Wèlonda tan nurut  
sabarangnya pakaryan bècik  
wèkasan wani ing prang  
ngayoni maring Sun  
sakèhing jangjya dènarah  
kaluhuran ing praja Naléndra luwih  
uwah lan kuna-kuna

5. mulané duk Marèskalèk dhimin<sup>148</sup>  
arsa linarod kèratonira  
putranta ingkang gènèntos  
Pangran Dipatya iku  
sumiliya dadi Nèrpati  
saking nora kaduga  
Upèrnèmèn iku  
watak kang nyuprih kluhuran<sup>d</sup>

<sup>c</sup> LOr 'Mangkubuwana'.

<sup>d</sup> LOr 'klunturan'.

praja angas ingajak prang angèndhoni  
wékasan minta sihnya

6. ingapura gya Pangran Dipati  
kajaluk ingangkat dadya Raja  
pangwasa nĕgara kabĕh  
ĕnaka Sang Aprabu  
aja galih karya nĕgari  
ngamungna Rajaputra  
ruwĕd-rĕntĕngipun  
i(ng) praja niskarĕng dadya  
Sultan nurut pracaya wus trusing ati  
lumah sabarang karsa

7. ngambil dunya Sun wus dĕnsaosi  
Upĕrnĕmĕn Pĕrsman awlas ing tyas  
Sang Nata linulusakĕ  
mung pangwasa kapundhut  
ya sinungkĕn putra pribadi  
wusnya ing lama-lama  
kĕh pĕnggalih Prabu  
lĕlĕjĕm nora pĕsaja  
tyas tan lila tĕka Patih dĕnpatĕni<sup>149</sup>  
tan ana do/sanira

f.58r

8. ingkang muni kontrak dthingin-dthingin  
nora kĕna Sang Nata masĕsa  
Patih yĕn ana alanĕ  
yĕn nora uwus tĕpung  
atas rĕmbag lawan Rap Pĕni  
sawab Pĕpatih ika  
ugĕring praja gung  
kalĕbĕng kuntraking Wlonda  
tĕkĕng Pĕrsman Patih loro kang darbĕni<sup>150</sup>  
mulya tumĕkĕng pĕjah

9. ing samĕngko Sang Nata dhĕwĕki  
satuhunĕ uwah ing pĕrjangjya  
nganiyaya marga gĕdhĕ  
ingkang bisa anĕpung-  
akĕn sakĕh bicarĕng nagri  
kang wus amor surasa  
lan Pĕrsman sĕdarum  
tuwin duk Rap Pĕni(n)diya  
tĕkĕng mangkĕ tan sih<sup>f</sup> angluluskĕn jangji  
Nata mĕdhar kalintang

10. angongaskĕn kasuraning ati  
anganggo glar wongwa kĕpanasan  
nandukkĕn sabda tan lumĕh

<sup>f</sup> L.Or 'taksih'.

tan lawas gantya iku  
tĕka bapakira Pĕpatih  
kang ran Danukusuma<sup>151</sup>  
pinatĕnan iku  
marganira tanpa dosa  
dadya Nata tan nglakokkĕn kukum adil  
karya susah ing wadya

11. satĕkanĕ wong Inggris anuli  
tan rinasa Patih wus kagyantyan  
ngapura Nata dosanĕ  
amimintang Sang Prabu  
rinya Pangran kang wotĕn Ngloji  
Pangĕran Pakualam  
saputranja mantu  
kang aran Pangran Suryĕngrat  
wus sinungkĕn dadiya kasihnya Inggris  
blĕngkĕting saudaran

12. durung lawas nuli karsa Aji  
atmajanya Sang Raja-Pinutra  
linarod ingambil dhĕwĕ  
nama Raja tan sinung  
panguwasa rinucat sami  
ginlarkĕn ing sapraja  
tan ĕsah lan I(ng)sun  
milar sa/blilĕng atmaja/  
pinatĕnan lir kadi Rĕkaning Patih  
aja inggala Ingwang

f.58v

13. tĕkĕng praja baya wus ngĕmasi  
nulya Pangran Pakualam ika  
myang atmaja tan nak tyasĕ  
ya sinuprih Sang Prabu  
sirnanira gya ma(I)bĕng<sup>g</sup> Ngloji<sup>152</sup>  
dadya Sri Naranata  
kĕprabon tan patut  
kalon tan idhĕp atmaja  
myang santana kaponakan myang Bupati  
tĕmah angrusak wadya

14. mulanĕ Sun larod dadya Aji  
awĕh nora awĕh ya Sun prusa<sup>h</sup>  
Sun paringkĕn mring putranĕ  
yĕn awĕt dadĕ Ratu  
tĕmah rusa(k)<sup>i</sup> ingkang nĕgari  
kĕh songga-rungĕnira

<sup>f</sup> L.Or 'miyarsa blĕlĕng atmaja'.

<sup>g</sup> BL MS. 'mabĕng'.

<sup>h</sup> L.Or 'pĕksa'.

<sup>i</sup> The last aksara of this word is unclear in BL MS.

lan Inggris tan teping  
wékasan sura ngajak prang  
sun turuti iki rupaning nēgari  
rong dina nuli bēdhah

15. tēmahan tan ngawēl praja adi  
myang wadya saniskarēngnya samya  
lah padha rungokna kabēh  
ing satimbangan ulun  
sapa nora ngēstokkēn sami  
maido kang Sun angkat  
tēmah dadya satru  
ing Upērnēmēn Inggrisnya  
lamun wani lah payo padha sakiki  
angadu suraningprang

16. tandya samya umatur upēksi  
inggih jumurung sakarsa Tuwan  
angēstokkēn timbalané  
sokur Gusti Kang Agung  
anglulusna Sri Narapati  
Mangkurat ing Ngayugja  
lir éyang Sang Prabu<sup>153</sup>  
nulya kang sērat palēkat  
munya malih wundén<sup>l</sup> ing karsa Mami  
ing mēngko kang Sun angkat

17. anggēntēni Pangéran Dipati  
putraning Radēn Mas Bagus rannya  
dadya Pangran Dipatya Nom<sup>154</sup>  
sadaya pan jumurung  
Upērnēmēn I(ng)gris prasami  
santana putra Patya  
Bupati sēdarum  
wusnya nulya Tuwan Jindral  
/ angung tabé ciyuman lan Sri Bupati  
lir puyuh tētarungan<sup>155</sup>

f.59r

18. sarta masrahkēn kēprabon Aji  
myang upacaraira Nalēndra<sup>156</sup>  
dhampar capuri rukmané  
arda-walika kaku  
banyak-dhalang lan sawunggaling  
kuthuk lawan lantaran  
kandil padam kurung  
myang kēdhaton saisinya  
ingkang taksih Jēng Sultan narima kasih  
tandya malih kang éyang

<sup>l</sup> LOr 'wus déné'.

19. angung curiga dhatēng Sang Aji  
kagunganira Sang Nata lama<sup>157</sup>  
ninging dédé Ki Agēng mēngko  
agēmnya kang tan sērju  
duk sēmantēn Ki Gēng tan panggih  
Ki Pani(ng)sēt Rub Ji(ng)ga<sup>157a</sup>  
Pangran Dipatēku  
sinung curiga satunggal  
mring Yang Jéndral saklangkung tarima  
kasih  
wusnya gya samya urmat

20. Tuwan Mastēr sung tabé Sang Aji  
saha Upērnēmēn Inggris ramya  
gumrudug kang gēdhé-gēdhé  
urmat mriyēm lir gludhug<sup>158</sup>  
bērdangganya Inggris barungi  
sawusnya Gris santana  
putra Bupatyèku  
samya saos ngujung Nata  
ingkang sēpuh saos sēsalamana sami  
tuwin mring Éyang Jéndral

21. Pangran Pakualam kang rumiyin  
sēsalamana lan Sri Naranata  
rukēt dyi mangējum tyasé  
pasang sumbaga dinuk  
luwēs ing tyas dadya mangliring  
pyuh kalih nukmēng solah  
ēsēm ruming-arum  
gya tabéyan lawan Jéndral  
tandya Pangran Prangwēdana urmat Aji  
tabéyan lir Wēlonda<sup>159</sup>

22. myang lan Jindral tandya Pangran Bēi  
urmat salam lan Sri Naranata  
tuwin mring Tuwan Bēsaré  
Pangran Samayudēku  
urmat salam dhatēng Sang Aji  
Ministēr datan suka  
wu/s kinēn angujung<sup>159a</sup>  
gugup tyas Pangran tan nyana  
gya tabéyan mring Jindral Minēstēr aglis  
tan suka kēn ngujung

f.59v

23. jangga Pangran pinētēlkēn nuli  
dadya ngujung dhatēng Tuwan Jindral  
wusnya gya nguculkēn agē  
Pangran sēngsaya gugup

<sup>k</sup> BL MS. 'Wēlonda'.

satëmbènnya amung puniki  
ngabèkti dhatèng Jindral  
Pangéran wus mundur  
gya Pangran Arya Panular  
majèng urmat tur salam dhatèng Sang Aji  
aras asta andonga

24. sokuring Allah mring putra Aji  
antuka bërkahtëng Dutaning Hyang  
pra Nabi sèkabat kabèh  
Wali para luluhur  
ëmbah-ëmbah éyang kang syargi  
mukmin sunga pandonga  
mulyaning kèprabun  
panjanga yusyaning Nata  
dinohèna ing budi panggodhaning Blis  
sukaa tyas kang rilan

25. gya Pangran sung tabé Jindral aglis  
wusnya gya Pangran Sontakusuma  
tur urmat salam mring Katong  
Tuwan Mèstèr tan angsung  
kinèn ngujung Pangran agipih  
ngabèkti mri(ng) Sang Nata  
kang tyas Pangran gugup  
gya sung tabé Tuwan Bésar  
Mastèr gusar kang jongga cinèkèl aglis  
kinèn nyungkèmi Jindral

26. gya ngabèkti gugup solahnèki  
datan naté Pangran nir tyasira  
dhasar wau tas kuwayon  
wanci ngajèngkèn surup<sup>160</sup>  
jruning gèdhong mèh pètèng kèksi  
Pangran saundurira  
tèka kadung-kadung  
riwènira dharo(dh)osan<sup>1</sup>  
sarèng lènggah kang napas santèr kapyarsi  
sangkèng jrìh guguping tyas

27. gya santana myang putra Sang Aji  
angabèkti mring Jéng Sri Naléndra  
tuwin mring Tuwan Jindralé  
gya Patya Bupatyèku  
gantya-gantya ngabèktèng Aji  
wusnya mring Tuwan Jindral  
ngabèkti sèdarum  
sira / Pangran Suryaningrat  
wus ngabèkti sung tabé mri(ng) Jéndral gipih  
wusnya Pangran arsa

f.60r

<sup>1</sup> BL MS. 'dharodosan'.

28. lènggah jajar sor mor lan Bupati  
dadya mugèng kursi nanging tèbah  
gya Tuwan Jindral turnya lon  
ingaturan Sang Prabu  
apèpriksa ingkang prajurit  
untabé wadya Sabrang<sup>161</sup>  
urmat mring Sang Prabu  
mugèng sangajènging lawang  
Sri Naléndra wus kéring anèningali  
untabé wadya Sabrang

#### CANTO XIX (Gurisa)

1. gurisa sèkar gumantya  
tandya mèdal wadya Sabrang  
sangkèng jruning Laji Wétan  
sumahab ngèbèki papan  
solahnya sura mawinga  
gya majèng mring Laji Taman  
arèmpèg gulur tatanya  
salariknya ponca-wélas

2. wadya kang dados pangarsa  
Supèhi kulambi rëta<sup>162</sup>  
kotang sèta sruwalira  
sangkèlat ijo cèlana  
atapi pèncuning bonang  
sinèrèt i(ng) mamas jènar  
tumléram kèdhapnya kathah  
asikèp bahinèt samya

3. asanku(h) waja trisula<sup>163</sup>  
tumléram gèbyaring sara  
yèn tak kasonarya surya  
kadya kilat bèbarungan  
arèmpèg wadya tatanya  
apipit<sup>1</sup> ing kéring-kanan  
atèpung sikut kéwala  
lèt sadhèpa lan wurinya

4. dyi-èwu nunggil pènga(ng)gya<sup>164</sup>  
sarèng prapta ingajèngan-  
ira Jéng Sultan lan Jindral  
kapala asaos urmat  
ngobakhèn sanjatanira  
amanthèng kèdhaping nétra  
mè(ng)lèng gulu sung lèlèwa  
sor nétya sura tandangnya

<sup>1</sup> LOr 'amipit'.

f.60v 5. tuwin sajjarnya samya  
gih urmat mawas Sang Nata  
alèlèwa karya tata  
guluné méngo sèdaya  
tan uwah mandhi sanjata  
/ anèkuk ngalèr lampahnya  
maksih mawas kaurmatan  
wus tèbah gya mawas ngarsa

6. sumambung ing wurènira  
wadya Supèhing Bèrgala  
kulambi ijo mangraras  
saruwal anunggil warna  
kotang pèthak agègèlang  
samya sèlaka sèdaya  
asisih kilat-baunya<sup>b</sup>  
kopyahnya anunggil warna

7. sikèpnya samya sènjata  
buwis asangu(h)<sup>c</sup> sèdaya  
sarèng clakan sami urmat  
kadya ingarsa solahnya  
wagèd amasang sumbaga  
dyi-èwu sagalongannya  
ngajrihi pasèmonira  
lir singa kurda tandangnya

8. kang brèngos kadi kumbala  
gudhèg wok asimbar dhadha  
lir singa lodra ulatnya  
kang awig midih<sup>d</sup> brèngosnya  
caplang<sup>e</sup> mèh sadriji gèngnya  
sinaut ngawèt masura  
gèdrug-gèdrug lakonira  
lir kurda ngambil pèpatya<sup>165</sup>

9. sumambung ing wurènira  
l(ng)gris kang samya kapalan  
téji asura sèdaya  
abajo sangkèlat ji(ng)ga  
sruwal ijo kaos sèta  
lapaknya sinèngrèt mamas  
kastul dyi mugèng ingarsa  
samya angliga bèdhama

10. kumilat gèbyaring pèdhang  
arja tapi jémbrak rëta

<sup>b</sup> LOr 'kèlat-baunya'.

<sup>c</sup> The last aksara of this word is unclear in BL MS.

<sup>d</sup> LOr 'awik mèlintir'.

<sup>e</sup> LOr 'dhaplang'.

ngajrihi pasèmonira  
lir dènawa mugèng kuda<sup>166</sup>  
gibrah-gibrah jola-jola  
turongga karya wiraga  
maksih bèri tandang yèn prang  
inggar tyas sura sumbaga

11. tinitir sru kang pèrdongga  
sèngsaya kuda gambira  
lir jalma panyiptanira  
yèn slarik satu(ng)gil ubah  
anjola mingkar myang malang  
gya samya ubah sèdaya  
satatanya kang pangarsa  
yèn malang sèlarik malang

12. yèn jola sèlarik jola  
yèn mi(ng)kar sèlarik mi(ng)kar  
/ nadyan unya<sup>f</sup> gih lirikan  
yèn nyènthak sèlarik nyènthak  
nadyan nyrig myang adhèyan  
nadyan kang jajog lumampah  
prasamya alèlarikan  
édap kang non sasolahnya

f.61r

13. gilaping pèdhang upama  
yèn ta kasonaran surya  
lir kilat abèbarungan  
ing surup dadya lumarap  
tuméja angsung sènènnya  
mri(ng) Yang Bagaskarèng lidhah  
kabarong sènèning sara  
myang gèbyaring ing pènganggya

14. praptèng ngarsaning Sang Nata  
kèpalanya urmat pèdhang  
karya gita rosa sura  
tèkan kudanya a(n)jola  
anulih lir kadya urmat  
dhumatèng Sri Naranata  
tuwin dhatèng Tuwan Jéndral  
samya bangèngèh<sup>g</sup> sèdaya

15. gawok Sang Nata tumingal  
non untab solah Wong Sabrang  
santosèng sara di indah  
usik sajruning wardaya  
layak Ngayugja bèdhama  
amusah sura santosa

<sup>f</sup> LOr 'uni'.

<sup>g</sup> LOr 'brangèngèh'.



dhasar bèncèng pikirira  
wong gèdhé akèh salahnya

16. tuwin kang cilik sèdaya  
anaa kang ambèk sura  
kaya tan èngcènèna  
ésthi ngaraha dumadya  
dènbuta ing rong nègara  
ing Sala atetulunga<sup>167</sup>  
kadi tan kuwawa nongga  
kējaba ing karsa Allah

17. usiking tyas kang non samya  
wus kadi Sri Naranata  
nir kapita kagurawa  
krasa duk binuru samya  
kalah prang tan kwawa nongga  
wèkasan rusak jinarah  
kang nèng onga binlojodan  
mringing angganya amulat

18. kèkès tyas sawènèh mulat  
kamitènggèngèn non sèlèh  
mung Pangran Arya amawas  
ngèningkèn cipta anawang  
kukuwung sènèning jalma  
tinandukan ngèlminira  
wus karsa ing Gusti / Allah  
mongsa punika wong Jawa

f.61v

19. tus gèdhé cilik tan béda  
manon kukuwung binérat  
lapaking wong akèh cidra  
myang anrak ing kukum olah  
ing ngèdohan malaékat  
ngalih jèngkung mring wong Sabrang  
lir ta kadya pinayungan  
mèmanon singèr kang cahya

20. téga lara lawan péjah  
sinrahkèn Inggang Masésa  
tan kadi ing tyas wong Jawa  
galibéd datan andèlan  
tan pasrah ing Pangérannya  
tuwin kang para ulama  
kang wus ngrènggani ngèlminya  
ka(n)thong lir watak sudagar<sup>168</sup>

21. mung métung bathi lumalya  
yèn watèn arta tumiba  
gya rinèbat lali rowang  
tan étung sanak dhinupak

wus pasthi ing karsa Allah  
ing dalèm mongsa punika  
kèsuma kèdhik wirangnya  
ulama wong gèdhé ngumpra

22. sudhakèp Pangéran Arya  
gènira non wadya Sabrang  
sakalangkung tyas anyipta  
sidik kang mawa sèdaya  
kukuwung tinéja maya  
tan was nir pèrbawèng sura  
papèsthèn sampun katawang  
ing sujana di kang mulya

23. dangu tan pèdhot<sup>h</sup> lampahnya  
wadya Gris kang kèkapalan  
téja sura kathahira  
kalih-blah èwu gambira  
sumambung ing wurènira  
Inggis kang kapalan Jawa  
kacarub lan koré samya  
sapèngang(g)ènyya<sup>i</sup> lir ngarsa

24. sasolahira (d)ènbéda<sup>j</sup>  
sèwu kathah ing prawira  
sumambung ing wurènira  
Inggis dharat apicina<sup>k168a</sup>  
kulambi ijo sèdaya  
myang saruwal kotang jènar  
asikèp gédhong ront(è)ka<sup>l</sup>  
myang kalung sintir sikèpnya

25. kapala asikèp pèdhang  
gangs-al-atus kèh ing wadya  
/ bandhoyot ringa solahnya  
mèdèni karya tènaga  
prapta ngarsa samya urmat  
kapala pèdhang masura  
lir gapyuk mèrjayèng jalma  
kang sumambung ing wurinya

f.62r

26. prajurit ing Prangwèdanan  
pènganggèni suwarna<sup>169</sup>  
asikèp waos sanjata  
samya adharat sèdaya

<sup>h</sup> LOR 'pègat'.

<sup>i</sup> BL MS 'sapèngan gènyya'. I have followed LOR.

<sup>j</sup> BL MS. may have 'yèn béda', but the initial aksara is unclear in the MS

<sup>k</sup> A variant reading here could be 'tapi Cina'. The verse is missing in LOR.

<sup>l</sup> BL MS. 'rontaka'.

gangs-al-atus kathahira  
urmatnya lir tata Jawa  
tindhahnya Mayor Kapitan  
sēmunya samya sudira

27. karya pamèkasing wadya  
yèn tinon busana kadya  
ujalaning<sup>m</sup> taman-taman  
wus tēlas gya Tuwan Jindral  
angaturi wayah Nata  
lènggah gèdhong bukak méja  
anulya samya bubaran  
mangsuk ing gèdhong sèdaya

28. wus mugèng ngarsaning méja  
wus tata anulya dhahar  
Jèng Sultan lan Tuwan Jindral  
Minèstèr kasih urmat(an)<sup>n</sup>  
tan suka ing manah karènan  
panju(n)jungnya Sri Narèndra  
inum tan apèdhotnya  
larit-linarihyan samya

29. Sang Nata angèjum ing tyas  
mring kang paman Jèng Pangéran  
Pakualam linarihan  
sabda sèmpor madu kilang<sup>o</sup>  
kang paman nuwun ata(ng)gap  
ananduki sabdèng Nata  
dhasar satriya wèwèka  
nyampur sabda niskarèngrat

30. dadya turira maryogya  
solah sèngoh liring nétya  
luwès pèrnataning tata  
sinulah yudançgara<sup>170</sup>  
lir ta madu pinasthika  
turnya sung urmat mring Sultan  
lulus Ingkang Panjènèngan  
amèngku kèraton Yugja

f.62v 31. tu/win lulus ingkang wayah  
Kajèng Pangéran Dipatya  
Sang Nata langkung karènan  
miyarsa urmating paman  
sung nétya èsèm-èsèman  
Jéndral mulat bungah ing tyas

<sup>m</sup>LOR 'unjalane'.

<sup>n</sup>BL MS. 'urmat', one sy. missing in the line. LOR  
'Mistèr kasih pakurmatan'.

<sup>o</sup>BL MS. 'kilangnyi', m.c. 'kilangny(a)', one sy.  
too many in the line. LOR 'pan samya suka kalihnya'.

kadyi luwès liring sabda  
maulah lungiding praja

32. gya Pangran Aprangwèdana  
linariyan mring Sang Nata  
atanggap nyaosi urmat  
pasajakannya ing solah  
wus ugi Sabrang kapètha  
nyaoskèn lulusing Nata  
Panjènèngan Mangkunagra  
tuwin mring rayinta Pangran

33. Adipatya ing Mataram  
lulus Ingkang Panjènèngan  
Sang Nata langkung narima  
ginutuk manising sabda  
myang èsèm putranta Nata  
karènan tyas sakadyinya  
Yang Jéndral bungah amulat  
wus pènuh samya luwaran

#### CANTO XX (Asmaradana)

1. asmaradana gumanti  
sèmantèn<sup>a</sup> Jèng Tuwan Jindral  
umatur dhatèng wayahé  
ngaturan kondur ngèdhatyan<sup>171</sup>  
nyuprih tè(n)trèma pura  
Jèng Sultan dhatèng manurut  
anulya atata-tata

2. angrakit titiyan Aji  
myang jali-jolang jèmpana  
badhé titiyan pra sinom  
myang kang ngampil upacara  
tuwin wadya sèdaya  
putra santana akumpul  
Bupati para Wèdana

3. Pangran Arya wora-wiri  
anèng sangajènging lawang  
miyarsa tataning ènggon  
ing wadya kang ngiring samya  
pèrnata upaca/ra  
myang ing syandana sèdarum  
sèmantèn kang raka Pangran

4. Sumayuda matur aris  
mring kang raka Jèng Pangéran

<sup>a</sup>BL MS. 'sèmantè'.

f.63r

Pakualam awotsinom  
kawula matur Paduka  
yèn mangké kundur Nata  
kawula punapa tumut  
dhèrèk dhumatèng kèdhatyan

5. sun tan bisa maryogani  
takona kang ana jaba  
kang mrayitnani barang wong  
kang maksih nganggo curiga  
kèndèl kang rayi turnya  
Pangran Arya mirèng wuwus  
mèsèm sajruning wardaya

6. ya ta lah sadulur mami  
tuwa sèsèmbahaningwang  
bok sampun galih panastèn  
wong wus pèpèsthèning Allah  
wutuh kèlawan rusak  
malah mandara tyas sokur  
sadulur ana kang wètah

7. karsané samya abrindhil  
salira mulya wutuha  
tan nyawabi saduluré  
upama curiganingwang  
pédhang sun titipèna  
kapriyé lah tèmbugi(ng)sun  
tèmah ingèsèman kathah

8. Pangran Arya wora-wiri  
tapi mring raka tan mriksa  
manglung<sup>b</sup> jandhéla rakané<sup>172</sup>  
anulya Jèng Sultan tédhak  
kèkanthèn lan kang éyang  
tuwin Master kéringipun  
myang Upèrnèmèn gèng samya

9. nulya tabéyan Sang Aji  
pamit ngèdhatyan mring éyang  
Jindral sung kalujéngané  
sadaya Inggris kang bésar  
samya nyaosi urmat  
myang Pangran Dipatya iku  
(Tuwan Mèstèr) ngiring Nata<sup>c</sup>

10. nunggil sakrèta lan Aji  
tuwin Pangéran Dipatya

<sup>b</sup>LOR 'manglong'.

<sup>c</sup>BL MS. 'datan Minèstèr ngiring Nata', one sy. too many in the line; I have followed LOR.

garwa wus mugèng jaliné  
garèbong muwah jèmpana  
ginèrbèg ngéring-nganan  
ing wadya tata adulur  
Inggris jajari ingarsa

11. ing wingking jaga Sang Aji  
a(ng)garèbèg ngéring-nganan  
myang wadyanira Sang Katong  
Mantri Wèdana Bupati  
/ putra santana ngarsa  
myang upacara kèprabun  
abor élur ngéring-nganan

12. anulya mangkat Sang Aji  
gumèrah syaraning jalma  
jalu èstri bungah tyasé  
nulya urmat mriyèm munya  
kélingan kartèng jaman<sup>173</sup>  
rikalanira Sang Prabu  
tindak mring Laji kang kéndhang

13. datan kawarna ing margi  
Kajèng Sultan sampun prapta  
jujug anèng Kadospatèn  
sakèdhap kinarya pura  
sangingki turnya Yang Jéndral  
sawab puranya Sang Prabu  
jarahan taksih akathah

14. dèrèng tèlas gèn ngusungi  
sèmantèn Jèng Sri Naréndra  
kalané kondur Sang Rajèng  
ing dalu saténgah songa  
malèm Sènèn dintènyana  
ping (sawélas)<sup>d</sup> tanggalipun  
nunggil wulan taun ngarsa<sup>174</sup>

15. sakondurira Sang Aji  
jinagèng I(ng)gris akathah  
Liknang kang dadya tindhihé  
mugèng bangsal pèlataran<sup>174a</sup>  
Tuwan Mastèr wus pulang  
kang anèng jawi puniku  
Banjarandhap pra Bupati<sup>175</sup>

16. tuwin kang wa Pangran Bèi  
kang paman-paman tètiga  
Pangran Sumayuda riné  
Pangéran Arya Panular

<sup>d</sup> BL MS. and LOR 'sadasa', see ns. 147 and 174.

Pangran Sontakusuma  
myang santana nèm puniku  
kang dhèrèk sing Laji samya

17. putra anèng ing jru sami  
sémantèn Sri Naranata  
rinya kapèthal sawiyos  
Pangéran Kanatabaya  
kinèn mor (lawan) putra<sup>e</sup>.  
klilan anganggéya dhuwung  
sinambutan mring Sang Nata

18. anulya Sri Narapati  
andhawuhakèn timbalan  
mring uwa Pangran Bèiné  
santana mudha sèdaya  
tan klilan n(y)aré<sup>e</sup> samya  
Banjarandhap kinèn mètu  
néndra ajawining jagang

f.64r 19. sakarsanira prasami  
ènggèn manggèn juga-juga<sup>e</sup>  
sandika wau aturé  
tandya samya / dhinawuhan  
dhumatèng ingkang uwa  
santana kanèman matur  
inggi sandika sèdaya

20. nanging kula angantosi  
mring arinta Paman Arya  
ing wau pan lagya séné  
tandya ingkang paman prapta  
gya matur kang pra putra  
lir timbalan Sang Aprabu  
kagyat tyas Pangéran Arya

21. kadi utus jalma napi<sup>h</sup>  
Pangran Pamot aturira  
konca punakawan dyiné  
matur Pangran Jakusuma  
lamun kawula mèdal  
ing pundi panggènan ulun  
kula datan darbé réncang

22. tuwin kang Mas sèdayèki  
pun adhi-adhi sèdaya  
tan kanthi réncang sawiyos

<sup>e</sup> BL MS. 'kinèn mora lan putra', I have followed LOr.

<sup>f</sup> BL MS. 'naré'.

<sup>g</sup> LOr 'ènggèn manggèn juga-jaga'.

<sup>h</sup> LOr 'kang ingutus jalma napi'.

mèdala sawawèng jagang  
titis kang watèn jalma  
watèna pagriyan suwung  
kadospundi karsa paman

23. Pangran Pamot anyambungi  
myang Pangran Sontawijaya  
Pangran Silarong pa(dh)ané<sup>i</sup>  
upami kula mantuka  
ing griya wus binajag  
lan samar punika dalu  
I(ng)gris Sèpahi akathah

24. kados taksih angrésahi  
sampun sami badhugulan  
témah mèdal dalu mangko  
kados lajèng pinlècètan<sup>i</sup>  
kadospundi adhimas  
kang alit-alit sèdarum  
dè(n)tèn yèn siyanga paman

25. gya para Dèn Mas galinting<sup>k</sup>  
saré nèng nglabur prasamya  
tan wruh ngrègèd wus kinlosod  
satèngah pangusap waspa  
ing dalu tan kètara  
mung tinèngèran ing wuwus  
kang paman saklangkung wèlas

26. ngécani mring putra sami  
èmpun padha kagoling tya(s)  
tuwin maras putraningong  
kula ananggung ing karsa  
rakanta yèn mangkana  
ingong duga tyas kaliru  
ingkang dhawuh (kè)timbalan<sup>i</sup>

27. mangké kula kang nglè/boni  
umatur Sri Naranata  
yèn sayèkti dhawuhaké  
kawula ingkang amalang  
padha dènayèm nak mas  
Pangran Bèi ngandika rum  
ya mongsa bodhowa dhimas

f.64v

28. aturé sing maryogani  
sandika turing rayinta

<sup>i</sup> BL MS. 'padané', I have followed LOr.

<sup>j</sup> BL MS. 'pinalècètan', one sy. too many in the line; I have followed LOr.

<sup>k</sup> LOr 'para Radèn samya galinting'.

<sup>l</sup> BL MS. 'kèn timbalan'; LOr 'kang timbalan'.

anulya Pangéran agé  
lumèbèt dhatèng kédhatyan  
Nata sampun mapérman  
gya panggya lan wayahipun  
saré samya ginugahan

29. tri dinangu mri(ng) yang sami  
yèktiné timbalan Nata  
prakarèng santana anom  
ing kang samya kinèn mèdal  
inggih yèktos timbalan  
nanging ngaku canthèl atur  
nuwun saos mring Sang Nata

30. ingsun kawatir ing ati  
yèn mangkono karsa Nata  
anulya sinaosaké  
kang matur Samaprawira  
yèn saos ing kang paman  
Nata kalésyan andangu  
apa ana pèrkaranya

31. priksanèn sun tan manggihi  
gya mèsat Samaprawira  
tandya pinariksa agé  
ya prakaraning pra putra  
dhawuhé Sri Naléndra  
kaya ingsun catur mau  
yèn uwas pènggalih Nata

32. sun nanggung sawèngi iki  
yèn ana ing kang balila  
sayèkti sun rē(k)sa<sup>m</sup> kabèh  
sun ngudanèni sèdaya  
sandhi bawa tan ulap  
yèkti ngong ngrēksa kēprabun  
yèn kadhahar Sri Naréndra

33. caraka gya matur aglis  
wus cundhuk lir turnya paman  
ya wus wa(ng)sulana agé  
kaliruné kang sun duta  
mongsa bodhowa<sup>n</sup> paman  
ing jaba ruméksanipun  
kang paman dhatèng sandika

34. gya ngambil paglaran aglis  
tuwin kajang-sirahira

anulya binē(k)ta<sup>o</sup> miyos  
sinaosakèn mring raka  
Pangran Bèi myang putra  
gi/nèlar pyambak krangulu  
kang raka langkung narima

f.65r

35. wah kang putra-putra sami  
myang ri Ngran Sontakusuma  
samya sangèt panuwuné  
raka Pangran Sumayuda  
sēmantèn kondur gèrah  
krasèng kang knèng bēdhamèku  
putranta kang wus anéndra

36. ginugah kinèn angalih  
mring klasa mugèng ing bantal  
gya samya angalih kabèh  
angandika ing kang raka  
priyé adhi timbalan  
prakara nakmu sèdarum  
kang rayi nēmbah aturanya

37. yèktos kalintu duta Ji  
tan mèkatèn kang timbalan  
sinèkajèng ing karsané  
mantuka inggih kalilan  
tugur<sup>p176</sup> inggih kalilan  
pra putra asrèp tyasipun  
mirsa sabdané kang paman

38. anulya saréyan sami  
gya watèn duta Naréndra  
mring wa Pangran Bèi mangko  
Bèndara timbalan Nata  
yèn padukarsa pulang  
inggih kalilan Sang Prabu  
kang uwa matur sandika

39. gya andhawuh ing kang abdi  
samya ubah arsa mangkat  
gya ngandika mring ri mangko  
Pangéran Arya Panular  
ingsun dhi klilan pulang  
kang rayi anulya matur  
kējawi karsa sampéyan

40. kula datan mēryogani  
galiya mongsa punika  
yèn ngi(ng)gil mundhut pēngraos

<sup>m</sup> BL MS. 'rēsa'.

<sup>n</sup> LOr 'boronga'.

<sup>o</sup> BL MS. 'binēpta'.

<sup>p</sup> BL MS. 'tugura', one sy. too many in the line.

yèn ta batèn dhawuhèna  
kang kadya sapunika  
Paduka jinènèng sèpuh  
sampéyan jimating kathah

41. tan karsa masésèng budi  
anyuprih ngluhuring karsa  
ngaosi sarira mangko  
néndra gèn sampun sawiyah  
pramila tyas kasrowah<sup>q</sup>  
wawratan watèn pukulun  
pêngraos pandugì kula

42. gya kang putra matur gipih  
Rahadyan Wongsakusuma  
kalih dalèm risak mangko  
Inggris Supé<sup>r</sup> ingkang bajag  
lan ing dalu punika  
inggi langkung watosipun  
mar/ga tuwin kondur wisma

f.65v

43. ibu tan watèn lan bibi  
abdinta prasamya buyar<sup>t</sup>  
mung kantun kang dhèrèk mangko  
nulya kang raka ngandika  
ya adhi bènèr sira  
mulih tan ana sun jujuk  
wékasan ninggal pêngrasa

44. ya bènèr ciptamu adhi  
kang rayi nuwun aturnya  
anulya prasamya saré  
wantu salira kalésyan  
nèng Ngloji watiring tyas  
pan néndra sakéca langkung  
inggi amung Pangran Arya

45. kang datan arsa aguling  
amrayitnani sèdaya  
wus bangun injing wanciné  
sémantèn kang sihing putra  
gumantya ing pérnata  
myang duk nèng Ngloji puniku  
amung Jèng Pangéran Arya

46. kang manah samya ngayèmi  
pinrih sampun watèn réngat

<sup>q</sup> LOr 'kasrodhah'.

<sup>r</sup> LOr 'Sèpahi'.

<sup>s</sup> LOr 'bubar'.

myang nandukkèn sura (tya)sé<sup>t</sup>  
durjana sampun kamontra  
sih wèdiya rakanta  
ing tyas samya amanurut  
mring Nata pamrihnya Pangran

47. sémantèn garwa Sang Aji  
kang anèm sampun kapanggya  
Dèn Ayu Wandhan watané  
sutanta Yudakusuma<sup>177</sup>  
ibu santana Nata  
putranta Syargi Sinuwun  
nging risak dandosana tēlas

48. pinèt mring Sèpahi Inggris  
Dèn Ayu kawēlas-arsa  
myang sakèhing para sinom  
kang nu(ng)gil samya kapèdhak  
wus malbèng Kadipatyan  
samarga prapta ngusap luh  
ngrès Nata myang kang umiyat

#### CANTO XXI (Sinom)

1. sinom pèngrawit sèkarnya  
sémantèn Sang Sri Bupati  
ubaya panggya lan Jindral  
anujung ing dalèm puri  
andhap-asar kang wanci  
marèngi kang jawah agung  
lir niram kang buntala  
wisma kang kobar barèsih  
kèhing kayan asrèp kang dhawahan toya

2. sawusnya kèndèl kang jawah  
gya mang/kat Sri Narapati  
andhawuhkèn mring kang paman  
kinèn tēnggaha ing wuri<sup>a</sup>  
kèdhaton pramésuari  
myang garwa-garwa sèdarum  
sawab Inggris gèn jaga  
jibèg anèng bangsal sami  
duk sumantèn taksih rēsah sapulahnya

f.66r

3. mila pitaya mring paman  
sab sutanta mugèng puri  
kang paman matur sandika

<sup>t</sup> The initial *aksara* of this word is unclear in BL MS. I have followed LOr.

<sup>a</sup> LOr 'puri'.

ngatas<sup>b</sup> supé ing wēwadi  
mēnggah ingkang Bupati  
punapa wotèn kang kantun  
Sang Nata sēndhu nyabda  
tēka Bupati dipikir  
mung sampéyan piyambak tēnggaha pura

4. kaduwung tyas ingkang paman  
supé wéling duk nèng Ngloji  
pangandikannya Sang Nata  
badhé tan nyuwé Bupati  
kinèndélakèn sami  
lapaké supé mring Prabu  
pamrihira kang paman  
yèn I(ng)gris mangrayah èstri<sup>178</sup>  
pan watēna Bupati kang wlas<sup>c</sup> wicara

5. basa Gris Lumayu samya  
sab Pangran datan mangarti  
basa Lumayu kang nēlas  
yèn ngroyah ruda(h) kang ati  
Pangran ingkang na(ng)guhi  
nanggolang dadiya lampus  
yèn wus antuk pēngaja  
sēmantèn abdi Sang Aji  
datan purun atēngga jrih dhèrèk samya

6. mung kantun dyi Suranata  
tētiga anèng ing kari  
lan ēmban Sultan duk mudha<sup>d</sup>  
lan panakawan satunggil  
Sasrawirana tuwin  
nanging sanès ènggènipun  
angladosi sēsēgah  
mring Inggris kang jaga sami  
Pangran lēnggah nèng kursi iringing lawang

7. saklangkung prayitnanira  
Inggris ingkang jaga sami  
samya mulat mring Pangéran  
sēdaya samya sik ngati  
sapa iki kang jagi  
déné acēlak lan pintu  
linggih kursi sēmunya  
asura anyo/thé kang kris  
pēdhangira ingambil datan atēbah

f.66v

<sup>b</sup> LOr 'ngantos'.

<sup>c</sup> BL MS. 'wlas', LOr 'wlasing', both have one sy. too many in the line.

<sup>d</sup> LOr 'taruna'.

8. mugèng ing kursi ngēdhangkrang  
sēmu tambah tan mērduli  
gya wotèn Inggris tētiga  
arsa lumēbēt prasami  
sandinya arsa uning  
ing jro anginjèn katēlu  
gya kinèn bali Pangran  
wus wangsul mangidul sami  
tur tandya Liknang tindhihé Gris<sup>e</sup> amara

9. lan pudhakira sajuga  
marpēki Pangéran aglis  
atakèn sintèn namanya  
déné ajaga nèng kari  
lawan pērnah punapi  
kēlawan Kajèng Sang Prabu  
Pangéran gya ngandika  
santananira Sang Aji  
pērnah paman nanging ngiras maratuwa

10. mula sun kinèn ajaga  
pinitajèngan Sang Aji  
tan bēda kēlawan sira  
padha rumēksa ing puri  
basa Jawa tan ngērti  
pudhaknya kang jarwa iku<sup>f</sup>  
nulya ngajak tabéyan  
ing sawusira mangērti  
nulya nēmbung ngambil curigané Pangran

11. arsa uninga kēwala  
tan suka Pangran nyingkur kris  
pudhaknya matur mangrēmpa  
sampun kuwatos ing galih  
arsa mriksa pribadi  
yēktos badhé wadé dhuwung  
punika karya pula  
sampun gé gusar dēnlirih<sup>g</sup>  
kula suka karajèng yèn Tuwan blila

12. Tuwan sugih kang curiga  
rayahan sangking jrun puri  
yèn Tuwan Pangran jèng tumbas  
kasihkèn mularsa<sup>h</sup> uning  
myang rēgannya mas wēsi  
sudaranya bēlum tahu  
Pangran lēga ing manah

<sup>e</sup> BL MS. 'Inggris', one sy. too many in the line.

<sup>f</sup> LOr 'pudhaknya kang jarwakna iku'.

<sup>g</sup> LOr 'dēnlirih'.

<sup>h</sup> LOr 'kularsa'.

curiga ngulungkén siji  
wus tinampan tinarik Liknang angucap<sup>f</sup>

f.67r 13. kang bluwuk ini punapa  
kang itèm ini punapi  
kang putih ini punapa  
kang bluwuk waja araning  
kang irèng iku wèsi  
kang putih pamor ranipun  
brapa Pangran rē/gannya  
tan liwat sadasa ringgit  
emas rēga tan liwat limalas réyal<sup>179</sup>

14. tandya ingulungkèn sigra  
satunggilira ingambil  
Ki Mésagëndari rannya  
wasiyat sing Rama Aji  
mana nyang tuwa ini<sup>i</sup>  
sing ngunus dhipit kang sèpuh  
Panji Panigas Murda  
kang dhipit raning kris mami  
iku raning Mésagëndari wasiyat

15. paringé Jèng Rama Syarga  
Sultan kang maro nēgari<sup>180</sup>  
ingkang anglana andon prang  
kang subèkèt lan Kumpèni  
pudhaknya mangertèni  
Liknang nrima kasih manthuk  
wangkingan wus tinampan  
ingagèm Liknang gya ancling  
kapan pulang Sultan maksuk (d)a(d)i  
rumah<sup>k</sup>

16. mangko kurang sadhèla kas<sup>f</sup>  
Kajèng Sultan nulya prapti  
gya sung tabé nulya késah  
kawarna Sri Narapati  
kapanggya lan yangnèki  
lènggah nèng Bangsal Kèdhatun  
Mèstèr Inggris kang bèsar  
lan paman Pangran lan rayi  
Tuan Jindral amasrahakèn kèdhatyan

17. myang busananing kèdhatyan  
kalawan ngaturi uning  
yèn paman Natakusuma

<sup>f</sup> LOR 'wus tinampan ing Litnan sigra binukak'.

<sup>i</sup> LOR 'mana kang tuwa ini'.

<sup>k</sup> BL MS. 'dhadhi rumah', LOR 'masuk dhari rumah'.

<sup>f</sup> LOR 'sadhèla èngkas'.

yèn mangké sun lih kang nami<sup>181</sup>  
Pangran Pakualam(i)<sup>m</sup>  
punika ingkang jujuluk  
putranta dyi Pangéran  
Natadiningrat pun alih  
nama Pangran Suryaningrat aprayogya

18. Dèn Mas Saliya arannya  
Pangran Suryaningprang tuwin  
pamanta as(o)ngsong<sup>n</sup> jènar<sup>182</sup>  
Sang Nata pasra(h) sèksèni  
gya rangkulan Sang Aji  
lan paman dyi manis tēmbung<sup>o</sup>  
dènsami nglulusèna  
sabarang pakarya bècik  
samyà nrima ing karsa pandum Yang Jéndral

19. kang paman inggih aturanya  
sènadyan Sri Narapati  
galiya lir pangandika  
sampun mangrujit mring kami  
anggaliya pèpèsthi  
Yang Jéndral margini(ng) pandum  
ata/s ing karsa Allah  
umat Hyang Darmi nglampahi  
inggih paman mugè ing tyas anglulusna

f.67v

20. kang Yang Jéndral suka myarsa  
Mèstèr myang sagunging Inggris  
kang yang wus angambil bawah  
ing Kèdhu katèdha sami  
tuwin moncanègari  
sapatigan<sup>p</sup> Kang Sinuwun  
Nata tèka sumarah<sup>183</sup>  
mring yang rumaos kapipil  
wus luwaran Nata kundur Kadipatyan

21. anganti ditèn prayogya  
gènira kèdhaton puri  
datan kawarna sèmana  
wus numpak ing malèm Kèmis (the eve of  
Thursday, 25 June 1812)  
asar pindhah Sang Aji  
dhumatèng sajrun kèdhatun  
Mastèr wus saos Nata  
urmat angiring Sang Aji  
nulya miyos Sang Nata mugèng karèta

<sup>m</sup> BL MS. 'Pakualam', m.c. 'Pakalam(i)'.

<sup>n</sup> BL MS. 'asangsong', I have followed LOR.

<sup>o</sup> LOR 'lan paman trima ing tēmbung'.

<sup>p</sup> LOR 'pasrah tigan'.



22. jajar lan saudaranya  
ginêrbèg Mantri Bupati  
myang Inggris kapalan dharat  
putra santana neng wingking  
pra garwa wus rumiyin  
médal butulan kédhatun  
ngalun-alun wus prapta  
urmat mariyem gya muni  
ping salikur<sup>183a</sup> anglir ngobahna<sup>9</sup> buntala

23. sapraptanira kédhatyan  
pinrak watèn Bangsal Rukmi<sup>184</sup>  
Tuwan Mastèr pamit pulang  
myang Gris sèdaya kang iring  
kantun kang jaga sami  
mugèng ing bangsal sèdarum  
wétawis pitung-dasa  
Sang Nata malèbèng puri  
gya pinèthuk apsari pra garwa samya

24. myang ibu Ratu Kédhatyan  
kang putra rinangkul gipih  
kang sarira ingarasan  
tinénggak wasparsi mijil  
tan nyana putra mami  
panggya lir supèna ingsun  
sokur ing Gusti Allah  
ngluluskèn dadya Nèrpati  
putra matur wis ibu aja kédawa

f.68r 25. mundhak angrudah ing nala  
apan wus padha basuki  
gya mundhut dhahar Sang Nata  
kèmbulan ibu / myang sari  
garwa putra apsari  
kèmbulan sawusnya pènuh  
cinarik tan winarna  
gunèng kang watèn ing jawi  
Srimènganti tanapi ing Kèmandhungan

26. Mantri samya mèkajangan<sup>185</sup>  
tuwin kang pra Bupati  
taksih samya badhugulan  
dèrèng klilan amawi kris<sup>7</sup>  
kèjawi Kyana Patih  
kang kalilan mawi dhuwung  
kang anèng Srimèngantya  
ing wétan Pangéran Bèi  
myang arinta Pangéran Arya Panular

<sup>9</sup> LOr 'ngèbahna'.  
<sup>7</sup> LOr 'mangking kris'.

27. kang neng kilèn Srimèngantya  
Pangran Sontakusumani(ng)  
amor santana kanèman  
sadaya dèrèng mawi kris  
Brongtakusuma kanin  
sinèlèh Srimèngantèku  
pèr<sup>8</sup> kilèn kinrobongan  
ing gèdhèg amèlas-asih  
naté mukti dados to(n)tonaning kathah

28. kinasiyan Sri Naléndra  
winèngangkèn saba puri  
gung sapraja datan mémba  
mangké nandhang kawlas-asih  
wèkasan sih Sang Aji  
angèrès tyas ingkang dulu  
wataknya tan kagungan  
tan ngègungkèn yèn (kin)asih<sup>6</sup>  
sanès ingkang jalma siniyan kang kathah

29. mila lajèng tinariman  
putranta Sri Narapati  
jumurung ing wong sapraja  
myang kang agèng-agèng sami  
lumintir sumbangnèki  
tan ngawèl sawawratipun  
samantèn ingkang jaga  
Inggris kang neng jruning puri  
wus kabuwak katarima Sri Naléndra

30. ngalih Sitinggil ènggènya  
mung Èrdènas<sup>186</sup> kang neng puri  
munggèng bangsal lit ènggènya  
jagani yèn watèn Inggris  
malèbèng dhatèng puri  
kari lèr kidul winangsul  
sumantèn taksih rèsah  
Inggris tanapi Sèpahi  
bajag wisma gèmeti dunya kang karya

31. asri malèbèng kédhatyan  
sing kidul ang/usung puri  
myang sing lèr pan arsa liwat  
mangidul katènta uni  
sawènèh nunggang wajik  
myang kang jaga ing Palèngkung  
Gadhing<sup>187</sup> pan arsa liwat

f.68v

<sup>8</sup> LOr 'èmpèr'.  
<sup>6</sup> BL MS. 'asih', one sy. missing in the line; I have followed LOr.

kédhaton marganing nguni  
yèn winangsulkèn jawa pan arsa mèdhang

32. mila Èrdnès kang jaga  
ngidul ngalèr wura-wiri  
mangsulkèn Inggris kang liwat  
dlasan yèn ngrèbut kang wajik  
dangdanan myang tumbak kris  
pèrcaya Èrdnas kang jaluk  
mila langkung kangèlan  
printah Jindral dènlakoni  
Nata asih gumanti dhatèng Èrdnès

33. (mung)<sup>u</sup> kalih ari Sang Nata  
gènira ngèdhaton puri  
sèmantèn Pangéran Arya  
yèn dalu sring dèntimbali  
dinangu mring Sang Aji  
ing jawi sapatrapipun  
Pangran matur prayogya  
tan watèn sumlang ing kapti  
sabarangnya sakarsanya Sri Narénda

34. kang paman katèdhan priksa  
myang putra catur tan kari  
yèn wus dados giligira  
inggih matur lèrès Aji  
yèn dèrèng tan suwawi  
kējawi ing karsa Prabu  
Pangran wus watakira  
tan jrih sèndhu yèn matitis  
susubalan lamisan sabda tan arsa

35. sangking rumèksèng mring Nata  
rumiyin dlasa samangkin  
sandiningrat pun kapèdhak  
tulusa mēngku nagari  
mayungi wong sēnagri  
lirna mring santananipun  
sèdya ngaub kang paman  
yèn pinipil mring Sang Aji  
yèn kasamèn ing tyas mung tēmèn tyasira

36. nadyan mring raka Naléndra  
Sultan Kéndhang kabèktèng Gris  
tan sumèdya salah ing tyas  
sakarsa raka lumiring  
dhatènga ing trah-pati  
inggih kang rayi manurut  
antawisnya duk aprang

<sup>u</sup> BL MS. 'wul'; I have followed LOr.

maryèm kang rayi nglampahi  
sura tètèg sawab printahé Sang Nata

37. tan kadi rin/ta myang raka  
dlasan<sup>v</sup> bèdhahing nègari  
tan sèdya gi(ng)gang lan Nata  
arsa umangsuk ing puri  
dadya alara-pati  
anèng ngarsané Sang Prabu  
kari jinaga Pangran  
Jakusuma<sup>188</sup> karsa Aji  
tan kalilan kang paman mardanèng Nata

f.69r

38. wus Karsa Ing<sup>w</sup> Gusti Allah  
Sang Nata datan nitèni  
mring santana ingkang trèсна  
kang nut barang rèh Sang Aji  
mila Pangran nututi  
mring putra kang kawlas-ayun  
wotèna kang kacandhak  
nyatakkèn tēmèn mring Aji  
wus ginèlar pangandikaning Sang Nata

39. ya si tholé Dipati wang  
ya ingsun ya si Dipati  
upama Allah Muchamad  
pan uwus dadi sawiji  
mila Pangran tan wigih  
rumaos tan cidrèng kalbu<sup>f</sup>  
lumajèng datan karsa  
mung rumèksa kang kaèsthi  
wirang praja yèn tan nungkébi sabdanya

40. lan duk nèng ing Kadipatyan  
kadhawuhan putra Aji  
paman tiga sampun pisah  
lan kula pinèt rasani  
dya wirang lara-pati  
paman nglabuhna katèngsun  
mulya tumuta mulya  
pinatut lawan ing ngèlmi  
mila Pangran Arya ngrèksèng labuh Nata

41. dhasar atmaja kagarwa  
sèngsaya alabuh-pati  
yèn kadya kang kathah-kathah  
mandah ucaping jalma di  
myang sasamanirèki

<sup>v</sup> LOr 'dalam'.

<sup>w</sup> Capitals in BL MS.

<sup>f</sup> LOr 'Prabu'.

tan saé praja diluhung  
yèn kaparèng Hyang Sukma  
panutan ingkang ngidèni  
dinulurkèn sèkajat wiryaning badan

42. mila gènnya saos Nata  
tugur sèdaya wus mulih  
raka ri myang putranira  
mung Pangran Arya kang taksih  
satuahuné tyas watir  
sandining jalma kang luhung  
santana dèrèng pèpak  
kang késah jawining nagri

f.69v / myang wadyanya dèrèng sumu(ng)kèm  
mardana

43. sakonduri(ra)<sup>y</sup> Sang Nata  
ngèdhaton mugèng (ing) puri<sup>z</sup>  
Pangéran Jayakusuma  
linèbokkèn gèdhong aglis  
karantan duk ing nguni  
kang rayi duk jagèng pintu  
tumulut rëmbaging praja  
nyalini Pangran Dipati  
myang Dyan Patya duk mati Pangran  
angrëmbag

44. mila Sang Nata kërantan  
tan lama gya dènluwari  
ginalih darma punapa  
nging Pangran ingimbar nuli  
ngantosa malih-malih  
kang tyas bliila nyuprih Prabu  
sarta ngungkulan Kuran  
supata Agama Nabi  
sinaidan paman raka putra Nata

45. kinalèn ing Suranata  
Pangran ngèningkèn tyas kang nir  
mring kang paman Pangran Arya  
myang putra Ngran Dipanagri  
myang raka Pangran kadyi  
Dipawiyana puniku  
Pangran Dipakusuma<sup>188a</sup>  
kang pinitajéngan Aji  
ingkang raka andhawuhakèn timbalan

<sup>y</sup> BL MS. 'sakonduri', one sy. missing in the line; I have followed LOr.

<sup>z</sup>BL MS. 'ngèdhaton mugèng puri', one sy. missing in the line.

46. Pangéran Dipawiyana  
dhimas timbalan Sang Aji  
sabarang sakarèpira  
yèn usik dadi pèrkawis  
kowé tan kilan mikir  
pracaya amaring catur  
paman ngomyang anak mas  
kang Dipakusuma tuwin  
myang pawarta kang corah-corah sèdaya

47. kang rayi matur sandika  
gèmetipun Kang Mas ugi  
pan sangking ajrih kawula  
mènggah dhatèng réncang mami  
yèn watèn kang pèrkawis  
punapa mawi amunjuk  
dhatèng paman anak mas  
tuwin Kakang Mas kèkalih  
gya kang raka ngandika iku kèjaba

48. kang paman nulya ngandika  
mung yèn atèn<sup>aa</sup> kang wèwadi  
sabarang ingkang angangkah  
dado(s)kèn pèrkara sami  
praja gèpok Sang Aji  
sandika putra turipun  
gya bubar katur Nata  
lumèbèt Pangran kèkalih  
Nata mriksa turnya sakèlangkung lèga

49. sumantèn karsa Jèng Sultan  
gar/wa kalih ngangkat sami  
dadya Ratu silih nama  
kang sèpuh jaka laraning  
Ratu Kèncana nami<sup>189</sup>  
kang wus apuputra jalu  
Pangéran Adipatya  
nging taksih timur Sang Pèkik  
Ratu sutanta Sradiningrat kamurca

f.70r

50. kang anèm nama Ratu Mas<sup>190</sup>  
dèrèng puputra Sang Dèwi  
sutanta Dyan Rongga Syarga  
kapèrnah wa garwa Aji  
ingkang ibu ingalih  
Sang Kajèng Ratu Kèdhatun<sup>191</sup>  
Ratu Agèng juluknya  
Kadipatèn dalèmnèki  
momong wayah Kangjèng Pangéran Dipatya

<sup>aa</sup> LOr 'wontèn'.

51. Ratu Kencana kang nama  
sumantèn wus marak Aji  
duk wau nèng Pakulaman  
tuwin Wèdana prajurit  
Langenkusuma (a)di<sup>bb</sup>  
têtiga para Dèn Ayu  
nama Dyah Murtèningrat  
Dayaningrat Déwangrati<sup>192</sup>  
langèn jajar palara-lara akathah

52. nging sampun kabèktèng pura  
samyā kasaoskèn Aji  
kairid mring Ratu Rukma  
nanging ingkang kantun taksih  
nèng Pakulaman kèdhik  
kasor<sup>cc</sup> plara-lara manggung  
Sang Nata pi tan nyipta  
sinèrung tyas bibi sami  
kinèn samya mring Kadipatyan sèdaya

53. umarèk Ratu Gèng samya  
wus kalakyan para bibi  
ingirid Ratu Kencana  
wus prapta samya nungkèmi  
angèmu waspa sami  
wusnya sinaoskèn Prabu  
mèsèm tyas Sri Nalèndra  
déné kasèp tyas samya sih  
sampun lama krasan mèrdhayoh nèng tongga

54. Ratu Kencana nglih nama  
sinung sih Ratu Wétaning<sup>193</sup>  
inggih dalèm Kadipatyan  
sadaya kang para bibi  
Ratu Mas pan ingalih  
Ratu Kilèn namanipun<sup>194</sup>  
dalèm Purbakusuman  
kidul kilèn Tamanipun  
pan rinèk/sa prajurit minggir atata

f.70v

55. Ratu Wandhan anèm pisan  
sutanta Dakusumèki<sup>195</sup>  
sèmantèn nandhang grah ing tyas  
sab tan sama garwa kalih  
mirib mimba tan ugi  
ing tyas Sang Nata tan sèrju  
dhéprok tan arsa marak

<sup>bb</sup> BL MS. 'Langenkusuma di', one sy. missing in the line; I have followed L.Or.

<sup>cc</sup> L.Or 'kang sor'.

mérang dhatèng ing sèsami  
rasa-rasa yèn tan kanggo ngur ulihna

## CANTO XXII (Mijil)

1. kang sèkar sinom gantya pamijil  
wau Jèng Sang Katong  
Nata Mudha pratamèng bagusé  
lir yang asmara luwès ing kapti  
manis sabdèng titih  
liring karya kèpyur

2. salaminya kondur sangking Laji  
dèrèng yèm karongron  
myang pra garwa tuwin apsariné  
dadya tapa karsa tan nuruti  
ribèng kabyat tan sih  
mring garwa sèdarum

3. kongas ing karsa amulat liring  
ming Dyah para sinom  
kèpyur matur lir panjang putrané  
tibèng sèlaya na amradini  
sakèh ing apsari  
samya nandhang kèpyur

4. pan ginantya garwa amradini  
gènira karongron  
lir supèna ing sunah ing anggèr  
bisa lawan ngrèsmèni Mas Yayi  
kang mindha tèluki  
garwaning Sinuwun

5. pira-bara yèn sagèd nuwuki  
mring sang mindha layon  
madu-brongta kongas Masku Anggèr  
sustra takèn dènnarimèng ati  
pira-bara yayi  
yèn wus tè(n)trèm kalbu

6. garwa mèsèm apsari guyoni  
kang kèsthi tyas Katong  
langkung nuwun kajèng ing Sang Rajèng  
amèmaris ganjaran kang manis  
mung kawula ugi  
kinaota Prabu

7. kanikmatan wahyu nyar dadya Ji  
mèsèm Jèng Sang Katong  
gya kinusya garwa lon aturé  
karya tiban kang sèpuh Sang / Aji

f.71r

rinakēt rumiyin  
binanjëran lutut

8. sinënggaran anglir madu këntir  
ngènyut tyas anglayan  
sajruning sih anggali kang anèm  
api Nata Ingsun wus kadugi  
sinandi mëmanis  
rësmining rum-arum

9. Nata mèsëm tandya angrakëti  
pyuh tyas gya karongron  
gantya-gantya anulya kang anèm  
Rëtna Adiningdyah Sang Dyah putri  
tur rayi pribadi  
Mas tulèn Dyah Ingrum

10. rina rëmpan pinërdi ing rësmi  
Sang Dyah èsmu mêngkok  
pan kumëmbèng brasèng ing purwané  
kala Sultan kinukup mring Inggris  
Sang Dyah tan gumi(ng)sir<sup>a</sup>  
sapanan (wus) (a)nut<sup>b</sup>

11. dadya wirang lara lawan pati  
labuh Jëng Sang Katong  
wirang Sang Dyah pisaha Sang Rajèng  
dadya boyungan wus wiyah ngèstri  
yèn tamtu Sang Aji  
pësthi Hyang linarung

12. wëwatakan duk timur cingnaking  
tan gumun Sang Sinom  
atëng jëtmika lulus ing tyasé  
lëmbah manah budi ngërtna wëning  
tyas Dyah tan mërduli  
yèn kang manah sëndhu

13. mila ramanta saklangkung asih  
mring putra Sang Sinom  
dhasar ayu tan ana budiné  
duk timur wus ginadhang ramèki  
dlajatnya kèh kèsi  
pasthi wiji Ngratu

14. këlampahan ing mangké kapusthi  
nanging taksih asor  
kang kaësthi ciptané darmané  
yèn kaétang karya saking galih

nging narimèng pasthi  
suméné ing (a)rum<sup>c</sup>

15. malar dadya tapa Dyah ngëstuti  
ing karsa Sang Katong  
dhasar raka sèpuh wah Ratuné  
aguru-nadi tumèkèng akir<sup>d</sup>  
mung Hyang Murbèng Bumi  
tulung ngarah a/ya

16. Gusti Allah sung mèlok Sang Dèwi  
pamèlèh mring Katong  
ginèlarkèn duk papa Sang Rajèng  
nanging Sang Nata képyanta gunjing  
Blis manuk méngsari  
Dyah suma(ng)gèng Prabu

17. tan supëna tyas anyipta malih  
lyan nyèthi Sang Katong  
Syarga nrakaja pisah Sang Rajèng  
kang tinédha Sang Dyah ing Hyang Widi  
lulusna Sang Aji  
sih mring Sang Murtingrum<sup>196</sup>

18. nitënana ja kërut mëmanis  
sandining pra Sinom  
ingkang nyuprih ngënirkèn mur lyané  
Nata wigyaning kèrtèg ing galih  
dhuh Murtiningsari  
dëwaning wong ayu

19. aja akèh ringong kang pinikir  
wrat sèmu andhèprok  
béjang tèmbé sun nyipta nah anggèr  
ingong mulyakèn mring sira yayi  
kang sun tédha ugi  
glisa putra Masku

20. yëkti pun kakang kapotongan sih  
mring sirarëningong  
nganti bégja karsané Hyang Manon  
rasaning tyas mung sira Mas Ari  
kang kèsthi ing galih  
Syarga nraka tumut

21. Sang Dyah matur baya karya lamis  
nyandi mrih rësmingong

<sup>a</sup> BL MS. 'gumirsir'.

<sup>b</sup> BL MS. 'sapanan nut', two sy. missing in the line.

<sup>c</sup> BL MS. 'suméné ing rum', one sy. missing in the line.

<sup>d</sup> BL MS. 'aguru-nadi tumèkèng ing akir', one sy. too many in the line.

Nata mèsèm gya angaras agé  
anglèngkara nyandiya wong kuning  
sanès lyaning yayi  
dhuh Rētnaning Ayu

22. kang asawang ujyalaning sasi  
gèrku wong aséngoh  
pupujanku Rētna salirané  
mēlok wēdana mur nama sidi  
mung liring Mas Ari  
tēmah karya kēpyur

23. pun kakang tan klar anandhang brangti  
rumiyin samangko  
duk durung kapusthi salir anggèr  
tēmah dadya wuwuronèng Loji  
sun ngrakèt sudarmi  
Danurja<sup>197</sup> kang mulut

f.72r 24. dadya jomblang sangking karsa mami  
mèndēm angala/por  
mring ramanta rakèt sabda lumèh  
tuwin jaga sumita pawèstri  
ya sira Mas Ari  
kang karya wilangun

25. pun kakang tan darbé tingal kalih  
lyaning Sang lir Sinom  
muja brongta jaluput Mas Anggèr  
èsthining tyas mring sira Rētnadi  
Jēng Rama nglilani  
kawēngku maringsun

26. lēnganing tyas sagunung Mas Yayi  
ginanjar Rētna bryo  
wus kawēngku bēkti ing lakiné  
dhasar sadulur tuwa dadya Ji  
sapati-saurip  
wong ayu alabuh

27. kaciwané angégungkèn budi  
dhuh rèn sun wong dhongoh  
sok rumasa nunggaling titisé  
lan pun kakang Rētnaning jalmèstri  
Sang Dyah gya angliring  
wrat sinēmu ngatur

28. gēlaring nétra amaso pati  
sabdane ngalapor  
kamangkara kadya c(i)ptèng<sup>e</sup> Rajèng

<sup>e</sup> BL MS. 'captèng'.

si(n)tèn omba sayèkti pawèstri  
purun angungkuli  
mring sēmbahan ulun

29. ing dēlahan yèn nuluskèn Aji  
taksih nyèthi Katong  
pan kējawi binucal Sang Rajèng  
datan arsa ngawulakèn mami  
alit nglasa mangkin  
tan pēgat ramèngsun

30. amumulang pērnataning èstri  
anyèthi mring Katong  
kinèn nurut Sultan pratikèlé  
ing mangkya kagalih gung adhiri  
punapa sun kardi  
ngégungkèn wak-ingsun

31. andhirèkkèn muluk tèkèng langit  
punapa ramèngong  
sun andèlkèn ramèng sun tan duwé  
bawah sawah luhur ingkang linggih  
mung ngong sugih rayi  
yèktos Sang Aprabu

32. kang ingarsa-arsa sihing Aji  
mula nyèthi ingong  
bilih katarima pangwulané  
ngong sagēda ngluhurkèn sudarmi  
myang sadhèrèk mami  
kawraga Aprabu

33. / awēkasan ngong kawèstan édir  
madung-pari Katong  
nganiyaya pisang lèsah wité  
gawé lara-laras ingkang ati  
sawēr moncawarni  
baya sumlang Prabu

f.72v

34. mèsèm Sang Nata Sang Dyah liningling  
dhuh rèn sun wong dhongoh  
rum pinuja mawi lèt rarasé  
ing Ngayugja lambangan kang wiji  
lir jangèt kinatri  
turèn sun wong ayu

35. minulyakkèn Rētnaning Amurti  
pyuh tumijèng Sinom  
jongrong-jongrong jumantèn ku dhéwé  
aja ana amilu duwèni  
mring pupujanadi  
mung na Sang Sinuwun

36. gya ingaras pinodhong Sang Dèwi  
jaka dawa ri ngong  
lahir batin pyuh maring dhèwèké  
Sang Dyah kèndël binë(k)ta' ingrèsmi  
amédharkèn kang sih  
Dyah kinanjir madu

**CANTO XXIII (Dhandhanggula)**

1. duk sèmantèn santana kèh prapti  
amèrdana Kajèng Sri Narèndra  
wit Pangran Dikusumané  
Pangran Bubakar iku  
anyarèngi Nata nimbali  
Minèstèr mring jrun pura  
myang Gris kang gung-agung  
tuwin Bupati sèdaya  
Dyan Sindurja lagya witira ana(ng)kil  
lan Dyan Jayadipura<sup>197a</sup>

2. sarupèng wadya Lèbèt prasami  
Wédana Lurah Mantri Bèkèlnya  
myang Mantri Jawi sakèhè  
sawèrniné kang kantun  
kang wus cundhuk lan Sri Bupati  
kèrsanya Tuwan Jindral  
Minèstèr turipun  
dhatèng Kajèng Sri Narèndra  
kapundhuta katèmènané prasami  
mring Gris tuwin Sang Nata

3. tuwin Inggris kang gèng-agèng sami  
inggih sèca tèmèn nyaudara  
dhumatèng Kajèng Sang Rajèng  
lan wadya Jawa tèpung  
nyaudaran dadya pèrjangji  
sawusira kèlakyan  
Jindral nulya mantuk  
dhatèng nagari Sèmarang  
ngusung brana ja/rahan sangking jron puri<sup>198</sup>  
ulur tan apèdhotnya<sup>a</sup>

f.73r

4. tan winarna santana kang nèbih  
sampun atas ing pamriksanira  
yèn Nata kang dadya Rajèng  
Pangran Panèngah cundhuk  
Pangran Wiramènggala rayi  
Paman Mangkukusuma

Man Danupayèku  
tandya Paman Dipasana  
myang arinta Pangran Arya Mangkubumi  
nging lèt lami gèn prapta

5. gantya lèt lami gya paman prapti  
Pangran Balitar cundhuk Sang Nata  
sawarniné karsa Katong  
santana kang nyar takut  
datan arsa panggih rumiyin  
yèn dèrèng Mastèr panggya  
wus ngirid sèdarum  
mring Ngloji tan knèng dhuwungan  
panggih Mastèr wus samya tinrima kasih  
gya mardana mri(ng) Sultan

6. inggih tan knèng dhudhuwungan sami  
wus katrima sami pinandikan  
mung paman ingong sawiyos  
kang tumut béla ulun  
sumrèp laku jantra ngong uni  
Paman Arya Panular  
rumèksa maringsun  
tumungkul kang sinung (sa)bda<sup>b</sup>  
Pangran Natabaya samana nèng puri  
winorkèn putra samya

7. sarèng prapta ingkang rayi kalih  
Pangran Mangkubumi Ngran Panèngah  
kinèn mètu mor rakané  
kang tyas Pangéran jèlu  
lan krisira gadhuhun siji  
kèpanggya wus tan mawa  
pèndhok wra(ng)ka pruthul  
wèr sèla Nagasiluman<sup>199</sup>  
tinarètès ing rètina pinundhut Aji  
wradin kang samya gadhah

8. kagungan rama pinundhut Aji  
sabarangnya ingkang nama gadhah  
pinundhut dhatèng Sang Katong  
kèjawi kang wus larung  
pan pinungsèng<sup>c</sup> è/nggèn kèpanggih  
Rahadyan Jayaningrat  
waos pan wus katur  
purwanira ginaduhun  
wusnya tatu duk pinèdhang ing wadya Gris  
nyègati lampah Pangran

f.73v

<sup>f</sup> BL MS. 'binèpta'.

<sup>a</sup> LOR 'ulur tan ana pègatnya'.

<sup>b</sup> BL MS. 'bda'; I have followed LOR.

<sup>c</sup> LOR 'sinungsèng'.

9. Suryaningrat duk ari kaliling<sup>200</sup>

sědyanya supé ling ri atata<sup>d</sup>  
sawab duk wau Lurahé  
nanging kaclakén iku  
kirang dugi lawan pěryogi  
sawab wus ngěmban karsa<sup>e</sup>  
Nata kang tan lulus  
kang pininta kang asagah  
sura guna prakosa gul amranani<sup>f</sup>  
mring kaliliping Nata

10. pamělèh ing Hyang dènrumiyini  
Dyan pinědhang astanya kabranan  
mring Inggris kang sura tyasé  
wadyanira tutulung  
pan riněmpak ing wadya Inggris  
datan mongga puliya  
anulya lumayu  
tinututan mēh kēcandhak  
nilar gaman waosnya gēm Radyan kari  
Tėjagēni arannya

11. Dyan wus mangsuk sumungkēm ngarsa  
Ji

turut marga angandika tiwas  
miris kang umiyat kabèh  
ngungun Sri Nata Prabu  
kinèn dhoko tamba ajampi<sup>g</sup>  
punika marganira  
Radyan nuwun gadhu  
waos Ki Panjul katėdhan  
wus cinipta mring Nata yèn tan wras nuli  
nging linajur suranya

12. Pangran Natabaya sėkěl galih  
nuwun gadhuh curiga satunggal  
acanthèl dhatěng putrané  
Dyan Ontawirya iku  
pan piněpēt siněmadosi  
tan na wėkasanira  
Pangėran tyas ngungun  
dadya samalaning kathah  
duk sėmantěn watěn pěryayi kėkalih  
ėstri sangking jrun pura

13. apsarinya Kajěng Sultan lami  
plara-lara kadyi taksih mudha

<sup>d</sup> LOr 'nging sědyanya sung pėling ri atata'.

<sup>e</sup> LOr 'karya'.

<sup>f</sup> LOr 'sanggul amranani'.

<sup>g</sup> BL MS. 'kinèn dhoko Taman jėjampi'; I have followed LOr.

duk brusahan jujung agé  
ing Natabayan iku  
Pangran ajrih tur u/ning Aji  
Sang Nata tēka lila  
datan arsa mundhut  
sinarah karsa arinta  
Pangran nuwun dadya aparing ing Aji  
langkung lėganing manah.

f.74r

14. kaparingan wasiyat Sang Aji  
pěpėlayon nadyan pėrnah biyang  
jēr sampun sah lan rakané  
kang sak ing tyas wus mantun<sup>h</sup>  
ilang ing kris<sup>i</sup> wus antuk ėstri  
nadyan bėrondholana  
sayėkti tyas lancur  
abėrag pasėmonira  
lama-lama ginanjar ngėlih kang nami  
Pangran Adiwinata

15. Pangran Dēmang samana něng Loji  
myang Dèn Mas Yakub dhėrèk kang rama  
wus pinundhut mring Sang Katong  
Pangran Dēmang putrėku  
Dyan Tuměnggung Martanėgari  
Radyan Wiryataruna  
dyi Pangran kang sunu  
lan Tuměnggung Martalaya  
linuwaran inggih sing Laji anunggil  
dhėrèk Jěng Sultan lama

16. apan mugěng ing Suriměnganti  
tinimbangan wus samya ngapura  
sumantěn Jěng Sultan mangko  
kang něng Loji wus daut  
pan binė(k)ta<sup>j</sup> dhatěng wadya Gris  
myang Supé ingkang jaga  
rumėksa dėlanggung  
linajěngkěn mring Běnggala  
putra kalih Pangran Mangkudiningrat  
(twin)<sup>k</sup>  
Pangėran Mėrtasana

17. Bupati Samadiwirya raning  
bėdhug tiga angkatnya Jěng Sultan<sup>201</sup>  
nitih tandhu kajang mangkė

<sup>h</sup> LOr 'mantuk'.

<sup>i</sup> BL MS. 'inglang ing kris'; LOr 'ilang Inggris'.

<sup>j</sup> BL MS. 'binėpta'.

<sup>k</sup> BL MS. 'Mangkudiningrat min'; I have followed LOr.



cara Cina kinrukub<sup>l</sup>  
 myang putra dyi sémantèn malih  
 nanging tan kinrobongan  
 Smadiwirya mlaku  
 Jèng Sultan amélas-arsa  
 myang putranta kang jaga prayitnèng sami  
 samarga-marga tata

f.74v 18. gunèng Pangran Arya smantèn lami  
 gènira tugur Surimèngantya  
 sri(ng)<sup>m</sup> katimbalan Sang Katong  
 kinèn nukmaa iku  
 sowan dhatèng raka Sang Pèkik  
 Pangran Pèpa/kualam  
 ninga sakaryèku<sup>n</sup>  
 kang paman nglampahi karsa  
 nging maryogi atur tinèngah pribadi  
 punapa glaring kathah

19. suprihnya Pangran arjaning bumi  
 sampun karya réngating sudara  
 jail murka tyas langkung doh  
 dora sèmbada tinut  
 sampun karya réngating galih  
 mila raka sor sabda  
 kang rayi pinulut  
 tuwin ibunya Pangéran  
 sabdanya sih rumakèt kasok kang ati  
 wutah asih mring raka

20. nging Pangran Arya pan wus wigati  
 sinandi sabda lir gula-drawa  
 tan kéguh sangking lujéngé  
 raka sidik ing kalbu  
 ingumbagan paksa tan gingsir  
 dadya sinèrung angkah  
 kang rayi tyas kondur  
 tan arsa mardanèng raka  
 sandinya jrih pintèn banggita ing bénjing  
 rinampèk kadang tuwa

21. nanging ing tyas nunuwun ing Widi  
 mulyaning nagra tyas kang sandéya  
 mulyaa kadya kunané  
 kang sandéya dènémut  
 suméndhèya dhaténg Hyang Widi

<sup>l</sup> LOr 'binrukut'.

<sup>m</sup> BL MS. 'sri'; I have followed LOr.

<sup>n</sup> LOr 'uning sakaryèku'.

rumasa atitah Hya(ng)<sup>o</sup>  
 nut sarèh ing Rasul<sup>p</sup>  
 jubriya kibir sumèngah  
 pènggawé Blis dèndohèna kang atèbih  
 runtuta akèkadang

22. sarèng pèpak kang sadhèrèk sami  
 ingkang buyar anilar ing praja  
 saklangkung lèga ing tyasé  
 lan kèdhaton wus sèngkud  
 ingkang jaga Mantri Bupati  
 kapétang<sup>q</sup> wus sawulan  
 gènira atugur  
 Pangran nulya kondur wisma  
 nanging asring yèn dalu Pangéran kèmit<sup>202</sup>  
 sumantèn ing antara

23. Tuwan Mastèr umatur Sang Aji  
 anuwun<sup>r</sup> Radyan Purwadipura  
 kadyi pun Danukramèné<sup>203</sup>  
 Patih Dyan Dipatyèku  
 ingkang lalis nèng jruning puri  
 pèrnah kadangé pyambak  
 tri Jalè/ksanèku  
 sutanta pun Jayadirja<sup>204</sup>  
 abdènira Kajèng Sinuwun Kang Syargi  
 kang dhèrèk kèlanèng prang

f.75r

24. sinulihkèn jurubangsanèki  
 Jawa pun Dèrpawongsa binucal  
 tri Laji anjrèk sébané<sup>s</sup>  
 kathah pèkantukipun  
 suprihira mri(ng) jalma katri  
 ènggèn èbuking praja<sup>205</sup>  
 Dyan Purwa puniku<sup>206</sup>  
 Dipura sakarsèng Nata  
 ingkang kéndhang wus samya winèngku sami  
 purwa siniyan Nata

25. kinarya Bupati Gèdhé Jruning  
 li(ng)gih Kiwanya Dyan Smadiningrat  
 witnya linorod Sang Rajèng  
 duk Dyan Rongga ngramanku  
 linurugkèn kathahèn pikir  
 ginalih was nir sura

<sup>o</sup> BL MS. 'Hya'.

<sup>p</sup> LOr 'anut Sarèngat Rasul'.

<sup>q</sup> LOr 'Kapitan'.

<sup>r</sup> BL MS 'anuwuhun', one sy. too many in line.

LOr 'nènuwun'.

<sup>s</sup> LOr 'ajek sébané'.

mring Rongga tan purun  
wotèn kang munjuk Sang Nata  
sabèdhahnya sarèng Dyan Rongga wus lalis  
mung ngrayah mèt dagangan

26. apyun myang adol dhuwit tuku Gris  
anganggé tyas kang malang-sumérang  
nglèmèri rayi Sang Katong  
kang ibu Dyan Ranggèku<sup>206a</sup>  
Nata mriksa turing jalma twin  
tinruskèn pan pranyata  
langkung duka Prabu  
ginèdhong Purwadipura  
pan rinayah ing wisma sadarbèknya ting  
waosnya Sri Naréndra

27. pènganggé Kètanggèl ical panggih  
wotèn Rahadyan Purwadipura  
dadya gém sangsaya Rajèng'  
duka nulya tinundhung  
kinèn wisma wotèn pasisir<sup>207</sup>  
sémahnya ri Sang Nata<sup>208</sup>  
wragil tismèng kakung  
kèdah tumut tinurutan  
amlas-asih gandhingan sabuk samargi  
wus lama katimbalan

28. Radèn Ayu pan kapèthot wani  
Nata dhawuhkèn Patya tan bisa  
Bupati tuwin Mantriné  
yèn binèdhagal purun  
f.75v inggih sa/mya kathah kèdugi  
réka panyidrèng lèmbat  
jrih rinta Dèn Ayu  
sènyari tan kèna bènggang  
wigugèn tyas Sang Nata pasrah putra Ji  
Kajèng Raja-Pinutra<sup>208a</sup>

29. gya parintah mijil Dyan Dipati  
paman kadyi kinèn mrintah inggal  
Pangran Dèmang myang ariné  
Pangran Arya puniku  
Pangran Dèmang anuwun alim  
yèn kinèn mègatèna  
yèn kang lanang ngamuk  
dadya mung Pangéran Arya  
kang nglampahi printahé Raja-Putradi  
sarèng kang rayi prapta

<sup>1</sup> LOr 'dadya agémè Sang Rojèng'.

30. wanci dalu Tanjunganom linggih  
bèbundhètan lawan kakungira  
pinanggihan Dyan Patihé  
myang Bupati jagèku  
pan ingajak salaman nuli  
gèpah Purwadipura  
krisira sinikut  
Radyan Dipati prayitna  
inggang bibi taksih bondhèt sabuknèki  
karuna tan rēkasa

31. Pangran Arya nèng wingking kang rayi  
pan jumènèng dhi sun tingalana  
Dèn Ayu mirèng syarané  
nulya Dèn Ayu gupuh  
nilar sémah angra(ng)kul anjrit  
mring raka Pangran Arya  
dhu saduluringsun  
ipému kinapakéna  
yèn pinatèn Kang Mas ingsun anglabuhi  
ingsun tan bètah pisah

32. inggang raka nyabda ngarih-arih  
wus rèn sun jaka dawa karuna  
ingsun kang malang Sang Rajèng  
sab dudu dosa lampus  
Sang Dyah kèndèl sagèndhol malih  
mring priya inggal raka  
kang rayi jinunjung  
inggal Dyan Purwadipura  
ngadèg arsa nututi Dèn Ayu gipih  
cinandhak Dyan Dipatya

33. wus jinarwan ing sakarsa Aji  
Radyan Purwadipura karuna  
lajèng pinundhut dhuwungé  
kinésahakèn sampun  
dhatèng dhusun ing Sélamanik<sup>209</sup>  
dalu ngiriman yatra  
dinèkèn wanèku  
/ wus lama nulya ngapura  
kinarya lit puniku marganing sakit  
Radyan Purwadipura

34. gya Nata karya Pèngulu dadi  
Rahmanodin karya damar nagra  
gantya Pangulu kang lèngsèr  
Sufingi kèsah takut  
dhatèng Sundha angsaling uni<sup>210</sup>  
putra Dyan Ontawirya  
sinungan jujuluk  
Pangéran Dipanègara<sup>211</sup>

f.76r

rinya Pangran Panengah sinungan kasih  
Pangran Dipawiyana<sup>212</sup>

35. wus pinasthi Nata takasih asih  
èmut kartaning prajadikara  
rowangnya gunèm Sang Rajèng  
sumakawisi rëmbug  
ingkang pamrih durarjèng bumi  
mila sampun lumalya  
tyas supé Sang Prabu  
sèprandéné wong aguna  
bisa karya sandining atur mèmanis  
sagah ngupados Nata

36. kawëntar kathah wus miyos Aji  
mila nusup ruji slulup toya  
inggal amèrdana Katong  
tan kétang wirang ulun  
myang pun yayi Amangkubumi  
karuna sru tèkannya  
p(è)jah-gèsang<sup>u</sup> katur  
Sang Nata rinubèng wélas  
kapiyungyun èmut duk Pangran Dipati  
supé wadining Nata

37. Radyan Pri(ng)gakusuma sumilih  
Radyan Tuménggung Sumadiningrat<sup>213</sup>  
ingkang kagèntyan li(ng)gihé  
nging sabin gangsal-atus  
kang gèntosi Rawa nègar(i)<sup>v</sup>  
sutanira piyambak  
Pri(ng)ga-atmajèku  
myang Radyan Martawijaya<sup>214</sup>  
sinulihkèn sudarma nging ran<sup>w</sup> pribadi  
Radyan Danukusuma

38. tigang-atus li(ng)gihnya pan sami  
lan Ki Tuménggung Arya Mëndura  
sutanta Ki Dipatiné  
kaot ngrèh gladhag iku<sup>215</sup>  
Bupati Jru pangrèmbé sami  
pinundhutan sèdaya  
pangrèmbé ginadhuh  
Dyan Santri pinaring nama  
Prawiratmaja<sup>216</sup> Sasradipura dyining<sup>x</sup>  
ngiras li(ng)gih Magètan<sup>216a</sup>

<sup>u</sup> BL MS. 'pjah-gèsang', one sy. missing in the line; I have followed LOr.

<sup>v</sup> BL MS. 'nègara', m.c. 'nègar(i)'.

<sup>w</sup> LOr. 'Pèngèran'.

<sup>x</sup> BL MS. 'Prawiratmaja Dyan Sasradipura dyining', one sy. too many in the line.

39. Radèn Pèdmawijaya<sup>217</sup> satunggil  
abdi sing ki/lèn kasihnya lama  
duk Sultan Kéndhang mulyané  
katarima karyèku  
duk jumènèng dinuta Aji  
sung srat undhang Sèmarang<sup>217a</sup>  
tri P(r)inggalayèku<sup>218</sup>  
inggih duk raré kasihnya  
ingkang éyang Sinuwun Syarga kariyin  
tur kapèrnah santana

f.76v

40. kapundhut mantu ingkang Suwargi  
kapèrnah bibi lan Sri Naréndra  
mangké pinundhut putrané  
pan dadya marasèpuh  
nging kang wau dados Bupati  
Tèrsana moncanagra  
dégé Dyan Ranggèku  
tan wani kalawan aprang  
tèka ngili anilar ingkang nègari  
mila kacacad Nata

41. winastan jr(i)h<sup>y</sup> tan prayoga dadi  
Bupati anglingsèmkèn Sang Nata  
mila kamantunan Radèn  
ing mangké pan kakukup<sup>z</sup>  
pan kabèkta atmajèng èstri  
dèlasan suta priya  
kanggèp mring Sang Prabu  
dhasar kaipé Sang Nata  
pan kinarya Wèdana prajurit gajih  
ran Dyan Gondakusuma

42. kasih-Dalèm ing Jru kang ginalih  
kang winèngan manjing ing jrun pura  
Dyan pèng Ma(ng)kusumarané<sup>219</sup>  
gantya sabarang iku  
lir lampahnya kalih rumiyin  
Radyan Brongtakusuma<sup>220</sup>  
tinèpa sèdarum  
tur mambèt santana Nata  
watakira ajri(h) yèn manut ing krami  
tan kadi kasih kang liyan

43. Wèdanané Jro pèngagèng kalih  
Dyan Prawiranata myang tang rinya  
Dyan Prawiradiwirané  
linorod kagantyan wus  
abdi sangking wétan gumanti

<sup>y</sup> BL MS. 'jrèh'.

<sup>z</sup> LOr 'katutup'.

kang ran Wiryapuspita<sup>221</sup>  
kaélih ranipun  
Radyan Jayéngsari rannya  
kang satunggil Jayaminarsa ingélih  
ran Radyan Jayénggrana<sup>222</sup>

44. nusuli malih karsa Sang Aji  
sutanira Dyan Purwadiningrat  
kang rayi Ratu Agéngé  
kinarya Wédanèku  
nyanggi takër-tèdhak prajurit  
f.77r / Radyan Cakraprawira<sup>223</sup>  
ponca putranipun  
Pangran Bèi gih kinarya  
Wédana Jru Panji Wongsaatmajèki<sup>224</sup>  
kaipé Dyan Dipatya

45. wotèn malih Wédana prajurit  
sutanira Ki Sasranégara  
Sasrawirana arané<sup>225</sup>  
wotèn Mantri ing Dhudhu  
Tanah Paglèn kinarya Patih  
Kadipatyan pan timbang  
lan Wiragunèku  
ran Ménggung Cakraménggala  
ngalih-atus li(ng)gihnya Mantri kékali<sup>226</sup>  
kang kathah tan winarna

46. Sasraatmaja sinungan nami  
rannya Rahadyan S(u)janapura<sup>aa227</sup>  
médanani maosané  
ngrèkakkèn sikèp laku<sup>228</sup>  
myang anggadhah gantungan sabin<sup>229</sup>  
dhasar mambu santana  
pamané Jèng Ratu<sup>230</sup>  
wong jawal tulus ngarèkal  
tan idhèp wong kang ala lawan kang bècik  
nora uning Bèndara

47. mung sih Nata rëruba kapusthi  
nadyan tèmèn wongé yèn tan bondha  
kinira tan amiliké  
ya nulya sinrung angkuh  
nadyan sanakira pribadi  
wong ladak sugih anyar  
mung palénthing wadhuk  
tan lyan mung madat<sup>231</sup> kacipta  
tadhahira sakèton rong kèton énting  
Pacitané tan kètang

<sup>aa</sup> BL MS. 'Sajanapura', see further n. 227.

48. lamun wus ngadhèp bédudanèki  
madat Pacitan cumawis damar  
pan sumandhing bébojoné  
sèlir ngladèni ngayun  
wus tumandang dhé-émèdhèni  
kinèn nginèbkèn lawan  
yèn konca kèh wèruh  
wadi jangan tinrukula  
gya sumé(n)dhé bojonira dènléyangi  
sinambi ngura-ura

49. sèlira (ma)pan kinèn ngèbuti  
sandi-gèrah yèn datan nuruta  
gya tinapuk bédudané  
yèn sawèg ujung sèmu  
lawan madat sabarang pikir  
ing ngèndhakkèn sadaya  
pakaryan puniku  
nadyan wa/tèna utusan  
kang géng agèntan purun nuli manggihi  
anganti sawusira

f.77v

50. nadyan watèn utusan Sang Aji  
datan gita miséd sing gènira  
asumbrana pan wus kang wong  
sababé sampun wanuh  
sintèn ingkang dinuta sami  
pawèstri miwah priya  
garundél sèdarum  
sumakéyan wong awirya  
kanggèp Ngratu sugih nyar smuné mèminging  
dèksura ngungkak krama

51. ana Radèn mangunanèng kalih  
duk Kartasura lan Yugjakarta  
parantahanané tèmbé  
dupèh cèlak kèprabun  
ingkang éyang Pangran Dipati  
maning Ratu Kèncana  
sutaning Tuménggung  
kuna Panjènèngan Nata  
datan kèna ginampang ing kawula lit  
nadyan pèrnah sèntana

52. amalati anèm mukasya sih  
raga papa myang achératira  
saèstu nraka ing tèmbé  
Radèn Janapurèku  
tèka ngiyèr tan wrining ajrih  
malah sakarsa Nata  
pinrapal ing ayun  
nging yèn wus kalingan batèn

nadyan Nata mēmantut anganjar sabin  
dhatēng putra santana<sup>232</sup>

53. tuwin Bupati Mantri prajurit  
Dēmang Miji Kaum myang Parēkan  
wus sah sing ngarsaning Katong  
Janapura amatut  
dinēdhangu sakèh ing sabin  
tan rampung pitung wulan  
sanging kisruhupun  
dinangu pamèti bondha  
sabin sajung ngantos catur kang gadhahi  
dadya udrèg rēbatan

54. tuwin kang kathah sēmantēn malih  
rērēbatan tujuné kang mongsa  
puniki tan na wong supé  
nadyan nēgari dhusun  
pabēn (urèk)-urèka pikir  
kados samongsa wuntat  
pasthi kèh kang lampus  
tan wandé mring Janapura  
prēkaranya yèn binondhèt angēndhoni  
sabda ladhung kalampah

f.78r 55. dēnupados kalawan dēnpikir  
/ kadya wong ganjar bawahnya pyambak<sup>bb</sup>  
dēnawrat-awrat wētuné  
ngawél éman kēlangkung  
muntup-muntup dinudut malih  
yèn dinangu mring Nata  
matur sampun rampung  
lēga tyasira Sang Nata  
yé(k)tos<sup>cc</sup> jawi pan taksih apothar-pathir  
ngudi jangkēping bawah

56. agēng-alit kathah myang sakēdhik  
ngudi dhatēng Radyan Janapura  
rampung yèn wus bang matané  
lan wus tan darbé idu  
nyikur kang kris ngēpèl dariji  
punika tompa bawah  
ingkang sampun rampung  
pēcak putrané Sang Nata  
purun gampang angèl-angèl nguthik-uthik  
mila mèh kēprang dhangan

<sup>bb</sup> BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the  
line.

<sup>cc</sup> BL MS. 'yētos'.

57. kang pra putra kyat matēbah sami  
èngèt yèn sawēg kanggèp Sang Nata  
lawan kapèrnah kakiné  
pinērmasa jru kalbu  
mung dhatēng Ngran Dipanēgari  
Janapura angsalnya  
sakarsa tumurut  
jrih sawab sēpuh piyambak  
cèlak Nata tumut mērkarèng nēgari  
sakarsa sinērodhah

58. datan kadi jalma sanēgari  
Bupati Mantri myang Pēnajungan  
kang dèrèng rampung bawahé  
Janapura dēngrumung  
ing satēngah kang sabar ati  
mēmulé Janapura  
drapon glisa rampung  
sawènèh grudèl mring Nata  
dangu-dangu byak dhatēng Janapurèki  
dhé gawé kiyana Nata

59. gawé susah gawé sumlang ati  
gawé goyang ing tyas tan sadéya  
pēngati-ati kang lumèh  
ngowahkèn tyas kang alus  
karya rēngat dhatēng sēsami  
printah tinurut dawa  
wēkasan ingadu  
karya durakaning kathah  
munèk-munèk samya durjana kang ati  
panédha ingkang ala

60. duk sumantēn Nata mundhut sabin  
sawarniné santana sēdaya  
watēs ngawan-tus ngandhapé  
pējahan sikèp laku  
nyong/ga Laji myang ing jrun puri  
tak(ēr)-tēdhak<sup>dd</sup> nēgara<sup>233</sup>  
tan kēna sēdarum  
satus knèng kawan jung ika  
milih sabin kang kadugèn ingkang juti  
yèn asor datan arsa

f.78v

61. nyaosi saé datan mradini  
sawab bawahnya datan nēracak  
kang alit yèn saé kabèh  
mila won saé katur  
yèn tan parèng samya sinanggi  
piyambak kados soban

<sup>dd</sup> BL MS. 'takrè-tēdhak'.

santana agēbyag<sup>ee</sup>  
gya Nata mundhut pērtondha  
layang ngantēp yèn nyata klar nyongga kardi  
sarta amawa čap<sup>234</sup>

62. sampun watēn ingkang anyaosī  
datan arsa kinēyuk sēdaya  
wērninē santana kabèh  
kalčbēt kang Pēnèwu  
inggih sami pinundhut sabin  
kados kang mungčl ngarsa  
cacahnya sēdaya  
santana tyas samya susah  
pan kapčksa ajrih timbalan Sang Aji  
sumongga amēryoga

63. sampun ngēsthi yèn karsa Sang Aji  
nglongi lēnggah santana sadaya  
rērampan sikēp angsalē  
sawab kabangus atur  
Janapura kang sagah nyanggi  
panguthik kancanira  
kang drusilèng laku  
susubal saguh mawi wang  
tan wruh bēcik Sang Nata dipunadoni  
ngčcrahkēn kang santana

64. wus tinurut anyaoskēn sami  
sabin katēdhakkēn Janapura  
mopo sagah nyamēlothot  
sab sabin kirang bagus  
dēnujaa<sup>ff</sup> Sri Narapati  
milihi ngrurah-royah  
santana kēh kondur  
dadya anglēbarkēn ongka  
wali-wali timbalan Nata nuruti  
li(ng)sēm nut tyas wong moyang

f.79r 65. anulya kawangsulakēn sami  
pinilijan kang awon tinulak  
punapa wau lampahē  
satatanē prajèku  
samya mēsēm ing dalēm batin  
nētah kang (g)adhah rēmbag  
sinērēng ing kalbu  
pi(n)tēn laminya / kang praja  
mèh akarya wong ala pēngaduning Blis  
tan rēmba(g)<sup>gg</sup> ing kraharjan

<sup>ee</sup> BL MS. 'agēgbyag'.

<sup>ff</sup> LOr 'yèn ojaa'.

<sup>gg</sup> BL MS. 'rēmbah'.

66. lama-lama Sang Nata aparing  
putra tri sinung nama Pangéran  
arēnira kang sawiyos  
Dyan Samawijayèku  
kasih Pangran Adinégari  
Radēn Poncakusuma  
Ngran Suryabrongtèku  
Dèn Mas Ambiya Pangéran  
Adisurya Dèn Mas Yakub ingkang nami  
Pangran Dipawijaya<sup>234a</sup>

67. sumantēn pan mèh arja kang nagri  
gya watēn corah wong alit kathah  
badhé wotēn gēgēr malèh  
usrēk wong cili(k) umung  
samya ngilèk-ilèkkēn malih  
dunya myang anak rayat  
myang padésan gunung  
Pangéran Mangkukusuma  
tumul umyung wong cilik ngilèkkēn sami  
putra dunya langēnnya

68. mri(ng) Bagèlèn laragira sami  
Tanah Réma punika pēndhēmnya  
Sulastri raning dēsané<sup>235</sup>  
kčkēs praja pan umung<sup>hh</sup>  
Nata mriksa saklangkung runtik  
tandya suwarèng wadya  
kang ngili sēdarum  
kinèn nyēgati ing marga  
lan kang gawé corah cinèkēlan sami  
sumantēn Sēstracapa

69. abdi dhalang gēdhog lamun  
ngri(ng)gi<sup>236</sup>  
duk Nata taksih angaDipatyan  
cinčpēng nulya ginēdhong  
lami tan sinung ucul  
sawab karya tukang pawarti  
kang corah ing sapraja  
puniku kang tutur  
mirēng jalma sanēgara  
langkung ajrih myat duka Nata wong ngili  
tē(n)trēm malih kang praja

#### CANTO XXIV (Asmaradana)

1. asmaradana gumanti  
sumantēn ing lama-lama

<sup>hh</sup> BL MS. 'umungm'.

antawis dyi sasi mangko  
wadya ingkang samya buyar  
Ngayugja samya prapta<sup>237</sup>  
prajurit sudagar ngindhung  
santri ngulih<sup>a</sup> wismanya

2. bang lor wétan kidul nagri  
tanapi kilyan kédhatyan  
myang jru bètèng mèh pèpulèh  
lanang wadon ayèm tyasnya  
dol tinuku amurah

f.79v / kang bras mèh pulih rēgèku<sup>238</sup>  
muwah sahabènyya samya

3. myang panganan wus sèkalir  
palang gumantung kasimpar  
pala kapèndhèm pa déné  
mas itèn sèla kamurah  
soca rénda pupusan  
myang wastra kang alus-alus  
rayahan wah sing jrun pura

4. atanapi kang tumbak kris  
pèdhang bèdhil wèsi murah  
kuning tèmbaka gangsané  
arja kang wong sanègara  
gèdhé cili(k)<sup>b</sup> tan béda  
tuwa anom ngisor dhuwur  
mashur ing sadésa-désa

5. wadya lit kang sagéd ngèmpit  
lanang wadon atémbakan  
nampani Ngloji dunya kèh  
suwarna tinumbas murah  
nadyan bongsa Wèlonda  
kang mardika sugih tuku<sup>239</sup>  
mring bongsa Gris Sèpèhinya

6. sawulan pan taksih miring  
bègjané kang sugih arta  
kang brana tanbuh ènggoné  
kang sugih kuna mèlarat  
kang mèskin kuna sura  
sugih kèdadak puniku  
sangking bèrkahing nègara<sup>240</sup>

7. adiling Hyang ingkang prapti  
wradin jalma sanègara  
ambélani ing Ratuné

<sup>a</sup> LOr 'mulih ing'.

<sup>b</sup> BL MS. 'cilit'.

tèkan dunya samya bèla  
angratu samya dunya  
myang wèsi samya angratu  
samya wèsi myang sèsèkar

8. myang tulis angratu tulis  
kinarya paguyon jalma  
gèmbyak ing akèh syarané  
mongsa punika kang jalma  
kang nèng salèbèng praja  
yèn anaa jalma wutuh  
tan tuk bèrkah Sultan Kèndhang

9. tanapi Naléndra ma(ng)kin  
winèstan dunya kumambang  
miring golèk mèrga tèmbé  
pralah tan sabawonana  
kinarya rumpon bondha  
pinalipiran tyasipun  
ilinga chajat kang rilan

10. sampun umbag guguyoni  
mring jalma kang binawonan  
kèngèng bégal lan wrat tèmbé  
mila kang sami rumasa  
tompa kucahé Nata  
sisèkah mumulé iku  
tur dhahar myang Sultan / Kèndhang<sup>241</sup>

f.80r

11. iba laminya Sang Aji  
gènira jumènèng Nata  
tri-likur taun laminé  
jalma kang samya bèbondha  
puniku bèrkah Nata  
pèrmila kang samya émut  
kang wètah asunga dana

12. myang tulung sanak kang bri(n)dhil  
sabobotira maryoga  
Allah anglironi tèmbé  
sumantèn putra santana  
sèpuh anèm wèrata  
bèla li(ng)sèm mring Sang Prabu  
dunya bèla dunyèng pura

13. amung santana satunggil  
dunya raga datan bèla  
nalar wus munya ngarsané  
Pangéran Ma(ng)kukusuma  
sumantèn mantunira  
Pangran Natapura iku  
sèba myang rinta Pangéran

14. Sontakusuma kang nami<sup>242</sup>  
ing wau sinaduluran  
pinèt putra mring ibuné  
wus kadya atunggil wadhah  
sangking karsa ramanta  
Pangéran kadyi nyalimur  
kalihnya tan bèkta rowang

15. ngènèr samya tan mawi kris  
lapaking binlojod télasc  
ngèsthi tyas kadang sèpuhé  
arsa anyambut curiga  
déné wétah waluya  
mardana sarèng anèmbung  
putranta ingkang pangarsa

16. nyabda tan dwé kèris mami  
anak mas mung Patih ingwang  
puniku duwé sawiyos  
yèn arsa sun silih nak mas  
putra kagol kang nala  
kabutih<sup>d</sup> kang tyas anjèlu  
ganti kang rayi aturanya

17. nyabda raka tan dwé mami  
ingsun adhimas sayèktya  
amung kang sun anggo kiyé  
kang rayi kagoling nala  
gya pamit samya pulang  
grundèl kadyi sadèlanggung  
tan winarna sak ing nala<sup>e</sup>

18. lan ngèsahkèn kang nègari  
kang Sinuwun Tuwan Jindral  
mulunga tulis Sang Katong  
bumi tri-lèksa punika  
munya awotèn kuntrak  
sih Sultan Upèrnèmèn Gung  
balèngkèt ing salaminya<sup>243</sup>

f.80v 19. lir Yang / Syargi sih Kumpèni  
rumaosa yèn inga(ng)kat

<sup>c</sup> LOr 'lapakipun binojotan'.

<sup>d</sup> LOr 'kaduwung'.

<sup>e</sup> LOr inserts a verse before v. 18 which is missing in the BL MS.:

17a. *sumantèn Sri Narapati  
pinarak Bangsal Kèncana  
lan Mèstèr Sukètarisé  
amangun kang prajanjéyan  
ganti surat myang (è)cap  
kadya Swargi Yang Sinuwun  
kang dadya rênaning trinya*

kèprabon mring Upèrnèmèn  
Sang Nata kang tyas alumah  
angsal raharjèng jangjya  
sapa maléca kèsandhung  
dinukan ing Gusti Allah

20. wus rampung bicarèng tulis  
anulya Nata dèdharan  
myang wédang kèmbul Mastèré  
putra santana katèdhan  
atanapi Bupatiya  
sawusnya Nalèndra pènuh  
anulya Nata luwaran

21. Minèstèr wus mangsuk Laji  
kang nangkil samya bubaran  
sèmantèn putra Sang Katong  
ingkang kinarya pangarsa  
Pangran Dipanègara<sup>244</sup>  
dhasar ingkang putra sèpuh  
kang tyas condhok<sup>f</sup> lan kang rama

22. lantip bèranyak bèrbudi  
tan ulap dhatèng ing kathah  
sabda luwès manis ajèr  
anjangkahing wong sapraja  
dhasar kaidèn ngrama  
gèdhé cilik anom sèpuh  
samya winèngku ing karsa

23. ngadani prakarèng Laji  
mila Sènèn Kèmis Pangran  
sowan ing Laji rowangé  
Pangéran Dipawiyana<sup>245</sup>  
rinta Sri Naranata  
ing lama-lama sinuwuk  
pan kinarya pèndhak Achad

24. wus lami sinuwuk malih  
Mèstèr tan rèna tyasira  
mung kang gèng-agèng Bupatos  
kèjawi Rèkyana Patya  
lampahnya kadya saban  
tan pègat Kajèng Sang Prabu  
angula wisudyèng wadya

25. pèndhak ditèn Sènèn Kèmis  
sumantèn Pangran Bubakar  
ginaduhan pradikané  
cacah tigang-lawé karya<sup>246</sup>

<sup>f</sup> LOr 'cundhuk'.



ingantukkèn lan saban  
pinalih lawan Pèngulu  
kang dhawahkèn wayahira

f.81r 26. Pangéran Dipanègari  
kang éyang nuwun aturnya  
nanging yèn marèngi Katong  
pradikan Magiri samya  
lan Kitha Gèng ngong gadhah<sup>247</sup>  
pinèpèt dhatèng Sang Prabu  
Pangran Bubakar turi/ra

27. yèn tan parèng Sri Bupati  
dugèkkèn atur kang lama  
mung mi(ng)gah chaji chajat ngong  
pinaringa sèwu lènggah  
tan gi(ng)sir mung chajatnya  
ingkang tinèlèng ing kalbu  
amung chaji dhatèng Mèkah

28. wus mashur sadhèrèk sami  
myang ulama akèburan  
yèn Pangran chaji chajaté  
nging Sang Nata datan klilan  
kagalih Sri Naléandra  
pan kathah pakèwédipun  
ing kinaa datan ana<sup>248</sup>

29. nanging Pangéran wus lami  
duk Jèng Sultan Ké(n)dhang mulya  
nuwun kaji tan sung Rajèng  
inggih tan pitajèng Nata  
mila ingkang linènggah  
dyi-atuș pèjah karyaèku  
mung sèkèt kang majèng karya

30. pamrihnya éca kang galih  
sarta gadhah pamèrdikan  
sampun dinugèkkèn turé  
li dèlasan ing punika<sup>g</sup>  
inggih tan sanès karsa  
Nata drapon paman wurung  
sumèdya kaji mri(ng) Mèkah

31. mila ginunggung mring Aji  
ingumpak sinubal karsa  
duk bèdhahé praja mangko  
kang paman samya jinandya<sup>h</sup>

<sup>g</sup> BL MS. 'sapunika', one sy. too many in the line.

<sup>h</sup> BL MS. seems to have 'jinan padya', one sy. too many in the line.

sampun watèn kang pisah  
lan kula paman katèlu  
sèmantèn Pangéran pisah

32. nging pisahnya tèmpur sami'  
anèng ing Toyatumumpang<sup>249</sup>  
wor langènira Sang Katong  
kang ran Dyan Ngrayungasmara<sup>250</sup>  
saputra Ngran Disurya  
ingkang éyang lajèng mèngku  
rumèksa wayah myang putra

33. gya ingajak mring Magiri  
rumèksa Pangran Bubakar  
nèng marga tuwin nèng è(ng)gon  
sarèng wus tè(n)trèm ing praja  
sinaosakèn Nata  
punika katrimanipun  
karyanya Pangran Bubakar

34. mila kagadhahan Aji  
sèpalih ingkang pradikan  
nging Pangran ing karsa Katong  
kinarya ngayèm ing t(i)yas/  
chajat chaji wurunga  
Pangran mèksa wéling atur  
kang kinèn ajrih sèdaya

35. mung Dyan Pringgakusumèki  
matur mring Pangran Bubakar  
yèn karsa nèmèn sayèktos  
bo/k sampun mawi pamitan  
luhung lajènga mangkat  
sawab pèdamèlan langkung  
pamit Sang Nata tan suka

36. kang matur sèdaya ajrih  
Pangran Bubakar sabdanya  
èsmu grah uning aturé  
lah Adhi Pri(ng)gakusuma  
yèn ingsun tan pamita  
apa wong jaba katèngsun  
rangkah tan klèbèng santana

37. aja pècak awak mami  
chaji yèn ura pamita  
santri ingkang akèh-akèh  
kang tan tambang-pèrantéyan  
yèn chaji pamit Nata<sup>251</sup>

<sup>i</sup> LOr 'nging pisah cahampur sami'.

<sup>j</sup> BL MS. 'tyas', one sy. missing in the line.

f.81v

nuwun idi Sang Sinuwun  
sèlamèta gon lumampah

38. ing mêngko ngong tanpa pamit  
kapriyé pèkantukira  
Dyan Pri(ng)gakusuma turé  
punika yèn drèng ing karsa  
yèn sumèné sumongga  
nging kula ajrih umatur  
kados sèdaya prikonca

39. kang agèng prasamya ajrih  
Pangran Bubakar kagol tyas  
nulya kondur wrat nétyané  
tèkèng wisma pan rinasa  
sumèné ngantya Pangran  
kang putra pan wawrat sèpuh  
yèn wus babar ingangkatan<sup>251a</sup>

#### CANTO XXV (Sinom)

1. asmara sinom gumantya  
Pangran Arya kang winuni  
sumantèn gih kadhawahan  
mring wayah ginadhan sabin  
gih sarèng lan rakèki  
Pangran Abubakar iku  
tigang-lawé kathahnya  
nging sawèg wara pribadi  
dèrèng tamtu nanging sabin pèmaosan

2. nanging sampun dhinawuhan  
mring wayahan Dipanagri  
Pangran dangu tan ngandika  
pinèt rasané karsa Ji  
kapriyé sèmunèki  
saumur critèng tan mangguh  
wong ngèbang kagadhahan  
dèrèng mulung wus dhawuhi  
raning bumi tan jarwa baya kinira

3. drapon ayéma kang nala  
ja rungèh kadya rarya lit  
méri kang tuwa ginanjar  
wong padha nyaoskèn kardi  
mèsèm Pangran ing galih  
f.82r / gya ngandika putu nuwun  
pangèbang dalèm mringwang  
gya wayah malèbèng puri  
matur Nata Pangran dyi samya  
bubaran

4. suma(n)tèn Pangéran Arya  
kang tyas kajarwan pribadi  
rasanè(ng)sun maksih méntah  
durung katrima ing kardi  
sinambi pakaryaning  
sabarang sihnya Sang Prabu  
mring kang tan ti(m)bang karya  
sokur ing Allah kang adil  
samya mulya kadang ngong lan Sri Narèndra

5. mokal Sang Nata supéya  
salaka ngong tuwin ngèlmi  
Pangéran dhatèng sumongga  
sarèhnya Nata lumiring  
nanging kang trus ing ngèlmi  
adiling Ratu Sinuhun<sup>252</sup>  
dhasar marasèpuhnya  
lumiring papaning<sup>a</sup> Aji  
wong sapraja samya non mirèng sèdaya

6. sumantèn nuju pasowan  
glar nèng Kèmandhungan nangkil  
pra santana sèpuh mudha  
Janapura matur gipih  
Bèndara timbalan-Ji  
sampéyan katèdhan gadhuh  
kang siti pèmaosan  
tigang-lawé kathahnéki  
ing Gèsikan<sup>253</sup> dhusun paos saDè mangnya

7. Pangran nuwun aturira  
Pangran Bubakar gya angling  
adhimas pan kabèneran  
si Gèsikan luwih bècik  
ingong uwus udani  
padésané luwih agung  
kang rayi inggih turnya  
ing kang tyas tan anglawani  
tan kényanan sih Nata tamtu punika

8. ing wau dinalih sémang  
mila sarèng lan rakèki  
drapon Pangéran Bubakar  
lumiringa karsa Aji  
atampiya sèpalih  
pèrdikan lan Ki Pèngulu  
ing wau kang pèrdikan<sup>254</sup>  
ingrèh Ngran Bubakar sami  
lawan pinrih wurunga chaji mring Mèkah

<sup>a</sup> LOr 'pamaning'.

9. kang rayi pan kinaryaa  
tingalan raka sih Aji  
kang béla ru/mèksèng Nata  
kang tan pisah ing pakardi  
kang nuhoni sètya (t)win  
kang anilar praja Prabu  
sumantèn sèdhèngira  
dadya siwah<sup>b</sup> sing pènganggit  
Pangran susah nging taksi(h)<sup>c</sup> narimèng  
Sukma

10. mokal Sang Nata supéya  
ing adil dugi pèryogi  
kalébèt èbuking praja  
ngèsmi (twin) (yu)danègari<sup>d</sup>  
adil dugi prayogi  
wus tamtu ugèring Ratu  
nulya watèn utusan  
kang wayah Ngran Dipanagri  
nyaosakèn Dèmang Praptagéna pincang

11. apan uwus tinampènan  
dinangu Pangran angsaling  
prajurit Mondrapèrtama<sup>255</sup>  
anyar sawèg sapuniki  
kinarya Dèmang mami  
Dyan Janapura kang sinung  
tigang-lawé maosan  
atas Pangran Dipanagri<sup>256</sup>  
ing kang ngandhap namèng lèksana  
karyèngwang

12. kang gadhah mosan punika  
Pangran angandika aris  
déné siwah<sup>e</sup> lan kang basa  
dudu sira ing kang nyanggi  
Dèmang Gèsikan ngarsi  
wong lawas ing kang amanggul  
sira apa wis wikan  
bumi tèlung-lawé iki  
Dèmang matur dèrèng pariksa sèdaya

13. mung dawèg raré kawula  
mriksa palèncatan ugi  
kèjawi wotèn ing sèrat  
angsal kèpanggi kang nami

<sup>b</sup> LOr 'sliwah'.

<sup>c</sup> BL MS. 'taksing'.

<sup>d</sup> LOr 'ngèlmi tuwin undanègari'; BL MS. 'ngèsmi  
tuwin danègari'.

<sup>e</sup> LOr 'sliwah'.

Pangran mèsèm ing galih  
lah wis wètonana<sup>f</sup> gupuh  
lawan bucahku Lurah  
wus mintar tan lama prapti  
dhusun Pajang wus cundhuk lawan Jèng  
Pangran

14. umatur sira pun Dèmang  
sampun kula amriksani  
sarta anampèni bawah  
kang slawé tiyang satunggil  
Jagati (ing)kang<sup>g</sup> nami  
jung sèkawan p(è)jahipun<sup>h</sup>  
tan mawi barang-barang  
paos ngong ing kang murugi  
sampun klampah duk wau sabin punika

15. / ing kang sèkèt èjung karya  
nging kirang cacahing sabin  
sangané jung ing kang kèpa(ng)gya  
kang tri jung sirah tan pa(ng)gih  
wotèn kang mungèl tulis  
Dyan Jayèngsari kang gadhuh  
Pangran Sontawijaya  
sajung Pangran Dinègari  
lajèng kula nganggrak sabin tri jung ika

f.83r

16. lénggahnya namèng lèksana  
saba punika kang<sup>i</sup> maris  
sabin sampun katiyangan  
kasukakakkèn ing kami  
dados wara pribadi  
mila ngong anggrak puniku  
kang sami pamèdalnya  
Pangran mèsèm jru tyas runtik  
langkung èwèd dudugènira maryogya

17. bobotan lah ana sira  
Dèmang apa sira dugi  
nyongga kang sèlawé ika  
Dèmang matur tan kuwawi  
sab pèncar tèbih-tèbih  
kèjawi sèkèt puniku  
kang ragi clak sabawah  
yèn rampung kang tri jung Gusti  
nulya Pangran utusan dhatèng kang wayah

<sup>f</sup> LOr 'wètokna'.

<sup>g</sup> BL MS. 'Jagati kang nami', one sy. missing in the  
line.

<sup>h</sup> BL MS. 'pjahipun', one sy. missing in the line.

<sup>i</sup> BL MS. 'ing kang', one sy. too many in the line.

18. Pangéran Dipanégara  
 kang yang matédhani uning  
 pèrkawis kang mungèl ngarsa  
 lan bumi slawé karsèki  
 karsaa angli(n)toni  
 kang ragi saé puniku  
 ingkang sinanggi ka(ng)kat  
 ing Dēmang pakaryan Aji  
 sab Pangéran minta tēpang<sup>j</sup> Janapura

19. turnya Pangran Dipanagra  
 matura yang sun tan ba(ng)kit  
 bumi sēmono ku uga  
 sun kang nglurokakèn ugi  
 ingsun bingèn<sup>k</sup> dhawuhi  
 mring éyang timbalan Prabu  
 ingsun ja nganti cidra  
 wong tan wikan ala bēcik  
 wis matura utusan anulya mēsāt

20. wus prapta matur mring éyang  
 kagyat Pangran jruning galih  
 ginalih wayah silih tyas  
 tan tēmèn ciptaning galih  
 gèsèh kang wus kawijil  
 tan darbé yang mung puniku  
 nadyan Sri Naranata  
 ngaturan tandy(a)<sup>l</sup> man ka/lih  
 nadyan kathah paman tēmèn lan gorohan

f.83v

21. sawab rowangnya bēk pējah  
 grah li(ng)sēm samya ngrē(ng)gani  
 Jumungah nèng mēsjid turnya  
 lèring ngimbar mring yangnè(k)<sup>257</sup>  
 (pintèn laminènèki  
 satriya nom gèng apangguh)<sup>m</sup>  
 supé mri(ng) kasaénan  
 mandah dènbanaa rukmi  
 rētna muncar lagi sēmantèn kéwala

22. wus luhur lali kawitan  
 Pangran tinētèl kang galih  
 anarah sumongga ing Hyang  
 mugé sagēda nglampahi  
 sumantèn ingkang sabin  
 sinrahkèn Janapurèku<sup>n</sup>

<sup>j</sup> LOR 'Dēmang'.

<sup>k</sup> LOR 'dthingin'.

<sup>l</sup> BL MS. 'tandyé'; LOR 'wandé'.

<sup>m</sup> These two lines are omitted in the BL MS.; I have followed LOR.

<sup>n</sup> LOR 'Dipanégareku'.

ing wau kang dinuta  
 matédhakakèn kang sabin  
 Janapura dhasar kang minta punika

23. sarta kapatédhan ka(ng) srat<sup>o</sup>  
 Radèn Janapura tampi  
 sagah nglintu kang sor ika  
 tan susah katur Sang Aji  
 kang tigang jung pangarsi  
 kang tan watèn pan asaguh  
 lama-lama gya luwas  
 saguhé abèr pribadi<sup>p</sup>  
 sri(ng) sinèrèg ngubèngkèn ayèm kéwala

24. bumi kang nèng ngrika-ngrika  
 pan kinèn ngambil pribadi  
 nèng désa kinèn andhadhal  
 kang slawé tan dènsaguh  
 tan watèn lirunèki  
 Pangran tyas kagol saklangkung  
 wus Dēmang bēgjanira  
 sun ungsèkkèn tan tuk kardi  
 ingsun gadhuh bumi babrok tan  
 kē(s)junggah<sup>q</sup>

25. anulya akarya surat  
 sinung Janapura tampi  
 pamèlèh wau saguhnya  
 kathah kang mungèl kèntaki  
 wékasā ngong tan nampik  
 sih dalēm kang kèdhik agung  
 nging kang tan arubéda  
 jènèng gadhuh mosan Aji  
 kang kawawa nongga wang barang pakaryan

26. sinungan bumi bobrokan  
 Dēmangnya tan kwawa<sup>r</sup> nanging  
 dhasar ingsun tan anédya  
 yèn kadya karsa puniki  
 misra apa wak mami  
 kalokèng ginanjar ingsun  
 tan bisa nulung sanak  
 budi kang répot jal(m)a<sup>s</sup> stri  
 ingkang murka wékaśa/n mèri sēdaya

f.84r

27. gya Dēmang sinrahkèn sigra  
 Janapura sabdanèki

<sup>o</sup> BL MS. 'kasrat', I have followed LOR.

<sup>p</sup> LOR 'saguwé bér pribadi'.

<sup>q</sup> BL MS. 'kècungguh'; I have followed LOR.

<sup>r</sup> BL MS. 'kawawa', one sy. too many in the line

<sup>s</sup> BL MS. 'jalya'; I have followed LOR.

lêrésé dhatêng kang wayah  
Pangéran Dipanégari  
duta nging amangsuli  
sab sampéyan ingkang dhawuh-  
akèn timbalan Nata  
amêtèdhakèn kang sabin  
mongsa borong katuripun Sri Naléndra

28. gya Pangran Arya utusan  
mring Pangran Dipanégari  
lamun gadhahan maosan  
sinrahkèn Janapurèki  
ingkang yang tan kuwawi  
sumongga katur(ng) Prabu  
kang wayah kagol ing tyas  
dursilaning tyas ya uni  
sinamur tyas nuwun sun katédhan priksa

29. Pangéran Arya nuhun<sup>f</sup> Hyang  
Kang Murbèng Asih Umati  
Gusti Allah tutulunga  
lampah ingkang amèryogi  
èngèta Sri Bupati  
gadhadh paman marasèpuh  
sampun nganggé kirèng tyas  
wrat sih anglabuhi pati  
Sri Naléndra sampun kaciwèng pocapan

30. kasèbut adilnya kirang  
tan priksa karya<sup>g</sup> lan bècik  
angsal wongé dadi manah  
nadyan tan aputang kardi  
sininggihkèn ing Aji  
potang karya yèn tan sèrju  
pan kinlamprakkèn uga  
nadyan potanga dunya di  
Pangran Arya nèdhèng Hyang sampun  
mangkana

31. sumantèn Pangéran Arya  
kinarya pocapan lathi  
lamun bègja kèmayangan  
pèthikané satriya di  
anuhoni sayèkti  
ing témèn rumèksèng Prabu  
dhasar marasèpuhnya  
kinira tan na tumandhing  
sura tètèg sujanèng budi raharja

32. nadyan mring Sinuwun Kéndhang<sup>258</sup>  
sarèhnya inggih lumiring  
ki//nèn prang sabarang karya  
duk karta unjo sésami  
ninging Nata tan ngyèktosi  
jinuti sab marasèpuh  
ing putra Ngran Dipatya  
winastan ngadon-adoni  
duk karajan kagalih tumut angangkat

33. drusila ngènirkèn Nata  
ginèbyugkèn ingkang juti  
sajati rayi tan mémba  
tan wruh sabarang pakardi  
mila ru(mi)yin<sup>h</sup> sami  
kang juti ngènèngkèn Prabu  
sinuda bawahira  
datan sinungan anangkil  
Pangran Arya sinuluh tan na awonnya

34. nanging kabèkta ing putra  
dadya panasan pribadi  
sinrènging duka Sang Nata  
dadya wang-wang tyas kagalih  
kèdhap nètya amingis  
kongasing sabda nram<sup>i</sup> kalbu  
duk Pangéran kinarya  
utusan kalannya jurit  
ngatya-atya Nata yèn nyabdèng arinta

35. samargannya wong tan bliila  
wèkasan manggih basuki  
rinèksa malaèkatnya  
Gusti Alah anduluri  
Panutan amayungi  
luwurnya nèng ngarsa pungkur  
pundi tan antawisnya  
sadaya santana sami  
na(n)dhang tiwas lingsèm myang atilar praja

36. tan watèn lir Pangran Arya  
ing dalèm mongsa puniki  
dadya kondhang ing sapraja  
ninging dèrèng bègja pribadi  
mila nuhun Hyang Widi  
pinèrès tyas siyang dalu  
mulyaningrat kusuma

<sup>f</sup> BL MS. 'nunuhun', one sy. too many in the line.  
<sup>g</sup> "LOR 'awon'.

<sup>v</sup> f.84v is blank in BL MS.

<sup>w</sup> BL MS. 'ruyin', one sy. missing in the line.

<sup>x</sup> LOR 'kongasing sabda nrama ing kalbu', two sy. too many in the line.

myang satarutusnya béji  
sinihana Gusti Alah myang Panutan

37. tuwin pugëraning praja  
jalma samya amlas-asih  
mring satarutusnya bénjang  
Pangran mangkya sik ing galih  
yèn sun santër anangkil  
pasëmonira Sang Prabu  
tan asëdhut ing nala  
képyan smu tan ngraos Aji  
pan kalèban wibawa murah ing praja

#### CANTO XXVI (Dhandhanggula)

f.85v 1. sèkar dhandhanggëndhis kang gumanti  
prajadikarèng inggar sujalma  
gëdhé cilik tu/wa anom  
satriya myang Tumënggung  
kang kinula-wisu(dh)èng<sup>a</sup> Aji  
ambèk raharjèng muwah  
gung kamulyanipun  
anata sapëryogyanya  
Nata miyos ing Sëptu angunggar dasih  
watang lir kadi saban

2. Tuwan Mastër dhèrèk amiyosi  
punapa<sup>b</sup> adat Naléndra Këndhang  
patrap tan ana bédané  
Prabu sih Mastër langkung  
sih-siniyan barang patraping  
tan na kèdhap cawèngah  
carèm mor tyas sërju  
kondurnya mawi dhédharan  
nginum wédang wradin santana Bupati  
myang jalan kaki jaga

3. malah apsari aniningali  
yèn miyos Sëptu nèng Sitibëntar<sup>259</sup>  
u(n)tabé kang tégar tinon  
smantèn Tuwan Mastërku  
nuwun pamit mring Kèdhu sami  
Nata Bèkël myang Dëmang  
ing Kèdhu sèdarum  
Purwadipura binë(k)ta<sup>c</sup>  
Danukrama pun Jayalëksana katri<sup>260</sup>  
sumantèn wus kalilan

<sup>a</sup> BL MS. 'kinula-wisudèng'; I have followed LOR.

<sup>b</sup> LOR 'punapa dhèrèk adat Nalindra Këndhang',  
two sy. too many in the line.

<sup>c</sup> BL MS. 'binëpta'.

4. nulya ma(ng)kat tan kawarnèng margi  
jujug Magëlang tarubing wadya  
Jingsim pamugari gëdhé<sup>261</sup>  
sumantèn wus sumuyud  
asrah cacah bumi myang jalmi  
myang paos tinampunan  
Purwadipurèku  
kadyinya pun Danukrama  
mawi nayub Minëstër ngénaking tyasing  
mring wong désa sèdaya

5. samya wëdi-asih jalma alit  
mring Tuwannya dhasar sagéd basa  
ing cara Jawi kang lumèh<sup>262</sup>  
lami wotèn ing ngriku  
Ardi Tidhar dipunrësi<sup>263</sup>  
ngandhap kinarya tégar  
wadya Kèdhu anung  
Tuan Mastër aningal<sup>d</sup>  
langkung suka sumantèn mancanëgari  
Yugja ingkang sampun sah

6. kang katèdha ing Upèrnëmèn Gris  
wus tinampèn lir<sup>e</sup> Kèdhu lampahnya  
Bupatènira linorod  
datan arsa angingu  
mung pra Dëmang kang sinung galih  
Bupatya ing Ngayugja  
kathahnya sapuluh  
kang / dhongkol anèng ing praja<sup>264</sup>  
Lurah Radyan Prawirasantika rani  
nèng nagri Bauwarna<sup>f</sup>

f.86r

7. Dyan Sasradiningrat Bèkëlnèki  
Sumadirja lan Malangnëgara  
Dyan Natadiwirya nëmé  
Dyan Natawijayèku  
ponca Jipang<sup>g</sup> ingkang nègari<sup>265</sup>  
Radyan Sasranëgara  
dyi lan ramanipun  
Tumënggung Sasrakusuma  
ing Grobogan punika ingkang nègari  
Samadipura Japan

8. Tumënggung Yudakusuma nagri  
Wirasari wijining ngamonca  
pamèk nagri kantun dhéwé

<sup>d</sup> LOR 'awas ing tingal'.

<sup>e</sup> LOR 'ing'.

<sup>f</sup> LOR 'Batuwarna'.

<sup>g</sup> LOR 'Poncadipa'.

sawab wékasan ébuk  
 duk bicara kl(i)wat<sup>h</sup> puniki  
 tan padya ingunusa  
 mila Sang Aprabu  
 kèndèl tan ngulungkèn sira  
 ing buk lawas Marèskalèk kang ingudi<sup>i</sup>  
 Wirasari Grobogan<sup>266</sup>

9. mila kinèn mantuk kang gadhahi  
 Tuménggung Dakusuma sagarwa  
 Dèn Ayu mrasèpuh Katong<sup>267</sup>  
 tèkèng wisma dyi dalu  
 pun Kumèndhan<sup>268</sup> angambil nagri  
 Dyan tan suka smayèng srat  
 nganti printah Prabu  
 Kumèndhan kurda kalintang  
 Dyan tinundhung gya wotèn gandhèk  
 Sang Aji  
 nimbali sribid Radyan

10. gandhèk<sup>269</sup> pun Jiwawardaya raning  
 kang pangarsa bèkta tri kancanya  
 wus dhawuhkèn dhatèng Radèn  
 sandika aturipun  
 karya tulis Radyan wus dadi  
 témbungnya mring Ki Patya  
 anuwun kapèthuk  
 sawab sangèt kuwatosnya  
 wotèn margi Dèn Ayu tan watèn ngiring  
 myang kang bèkta jajaràn

11. tuwin kagungannya pikul sami  
 datan wotèn kang bèkta sèdaya  
 tiyang bumi ngong brah mangko  
 pan batèn watèn purun  
 pun Kumèndhan pan angsung jalmi  
 sèkèt pan sampun buyar  
 mila kamipurun  
 kula nunuwun parintah  
 sangking dètèn répot kula Ki Dipati  
 ngrèksa lirnya Bèndara

f.86v 12. lan kula sangèt anandhang saki/t  
 konca gandhèk dika priksa pyambak/  
 kawula satengah layon  
 sampuna Gustiningsun  
 Radèn Ayu ingkang ngimpuni  
 sabarang-barang karya

<sup>h</sup> BL MS. 'klawat'. I have followed LOR.  
<sup>i</sup> LOR 'oooo'.  
<sup>j</sup> BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.

kula datan tumut  
 mung Bèndara kang parintah  
 gènyya gladhi wadya Sèpahi  
 Sang Nata gèn ningal  
 salèrnya puniku  
 mugèng wahana Sang Nata  
 Mastèr ngiring myang kang gèdhé Gris  
 prasami  
 myang Pangran Pakualam

13. kanannya putra santana sami  
 sèpuh mudha garèbèg Sang Nata  
 tuwin kang Bupati kabèh  
 gya lèkas tandang sampun  
 tata (ba)ris<sup>m</sup> wadya Sèpahi  
 lulumbungan gya sigar  
 pan dadya mracatur  
 majèng mundur satandangnya

<sup>l</sup> BL MS. 'sèmantèn', one sy. too many in the line.

<sup>m</sup> BL MS. 'ris', one sy. missing in the line.

gya angèdrèl pinèthan mungsuh (a)prapti<sup>a</sup>  
nyanggi wrat gya ngalèmpak

14. andurjana angrundhuk ambèdhil  
ajèjèng kang akèbat lumalya  
wus tèmputr tênggah gya agé  
ngèdrèl mariyèm gupuh  
maracatur lir buluwèrti  
pajok têngah mriyèmnya  
kidul munya ngidul  
majèng ngétan munya ngétan  
tuwin kang lèr majèng ngalèr munya sami  
kang kilyan munya ngilyan

15. langkung ramé syaranya kapyarsi  
lir ardi bèntar kukus sundawa  
mulèk tan kiksi jalma kèh  
upami mèngsah ngèpung  
lèlakonnya kadya puniki  
kinira mèngsah ngèbat  
anulya binuru  
sarta ingèdrèl sunapan  
myang mariyèm inggih / mrapat lampahnèki  
kang têngah taksih kathah

f.101v

16. lamun watèn mèngsah nrambul<sup>b</sup> sami  
pan prayitna gya kang bujung mèngsah  
mracatur wus mangsuk mring gon  
kinirèng mèngsah larut  
uluk-uluk mariyèm gipih  
syaranya bata rèbah  
sawusnya prang iku  
wèkasan drèl mriyèm ramya  
syaranya sru lir kadi glap nampar siti  
lir mècahkèn talingan

17. kapal kathah ajrih samya budi  
yèn sampun akèkah ginocèkan  
kathah ucul kudanya wong  
wusnya ngaturan Prabu  
mangsuk Laji Kilèn<sup>325</sup> abukti  
nginum gur<sup>326</sup> wus sumadya  
santana sèdarum  
nèng kursi larik mangétan  
kidul Prabu Pangran Pakualam sigih  
nèng sangandhaping gilang

<sup>a</sup> BL MS. 'prapti', one sy. missing in the line.

<sup>b</sup> This word is unclear in BL MS. LOr omits the whole verse.

18. gya Pangran Bèi Ngran Mangkubumi  
kiwa Pangran Suryaningrat Ingprang  
gya santana sèpuh kabèh  
gya santana nèm iku  
nulya putra tri pan kèjawi  
Pangran Dipanègara  
nèng sakiwanipun  
Pangéran Dipawiyana  
kang sisih lèr mung Inggris nènèmèng kursi  
sèmantèn Pangran Arya

19. pan kèwèdan gènnya lènggah kursi  
nganti timbalan tan watèn karsa  
dadya lènggah nèng kiwané  
Ngran Sontakusumèku  
wèkasaning santana twèki  
arsa ngalèr pinarak  
nisih lir kèdhatun  
dèrèng wotèn lilah Nata  
yèn lancanga (da)tan (na) (wing)wrin  
k(in)apti<sup>c</sup>  
mandah èsémé kathah

20. Pangran Dipawiyana wruh kapti  
ngandika mring Pangran Dipanagra  
kursi lor bayaku mangko  
sèsèk I(ng)gris sèdarum  
kèpalaning mau kang gladhi  
gih turnya kang (pu)putra<sup>d</sup>  
mèsèm paman ngrungu  
ing tyas ta mongsa boyaya  
langak-langak yèn durung ana karsa Ji  
sun plalah mundur jajaba

21. ingkang rayi samya angaturi  
Pangéran Sontakusuma Pangran  
/ Dipasana myang ariné  
Pangran Balitar iku  
Pangran Mangkukusuma tuwin  
sinarah sakarsanya  
kiwa-tèngènipun  
kang raka pan datan karsa  
langkung arih ngungkul lan karsa (Sang) Aji<sup>e</sup>  
Pangran Sontakusuma

f.102r

22. langkung ajrih nèng têngèn rakèki  
sangèt mèndhak nuwun apuntènnya  
kang raka ngandika lumèh

<sup>c</sup> BL MS. 'yèn lancanga tan wrin kapti', four sy. missing in the line.

<sup>d</sup> BL MS. 'putra', one sy. missing in the line.

<sup>e</sup> BL MS. 'karsa Aji', one sy. missing in the line.

dèn(a)tètarèni(ng)sun<sup>f</sup>  
aja sira uwas sing ati  
mundhak pun kakang lunga  
kaya nora wurung  
yèn tan atimbalan Nata  
nulya tèdhak sing luhur gilang Sang Aji  
mugèng ngarsaning méja

23. pan sèdaya majèng mugèng ngarsi  
Pangran Arya mundur lènggah jaba  
langkung pakèwéd galiyé  
ngantya timbalan Prabu  
sampun dangu datan kawijil  
mènawi kang sèsmita  
mongsa bodho ngriku  
gènira nga(ng)kah mèryoga  
mila Pangran sangking èwédé kang galih  
luwung sampun katingal

24. botèn pisan yèn midèla kang sih  
mri(ng) Minèstèr malah kang panéja  
sagèda tèpang ing tyasé  
patrap tataning lungguh  
sarèng dhahar puniku sami  
kang méja kalih pangkat  
kang kilèn Sang Prabu  
kèmbul Twan Mastèr<sup>f</sup> Niprulnya  
putra Pangran Dipati l(ng)gris géng sami  
myang Pangran Pakualam

25. nunggil saméja lawan Sang Aji  
ingkang wétan Pangran Bèi ika  
Pangéran Mangkubuminé  
Pangran Suryèngrat iku  
myang arinya tanapi Patih  
santana sèpuh mudha  
putra myang Tumènggung  
kalilan nèng kursi méja  
makan amor kang para santana sami  
pènuh Nata luwaran

26. tandya kondur Sang Sri Narapati  
nitih kréta Mastèr ngiring Nata  
gumuruh ngiring warob(é)<sup>f</sup>  
Nata sampun ngèdhatun  
Tuwan Mastèr mantuk mring Laji  
bubar kang wadya / kosya

f.102v

<sup>f</sup> BL MS. 'dèntètarènisun', one sy. missing in the line.

<sup>f</sup> BL MS. 'Mastèstèr', one sy. too many in the line.

<sup>f</sup> BL MS. 'warob', one sy. too few in the line.

sèmantèn Sang Prabu  
tan lama kang uwa paman  
santana nèm tuwin putra dèntimbali  
dhumatèng Kawisgayam<sup>327</sup>

27. samya kinèn bèkta putra sami  
sampun kantun kang priya sèdaya  
kang wus mongsa pèryogyané  
sagèd angundhuh-undhuh  
duk sèmantèn wus samya nangkil  
anulya katimbalan  
majèng ngarsa Prabu  
Nata mugèng bangsal anyar  
duk ing wau Karanggayam Pakunèki<sup>g</sup>  
ènggèn panèpèn Èyang

28. Kang Sawarga yèn kala prihatin<sup>328</sup>  
anguntapna kang wong adédosan  
kang wadi puniku goné  
mangké sinaèn Prabu  
pan pinatut salirnya sami  
déné kang titilasan  
éyang karèm ngriku  
dukul tan kéndhang tan ngantya  
kasaènan mangké kapèrga mri(ng) Aji  
gupita kang non mulat

29. sarèng wus tata palènggahnèki  
Kajèng Sultan ngandika mri(ng) uwa  
mila sadaya sènak ngong  
dèlasan suta<sup>w</sup> iku  
badhé kula ajak abukti  
sarapan ma(ng)ké uwa  
kula kèn angundhuh-  
undhuh sabarang wowohan  
yèn tan sarap mènawa kang manah pèrih  
ngiras nganyari bangsal

30. purwa rèsmi ngong ngèlih mariki  
Kawisgayam sawèg Sya(r)gining Yang  
wèrti kinarya panèpèn  
mila ngong usik Prabu  
anyaèni tilas yang kang sih  
tuwin Taman sèdaya  
myang Umbul Winangun<sup>329</sup>  
yèn lujèng kawangun samya  
i(ng)kang umbul cis Sunan Lèpèn<sup>330</sup> kang  
dadi  
pawèrtènipun kina

<sup>g</sup> BL MS. 'Pakunanèki', one sy. too many in the line.

<sup>w</sup> BL MS. 'sutanya', one sy. too many in the line.

31. ingkang uwa matur lèrès Aji  
awis kèlangènan-Dalèm nyandhak  
wèningé ing èr iliné  
Kawisgayam Sang Prabu  
pan sumèrèp dipunsaèni  
santana matur samya  
lèrès Sang Aprabu  
nadyan kathah kèlangènan  
yèn winangun sènènyta tan animbangi  
lan Taman cèlak pura<sup>331</sup>

f.103r

32. sawusnya samya ngandika Aji  
nulya dhahar mênggah patrapira  
samyà lèsèyan ki/mawon  
ing lampit lèrnya Prabu  
Pangran Bèi myang rayi-rayi  
kidulnya Sri Naréndra  
Pangran Dipatyèku  
myang Pangran Arya Panular  
santana nèm putra (l)ènggah<sup>a</sup> ingarsa Ji  
Pangran Dipanègara

33. wus cinarik lorodan kabukti  
mri(ng) putranira piyambak-pyambak  
nèng ngandhap kèmbul aramé  
pinaring salak sampun  
ingkang uwa sakèrnèng sami  
winradinkèn ri samya  
santana kang sèpuh  
sakèrnèng pinaring paman  
winradinkèn santana nèm putra sami  
samyà kinèn ambèkta

34. mantuk damèl angsal ing apsari  
wus wèradin gya Nata ngandika  
sampun wa paman bubar gé  
dhimas myang putrani(ng)sun  
padha ngunduh-undhuh (pra)sami<sup>y</sup>  
punapa sasukaknya  
sawatèné ngriku  
Taman Gèdhong Lopak-Lopak<sup>332</sup>  
kang wa nuwun sèdaya anuwun sami  
gya mèdal ngarsa Nata

#### CANTO XXXII (Pangkur)

1. sèkar pangkur kang gumantya  
duk sèmantèn dintèn Kémis kang sasi

<sup>a</sup> BL MS. 'nènggah'.

<sup>y</sup> BL MS. 'sami', one sy. missing in the line.

Dulkangidah walulirik  
tanggal taun Alipnya  
ongka sèwu pitung-atus tri-dasèku  
langkung songa sinèngakalan  
trus guna pandhitèng bumi (28 Dulkangidah  
A.J. 1739/Thursday, 3 December 1812)

2. pramila mawi kaétang  
lir puniku sab Nata pyuh ing galih  
dhatèng uwa pamanipun  
suprih sampun sumèlang  
kapti tuhu dhumatèng Kajèng Sang Prabu  
sinrudhah lèganing manah  
ing kina tan na kadyèki

3. rumiyin kang ingayatan  
Gèdhong Lopak-Lopak rinèmpak aglis  
gumrudhug samya lumayu  
putra santana mudha  
wotèn mènek piyambak wit pèlèm ngundhuh  
kang tan sagèd watèn ngandhap  
sawènèh nanas dènambil

4. gumèdèr ramé gumèrah  
santana lit myang kanèkan (Sang) Aji<sup>a</sup>  
pèlèm kang samya rinèbut  
mongsa punika kathah  
pèlèm dadol kètèla ènggèn puniku  
sarèng / abdènira prapta  
saklangkung ramènirèki

f.103v

5. tanbuh bèndara kawula  
ingkang mènek wit satunggil nglangkungi  
pèngraos mèntul lir putung  
kang papèlèm prasamya  
pan ingèrog dhawah ing andhap kumrubut  
pan samya arèrèbatan  
kawula tan uning Gusti

6. mung yèn tumènga jrih mènndhak  
yèn tumungkul pan nyèndhalira lali  
sangking kathahé jalmèku  
santana sèpuh samya  
sukani kang tyas kadya kang (a)nèm<sup>b</sup> iku  
kang sèngkud kathah angsalnya  
jagèni ngandhaping uwit

7. kang mènek mudhun prasamya  
sèjé rowang samya dipunambili

<sup>a</sup> BL MS. 'Aji', one sy. missing in the line.

<sup>b</sup> BL MS. 'nèm', one sy. missing in the line.

yèn datan suka rinèbut  
yèn kapriksa kang gadhah  
réncang nyabda kawèlèh samya gumuyu  
tan na wèwados sèmana  
sangking sukaning kang galih

8. bégjané kang sugih réncang  
ingkang nèmèn pamèt bèndhayot sami  
dhasar pèlëmnya gung-agung  
rèmènèn tyas abungah  
lamun angsal kang matèng dhinahar ngriku  
jumènèng sawènèh lènggah  
wènèh tanpa gaman sami

9. putra kang lit-alit ika  
pan kasèsa samya kinènyoh sami  
suka-rèna tyas sèdarum  
wus tèlas gya ang(rè)mpak<sup>c</sup>  
ngétan Gèdhong Gandhèk<sup>333</sup> kiwa-  
tèngènipun  
kapundhung pèlèm amuwah  
sèngsaya angèlangkuni

10. ramé gumèdèr-gumèrah  
lir wong ngray(a)han<sup>d</sup> tuk pandhèmèn rukmi  
prajurit Jro samya tumut  
ng(r)ampung ngambil wowohan  
pra Wèdana kang samya sèba sèdarum  
samya nèmpan nikmatan  
nèmèn Radèn Jayèngsari

11. dhasar kapundhung dhap-andhap  
kadya sèmpal èpang pinènèk jalmi  
ingiras dhinahar ngriku  
pra Pangran langkung muwah  
kang kèpundhung misra dlasan abdènipun  
gèmbol ngandhut tuwuk nèdha  
anglasah ngundhung kang kulit

f.104r 12. karya bany/ol catur padi  
sukaning tyas lalu b(è)ran<sup>e</sup> sihnya Ji  
sangking tan dhuwawènipun  
ngrangkèp ingkang bèbèktan  
ngandhut gèndhong taksih wrat binè(k)ta<sup>f</sup>  
mantuk  
kapundhung pèlèm myang nanas  
sadhàngènira ali(ng)gih

13. ginèlar kadya wong dhasar  
pan pinikir wowohan tri pèrkawis  
kang ènthèng binèkta iku  
kang babar ing akathah  
mung kapundhung kang dadya tèlèng ing  
kalbu

pèlèm nanas binuwangan  
dinalih angriri bèdi

14. dinangu ing Gustènira  
di pèlèmè nanas turira gipih  
kula bucal mung kapundhung  
ingkang kula bèkta(a)<sup>g</sup>  
kaot rèkah yèn damèl pèparing ulun  
tan éman binabar-babar  
mri(ng) wadya sangking satunggil

15. yèn pèlèm nanas ngong bèkta  
botèn cèkap yèn wis nradinkèn dasih  
mongsa wandéya pukulun  
awèl yèn amaringna  
sawab agèng (a)mong kang wadya sininung  
tuwin kula tuwas bèkta  
ngong panci plèm Gusti siji

16. sinèrèng ing duka nyèndhak  
sèmonira jalma kang wus wigati  
mri(ng) wataké guntènipun  
kuméd kalon tan nyipta  
adatira mri(ng) kawulanya puniku  
mèsèm kang samya tumingal  
kang pancèn ngèmban putra lit

17. tanpin lahur ingkang sinjang  
.....<sup>h</sup>  
karya (a)ngèmban<sup>i</sup> kapundhung  
pèlèm nanas sèmuwa  
pan ginèndhong ing cindhé sèkar kayungyun  
sawab sihnya Sri Naréन्द्रa  
mirah kuna tan kadyèki

18. pinaring samya ngambila  
dhawak-dhawak sawarégè pribadi  
mumpung mirah Nata Prabu  
sèmantèn wus luwaran  
kang ingambil pèlèm nanas myang  
kèpundhung

<sup>c</sup> BL MS. 'angèrmpak'.

<sup>d</sup> BL MS. 'ngrayhan', one sy. missing in the line.

<sup>e</sup> BL MS. 'biran'.

<sup>f</sup> BL MS. 'binèpta'.

<sup>g</sup> BL MS. 'bèkta', one sy. missing in the line.

<sup>h</sup> BL MS. misses line b; it cannot be substituted  
from LOr because the latter omits the entire canto.

<sup>i</sup> BL MS. 'ngèmban', one sy. missing in the line.

têlasan kang sêpuh samya  
nulya tinimbalan Aji

f.104v 19. mugèng ing Gêdhong Sêkawan<sup>334</sup>  
nging tan panggya lan Nata mung pinaring  
dhahar wédang / rati gandum<sup>334a</sup>  
samya nuhun turira  
putra alit katimbalan mring Sang Prabu  
sawèrniné ingkang békta  
putra tan kaliwat siji

20. sarèng prapta ngarsa Nata  
pinaringan yatra sakèh putra lit  
juganya pinaring nyatus  
dhuwit saklangkung bungah  
putra timur ginanti-ganti dinangu  
kang dèrèng sagéd micara  
kinarya gujèngan Aji

21. wusnya andikakèn bubar  
mring gèn rama Gêdhong Sêkawan prapti  
kang rama samya andangu  
tinimbalana paran  
putra matur ginanjar ing arta ulun  
nyatus dhuwit tyang' sanunggal  
kang rama sokur ing galih

22. nulya wotèn gandhèk prapta  
andhawahkèn kinèn bubara sami  
kang wa paman ri putrèku  
tandya anulya bubar  
tan kawarna ing mar(ga)<sup>k</sup> wisma puniku  
sémantèn Pangéran Arya  
saklangkung gènira galih

23. sèsmitanira Sang Nata  
kadyaparan samya sinukèng galih  
wit nama angundhuh-undhuh  
Nata anglarkèn muwah  
myang santana dlasan putranya sèdarum  
ginanjar arta mring Nata<sup>335</sup>  
ing mongsa kadya puniku

24. tinèpangakèn ing Nata  
yudanagra ngèlminé tan kèpanggih  
mung murga salirnya namur  
barang rakèt ing praja  
Pangran Arya wus sidik ing karsa Prabu

<sup>j</sup> BL MS. 'tiyang', one sy. too many in the line.

<sup>k</sup> BL MS. 'tan kawarna ing mar wisma puniku', one sy. missing in the line.

mila tan ramé ing karsa  
duk ngundhuh mung ningali

25. mung raka kang ingopènan  
Pangran Bèi sakarsa mung kang rayi  
kang ngandhèp sèdang ngonipun  
nadyan mundhut wowohan  
ingkang kathah mung sukané tyas linajur  
sawab Pangéran wus nyipta  
salira dédé karsa Ji

#### CANTO XXXIII (Durma)

1. sèkar pangkur kang durma ngarsa  
gumantya  
sumantèn Sang Nréndra Di  
ingaturan tindak  
mri(ng) Candhi Pèrambanan<sup>336</sup>  
Tuwan Minèstèr angiring  
Sukètris samya  
/ Kèpala Gris myang Jisim

f.105r

2. pra santana sèpuh mudha myang pra  
putra  
Bupati tri prajurit  
pukul pitu mangkat  
sumahab ingkang wadya  
wadya Inggris ngarsa wuri  
ngèbèki papan  
gumèr syandana muni

3. Sri Naréndra nitih wahana ajar  
Tuwan Mastèr kang kéring  
Sukètris kapala  
Gris Jisim pra santana  
cara Sabrang gèn lumaris  
sakèdhap prapta  
Prambanan kèndèl Laji

4. pèsanggrahan lajèng dhahar kang  
sèsègah  
Tuwan Mastèr sumaji<sup>a</sup>  
punapa caranya  
ing Loji wus sumékta  
wusnya dhahar bodhol aglis  
ningali rēca  
Bok Jonggrang<sup>337</sup> kang rumiyin

<sup>a</sup> LOr 'Twan Mèstrè suma Aji'.

5. Tuwan Mastèr tan tèbah lan Sri  
Naréndra

wus prapta gya marpèki  
ningali Bok Jonggrang  
santana kosya Nata  
tuwin rèca kang Papatih  
Gajahpèrmada<sup>338</sup>  
samyà nèng jro<sup>a</sup> gwa kalih

6. Nata uning gya dhawahkèn ingkang  
paman

Pangran Samayudèki<sup>339</sup>  
samyà kinèn gambar  
Bok Jonggrang saangkannya  
sandika kang paman nuli  
gambar Bok Lara  
Jonggrang ingkang rumiyin

7. binilangkèn mri(ng) Minèstèr saudara

yèn kang paman undhagi  
gambar ongka barang  
Lumayu cara Wlonda<sup>340</sup>  
sudara narima kasih  
Sukètris mojar  
Pangran kulané ngriki

f.106r<sup>b</sup> 8. // dika gambar katut tabon Lara  
Junggrang

malang-kadhak guyoni  
suka kang tumingal  
karya guyuning kathah  
tuhu lucu Sukètaris  
sadangon(i)ra<sup>c</sup>  
ginujèng Sri Bupati

9. nulya tindak mèngalor gèn rèca sasra<sup>341</sup>

kèh syarna dèntingali  
wau rèca-rèca  
mandah duk budanira  
kang warna rèca ngédab di  
myang pasang-pasang  
gapura wau candhi

10. gèdhong-gèdhong ukiran bubulèt  
nyadah

dadya tinèpé jawi  
tan kontap smu Sabrang  
kang mèh tumètès warna

<sup>b</sup> f.105v is blank in BL MS.

<sup>c</sup> The diacritic sign (*sandhangan swara*) *wulu (i)* is written unclearly in the BL MS. The verse is omitted entirely in LOR.

sumantèn kèndèl Sang Aji  
nèng pèsa(ng)grahan  
mriksa gambar Bok luwih

11. sangking Pangran Samayuda pan wus  
dadya

ninging dèrèng paos rèsik  
mung Bok Lara Junggrang  
Nata gya angandika  
sèdaya paman dènbersih  
sampéyan gambar  
sampéyan angantuni

12. tuwin Adiwarna kancamu dyi ika

padha gambara sami  
salor sapangétan  
sapangidulé rèca  
myang patut-patut ing puri  
gèdhong gapuran  
nginépa yèn durung wis

13. Adiwarna sandika turnya mring Nata

gya Nata kondur malih  
dhatèng pèsanggrahan  
pèkèn ing Pèrambanan  
dhèdharan wowohan sami  
bè(k)tan<sup>d</sup> sing // pura  
Songguman<sup>342</sup> kidul ya sri

14. wus wèradin pinaringan myang kang  
wédang

sawusnya pènuh sami  
tandya Nata mangkat  
kondur sumahab wadya  
mawi Kètanggèl ngurmati  
marès ping tiga  
tambur béri myang suling

15. inggaring tyas kang wadya gumbirèng  
samyà

képyan yèn tas kajadi  
mèh pulih pèngrasa  
sahambèkira samya  
dumugi ing Lèpèn Bèning<sup>343</sup>  
Sang Sri Naréndra  
nitih karéta aglis

16. Tuwan Mastèr anunggil lawan Sang  
Nata

<sup>d</sup> BL MS. 'bètan'.

<sup>e</sup> f.106v is missing in BL MS.

f.107r

Sukétris Képalèng Gris<sup>f</sup>  
 Jisim lan Pang(é)ran<sup>g</sup>  
 Ngabèhi lawan putra  
 Pangéran Amangkubumi  
 lyaning punika  
 taksih sami nuranggi

17. gya lumarap karéta lumayu gancang  
 santana kantun sami  
 tuwin kang Bupatiya  
 répot kapal tan nyandhak  
 kang ngiring lumayu sami  
 ngéstep myang nyong(k)lang  
 kang kantun nandèr sami

18. prapta Ngloji ingurmatan maryèm Nata  
 ingkang syara mawanti  
 Sang Nata ngaturan  
 pinarak Laji Taman  
 sakédhap pinarak Aji  
 nginum dhédharan  
 mriksa gambar nègari

19. wusnya nêlas Sang Nata kundur  
 ngédhatyan  
 Tuwan Minéstèr ngiring  
 wus praptèng ing pura  
 Tuwan Minéstèr pulang  
 sawusnya sagung kang ngiring  
 samya bubarana  
 sémantèn Pangran ngalih

f.107v 20. / Adiwinata lan Pangran Suryabrongta  
 kyat lumiring tan kari  
 lyan punika samya  
 kantun tan nyandhak kréta  
 tan nga(n)tos Maglaran sami<sup>h</sup>  
 sakundurira  
 lajèng jujuk wismèki

21. duk sémantèn ngajèngkèn Garèbèg  
 Bèsar<sup>344</sup>  
 Nata mlak gèn prajurit  
 Mantri Jru myang N(y)utra  
 salomprèt Jagakarya<sup>345</sup>  
 lirnya kang kathah nyulami

<sup>f</sup> BL MS. 'Sukétris lan Képalèng Gris', one sy. too many in the line.

<sup>g</sup> BL MS. 'Pangran', one sy. missing in the line.

<sup>h</sup> BL MS. seems to have 'angatos Maglaran sami', I have followed L.Or.

sampun nyarumat  
 pulih kadya ing nguni

#### CANTO XXXIV (Mijil)

1. sèkar pamijil guma(n)tyèng<sup>a</sup> arsi  
 ri sèdhèngnya agrong  
 wus mangsanya ing Rèbo Garbégé  
 adat ing kina ingkang winuri  
 kang séwa mènui  
 myang prajurit agung

2. pulih ing jalma wus kadya lami  
 tuwin kang nènonton  
 Pangurakan Glèdhègan Sèkabèr<sup>346</sup>  
 prajurit myang Paglaran kang nangkil  
 Mantri myang Bupati  
 Rèkyana Patyèku

3. pra santana tan éwah lir lami  
 pèrnataning ènggon  
 amènui lir sèkar pindhané  
 busana bra sawang taman sari  
 myang kang apit kari  
 dhatèng Sitaluhur

4. upacara songsong gung mèrapit  
 sanjata myang waos  
 ingkang ngampil priya ta karané  
 bajo kuning lir sèkar kènikir  
 galo Singanagri  
 sisih Mèrtalulut<sup>347</sup>

5. ing Sitinggil inggih glar kang nangkil  
 Gandhèk Mantri Anom  
 kang niyaga bèrdongga tata dhèr  
 / myang prajurit samya nganan-ngéring  
 Kèmandhungan asri  
 bèk wadya supènuh

6. kang parè(kan)<sup>b</sup> jalèr lan pawèstri  
 ngrènggunuk sri tinon  
 ingkang ngrèmbat gladhak sawanciné  
 kopyah bajo bang lir purasari<sup>347a</sup>  
 tuwin kang prajurit  
 Mantri glar nèng ngriku

<sup>a</sup> BL MS. 'gumatyèng'.

<sup>b</sup> BL MS. unclear: the surface of the page is torn just above the end of this word.

f.108r



7. pēmaosan sēdaya anangkil  
undhagi myang Gawong  
kalang tukang-tukang<sup>348</sup> karya kabèh  
pandhé gēndhing kmasan juru-sabin  
jru Surimēnganti  
inggih dhèr supēnuh

8. Bupati Jru Wēdana Pamiji  
Kliwon Jēksa agrong  
carik Dēmang gung myang Mantri kabèh  
Gēdhong Kēparak sumahab sami  
kapénak lan tuwin  
ingkang dadya anung

9. para putra myang santana Aji  
kang nēm-nēm sumaos  
tuwin santana sēpuh sawi(y)os<sup>c</sup>  
Pangran Arya nyar kinarya Miji  
myang wadya Pangrani  
Dipatya supēnuh

10. gya prajurit mēdal jruning puri  
kang sura kinaot  
tambur suling salumprèt myang bēndhé  
pērdongga munya barung ngērangan  
Nata kinèn nukmi  
parēkan kang putus

11. kang séwa kaJaba Jru wus uning  
sa(k)sana<sup>d</sup> ing ēnggon  
datan montra tan nukma sajaké  
manjing pura wus matur Sang Aji  
tandya Sri Bupati  
tēdhak sing piturun

f.108v 12. arēg sadaya Dyah dalēm puri  
garwa ri putra nom  
samyā tindak dhodhok tratag / andhèr  
mung manggung nut ingkang ngampil-ampil  
upacara Aji  
nganan-ngéring ayun<sup>348a</sup>

13. wurinya Nata parēkan ngampil  
gih samya kēprabon  
para Lurah garbég Jēng Sang Rajèng  
sémahnya Bupati Mantri tuwin  
prajurit Jru sami  
gumērah-gumuruh

14. kandhég nēng wijil sapisan Aji  
nganti ngarsa agrong  
wadya pipit ing pintu wētuné  
sinambining ningali Dyah ngampil  
upacara Aji  
yèn watèn tan patut

15. sampur udhèt myang wastranirèki  
gēlung paos konyoh  
tinggalan ing liring Sang Rajèng  
apsari lantēp nampèni kapti  
sēsmita Sang Aji  
gya ngéwahi sampur

16. wēnèh udhèt sinjang ngusap wèni  
ngēmak gēlung konyoh  
ingusap-usap ngējum sinomé  
sawang-sinawang lan rowangnèki  
myang ngusapi lathi  
ngumbulkèn sēsampur

17. kirang (l)iring<sup>e</sup> winulang Sang Aji  
myang solah pasémon  
samya nukma ing tingal kēdh(a)pa<sup>f</sup>  
tan rēkasa (l)jantip<sup>g</sup> kang nampèni  
wiraganya ngēnting  
lir ngigél karya pyuh

18. gonda prana ulat lawan liring  
manis sagon-ēnggon  
pating gelasah mawur satibané  
karya rumab ing Mantri Bupati  
liring masopati<sup>349</sup>  
sèstu karya kēpyur

f.109r 19. gēndrèh-gēndrèh léwannya mantēsi  
anompa kēprabon  
lir ngrērēm/pa kakung Dyah pindhané  
mēdhak matut gobakhèn jajèki  
wastra nrampad siti  
kongas tyas umandul

20. mēsēm ing tyas Sang Sri Narapati  
non polah ing sinom  
kapibrongta rum wilèt kēnyaré  
sampun sami lan karsa Sang Aji  
myat pinujēng liring  
lantip karya luhur

<sup>c</sup> BL MS. 'sawiwos'.

<sup>d</sup> BL MS. 'sabsana'.

<sup>e</sup> BL MS. 'yiring'.

<sup>f</sup> BL MS. 'kēdhopa'.

<sup>g</sup> BL MS. 'yantip'.

21. dadyaa ujat kondhang ing puri  
Prabu taksih anom  
ulah wiraga bésus manisé  
kédhap kumilat anyar dadya Ji  
sampun anglingsèmi  
bawaning képrabun

22. tandya tindak wijil kaping kalih  
arèg kang punang wong  
kaping tiga minggah Sitinggilé  
kagok kèndèl Sang Sri Narapati  
arèg gung kang nangkil  
urmat tambur umung

23. abarung salomprèt la(wa)n<sup>h</sup> suling  
bukuh kang punang wong  
mèdharé magupuh buwang lanté  
nyothé wèdhung anata ing krami  
tuwin yudanagri  
wus samya amèngku

24. ing Paglaran gih sèmantèn malih  
nitikramèng kanggon  
samya mawas ing kanan-kéringé  
yèn watèn busana kang nyenyami  
lan Sri Narapati  
inggal kinèn mètu

25. asalina pènganggé gya nangkil  
nadyan santana grong  
tan prabéda mèngkantèn lampahé  
yèn wus salin mardana dènaglis  
dadya samya uning  
nitikramèng Prabu

26. Nata mugèng Witana Sitinggil  
ingayap pra sinom  
lènggah dhampar kèncana Sang Rajèng  
tata glar sumahab wa/dya Aji  
kang sèkar pamijil  
ginèntyantus madu

#### CANTO XXXV (Dhandhanggula)

f.110v<sup>a</sup> 1. // pantès tan ana ingwang Sang Aji  
yèn pinarak ing dhampar kèncana  
kasur bludru sisariné

<sup>h</sup> BL MS. 'lan', one sy. missing in the line.

<sup>a</sup> f.110r is blank in BL MS.

arja rasukan gumyur  
dhasar sèta sinilih asih  
jènar gèbyar tumlèram  
kancing rètna laut  
kuluk bèrji mundrining mas  
rètna téja sèkar ron mas sinutagi  
kébak sinutya ngrètna

2. angunguwung pagut lintang liring  
lir kilat thathit aléliwèran  
kampuh sawat byar angéné  
apani(ng)sèt suratun  
arja dhuwung képrabon Aji  
rinènggèng mas rinètna  
/ acim jumerut  
sinèlan jumantèn mirah  
gèbyar nguwung tuméja kagyat kang  
uning  
lancingan cindhé sèkar

f.111r

3. rèta bubunton rinènda adi  
acénèla sinungkèt ingrètna  
burat rum gondajèng Katong<sup>349a</sup>  
marbuk rum nrusing kalbu  
inggang cahya murnama sidi  
dhasar Naléndra Mudha  
lir Wisnu tumurun<sup>350</sup>  
i(ng) marcapada di indah  
pan ingayap widadara-widadari  
sèstu Nata mangkana

4. rèrenggannya kang angampil sari  
banyak-dhalang lan arda-walika  
kacumas / sawunggalingé  
kandil lantaran kuthuk  
saput padam burung ing ngarsi  
cèpuri pamojokan<sup>351</sup>  
nganan-ngéring Prabu  
myang waos sanjata wrastra  
gandhéwa dhi sabèt tamèng nganan-ngéring  
songsong jnar Tunggul Naga<sup>351a</sup>

f.111v

5. kang angampil pan samya apsari  
ayu nandhang samir sutra jènar  
samya abusana kaot  
paès sinèkar mawur  
bonyong sénggang gumru rètnadi  
pagut liring ing nétra  
pan karya kèkèpyur  
ulatnya angonda prana  
manis lathi amor lan waja kinèsik<sup>352</sup>  
karya brangtaning priya

6. ingkang séwa lir kajēm ing siti  
 samya gita-ginupitèng ing tyas  
 bukuh mring natasilané  
 tuménga ngliring Prabu  
 nir kasilan ing nitikrami  
 mawas-mawas (tan) kontap<sup>b</sup>  
 lir baskaré murub  
 sēnēnnya ing kaluhuran  
 anglimputi nging cahya murnama sidhi  
 sèstu pituruning Hyang

7. dadya mung mawas onggā Narpati  
 kang tan ulap watēs ing sujudan  
 yèn ngluhur ulap sēnēnē  
 lan nitikramēnipun  
 sampun sēdhēng mawas puniki  
 yèn tuménga atawang  
 dya wong tan wrin tulus  
 tan mriksa sikuning Nata  
 praja-adi kējawi kang sinungan sih  
 mawas ngliring maryogyā

8. nadyan yèn kēparēng pagut tyas nir  
 mēnggah pēnata séwa tan éwah  
 myang Pangran Dipati Anēm  
 putra santana anung  
 datan éwah tataning lami  
 Pangran Arya Panular  
 tan mardanēng ngriku  
 f.112r / taksih nēng Surimēngantya  
 jaga pura lan taksih èwēd patraping  
 karsannya Sri Narēndra

9. anēngahi kang munggèng ing ngarsi  
 dadya Patih Jru sira Rahadyan  
 Pringgakusuma namané<sup>352a</sup>  
 ngandika Sang Aprabu  
 lah ta Pri(ng)gakusuma aglis  
 Minēstēr timbalana  
 lir adat rumuhun  
 sandika Dyan awotsēkar  
 wus dhawuhkēn Kliwon kang pancēn nimbali  
 tur sēmbah tandya mēsāt

10. gya prajurit kang wotēn Sitinggil  
 ingawé Nata mudhun Paglaran  
 baris ing alun-aluné  
 lir adat lampahipun  
 gya Kaliwon ingkang nimbali  
 Tuwan Minēstēr prapta

<sup>b</sup> BL MS. 'mawas-mawas kontap', one sy. missing in the line.

pan sampun dhumawuh  
 nulya mangkat saha wadya  
 lir ing nguni nging Pangran Pakualami  
 tumut saputranira

11. mugèng kréta mung putra taruni  
 kang mugèng kuda apēpayungan  
 séta tinēlacap praos<sup>353</sup>  
 Sukētris Inggris anung  
 mugèng kréta sampun prapti  
 ngalun-alun gya Monggang<sup>353a</sup>  
 hurmat tambur rupul  
 sarēng prapta Pagēlaran  
 suka hurmat manthuk mring gung ingkang  
 nangkil  
 nēng luhuring karéta

12. mudhun ngarsané Kori Sitinggil  
 myang Pangran Pakualam saputra  
 Sukētris Wēlonda gēdhé<sup>354</sup>  
 wus minggah Sitoluhur  
 tēkèng tratag mingkup songsonging  
 lajēng dhatēng ngayunan-  
 ira Jēng Sang Prabu  
 inggal jumēnēng Sang Na/ta  
 Mastēr hurmat tabé lan Sang Sri Bupati  
 sarta nyaoskēn paman

f.112v

13. panggya Sang Nata ing dina bēcik  
 anyaoskēn salam mri(ng) Sang Nata  
 inggal ingawé pamané  
 pan sēsalaman sampun  
 gya Sukētris pēngagēng Inggris  
 tur tabé mring Sang Nata  
 sawusnya Sang Prabu  
 gya tabéyan lan Jēng Pangran  
 Adipati myang éyang salaman sami  
 wusnya tata alēnggah

14. Tuwan Mastēr tan éwah lir lami  
 tuwin Kangjēng Pangran Adipatya  
 paman kēringa Sa(ng) Katong  
 Sukētari Inggris nung  
 soring tratag myang putra kalih  
 Pangran Suryēnggrat Ingprang  
 nēng kursi alungguh<sup>355</sup>  
 kang séwa samya gupita-  
 ginupita ing patrap nganyar-anyari  
 santana nir kawita

15. tandya Nata angawé prajurit  
 pēpiliyan mēdal Pagēlaran

baris ing alun-aluné  
 gya gunungan kang mètu<sup>355a</sup>  
 kadya saban tata lumaris  
 gya ngurmatan sanjata  
 Inggris kang rumuhun  
 angèdrèl mriyèm gumantya  
 Laji barung sawèrnèng baris ngèdrèli  
 syara lir ruk prawata

16. sawusnya gya barundungan sami  
 langkung ramé abarung pèrdongga  
 myang tambur béri bëndhé gong  
 lir grah syara karungu  
 tandya Nyutra Trunajayèki<sup>356</sup>  
 mudhun sing Sitibèntar  
 tayungan sèdarum  
 dadya tontonan ing kathah  
 ingiringkèn bèrdongga munya ngèrangin  
 mèsès ingkang tayungan

17. dadya busana saingga kadi  
 ngalun-alun lir sèkar sètaman  
 pinuja nèdhèng sèkaré  
 myang pasowan sèdarum  
 / sirat ngèrna tuméja sami  
 barung gèbyaring rukma  
 swasa slaka pènuh  
 mamas mor gèbyaring sara  
 aliwèran lir kilat-thathit barungi  
 pulih prajadikara

18. Bupati Jro gya mudhun kèkalih<sup>357</sup>  
 Pagèlaran dhawuhkèn Apatya  
 kinèn mri(ng) masigit kabèh  
 ngèpang sadhèkah Prabu  
 tandya bodhol gumèrdèg sami  
 pra santana Bupatya  
 Mantri kang samya nung  
 wus prapta datan winarna  
 kadya saban Nata kang munggèng Sitinggil  
 tan pègat num-inuman

19. kadya soban hurmat lulusing Ji  
 myang lulusing Upèrnèmèn samya  
 Inggris balèngkèt lan Rajèng  
 arjané prajadi gung  
 myang lulusing Pangran Dipati<sup>357a</sup>  
 Nata suka rènèng tyas  
 Tuwan Minèstèr pyuh  
 wusnya gya Nata ngèdhatyan  
 pan ginèrbèg apsari gumuruh atri  
 Nata kèkanthèn asta

20. lan Tuwan Mastèr Niprul kanan Ji  
 ingkang paman dhèrèk malbèng pura  
 kandhèg watèn ngandhap swoné<sup>c</sup>  
 putra dyi kandhèg pintu  
 parègolan ngadèg pribadi  
 pan kadya jaga-jaga  
 wadya glaring ngriku  
 putra santana kang mudha  
 sarèng prapta pasowan ngiring Sang Aji  
 rèsah tataning lènggah

21. datan kadi kang para Bupati  
 samya tata pèrnataning lènggah  
 santana kathah wèrninè<sup>358</sup>  
 ungkang-ungkang myang timpuh  
 songga uwang sadhuwa ngéring  
 myang sèséndhéyan saka  
 kathah solahipun  
 myang sabda sawang nèningal  
 mri(ng) priyayi kang ambèk bèr tanpa kéring  
 kang jaga-jaga lawang

22. animbangi / saya tanpa kéring  
 angungasakèn suraning manah  
 kinroyok kathah ambèké  
 tan arsa soring laku  
 kaungkulan pèrbawa mingis  
 ngongaskèn sing kadohan  
 tan wa(li)prak<sup>d</sup> ngayun  
 wong naton kang tyas tan lana  
 wèkasaning kang tinonton anatoni  
 dhatèng sariranira

f.113v

23. Pangran Arya tan sagèd ningali  
 patrap ingkang kadya sapunika  
 déné saklangkung saruné  
 ingagèm pèryayi gung  
 pantès laré ingkang gadhahi  
 Pangran tan arsa mulat  
 usik jruning kalbu  
 kaya kinarya ampungan  
 patrap rusuh sajatining marang kami  
 mèlarsa nglèbur ongka

24. sumongga bègja lara kang paring  
 Allah sidik masèsèng sajagad  
 uning tyas rèsik règebé  
 mongsa nora katèmu

<sup>c</sup> BL MS. has 'sawoné', one sy. too many in the line.

<sup>d</sup> The aksara 'li' is unclear in BL MS.

ing tēmbènnya tan kawus sami  
dinukan ing Hyang Purba  
tan émut sarambut  
pira lawasé duk bédhah  
nandhang wirang tan dadi talining nagri  
mangkya ambèk suséla

25. Tuwan Mastēr Niprul sawusnèki  
tinabèkkèn pra Ratu sèdaya<sup>359</sup>  
gya mèdal anganthi agé  
Pangran Pakualam wus  
dhaut putra sawadya sami  
ingurmatan samarga  
Bupati amudhun  
mung pra Pangran tan mudhuna  
éca samya lènggah lir kang mungél ngarsi  
sabènnya mawi hurmat

26. lamun Tuwan Mastēr manjing puri  
sawētunya mawi ingudhunana  
sama Pangran Dipatiné  
sawab mangké puniku  
kanthi Pangran Pakualaming  
kasor yèn ngudhunana  
f.114r pèngrasa tyas/ipun  
sémantèn Pangéran Arya  
ngatak mudhun nanging datan pinèrduli  
gènnya tèbah nèng têngah

27. arsa tindak èwèd ingkang galih  
solah muna liring tan pèsaja  
rowangnya kang séwa kabèh  
yèn dinalihkèn ngrubuh-  
akèn kathah bécik pribadi  
mung lèrès kang kacipta  
adat ingkang wau  
nanging kapalang ing kathah  
dadya mēnggah api Pangran datan uning  
tan arsa amulata

28. kang jinèlu ing tyas wayahnèki  
Pangéran Arya Dipanègara  
ing mongsa puniku mangko  
dadya ugèr<sup>360</sup> praja gung<sup>360</sup>  
pan mèh sasat salirèng Aji  
tan dudut ing akathah  
karya kang pèkantuk  
sampun ping kalih punika  
wotèn Mastēr datan watèn angudhuni  
yèn pèpak ingkang sowan

<sup>e</sup> BL MS. 'ugèring', one sy. too many in the line.

29. duk rumiyin ngandika pribadi  
sawèg tan mudhun sinèrèng pyambak  
wrata dhatèng Tuwan Mastēr  
umatur mring yangipun  
nètah-nètah pamanirèki  
Pangéran Dipayana  
kang tan rēmbag mudhun  
kaduwungira kalintang  
tèka mangké wékasan kinaping kalih  
gih nu(n)tèn nuk lan paman<sup>f</sup>

30. para supèn Pangran yèn nut bécik  
wèwatakan kang sampun kagiyar  
sira tan ana parané  
yèn lingséma amudhun  
pan dinalèh ngudhuni kaki  
puniku kaki nyata  
tan garoh sèrambut  
pra santana ingkang mudha  
lingsèm paman dédé paman gènnya nyilih  
paman-paman tēmènan

31. tèka patut yèn dipunudhuni  
/ mongsa punika pan mènang jangkah  
f.114v sabarang patrapnya kabèh  
mangkya mawi(y)a kumpul  
lan Minèstēr sèngsaya taklim  
sawab ingkang (a)ngangkat<sup>g</sup>  
Panjènengan Prabu  
angiras ngrèksa kèratyan<sup>360a</sup>  
sampun ugi ngudhuni mring paman kaki  
ing tyas hurmat sudara

32. mila sampun ngéwahi tataning  
kang wus kalakyan yudanègara<sup>h</sup>  
gèdhé cilik tuwa anom  
samya agadhah patut  
pinurutkèn dhatèng ing ngèlmi  
tan watèn rēbat angka  
karya kang tan patut  
mila risak ingkang praja  
gih punika patrap ingkang jējembèri  
tan wruh tuwa nom sura

33. dènlarasa dipunkadi gèndhing<sup>361</sup>  
amèmatut syaraning gamèlan

<sup>f</sup> BL MS. 'lan apaman', one sy. too many in the line.

<sup>g</sup> BL MS. 'ngangkat', one sy. missing in the line.

<sup>h</sup> BL MS. 'yudanègaranya', one sy. too many in the line.

runtut syara kèh rupané  
gong kènong bunang kèthuk  
saron kécèr asanès warni  
gambang calèmpung rēbab  
këndhang myang katipuyang  
samyā atēbih sungsatnya  
ingkang warna nanging pinērdi ing gēndhing  
niyaga kang masésa

34. sarēng tinabuh munya ngērangan  
larasnya runtut pan datan siwah  
kènong mēmbal syara rumé  
Gongnya Bima gumuyu  
kèthuk lēpas bunang bundari  
kumricik-ricik umyang  
bēndhénya angungkung  
yèn nora tanpa parungyan  
gambang rēbab calèmpung suling tan kèksi  
këndhang ingkang gurnita

35. pēryayi gēdhé dēnkadi niki  
dēnggéntasi sabarang pakaryan  
karyaning Nata srēng lumèh  
yèn datan kadya niku  
f.115r sam/pun agé amikir hasil  
èwéd karsaning Nata  
tan kēna cinundhuk  
sok jalma akarsa kathah  
dadya agēng tan kapingin dadya alit  
pēcak Pangéran Arya

36. ing Ngayugia tan watēn kēkalih  
andhèrèk lingsēm dadya gri<sup>i</sup> pējah  
tan mēngēng rumēksa Rajēng  
dhasar paman mrasēpuh  
sēprandēnnya kinirēng Aji  
puniku karya kaca  
tinēpa sēdarum  
sēnadyan duk kartēng praja  
Pangran Arya lumiring barang pakardi  
myang putra tuwin Nata

37. milaning wong agung jaman mangkin  
kang wus mugya antuk sihing Nata  
sampun kirang pamriksané  
mring Pangran Arya iku  
dipunatas dipundumēli  
sampun durjanēng manah  
ing budi tan ayu  
Gusti Allah tan kalilan

<sup>i</sup> LOr 'jrih'.

sawab Pangran ing budi raharjēng bumi  
luwung sih rēna ing tyas

38. Gusti Allah pasthi paring adil  
ingkang murah dhatēng saliranya  
kang dērēng minulya Rajēng  
sampun agung kasusu  
ing pasēban karya saladi  
saé kang sawētara  
tan wandé tyasipun  
motangkēn karya pasēban  
mring Sang Nata mēngkatēn malih yèn dadi  
yèn tan kadi Jadirja<sup>362</sup>

39. wong sēlaman-sēlumun ing ati  
nanging slamēt sab kanthi agama  
puniku mawaning rēko  
tan wandé wirang kalbu<sup>i</sup>  
mati kulit sumanggēng Aji  
yèn kang nama santana  
yēkti tan kadyèku  
motangna karya salingsa  
pan anagih sagunung pēngrasēng ati  
tan tuk tēmah rēngat tyas

40. mandahané ka/dya kang lumintir  
f.115v sabarangnya pakaryan punika  
mung ngadhang bēgja ing tēmbé  
wus watēn tēpanipun  
sampun agé arēbut hasil  
tan kēna ngungkulana  
ing kaca puniku  
yèn sampun nika (kang) mulya<sup>k</sup>  
dēnancang rēbut(a) sihé Sri Bupati<sup>l</sup>  
pasthi adil kang murah

41. tētēg garbēg badhol kang prajurit  
abubaran myang kang samya sēba  
Pangran Dipati tan miyos  
satēnnya badhé Prabu  
ingaturan tindak mring Loji  
Tuwan Mastēr undurnya  
sing pura pan laju  
dhatēng (ing) Mangkualaman<sup>m</sup>

<sup>i</sup> BL MS. 'lan tan wandé wirang kalbu', one sy. too many in the line.

<sup>k</sup> BL MS. 'yèn sampun nika mulya', the line misses one sy.

<sup>l</sup> BL MS. 'dēnancang rēbut sihé Sri Bupati', the line misses one sy.

<sup>m</sup> BL MS. 'dhatēng Mangkualaman', one sy. missing in line.

lan Niprulnya panggya Radèn Ayu sami  
myang Ratu Ayu ika<sup>363</sup>

42. apan sami sobatan pribadi  
datan dangu anulya bubarane  
sabèn Sang Nata gya mi(y)os<sup>o</sup>  
mring Loji wadya dhaut  
ingurmatan kadya ing nguni  
mriyèm ambata rëbah  
gih sobatan Prabu<sup>363a</sup>  
salirnya kadya wus klakyan  
Nata kundur ngédhaton bubar kang nangkil  
tan lama ngabèn sima

43. nimbali Tuwan Mastèr Nipruling  
langkung injing kang séwa akathah  
kantun kawiyosan Rajèng  
sima satunggal dènbut  
ing maésa agèng kèkalih  
tan pati nyukakèna<sup>364</sup>  
kalih Sang Aprabu  
gya kondur nèng bangsal dhahar  
kadya soban nging paman tan watèn kursi  
samyang lènggah ing ngandhap

44. mor lan santana nèng putra sami  
salèrira palènggahan Nata  
éwah kadya duk wauné  
mung Pangran Bèhi iku  
lan ri Pangran Amangkubumi  
kang nunggil mugèng méja  
ngladosi dhar Prabu  
santana sèpuh kang séba  
Pangran Mangku/kusuma rawuhnya kari  
lan Pangran Samayuda

45. Pangran Balitar kang rawuh kriyin  
ingkang kantun mèh kasèp gèn dhahar  
ing tyas tan dhangane sémuné  
sab éwah patrapipun  
ning sumongga sakarsa Aji  
sawab sampun kèlakyan  
ing patrap puniku  
sawusnya nulya bubarane  
Mastèr mantuk Sang Nata kalangkung sidik  
ciptanaya mangkana

46. kang wa paman katimbangan malih  
samyang mugèng ing kursi lir saban  
kang anèm kadya adaté

<sup>o</sup> BL MS. 'misos'.

pining wédang sampun  
Pangran Mangkukusuma tyas nir  
mung kalih ngunjuk kathah  
winawas Sang Prabu  
paman ingajak gujèngan  
ingkang sèpuh gènira anggambare candhi  
kang ngarani Bok Jo(ng)grang<sup>365</sup>

47. winèstanane warna kadya ringgit  
réwonda ing Poncawati dhèndha  
duk nambak bèkta éramé<sup>366</sup>  
gujèngane Sang Aprabu  
pra santana ginambar bècik  
Adiwarna kang limpad  
samyang saos guyu  
matur kang rayi Pangéran  
Mangkubumi sawèg Danurja taksih  
pun kakang gih ginambar

48. dhatèng pun Jurutulis Wèlandi  
lajèng binè(k)ta<sup>o</sup> mring Batawiyah<sup>367</sup>  
gumujèng Kangjèng Sang Rajèng  
sadaya sami gèbyuk  
gya tinundhung bubarane sami  
sémantèn Pangran Arya  
grah tan sowan Prabu  
utusan mring rayènira  
Pangran Mangkukusuma dumugi margi  
ajèng-ajèngane wisma

49. tur salam mundhut priksa duk nangkil  
sapatrapnya Pangran angandika  
Kang Mas wong wis / priksa kabèh  
nga(ng)go dangu maringsun  
wus bèkti kahaturna aglis  
duta wus matur raka  
rayinta kang nèmbung  
kang raka mèsèm ngandika  
basakèna wong tan séba jaré sidik  
iku kapriyé uga

50. satèmbungnya kaya nyalawadi  
apa ana pasèban kang dadya  
kagol ing tyas araningong  
dingarèn ingkang tèmbug  
luwih kumèd anglajur kapti  
lah ta inggal nitika  
kapriyé ingayun  
caraka lumèpas prapta

<sup>o</sup> BL MS. 'binèpta'.

f.116r

f.116v

pan wus antuk kang ĕning wus matur Gusti  
mèsèm Jèng Pangran Arya

51. angandika dadi awak mami  
kinautakèn dhatèng Sang Nata  
ingong tan wèruh ĕsitè  
kèna tērēka ingsun  
pan inguring(akèn)<sup>p</sup> ri mami  
lah iya bok dènwiyak  
sadhidhik kang patut  
ana bédané punapa  
nganggo lingsèm wong padha angēlakoni  
ngungun raka miyarsa

**CANTO XXXVI (Asmaradana)**

1. asmaradana gumanti  
sēmantèn Jèng Sri Naréndra  
garwanira ingang anèm  
linarod kēratonira  
kang nama Ratu Wandhan  
ingēlih nama Dèn Ayu  
Kilèn kadya duk ing kina<sup>368</sup>

2. tan wikan karsa Sang Aji  
nama katut pēngalēman  
yèn lulus nēpèng kinané  
sangsaya susah Sang Rētna  
nanging wus ton nakadan  
tyas jēlu suma(ng)gèng Prabu  
tan kēlar anandhang brongta

3. brangtaning tyas sih Sang Aji  
kamulyaning kang sarira  
limrah asamining sinom  
kang tyas datan sinēmbadan  
lir gayuh sēkar tuna  
f.117r nèng / pangkabaratan mumbul  
tan padya-padya yèn kèna

4. wēkasan sēkar nginggati  
gumléwang Sang Dyah mèh tiba  
nir tyas sumarah Sang Rajèng  
myang Kang Masésèng ing Jagad  
kang ibu langkung susah  
tuwin rama dyi ngēmuluh  
santananya myang warganya

5. sēmantèn ingkang ginalih  
Kajèng Sang Sri Na(ra)nata<sup>a</sup>  
pundhutan anyar Sang Sinom  
sutanta Dyan Pringgalaya<sup>369</sup>  
ingghih santana Nata  
ibunya bibi Sang Prabu  
sadhèrèknya Pangran Blitar

6. Pangran Dikusuma nunggil  
punika kang sēpuh pyambak  
kang bibi sangking Paglèn  
ing Saruni raning dēsa  
Radèn Ayu kang nama  
Dayahasmara puniku<sup>370</sup>  
langènnya kasih kang éyang

7. ingghih wus sama lan ngarsi  
sabarang ing lampahira  
Dèn Ayu Dakusumané<sup>b</sup>  
kang bibi gih tan pērbéda  
langèn Syarga siniyan  
Rētna Jumanthèn Dèn Ayu<sup>371</sup>  
taksih ran Radèn duk Syarga

8. nging mangké Sang Rētna Déwi  
pan taksi(h) timur kalintang  
sanging warsa Dyah yusyané  
taksih kēlajèng ibunya  
gung budi tan knèng pisah  
nanging Sang Nata kapyungyun  
imur dinalèmkèn pyambak<sup>c</sup>

9. kang ibu ingkang ngēmongi  
kalané timur Sang Rētna  
myang éyang nèng jrun kēdhaton  
kaputrèn kidul dalēmnya  
sēmantèn Sri Naréndra  
tindak lajè(ng) wanci surup  
mung pasobatan kang karsa

10. hurmat lujènging Ratu Gris<sup>372</sup>  
sadhèkah wus kapangarsa  
lè/lungsèn Kangjèng Sang Rajèng  
f.117v wusnya tan agantya lama  
Sènèn ing sasi Sura (1 [?] Sura, A.J. 1740;  
Monday, 4 [?] January 1813)

<sup>a</sup> BL MS. 'Kajèng Sang Sri Nanata', one sy. missing in the line.

<sup>b</sup> 'Dèn Ayu (Yu)dakusumané', m.c. 'Dèn Ayu Dakusumané', see above n. 142.

<sup>c</sup> BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.

<sup>p</sup> BL MS. 'inguring', two sy. missing in the line.



kang rayi sinung jujuluk  
catur sinung nama Pangran<sup>373</sup>

11. kang sèpuh Dèn Mas Nuryani  
patadhanira kang nama  
raka Kajèng Sang Arajèng  
Pangéran Adiwijaya  
Dèn Mas Muryani ika  
ran Pangran Natabayèku  
aganti raka kang nama

12. Pangran Diwinata kang ri  
nunggil sabibi Pangéran  
Radèn Mas Kasim ta mangko  
kasih Pangran Tèpasonta  
ri Pangran Diwijaya  
nunggil sabibi puniku  
Radèn Mas Japar kang nama

13. Pangéran ing Singasari  
tan gadhah sadhèrèk tunggal  
punika kang nèm yusyané  
pan wus kinramakèn Pangran  
angsal ing Dipasantan  
sadhèrèk pyambak<sup>d</sup> Sang Ayu  
rama nandhang grah kapita<sup>374</sup>

14. Dyan Sujanapura ngèlih  
katèdhan Wijayèngsastra<sup>375</sup>  
pamrih lujèng tyas mring Katong  
dursila doh mung rumèksa  
lan wignya ing aksara  
sarèng nma Janapurèku  
jawal gèsèh lan Sang Nata

15. sèmantèn ing ditèn Kémis  
putra santana ngandikan  
mung kang mardana kimawon  
Sang Nata apagujèngan  
bakda duk gègèr praja  
Pangran Mangkubumi ngayun  
kang drès sinung pangandika

16. aturnya amé(r)yogyani  
ngongaskèn tèmèn ing raka  
myang Pangran Dipayanané  
nging suda tyas tur tan lawan  
sampun watèn arinta  
Pangran Mangkubumi kang tur  
Sang Nata mè/sèm anabda

f.118r

<sup>a</sup> BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.

17. kang kinarya ramé galih  
paman Pangran Dipasana<sup>376</sup>  
duk sèmantèn pan kèraos  
kang paman pinancèr tingal  
Pangran Arya wigatya  
sumambung sabda tan konus  
mring wayah Ngran Dipanagra

18. Sang Nata karasèng galih  
ngungun kèngètan sèmana  
karantan sinigèg agé  
anulya samya bubarana  
Pangran gya kinèn nulak  
Pangran Mangkubumi iku  
lan Pangéran Dipanagra

19. sabèn-sabèn animbali  
santana kadya punika  
yèn sampun winangsul agé  
kadamèl tèngran yèn Bèsar  
bèbongoh ting Kasuran<sup>376a</sup>  
sab kang rayi nir tyas guguh  
puliya surajèng manah

#### CANTO XXXVII (Mègatruf)

1. asmaradi sinalin sèkar mègatruf  
wusnya lami winètawis  
Dèn Ayu Kilèn puniku  
linuwarakèn Sang Dèwi  
tinrimakkèn kasih Katong

2. kang awasta Pè(d)makusuma<sup>a377</sup> puniku  
mambèt santana Sang Aji  
sangking Ratu Gèng puniku  
sémahnya lami kawuri  
suta Dyan Mèrtalaya Jro<sup>378</sup>

3. gih santana kapèrnah wayah Sang Prabu  
kang buyut Pangéran Bèhi  
sémahira ingkang wau  
sèmantèn Kangjèng Sang Aji  
nginggarkèn tyasing punang wong

4. pra santana sèpuh mudha myang  
putrèku  
Bupati Mantri prajurit  
tinimbal(an)<sup>b</sup> mring kèdhatun

<sup>a</sup> BL MS. 'Pèbmakusuma', see n. 377

<sup>b</sup> BL MS. 'tinimbal', one sy. missing in the line.

- kang kinarya pamriksaning  
sukaning tyas gung kang anon
- f.118v 5. ringgit jalma wondéné lampahanipu/n  
mangun duk éyang kang Syargi  
lakyan Gondawèrdayèku<sup>379</sup>  
patrap lènggah dènèwahi  
lan sabèn Jèng Rama Katong
6. duk rumiyin majèng datan lènggahipun  
dèlasan panggènan ringgit  
mangké lènggah majèng ngidul  
inggih wotèn Bangsal Rukmi<sup>380</sup>  
nèng ngèmpèr Kajèng Sang Katong
7. myang kang ringgit sèmu atinarub kidul  
Pangran Bèhi wotèn nginggil  
ngèmpèr wétannya Sang Prabu  
nging ragi tèbih wétawis  
nèng kursi ngandhapnya mangko
8. pra santana mudha myang putra Sang  
Prabu  
lèsèh nèng èmpèr prasami  
wurinya ngandhap puniku  
sor tratag samya nèng kursi  
santana sèpuh doh Katong
9. Pangran Arya nèng kanan ngandhap  
Sang Prabu  
ka(ng) pangarsa anèng kursi  
inggih sor tratag puniku  
Bupati ngarsa kapéring  
Jru Jaba Mantri Jro Kliwon
10. langkung suka-rèna miyat Sang  
(A)prabu<sup>c</sup>  
non ri(ng)git wadya sukati  
yèn watèn banyulanipun<sup>381</sup>  
yèn sura ngès samya myarsi  
anilingkèn sabda criyos
11. yèn kang ringgit nujoni wèlasan  
ngungun  
sadaya kang myat amyarsi  
lanang wadon angèmuluh  
kang dadya was ingkang ati  
duk Gondawèrdaya mangko
12. amèrjaya mring ipé ngarsa ramèku  
Radyan Déwakusumèki<sup>382</sup>  
winastan ngrong nak<sup>d</sup> Sang Ayu  
nyumur-gumuling mring rayi  
Dyah Gondasasi Sang Sinom
13. garwanira Gantangsasi gih si/nuduk f.119r  
pan sawèg wawat tri sasi  
ginalih rayi ingadu  
dadya jumlah amranani  
jèr pranyata ri Sang Sinom
14. Radèn Déwakusuma kang anèm iku  
gya rayi Dyah Gondasasi  
prapta anèlaskèn atur  
wusnya anrajang kang kèris  
mérang Sang Dyah kari layon
15. wus ngèmasi raka Jètung tan k(n)èng  
muwus  
Arjuna myang paman kalih  
Nakula Déwa Bimanyu  
myang uwa ing Judhipati  
kamitènggèngèn gènyon non
16. wusnya Jètung kèngètan anulya gupuh  
karuna anyandhang sami  
sèmu waspa was andulu  
mung satrya<sup>e</sup> ing Judhipati  
gègèr-gègèr bèkoh-bèkoh
17. kang parèkan ubyung karuna sèdarum  
lir grah syaraning kang tangis  
lir sayèktos kang (an)dulu<sup>f</sup>  
kang no(n)ton ngèmu luh sami  
lanang wadon sami méngo
18. kang tan bètah ngampèt nulya lunga  
gupuh  
parèkan kèh samya nangis  
lungannya asandi nguyuh  
èluhnya andrès samargi  
tèkèng ing ènggon gèlolo
19. wus mawinya yèn lampah kadya puniku  
duk éyang Sultan kang Syargi  
inggih kathah wong drès kang luh

<sup>c</sup> BL MS. 'Prabu', one sy. missing in the line

<sup>d</sup> BL MS. 'sanak', one sy. too many in the line.

<sup>e</sup> BL MS. 'satriya', one sy. too many in the line.

<sup>f</sup> BL MS. 'dulu', one sy. missing in the line.

suka myat gya dhahar Aji  
wus pĕrnah luwaran Katong

20. pan sadintĕn bubar wanci pukul catur  
ingjing Nata smuwan malih  
nging ngabĕn-abĕn rumuwun  
sudara Twan Mastĕr panggil  
Niprul Gris gung Jing Sim kang wong

21. mugĕng alun-alun kidul sima  
ngadu  
Jĕng Ratu-Ratu ningali  
sabĕn anĕng Sitoluhur  
f.119v wu/snya ngabĕn sima nuli  
rinampog<sup>383</sup> nĕng panggung Katong

22. wusnya kondur ngadhaton Kajĕng Sang  
Prabu  
dhahar-dĕdharan ningali  
karinggit sawĕg atarung  
dĕnawa lan rĕwandĕki<sup>384</sup>  
mawi topĕng gung laras wong

23. saudara rĕmĕn ningali lan Niprul  
tan gya nylak Nata anganthi  
Niprul lĕnggahnya tumurun  
nĕng tratag suka tyas uning  
Sukĕtris bungah nĕnonton

24. sarĕ(ng) mĕdal ringgit ingkang bagus-  
bagus  
kĕmba kang tyas tan mangarti  
tandya nuwun pamit mantuk  
tabĕ Nata lan Ratuning  
Niprul mĕdal pura badhol

25. wus bubaran I(ng)gris gantya Sang  
Aprabu  
dugĕkkĕn non ingkang ringgit  
sawadya kosya myang wadu  
kados ingkang sawĕg wingi  
sabarang patraping ĕ(ng)gon

26. wus dumugi ringgit gya dhahar Sang  
Prabu  
patrap inggih kados wingi  
myang burung sindhĕn kapyungyun  
ing garwa dya tyas pyuh mring Ji  
wrat boga luwaran Katong

27. inggih sami bubarnya lan wingi sampun  
tĕkĕng wisma crita sami

kalanĕ samya ngusap luh  
non ringgit bujabĕr Aji  
mĕgatruh sinĕkar sinom

#### CANTO XXXVIII (Sinom)

1. sĕmantĕn nĕgari krama  
karta mĕh pulih lir uning  
wantuning jalma gung kathah  
nulya watĕn corah prapti  
wadya Gris gitik malih  
ing Yugja tuwin Salĕku  
Sultan Sĕpuh kang prapta<sup>385</sup>  
saputra ng(rĕ)bat<sup>a</sup> nĕgari  
tĕka kathah ing corah tuwin Pangĕ/ran

f.120r

2. Mangkudiningrat wus krama  
angsal putri Ngrum nĕgari<sup>386</sup>  
purwa kĕsmaran putrinya  
supĕna gya anglayari  
bakta wadya Ngrum sami  
sagĕning Pangran sinusul  
kĕpanggya Pulo Pĕnang  
Sang Rĕtna ambyuk wus kawin  
nuwun mantuk arsa uninga ing Jawa

3. praptanya ing wulan Sura  
gangsals-wlas<sup>b</sup> praptĕng Mĕtawis (15 Sura  
A.J. 1740; 19 Jan 1813)  
sarĕ(ng) lawan Jindral Pĕrsmān  
wus tĕpang kĕlawan Inggris  
kabĕkta Ngrum nĕgari  
printahnya kadyi anggĕpuk  
Yugja Sala yĕn bĕdhah  
Sultan lama manjing nuli  
lan putranta Pangĕran Mangkudiningrat

4. wadya gung Ngĕrum kang ngangkat  
wong Sabrang kang nĕng nĕgari  
yĕn sih tĕrsna Sultan anyar  
pashi ngĕprĕs pinatĕni  
mila ti(n)trim kang nagri  
karon tyas saklangkung kuwur  
rayan sabĕdhug lampah  
yĕn kondur Sang Nata lami  
girang ing tya(s) kang tĕrsu tuwin wadyanya

<sup>a</sup> BL MS. 'ngĕrbat'.

<sup>b</sup> BL MS. 'gangsals-welas', one sy. too many in the line.

5. Pangéran giris ing kathah  
péngajéngnya anglangkungi  
mila tan purun ngawula  
mring lyan mung angarsèng Gusti  
putranya anggéntosi  
Dyan Mangkuwijaya Tumung<sup>c387</sup>  
nging sabin kawan nambang  
wadya lama tan kédugi  
angladosi satriya mudha karsanya

6. watak ta mirip kang rama  
arémèn suka ing galih  
dhasar kamantu Sang Nata  
inggaring tyas anglangkungi  
mongsa punika ugi  
myang wong gung wstan kawētu  
wong cilik apuyéngan  
sajru wulan Sura iki (Jan. 1813)  
sama ngili nèbah angungsèkkèn bondha

f.120v 7. pinèrnakhèn kang pèryogya  
/ myang rayat sutanirèki  
kantun wujudé kéwala  
Sang Nata miyarsa runtik  
saklangkung duka Aji  
wong maido ing kèprabun  
wus atas karsa Allah  
Panjènénganing Nèrpati  
pinaido wong cilik tan arjèng praja

8. perintah Sang Nata kinèna  
anulak kang sama ngili  
kang tan purun kinèn ngrayah  
yèn jalèr kaukum sami  
punapa patrapnya dil  
Tuwan Minèstèr angrungu  
kabar corah ing praja  
gusar gya akarya tulis  
sinaoskèn dhatèng Kanjèng Sri Naréndra

9. nuju Sènèn dintènira<sup>388</sup>  
wulan Sura tangalnèki  
(sanga)likur<sup>d</sup> Hé taunnya (2[9] Sura, A.J.  
1740; Monday, 1 Feb. 1813)  
kang séwa pèpakan sami  
Paglaran Srimènganti  
gya kang srat undhang wus mètu  
kang satunggil Maglaran

<sup>c</sup> BL MS. 'Tumènggung', one sy. too many in the line.

<sup>d</sup> BL MS. 'pitulikur', see n. 388.

Kyana Patih ingkang tampi  
dhawuh Nata srat undhang mèkakak kathah

10. santana sèpuh Bupatiya  
Jawi Jru tuwin gung Mantri  
kang satunggil srat dhinawah-  
akèn ing Surimènganti  
mring kang paman atampi  
Pangran ya timbalan Prabu  
kang mèkakatkèn kathah  
santana nèm putra Aji  
kapénakan Wèdana prajurit Jrunya

11. sumahab miyarsa perintah  
jèjèl Srimènganti pipit  
atumpang dhèngkul kéwala  
Pangran gya ngandi(ka)<sup>e</sup> aris  
dènsama myarsa sami  
kang srat undhang dhawuh Prabu  
santana putra conca  
Wèdana gung Mantri-/Mantri  
dènadèling gèbyag umatur sandika

f.121r

#### CANTO XXXIX (Dhandhanggula)

1. sèkar dhandhanggèndhis kang gumanti  
Pangran ngatag carik kinèn maca  
binuka srat gya nandukké  
saha srat undhang iku  
Tuwan Jéndral Inggris Bètawi  
saha Twan Mèstèr ika  
kang pilgah Laji Gung  
Ngayugjakarta Dinigrat  
kang karya srat Jumungah nèmlikur sasi  
Sura Éhé taunnya

2. angkaning warsa kaétang ngarsi  
sèwu pitung-atas kawan-dasa (26 Sura, A.J.  
1740; Friday, 29 Jan. 1813)  
sun kawruhaké punang wong  
sarupaning prajagung  
ing Ngayugjakarta Diluwih  
myang sarupèng wong désa  
gèdhè cilik anung  
lanang wadon amriksaa  
yèn saiki akèh kabar kapiyarsi  
yèn wong cilik mèh ura

<sup>e</sup> BL MS. 'ngandi', one sy. missing in the line.

3. gèlèm sésawah nandur sèkalir  
sawab akèh kabar kang tan layak  
kaya Gupèrnèmèn Grisé  
bakal ngrusak Jawèku  
Sala Yogja kinaping kalih  
kaya tamaning Sultan  
Sèpuh bakal mantuk  
mring Jawa nègari Yugja  
sarupané uwong angrunguwa sami  
sakiki printahingwang

4. Upèrnèmèn Inggris Kang Gung sami  
sarupané ing wong sanègara  
myang wong désa-désa kabèh  
lanang wadon dènèstu  
dènamasthi ina kang ati  
lah padha tètulusa  
kang pangga uta gung  
dol tinuku anandura  
karya ingkang wis klakon sabarang kardi  
sawab pawarta ika

f.121v 5. akèh-akèh corah-corah masthi  
anadéné Gupèrnèmèn Grisnya  
/ wus pasthi supèkèt kaot  
sobat Kanjèng Sinuwun  
iya maning tamtu Sang Aji  
prasobat lwhi pracaya  
mring Gupèrnèmèn Gung  
anadéné Sultan Lama  
kang wus kéndhang saputranira wus pasthi  
ura bali mring Jawa<sup>389</sup>

6. lan wus masthi Inggris ta nyèkèli  
pangawasa ing salawasira  
ngantiya tumèkèng layon  
wus pasthi tan baliku  
marang Tanah Mètaram singgih  
twin wèngkon Tanah Jawa  
nganti tumèkèku  
ing akir jaman dèlahan  
lah ta ndèlèn sabdané Upèrnèmèn Gris  
kang nyuprih arjèng praja

7. sarupané wong rungokna sami  
yèn Upèrnèmèn Inggris luwih tyas  
kabungahané kèh liré  
ulé amèngku tuhu  
angawruhi ing wong Jawèki  
g(è)dhé<sup>f</sup> cilik twa mudha

<sup>f</sup> BL MS. 'gdhé', one sy. missing in the line.

sarta printah alus  
anuruti èndi ingkang  
dadi kapénaké karèp énak ati  
wong dhéwé-dhéwé ika

8. kabèner déné Upèrnèmèn Gris  
pènganggépé marang ing wong Jawa  
kang gèdhé cilik punang wong  
padha dianggép sunu  
kang wong Jawa nganggèpa sami  
ambapa mring Gris samya  
déné dina kantun  
na kabar tèka wong ala  
siji loro tuwin kèh wus garoh pasthi  
cèkèlèn ingkang corah

9. kasaosna Tuwan Mastèr Nglaji  
amasthi kèna ing paukuman  
jalma juti kang lwhi abot  
déné srupèng jalma gung  
yèn angrungu kabar nègari  
kang tan patut rinasa  
lah ta dénagupuh  
takona dhéwé (ma)lbuwa<sup>g</sup>  
/ Loji cundhuk mring Twan Mastèr pasthi  
pinaring kabar nyata

f.122r

10. titi kang srat Pangran Arya aglis  
angundhangkèn pamiyarsaning srat  
dènsami ngèsthuhokaké  
kang srat undhang sèdarum  
ingkang nyuprih arjaning bumi  
sadaya angukila  
wayah putra umung  
Wèdana prajurit gungnya  
(ma)pan<sup>h</sup> sandika ingaturi prasami  
gung gita-ginupita

11. Pangran amangsuli duta Aji  
sampung kula mèkakatkèn samya  
srat undhang barang sabdané  
sing sudharannya Prabu  
samya bukh sandika sami  
kang séwa Srimèngantya  
sakèlangkung nuwun  
srat pinundhut mring Pangéran  
Dipanagra Kliwon gya dhawuhkèn malih  
Mangunjaya kadyinya

<sup>g</sup> Word unclear in BL MS. because of staining of paper.

<sup>h</sup> BL MS. 'pan', on sy. missing in the line.

12. Dyan Onggadiwiry<sup>390</sup> kang pêngarsi  
 Bëndara Pangran Arya timbalan  
 Dalèm Kangjèng Sang Akatong  
 mèkakata sèdarum  
 si(n)tèn abdi-Dalèm amanggih  
 anyèpèng kang titiyang  
 kang juti anyuduk  
 Sèpèhi Nata angganjar  
 tuwin Tuwan Mastèr ganjar dyi-tus  
 anggris<sup>390a</sup>  
 Pangran matur sandika

13. gya mufakatkèn kang séwa sami  
 umyung samya umatur sandika  
 dènnèmèn ing sarupané  
 sandika aturipun  
 wusnya Pangran nulya mangsuli  
 mring Kliwon gya umésat  
 malèbèng kadhatun  
 sarèng gih kang dhawuhkèn srat  
 ing Paglaran tanduk sabarangnya sami  
 wus matur mring Sang Nata

f.122v 14. wusnya santana gya tinimbali  
 kang nangkil Paglar/an Srimèngantya  
 wus mardana ngarsi Katong  
 patrap tan éwah iku  
 kapatédhan wédang prasami  
 tan liyan kang pangandika  
 mung srat undhang iku  
 mring uwa paman ri putra  
 kinèn bubar kang séwa luwaran sami  
 Jèng Sang Nata ngédhatyan

15. duk sèmantèn Pangran Bubakari  
 mèksa gènira chaji mring Mèkah<sup>391</sup>  
 pamit mring Tuwan Mastèré  
 tan margi mring Sang Prabu  
 ingkang wau dènsèmadosi  
 tan ngantos paman lama  
 Twan Mastèr kang sanggup  
 kinarya ngécani manah  
 Pangran bungah tur uning sadhèrèk sami  
 sèpuh mudha sèdaya

16. kang bakyu tuwin kang rayi èstri  
 pundi kang pèrnah ingkang prayogya  
 kapatédhan uning kabèh  
 nglinglang brana tan payu  
 kasaoskèn Sri Narapati  
 tinambuh tan samulat  
 mung Patya kang wèruh

Ji larang ingawis mirah  
 Pangran runtik wulan gangsal-wélas masthi  
 mangkat kaji mring Mèkah

17. wulan Sura nganti Jindral prapti (15  
 Sura, A.J. 1740; 18 Jan. 1813)  
 gènnya angsung sèrat pas mring Pangran  
 tinantun karèmmènané  
 titiyang baitèku  
 Pangran narah Mastèr karsaning  
 Pangéran asrah kuda  
 kathahnya tètèlu  
 mung bapong pancal binè(k)ta'  
 Tuwan Mastèr gujèngi kang kuda siji<sup>392</sup>  
 sampun andika bèkta

18. kula angsung kuda katri téji  
 pèngaji séwu siji-sijinya  
 dika pilih Ngran sawiyos  
 Pangran bungah ing kalbu  
 wus wataknya ginanjèl miring  
 mundhak pèngajènira  
 mongga Twan sèdarum  
 gih Pangran / bésuk yèn mangkat  
 kula angsung sangan pitung-atus anggris  
 sabarna nganti Jindral

f.123r

19. Pangran sèngsaya nèmèn anggali  
 ngarsa-arsa tanggal lawan Jindral  
 wadé ginèlak payuné  
 wudhu tita tan payu  
 mung Ngran Dipakusuma kang kris  
 nwun tumbas sakèt réyal  
 kang pèngaos satus  
 ing lami sémaya klakyan  
 datan nyata wandé gènnya minggah kaji  
 Mastèr nrung smayèng lama

20. karta-karti titining nègari  
 prajadikara pulih lir kina<sup>393</sup>  
 dagang dol tinuku ambèr  
 dhusun wah tandur-tandur  
 ngèstuhokèn timbalan-Aji  
 arjaningrat buwana  
 Kajèng Sang Aprabu  
 sakarsèng Nata nèpéyang  
 langèn barang kang karèm bèdhayan  
 ri(ng)git  
 mangun yasa karsèng yang

<sup>1</sup> BL MS. 'binèpta'.

21. sampun langkung-langkung amēryogi  
bluwēr pulih karyanya sabarang<sup>394</sup>  
rakèt mring saudarané  
carēm biyatèng kalbu  
mung satunggal kathah tan ngērti  
dhumatèng ingkang paman  
Pangran Arya iku  
sēmuné Nata sumēlang  
taksih èwèd sabarang patraping ngarsi  
dèrèng gènah sēmbada

22. ing karyanya wus tan na kang mirib  
myang pèrnahnya Naléndra ambapa  
mangké kinirèng Sang Rajèng  
lènggah sabin drèng wuwuh  
mung ginadhuh satus mosan-Ji  
Ngadiraja tégilan<sup>395</sup>  
mung Miji ranipun  
sinèlè yèn kala lènggah  
mung punika sawég kinarya (é)ntrani<sup>1</sup>  
pan nyawanganing kathah

f.123v  
23. yèn satuhu adil kang mēryogi  
watiring tyas kang kathah anya/bda  
yèn karya surēm kilaté  
sabarang karsa Prabu  
karya antèp santana kalis  
winuri ing carita  
kadospundi Prabu  
yèn minulya langkung kondhang  
sawurinya Naléndra tuhu gèn adil  
ing rat minulya ing Hyang

24. titining srat kang babat tinulis<sup>396</sup>  
mantun karya anyiptèng kang basa  
anandukkèn prayogyané  
sab wus kartèng praja gung  
purna malēm Achad kang tulis  
Kliwon pukul sawēlas  
Sapar wulanipun  
tanggah sawlès Hé taunnya  
ongka warsa sèwu pitung-atus singgih  
wan-dasa tanpa tēnggak (11 Sapar, A.J.  
1740; the eve of Sunday, 14 Feb. 1813)

#### CANTO XL (Asmaradana)

1. asmara sèkar gumanti  
murwa caritaning babat

<sup>1</sup> BL MS. 'intrani'.

Yugja wus karta kēprabon  
ing wau ingkang carita  
mantun gènnya manurat  
purna barang karsa Prabu<sup>a</sup>  
ing mangké mawi bicara

2. nging gampil sawab lumiring  
sinrat Sèptu Lègi tanggal  
sèlawé prah ing sasiné  
Rabyalawal taun nunggal  
wah ongka warsanira  
kalawan ingkang kapungkur (24  
Rabingulawal, A.J. 1740; Saturday, 27  
Mar. 1813)  
sēmantèn Jèng Sri Naléndra

3. Tuwan Minèstēr angasih  
sabin tri-bèlah èwunya  
wus lama dinugèkaké  
kang sèdhèng-sèdhèng kéwala  
pancèn kinarya lènggah  
mring pamanira Sang Prabu  
Jèng Pangéran Pakualam<sup>397</sup>

4. Kèdhu sinaoskèn Aji<sup>398</sup>  
ingkang / karya tigabèlah  
èwu nging paos kimawon  
kang bumi taksih kaasta  
dhatèng ing saudara  
Jing Sim sinuwunkèn lungguh  
karya sèwu pinatèdhan

5. Lowanu tinèlèng Jing Sim<sup>399</sup>  
nging Sang Nata datan dhangan  
mung linègan dyi-atusé  
kang wolung-atus parèncā  
Paglèn Pajang Mètaram  
pinilih kang ragi punjul  
tèpang Dyan Wijayèngsastra

6. sanès lawan kang pinaring  
mring Pangéran Pakualam  
asor nging bumi gumalong  
kang kathah Pagèlèn ika  
Mètaram mung dyi-tusnya  
dadya sabinnya puniku  
sumrèp lawan ingkang lama

7. kawan-èwu karya singgih  
Upèrnèmèn kang parintah

<sup>a</sup> BL MS. seems to have 'Prabung'.

f.124r

Jing Sim taksih nut umbaké  
bumi sèwu anègara  
nanging ing sawētara  
karya wakil pinisèpuh  
nampani sabarang karya

8. pangarsa Rêksanègari<sup>400</sup>  
kinarya tamèng Kapitan  
tan wruh ing tèmbé wadiné  
sèmantèn kawula Nata  
prajurit Jro myang Jaba  
Mantri Bupati sèdarum  
santana sèpuh myang mudha

9. kang sabin pinundhut Aji  
piniliyan kang sor samya  
kinarya sasrahan mangko  
Ngloji mring Pakualaman  
wus rampung karsa Nata  
mausan-Dalèm dènèjur  
pancasan karya<sup>401</sup> lirunya

10. Wijayèngsastra kang maris  
pa(n)dumnya<sup>b</sup> pan sinèrasa  
cinuwil-cuwil buminé  
kang kathah tan gègopungan  
sinung srat cacahira  
myang tanah nanging kang dhusun  
tan ingaranan wastannya

f.124v 11. myang paosira ing sabin  
mung anyèkèl pa/ra Dè mang<sup>402</sup>  
kinèn tèpang mèndhèt dhéwé  
linakyan sinung kang ala  
kang tompa datan arsa  
sawab kang pinundhut bagus  
wangsal-wangsul mring kang minta

12. lapaké datan mèstani  
désa pamètu parintah  
mila datan rampung agé  
kang tompa dèndulan Dè mang  
pan kari ubèngira  
sawab jrit malik puniku  
sugih bondha sangking sawah

13. kathah kang datan ngangskèni  
sabda tēlas pinundhutan  
wènèh angangkèn sèparo  
tan siji loro mangkana

<sup>b</sup> BL MS. 'pamdumnya'.

nulya bali angatas  
tan rampung sawulan iku  
wus watak wong kèh kang murka

14. dhasar kang andum ariwil  
mèngangkah gamèni lèmah  
kang kacipta rèrepoté  
nanging wus kuna-kèmuna  
kantun sangèt punika  
mila karya wakil ngayun  
pitan wruh ngéling bicara

15. Jayèngsèstra kang nangguli  
kang wus mor tadhah bicara  
kang ingèbyuk jalma akèh  
pèrkarèng anèdha sawah  
paséban anglir pasar  
tumawon ingkang cinatur  
tan liyan sawah bumi tanah

16. dhasar wus munya Sèkati<sup>403</sup>  
kalumpukan para Dè mang  
myang Bèkèl wong désa akèh  
pèngrasa rampung ing bakda  
sè mangké datan padya  
sèmantèn Pangran Aryèku  
ganjaran kang pamausan

17. satus Ngadiraja raning  
Mèntaram bumi tégilan<sup>404</sup>  
katèdha Jayèngsèstrané  
dhawuhnya timbalan Nata  
badhé karya sasrahan  
Ngloji Pakulaman iku  
sagah badhé kalintonan

18. kasu/manggakakèn sami  
wus lama nguthik lintonna  
Pangran sinagung karsané  
ngladoskèn paos-mausan  
satuwuk dèrèng tompa  
bumi kèjawi dya-atu  
paringnya Kang Rama Syarga

f.125r

19. malah kalong Kèdhu sami<sup>405</sup>  
ing mangkya mapan ginanjar  
sabin mausan mring Katong  
sawèg angsal kadyi wulan  
pinundhut malih Nata  
mangu ngajèngkèn mangsèkū  
wandé sinau tur uwang



20. mung kang sinédyèng ing galih  
Sang Nata sampun angira  
dhatèng Pangran salirané  
mila labuh lara-wirang  
nadyan tumèkèng léna  
tan gi(ng)sir rumèksèng Prabu  
sèsmita ran kang kaétang

21. nyipta angungun sémangkin  
duk papana Sri Naréndra  
pinitambah Rama Rajèng  
mardana rama tan arsa  
nir tyas tan padya mulya  
wékasan kinuyèng mungsuh  
binédhilan nir kapita

22. cinègat ing arsa wuri  
kawurnya wadya sèdaya  
tanapi rérépot kabèh  
kalulun miré Sang Nata  
nir tyas tan padyèng mulya  
tinètèg ambukak pintu  
kang jog Gèdhong Lopak-Lopak<sup>406</sup>

23. kang paman baris nyègati  
bèk sura tan wrin praléna  
rumèksèng putra Sang Rajèng  
nadhahi mimis ing Sabrang  
kang èdrèli Sa(ng) Nata  
katujuné dèrèng kuntung  
praléna rinèksèng Sukma

24. pulahnya Pangran lir ringgit  
acancut ataliwondha<sup>407</sup>  
tindak sangking ing kudané  
angasta waos ingèmbat  
abdi karuna malang  
/ tan ngétung Pangran bèk lampus  
katèmpah rumèksèng putra

f.125v

25. wirang kalamun gumingsir  
mandah ucaping sésama  
yèn ubyung kadya wong akèh  
dhasar kabèkta ing watak  
pradhah para isinan  
tan liyan rumèksa kaétung  
mring putra wah Raka Nata

26. nanging tan kèpadhan kapti  
anulya kang wadya Sabrang  
mulat yèn Pangran bèk pèngkoh  
angaglah madyaning marga

ngèmbat watang liniga  
sawadya sèdya bèk lampus  
sèngsaya pangèdèlira

27. nulya pèngagèngnya Inggris  
kalawan Kapitan Cina<sup>408</sup>  
ngawé subèkèt arjané  
Pangran narungkèn waosnya  
nututi ingkang putra  
tur uning pèngawénipun  
Nata girang gya mardana

28. wékasan kacakup Inggris  
rinusak wadya sèdaya  
mawut jrih wong Kadipatèn  
amung katun gangsal-wélas  
kèjawi para putra  
myang Paman Arya puniku  
kang nglabuhi pamanira

29. ngantos dumugi ing Loji  
kinatrakkèn kang pèrbawa  
tan montra mulya kèdhapé  
garwa tut wuri drès waspa  
tinènggak datan kontap  
piningit wèrit saumur  
sumantèn papak katawang

30. nging Pangran Arya tan gingsir  
gènnya nglabuhi Sang Nata  
yèn tumèka ing dédéné  
kang kaèsthi ing wardaya  
caritèng Sèrat Rama<sup>409</sup>  
duk Dasamuka kapupu  
arsa pinèjahan Rama

31. kang paman Prastha nglosodi  
matur mring Bathara Rama  
kathah-kathah panuwuné  
mung palamarta Naréndra  
yèn Nata datan lèga  
suka pu'n Prastha linampus  
karya lintoning atmaja

f.126r

32. déné kapénakan yèkti  
Dasamuka Sri Naréndra  
gri wirang sumongga Rajèng  
mung pèjahé sangèt omba  
nunuwun Sang Bèthara  
waspa drès angasih tuhu  
sumungkèm wusnya ngapura

33. pinindha ciptaning galih  
tuwin duk arsa mardana  
ing Jèng Rama mring kédhaton  
kang paman kang ngatur rëmbag  
sarta lumiring Nata  
wus nyipta kadya puniku  
sèpuh rumaos kapradhah

34. kèpanggih pintèn pèrkawis  
mènggah ta ing wasthanira  
lir ta jangèt pinètèlon  
dhasar paman maratuwa  
pininta jagèng Nata  
Kadipatèn ingkang sèpuh  
nyiptaa kadya kang kathah

35. kadospundi ucapnèki  
ing sujana di kang mulya  
ma(n)dahané<sup>c</sup> ing èsémé  
kècut-apait agètar  
winuri ing carita  
saparèp ngaku mrasèpuh  
yèn nyabat sapa kang sudyà

36. tan kandèl kèlamun ngabdi  
nadyan sanak-pèrsanakan  
yèn uncat anèmu gawé  
tan lèsning ing mulyanira  
ibarat Pangran Arya  
nging tan cidra mring Sang Prabu  
Kang Raka Sinuwun Kéndhang

37. lèsning ngawiryakèn galih  
kang raka kang datan nyipta  
cinampur karsa tan lumèh  
purna raka tur lujèngan  
nyuprih mulyaning onggà  
raka tan liyan sawabipun  
Sinuwun sinujèng nala

38. sampun dhumatèng Sang Aji  
ingkang sung dana ambuga  
myang putra kadyi kang lèngsèr  
raka Pangran Pakualam  
duk murca gih tan bèda  
/ saos lulujènganipun  
nadyan Dèn Dipati Rongga<sup>410</sup>

f.126v

39. sanak-pèrsanakan sami  
sampun pècak mring Sang Nata

<sup>c</sup> BL MS. 'mangdahané'

kang sung kucah sèlaminé  
kang pinétang samya mulya  
wus wataknya Pangéran  
wlasan tumémèn bèk alus  
nir kontab dèrèng minulya

40. nanging bicarèng kang riwil  
kang suséla bèk tyasira  
gumuna dèr gung ambèkta  
durjana wèkasan cidra  
Pangran datan anyipta  
wus pinasthi ing saumur  
cipta lumiring Hyang Purba

41. nging tan kèna dènambèkti  
sacipta pasang kondur tyas  
sumèndhé Hyang Panutané  
angkèr tan kèngèng cinidran  
tan liyan blapur manurat  
rèka-rakit ingkang patut  
myang kawisman langèn barang

42. tuwin sih sari ngrèsmèni  
lulut atmajèng akathah  
karya nir nglipur ing tyasé  
nglindung tyas ing Gusti Allah  
apésé ran kawula  
pinèsu asring kaliru  
gung nlongsa cinipta maya

43. Pangran Bubakar kawarni  
rumiyin chajat mring Mèkah<sup>411</sup>  
chaji pamit Twan Mastèré  
tan suka sab ngèl marganya  
sarta ngarèm-arèman  
yatra kèhnya gangsal-atus  
Pangran mèndha tan dwé karsa

44. kawarna mancanègari<sup>412</sup>  
ingkang datan darbé bawah  
kang pinundhut Upèrnèmèn  
samya binlonja sèdaya  
pinaryogi wulanan  
si(ng) Loji bayaranipun  
taksih sowan mring Narèndra

#### CANTO XLI (Dhandhanggula)

1. sèkar dhangdhanggèndhis kang gumanti  
sampun lama tuk sadasa condra  
/ Sang Nata silih kèraton

f.127r

wadyabala atakut  
matut bawah Sri Narapati  
Bupatya myang sémara  
lènggahnya pinatut  
mung séntana tan ngéwahan  
kang Bupati Wédana kang sèwu linggih  
nèm-atu karya bawat

2. Kaliwonnya gangsal-atu mawi  
bawat sami lan Wédana Jru ka-  
jajar nigang-atu kabèh  
ma(r)ma manyèkèt sèdarum  
ing kang Jawi wondéné Jruning  
nyanga malung jung ika  
Kaliwoné nyatus  
mung Patih sèwu lènggahnya  
kalih-atu myang moncanégara sami  
bawahnya taksih wètah

3. sèkantuné kang pinèt mring Inggris  
wus lama Nata asring pèpara  
langéné rama Sang Katong  
miyos kalanya Séptu  
lami-lami sring kagol kalih  
Tuwan Mèstér tan lawan  
Sukétris kang maju<sup>412a</sup>  
dangu lamun tinimbalan  
uwah saban sinamur mring Sri Bupati  
langèn sabarang karsa

4. Bupati kang cilikèn Sang Aji  
sabarang rëmbag ing kang wus tumrap  
kang dados karsa Sang Katong  
kéjawini(ng) Patyèku  
Lurahira moncanégari  
Pangran Dipakusuma<sup>413</sup>  
kang Niyaka anung  
lajèng ing mangké kabésan  
lan ginanjar bumi satus ing Mètawis  
sangkang sihé Sang Nata

5. kinarya ngampingi Kyana Patih  
bicarèng Laji ing kang kinuwat  
Wédanané Jaba karo  
tèbèng-tèbèng sih Prabu  
Bupati Jru tinèlèng galih  
Radyan Pringgakusuma  
kang karya marga gung  
kang pinindha Umarmaya<sup>414</sup>  
saciptané Sang Nata kasok ing galih  
budi suka rënëng tyas

6. / tuwin dhaténg Wijayèngsèstraning  
Kartawijaya<sup>415</sup> ginalih inggal  
siniyan dhakoh karyané  
prajurit Wédanèku  
Jayèngrana lan Jayèngsari<sup>416</sup>  
dhasar kawula lama  
wus ta knèng kawuwus<sup>a</sup>  
Jayèngrana kapatédhan  
sémah tèlas kèpala prajurit èstri  
Dèn Ayu Déwaningrat<sup>417</sup>

7. Jayèngsari kapatédhan rabi<sup>b</sup>  
sutanira Dyan Pringgakusuma  
pèrnah kapénakan Rajèng  
kasih jruning kèdhatun  
kang winèngang saba jrun puri  
bèdhaya Dyan Suléman  
abdinya Sinuwun  
Kang Kéndhang nging tan pangarsa  
kancanira Dyan Brongtakusuma<sup>418</sup> dhingin  
suta Puspakusuma<sup>419</sup>

8. Radyan Brongtakusuma samangkin  
kapatédhakèn kang rayi Pangran  
Mangkubumi langkung sihé  
winèngangkèn satuhu  
sèbarangnya maulah-wadi  
yèn kékésahan Pangran  
kaliling ing lurung  
nèng kuda jajar kèwala  
lan darbé ri satunggil Rahadyan Panji  
gih siniyan Pangéran

9. nanging taksih ngawula Sang Aji  
dadya bèdhaya<sup>420</sup> sampun jumaka  
tri jajar kuda nglurungé  
abdi nèbih kadulu  
tèmbungira rikalaning ngling  
samyak Lumalya  
suka sakèlangkung  
sawusnya ing lama-lama  
Nata arsa ganjar putra tuwin rayi  
angyasakkèn kang gonja

10. Pangran Mangkubumi putranèki  
Pangran Dipanégara ri Nata  
Pangéran Dipayanané  
paman Pangran Aryèku

<sup>a</sup> BL MS. seems to read 'wus tan kèng kawuwus'.

<sup>b</sup> BL MS. 'Jayèngsari gih kapatédhan rabi', on sy.  
too many in the line.

- wus dinangu Sri Narapati  
dhuwung paringa Syarga  
dyi paman umatur  
Ki Mésagëndari juga  
f.128r kadyi Kyai Gonda/wisa<sup>421</sup> nging tan  
mawi  
kandèlan sampun ical
11. kanggé suta duk bédhah jru puri  
Nata kinèn nyaoskèn jru pura  
dhuwungé kang paman karo  
gya kang wayah dhumawuh  
pundi éyang kang dènremèni  
sinaosna sajuga  
duk sèmantèn sampun  
dadya pinaringkèn paman  
nging kang anèm Ki Gondawisa kang nami  
dhuwungé Pangran jajar
12. duk sèmantèn Tuwan Mèstèr  
pamit<sup>422</sup>  
ingantukakèn ing Niprulira  
dhatèng Kitha Bètawiné  
mitnya tan lama mantuk  
karya wakil pun Sukétaris  
Nata nyandhèt ing sabda  
amèksa Nata nut  
nanging tan késah tumulya  
barangira kang wus linèpaskèn aglis  
sèmantèn ing antara
13. Pangran Dikusuma mangsuk Loji  
bilangkèn Tuwan Mèstèr kang potang  
wang mring moncanègarané  
sawab sawaonipun  
nèdha adil mring kang gung sami  
wah angèrsèp ing Patya  
tan na bènèripun  
arsa pépé matur Nata  
yèn tan angsal adil mila mangsuk Loji  
ngrasèng drèng kandèl ing tyas
14. mring Sang Nata mila amblès Loji  
bègja Pangran nulya ingadilan  
dhatèng Jèng Tuwan Mèstèrè  
Pangran bungah kèlangkung  
jangji bayar kang dados margi  
sabèn bayar sèdasa  
carik nging tan sinung  
rumaos owèl kalonga  
Nata mriksa andangu mring paman kardi  
turnya angambil kopyah

15. tan antuk paman ginuyèng Aji  
lan watèn malih nèdhaadilan  
mring Loji Tuwan Mastèrè  
Dyan Somadirja Mènggung<sup>c</sup>  
lan kadangnya arèbat maris  
Rahadyan Jayaningrat<sup>423</sup>  
lawanira padu  
kang // nèm wus nèng Laji lama  
wus ngadilan kang ènèm pèkantuk kèdhik  
gunèng kang manggung brongta

f.129r<sup>d</sup>

16. Radèn Ayu Danukusumèki<sup>424</sup>  
kakécalan putra Dyan Dipatya  
tuwin kang raka kramané  
duk taksih Nata Sèpuh  
wus pinupus narimèng Widi  
wit tèpat ing kawula  
sumongga Hyang Agung  
cipta mung kang kantun uga  
minulya amangké wus asalin Aji  
tangèh yèn kagaliya

17. mung Nata baru amung satunggil  
kang pinundhut kamantu Sang Nata  
Dyan Danukusuma mangko  
nama ganti ramèku  
nging lénggahnya tigang-atusing  
tan pinèrduli kang lyan  
bayaran tan sinung  
ing dalèm mongsa punika  
langkung répot tan nangkil Nata tan galih  
tri atmajanya priya

18. mung kang wruju sargèp mardana Ji  
inggih dèrèng dados karsa Nata  
mila Dèn Yu sru ciptané  
nunuwun ing Hyang Agung  
gi(h) mugi wontèna sih (A)ji<sup>e</sup>  
adilan palamarta  
wlasa ing kasyayun  
kèngètana Dèn Dipatya  
sihing Nata ing mangké tumèkèng lalis  
wrat angèsthi sèsmita

19. ana(m)pèni sih kang lwihi nikmating  
ramanya katut tumèkèng léna  
bok déné ngèt sih Sang Rajèng

<sup>c</sup> BL MS. 'Tumènggung', one sy. too many in the line.

<sup>d</sup> f.128v is blank in BL MS.

<sup>e</sup> BL MS. 'Ji', one sy. missing in the line.

dhumatèng ingkang kantun  
kacukupa bawah sakèdhik  
lèga-lèganing nala  
dhuh Jèng Sang Aprabu  
mring ri Pangran Pakualam  
tyas tan angsal laminya prapta drèng  
pa(ng)gih  
pèrkarèng katut putra

f.129v 20. Dyan Dipati ingkang sampun lalis  
gèsèh karsa lawan ingkang ra/ma  
sabarang patrapana wor  
klakyan samya wilasa yun  
ingkang putra cèkak pinèsthi  
salampahirèng praja  
rama landhung luhur  
mila ibu Dyan Dipatya  
pan sinèrung mring rayi dènpintambèti  
kang bok kéwran tyas susah

21. arsa panggya nganti sihing rayi  
Jèng Pangran Pakualam tan nyipta  
lingsèm mara ngraos sèpoh  
lan tan dosa ing kalbu  
namung katut putra pribadi  
katèdha ing Hyang Sukma  
rayi sih alulut  
sumala sinamur nurat  
srat pèrlambang ing Ratu tuwin Pèpatih  
mangkana nyamur brongta

22. siyang dalu nyipta amèryogi  
sèstra pégon<sup>425</sup> nanging ingkang putra  
kang ginalih samya mlèndo  
tan (a)nimbangi<sup>f</sup> kang bu  
mung kasukan èsèsa guling  
ing kapinujèng montra  
siyang lawan dalu  
mung kang nèm sargèp mardana  
mring Naréndra nging dèrèng kasamèn kapti  
yèn kang ibu tamuwan

23. kang sadhèrèk ingkang rama sami<sup>426</sup>  
tan watèn purun yèn mèdharnaa  
isin tan sama karsané  
munggil dalèm gantya wus  
Pangran Dipayana nwun sabin  
sumrèp nagih mring Nata  
pèrjangiéyan wau  
yèn Nata dadya Naréndra

<sup>f</sup> BL MS. 'nimbangi', one sy. missing in the line.

sampun tamtu kapatèdhan sèwu bumi  
duk taksih Kadospatyan

24. Nata rèngu sabda tan ngangkèni  
kang srat wangsul nu(n)tèn watèn jalma  
pèlampah sudagar mangké  
gih anagih mring Prabu  
duk wauné dinuta Aji  
sabarang karsa Nata  
kang rèmpid dòh iku  
kumilat ing sabda guna  
nèdhèng Sukma yèn Pangran wus dadya Aji  
ginanjar pamèrdikan

25. bumi sèlawé mina / karyèki  
wisma ing Kitha Agèng kang jalma<sup>427</sup>  
pinaring tri jung tan lumèh  
sabinnya kirang bagus  
dènpèkèwèd Jayèngsèstraning  
gya wadul dhatèng Tuwan  
Minèstèr Laji Gung  
Twan Mastèr gya matur Nata  
nuwunakèn mring kang sinagahan Aji  
dhangn sumados Nata

f.130r

26. duk sèmantèn lèrèsing nègari  
samya dhatèng ing Loji piyambak  
wong gèdhé drèng mantèp tyasé  
Patih jrih wong suminggung  
byung kang agèng atawon kirig  
kanji rusaking praja  
mung sumongga Prabu  
rumaos dèrèng santosa  
Sri Naréndra pasrah sabarang ing jawi  
bicarèng kartèng praja

27. mung kang pinikir bicarèng Loji  
inggih tan sagèd kyat ing bicara  
amung angèli karyané  
yèn kyat sumongga Prabu  
sabarangnya Nata mèngkoni  
ning dadya karsa Nata  
ing mongsa puniku  
mila éwah kang pèrbawa  
sawab déné pagèr jaba tan nglawani  
suda rumèksaningrat

28. mung pating grumung ing siyang latri  
jalèr èstri arsa nagih Nata  
tuwin abdi Kadipatèn  
karuh minètra Prabu  
ingkang sinung bicarèng wadi

santana twin\* Bupati  
ngingkép palang kalbu  
bédhahé praja lumalya  
tilar Nata tuwin kang rama Sang Aji  
andhèrèk papanira

29. nanging kathah kang samya ngangkèni  
andurjana ing tyas mrih luhurnya  
samya mèkanttukkèn Rajèng  
tyas tulung ing marga gung  
ngadhang lalos Nata taruni  
sangking nora kacanggih  
dhatèng Nata Sèpuh  
ing sabarang karsanira  
mongsa mangkin kinarya mirah ucaping  
jalma kang tuk sih Nata

f.130v 30. amradini wong gung kang antuk sih  
mila Patih duk wa/tèn Sèmarang<sup>428</sup>  
myang suta Sindunagriné  
Dyan Pringgakusuma tlu  
tini(m)balan dhatèng Sang Aji  
galibéd tan gal prapta  
na sinuprih kalbu  
mongsa punika kagiyar  
ing akathah Pringgakusuma dhalangi  
salampahing Apatya

31. mila tinantun kinarya Patih  
dhatèng Tuwan Minèstèr piyambak<sup>429</sup>  
sab kadugi lagéané  
sami lawan tyasipun  
lan sinawang kanggèp mring Aji  
Radyan Pringgakusuma  
sakèlangkung nuwun  
ing kina éyang wus sumpah  
saturunnya sinirik dadya Pèpatih  
kèjawi mukti-smara

32. Pangran Dipakusuma pèngamping  
kinarya gèdhug manggalèng monca  
ngènirkèn suraning kang wong  
kang sèdaya punika  
kang gèng-agèng nut byuning ngarsi  
gumrah mongsa punika  
brol wèwadi mètu  
tan ana basa-bisikan  
myang sèsmita mung umbag sung rakyat ati  
dora datan sèmbada

\* BL MS. 'twin', one sy. too many in the line.

33. tan mèstani wirang gèng kawingking  
tuwin putra santana tan béda  
awis kang yèktos ambèktè(ng)  
wong cilik samya umung  
ing kang nyakit ngrasakkèn mikir  
wong gung béda lan saban  
ing wèwadènipun  
ing praja yudanègara  
niskaryèngrat tan na sèkaring nègari  
surèm prajadikara

34. nanging wus dadya karsa Nèrpati  
kang antuk sih kang dura-sèmbada  
kang imul gècul alumèh  
kang lucu répot laku  
kang anurut ginuywèng èstri  
ginèmyak ing surasa  
cinampur ing guyu  
kang tèmèn sura tan arsa  
kang rumèksa ing budi dipunkalisi  
nanging lamun sèntana

#### CANTO XLII (Sinom)

1. kang sèkar paksi sèrkara  
sinalin sinom pèng/rawit  
sèmantèn Sri Naranata  
anggalih damèl ibuning  
Jèng Ratu Gèng wauni(ng)  
dalèm Kadipatèn iku  
tuwin Jèng Ratu Wétan  
myang rayi Ratu kèkalih  
Ratu (Ang)gèr<sup>a</sup> tuwin Jèng Ratu Bèndara<sup>430</sup>

f.131r

2. sakilèng Prabayèksa  
punika kang dènyasani  
tilas pakèbunan Syarga  
Jèng Ratu Kèncana<sup>431</sup> kriyir  
gumrah ing kang da(n)dani  
ginèlak-gèlak wusipun  
gya Nata kèlangènan  
kitèr-sèpèn pèryayèstri  
ngabèn puyuh<sup>432</sup> pèndhak Kèmis nèng  
Magangan

3. kang ngladosi kang jru samya  
myang putra santana Aji  
kanèman kang rèmèn samya  
putra mantu datan kari  
nging kang gèng-gèng Bupati  
tan ngladosi mring Sang Prabu

<sup>a</sup> BL MS. 'Ratu Gèr', one sy. missing in the line.

myang santana sèpuwan  
nging samya angati-yati  
asèsaos kang pèksi tan tinimbalan

4. nging kang gèng para Bupatya  
kinèn kasukana sami  
ngabèn sawung myang dhèrèkan<sup>433</sup>  
pèksi pèndhak Sènèn Kémis  
nèng Pangurakan sami  
tuwin anèng wismanipun  
drapon ramé ing praja  
nyamar nyènyèt ing nègari  
ng(i)nggaring<sup>b</sup> tyas nglipur kawula lit samya

5. samantèn Pangéran Arya  
saklangkung kéwraning galih  
ngon kèdhap-kilating Nata  
tan montra smu yèn kagalih  
saklangkung anrubrangti  
wus lama tan padyèng punjul  
tansah èwèd kang lampah  
ing patrap sabarang linggih  
dèrèng gènah sumbada lawan pèryoga

6. tan watèn parintah Nata  
mènggah ing patraping linggih  
kéjawi wontèn jrun pura  
sinélé sampun amasthi  
ris sèmuwan nèng Loji<sup>c</sup>  
tan kantènan lènggahi/pun  
Nata tan na printahnya  
mawas anuwun kang liring  
myang sasmita ing kèdhap datan kèpadhan

f.131v

7. yèn lumancanga ing karsa  
èwèd pèrkarèng ing Loji  
wus ping kalih tri tan ana  
pèrnata karsa Sang Aji  
tyas ngèsèman sèsami  
tan jèjèr karsa satuhu  
gya Pangran tan mardana  
yèn ari miyos ing Loji  
ciptèng ing tyas rumèksèng sampun  
kapanjang

8. Nata agawé pèngrasa  
tajèming karsa sumilir<sup>d</sup>

<sup>b</sup> BL MS. seems to have 'ngunggaring'.

<sup>c</sup> BL MS. 'ris sèmuwan wahnèng Loji', one sy. too many in the line.

<sup>d</sup> BL MS. 'wa tajèming karsa sumilir', one sy. too many in the line.

nging yèn miyos dalu Nata  
Pangran sumusul nèng wingking  
rumèksèng ing sèkalir  
kalirnya yèn manggih dudu  
nging nyamur lampahira  
tyas sasat mardanèng Aji  
wusnya lama kèdhip-kilating sèntana

9. dhumatèng Pangéran Arya  
tyas kèh samya angèsèmi  
déné Nata tan alawas  
wong tèrsna tan pinèrduli  
samya ngungkak ing krami  
kang solah muna kadulu  
tan kadi duk nyar prapta  
ing krami (langkung)<sup>e</sup> angasih  
inggang mudha rumakèt sabda ampaba

10. mangké samya bèk dirguna  
kabranang nut pikir iblis  
kang satèngah narèringa  
kang satèngah namèlasi  
kang tèpa-tapa dhiri  
kang tan sèrju amècucu  
tan rèp ngambah wismanya  
krasèngsin duk bèdhah nagri  
tilar Nata tuwin mring Pangran Dipatya

11. samya kènèng ing supata  
kang tan labuh ing Sang kadyi  
mila muring-muring ing tyas  
supé kèsahinan sami  
tuwin pèrnahirèki  
mung panas inggang kaètung  
wit nawang Sri Naréndra  
tangèh yèn karya abècik  
mila u/byung jurung nimpah kang tan layak f.132r

12. sèmantèn Pangéran Arya  
akarya surat wus dadi  
badhé katur Sri Naréndra  
arsa asaos pribadi  
pèrkawis inggang sabin  
mosan gadhuan pinundhut  
dhatèng Wijayèngsèstra  
sagah lini(n)ton wus lami  
tan kèlakyan tinèdha mubèng kéwala

13. tuwin Dyan Pri(ng)gakusuma  
nèdha gih mubèng pribadi

<sup>e</sup> BL MS. 'ing krami angasih', two sy. missing in the line.

santolan Sri Naranata  
dèrèng wo(n)tèn kang tinuding  
sabda tan kadya uni  
sagah linintonan gupuh  
wus lama mila Pangran  
arsa tur uning Sang Aji  
ngyèktosakèn yèn sah ing karsa sumongga

14. wantuné Wijayèngsèstra  
panggènan basa ngathuwil  
manis ruwèd panggènan  
yèn darbé karèp pribadi  
tan atas Sri Bupati  
mila Pangran satur wèruh  
wus uning paring wayah  
Pangéran Dipanègari  
datan galih sawab dédé pancènira

15. kang éyang sinèrung lampah  
sinamur tanduk tan yukti  
supé ing purwa-duksina  
sabarang yang patrapnèki  
wayah ingkang dhawuhi  
sakèrsané Sang (A)prabu<sup>f</sup>  
mangké napa kèwédnya  
kang tyas tan arsa nédhasi  
ngantya lama miwah ing karsa srat dadya

16. lan kèng wau Pangran Arya  
duk kartané kang nègari  
pèrkawisan lan kang putra  
Dyan Janingrat nyambut picis<sup>434</sup>  
dol tinumbas kang kawit  
gongsa kèhnya gangsal-atus  
sawèg nicil dyi-bèlah  
karya jangji datan yè(k)ti  
tan ngucapkèn pèrkawis wus anèng printah

f.132v 17. / kabèkta Sultan taruna  
duk Kadipatèn Sang Aji  
dhawuhkèn ginèlak Patya  
rinampungèna tumuli  
pèrkarèng anumpangi  
datan kalilan dèdangu  
paman manut bènèrnnya  
jinèksa tèka umiring  
Dyan Janingrat mopo glibèd mri(ng)  
parintah

<sup>f</sup> BL MS. 'Prabu', on sy. missing in the line.

18. kasèlak rëntènging praja  
drèng ngantya rampung anuli  
bèdhahé Nata gumantya  
wus lama gènnya dadya Ji  
nulya ginugat malih  
kang gèng-agèng jrih umatur  
sawab pè(r)karèng lama  
lan wus kasèta Sang Aji  
jrih umatur jruning tyas datan pèsaja

19. yèn ta andèlingna kècap  
puruna ing sapangarsi  
saru unusé pangucap  
wong wus kandèlan Sang Aji  
tèka mindhoni kardi  
ing jaba kinèn amanggul  
wong wus prak lan Sang Nata  
sintèn kadya saliraning  
mongsa mangkin giyar grumung Dyan  
Janingrat

20. sugih bicarèng kamurkan  
jawal brol tan bèsukèni  
pasang tanduk ing drigama  
binawur wor surèng kyati  
mila kang gunggung éring  
non watak sura umaju  
tan na rêmèn sajuga  
bilai nyokurkèn sami  
mung was sira ran wayah kèmantu Nata

21. nulya dadya basanira  
mring Nata baru taruni  
ninging badhar ing mangké papa  
linorod Pènèwunèki  
laminya purun ngambil  
mèmèruh cidra ing wuwus  
dhumatèng ingkang rama  
Pangran Arya wit lumiring  
ngandèl ing Hyang karsaning putra  
sinrodhah

22. wawrating alit kang lènggah  
sagèd nyakup ing sèsami  
sangingk bèr karsa andèlan  
wlasan sabda / kang mlas-asih  
ngupadosa tan mirib  
watak andèlan mangyuyun  
mila Dyan Rongga Syarga<sup>435</sup>  
tanapi Radèn Dipati  
samyà tèrsna tyas ajrih kasok  
nyudarma

f.133r



23. mèdèm Dyan Sumadiningrat  
 kang gèng condhok tyas kang lami  
 sèstu yèn dadya pangucap  
 kang watak praja sinidik  
 Dyan Janingrat wus lami  
 tèpang duk lit ramanipun  
 wus dadya gèng durjana  
 blila rama dènsagèdi  
 mila kathah pangkalané tèmah papa

24. duk witè dadya bicara  
 atmajanya kang bilai  
 Rahadyan Wiryadiningrat<sup>436</sup>  
 grah éwah nyuduk garwèki  
 garwa séda nututi  
 binilakakèn linampus  
 duk prang wiwitan katawan  
 pinèdhang tangan mring Inggris<sup>437</sup>  
 pan lumalya wus karta gya kèmantunan

25. tan klilan wisma ing praja  
 tur mèh katèdha sirnaning  
 mring Inggris nging Nata kèkah  
 dinèkèn Ngèrmamé Sribit<sup>438</sup>  
 Pajang ucapna mangkin  
 marèngi ing ditèn Séptu  
 Pangran saos nata  
 mugèng ing Surimènganti  
 wanci surup ukara asaos buktya

26. ngadhang lamun katimbangan  
 badhé anyaoskèn tulis  
 bakda-ngisa gya ngandikan  
 nèng pura jawi nataring  
 Pangran wahana kursi  
 dinangu dhatèng Sang Prabu  
 patrap Pakualaman  
 paman matur ing pawarti  
 botèn éwah punapa adating saban

27. lan katèdhan uning Nata  
 duk wau samiyos Aji  
 nimbali Mastèr tan sagah  
 sakit ing ngantya Sang Aji  
 f.133v bénjang saras tinangki/l  
 lan sudara miyos Séptu  
 wusnya barang kasabda  
 paman sinung wédang aglis  
 èsmu inggal paman gya tinundhung mèdal

28. sandika paman aturunya  
 nging kula badhé Sang Aji

anyaoskèn kintaka  
 pi kagyat Sri Narapati  
 paman sèrat punapi  
 kang paman nulya umatur  
 pèrkawis kula pyambak<sup>8</sup>  
 Sang Nata kipa sabdaning  
 botèn naté kula anampèni sèrat

#### CANTO XLIII (Dhandhanggula)

1. sèkar dhandhanggèndhis kang gumanti  
 Nata karya pèngajèngé duka  
 wali-wali timbalané  
 datan naté katèngsun  
 anampèni sèrat pribadi  
 èwèd wotèn pancènnya  
 kang nampèni iku  
 sampun ta paman gya mèdal  
 gya ngandika dhumatèng kang ngadhèp  
 ngarsi  
 wali-wali tan natya

2. kang sinung nglil rès pangdika Aji  
 ingkang paman drèng tumurun gènnya  
 anylèk tyas mérang kèdhapé  
 kongas sabda manèrus  
 lan kilaté naya myang liring  
 sèstu Nata tan ngo(c)ap<sup>9</sup>  
 sih ingkang satuhu  
 kalingan ing kawibawan  
 klèru tompa dalih ngambil bawah mami  
 mung sun ngambil pèngrasa

3. sun lawana ingatur Sang Aji  
 nadyan bènèr pasthiné kabranang  
 kaya lèngsèr sing ènggoné  
 Nata tan arsa dulu  
 ingkang paman tinundhung malih  
 gya lèngsèr tan pèrnata  
 kandhèg ngisor jambu  
 Sang Nata sèr-arèrasan  
 wangsul-wangsul mring wadya kang ngadhèp  
 ngarsi  
 pèsajakané paman

4. tè/ka-réka tan pèsajèngi ati  
 sun tan tahu nampanana layang  
 sèka ing santana dhéwé

f.134r

<sup>8</sup> BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.

<sup>9</sup> BL MS. 'ngotap'.

kang pamaning sabdaku  
saya kanggèk kadya kuwaning  
satuhu Nata képyan  
karya kang rahayu  
adil palamartèng ngudya  
drèng ngrènggani Pangran wus nèng  
Srimènganti  
tanbuh rinasèng nala

5. Dyan Pringgakusuma dèntimbali  
prak lènggahnya gya sinungan sabda  
mau sun sinèndhu Katong  
prakarané wakingsun  
nyaosakèn layang pribadi  
datan anganggo lawan<sup>439</sup>  
marang ing sirèku  
prakara wus ana sira  
tan ngènèni tuwin kang kinarya Patih  
pijèr mlongo kéwala

6. tanpa karya-kinarya gung sami  
ngangkat perintah ajrih ing sésama  
tan nglakokkèn sabèncèrcé  
aturé marang Ratu  
kurang padha wani sayèkti  
tan kawus rusakingrat  
syarjana tan rahyu  
angilas budining jana  
toging karya mléndo tan sèrju ing kami  
baya mérang jruning tyas

7. krasèng kalané bédhah nègari  
ting balulung wong gédhé tan sura  
lir pènajungan pikiré  
lali sihé Sang Ratu  
tuwin marang Pangran Dipati  
datan labuh satunggal  
mung rumèksèng wujud<sup>b</sup>  
dhèmèn amikul supata  
mèngko karta ing praja padha mathingkring  
saèn kang tyas drusila

8. darbé Ratu kajadhi ing jurit  
tan na labuh wong kinarya gajah  
kinamuktèkakèn Rajèng  
tuwin para péngayun  
mèngko Ngratu mring putra Aji  
wus katèmu mèrbawa  
papané tan milu  
malah yèn ana péngaja

<sup>b</sup> BL MS. 'sawujud', one sy. too many in the line.

duk sémama mring rama kaya ta ugi  
kolu ngènèni karya

9. / ing mangko linulusakèn Aji  
sabarangnya bènèré mat ing Hyang  
padha sih wlasa maringong  
sawab ingong kang labuh  
pan katèmpuh ran tuwa mami  
tur nora binècikan  
marang Sang Aprabu  
barang sih bicarèng kliwat  
malah potang karya wong kang kaya mami  
kéjabané mratuwa

10. malah yèn Ratuné nora adil  
mring wakingwang samya tur akèdhap  
lamun Sang Nata kasupèn  
kukacané sèdarum  
dadya tèpa tuladha bénjing  
caritèng ing pranata  
santana gung-agung  
padha arsa aniruwa  
lèlakoné patraping Nata yèn bèciki  
adil bèk palamarta

11. wusanané tèka ngrès kang ati  
dulu kèdhap ing Nata tan layak  
ngongaskèn kajailané  
sab wirangé kélangkung  
karya kari jalma kang mèskin  
sèprandéné wurahan  
tan ngratulyanipun  
kéjaba mring kang sun rèska  
bok ijaa padha angarsakna sami  
tèpa yèn umating Hyang

12. Radèn Pringgakusuma turnya ris  
kagèpok sabda nggrèmpa manèmbah  
sèstu klintu tampi Rajèng  
kathah kagalih Prabu  
saliranta tuwin putrèki  
Dèn Ayu taksih andhap  
yèn sinwulkan luhur  
mila Sang Nata tan tampya  
ing kang surat katulak sinèr nging runtik  
lah adhi patut ingwang

13. anuwuna luhuré nak mami  
sèsmitaning Allah wus kumèdhap  
ing mongsa mèngko lakoné  
sapata garwanipun  
kang a(n)dhèrèk papaning Aji

f.134v

f.135r  
kējaba Ratu Rukma<sup>440</sup>  
sab wus putra iku  
bot putra kang akèh buyar  
mung nakingwang wirang lara angla/buhi  
nadyan tumèkèng pèjah

14. muchal pawèstri tumèkèng pati  
sèstu dadya boyungan kéwala  
mangko minulya Sang Rajèng  
satuhu lamun patut  
angèrgani saparo puri  
sèprandéné wakingwang  
tangèh yèn umatur  
mung ngilat pèngraos Nata  
mangko sèstu Sang Nata tan duwé karsi  
lawas-luwas pèngrasa

15. iki kang sun karya têngèrani  
Sri Naréndra marang awakingwang  
kinira-kira sapélé  
iki wawrating Prabu  
karya asih gadhuhi sabin  
satus aran majègan  
rong sasi pinundhut  
drung ngantya nyaoskèn uwang  
sisinau saumur agadhah sabin  
wong nistha ina papa

16. anglaga tyas sangking ala mami  
durung kantu ya ingsun sumongga  
nging dènalus pèngarèpé  
kang sun suprih Sang Prabu  
utama ya Panjèngan Aji  
upama lir sègara  
wyar mot sarah kang gung  
lir rètña wèning winawas  
tur kang warna adi tan ana nyamèni  
pilih wong tan kagiwang

17. ing mèngko kèh rasaning prajèki  
gumyak ing wong Naréndra angèrbat  
kèpraboné Rama Katong  
mashur ing amancèku  
srama bapa dunya myang puri  
tanapi bawah nagra  
klimput ing kèprabun  
agè-gé durung mangsannya  
iku adhi rasan sun rèksa ja mingis  
winuri tan minulya

18. samya nyipta atakdiring Widi  
bab ing pèrkara mo(ng)sa punika

kang sumurup wékasané  
amung salirani(ng)sun  
nènggalanga basa tan yukti  
wikan purwaning baya  
wékasan sumujud  
mula sun kang-ngaturana  
Sibèng Rama nyaoskèn lèpat ing sami  
ing kang anda/di karsa

19. sun nyaosi pula lir ing nguni  
kadi kang wus kocap srat ing ngarsa  
rama tumbuh sirna sihé  
gya dadya kawlas ayun  
saparanya ya sun lumiring  
dadya wirang gring pèjah  
ya umiring i(ng)sun  
sun ngrasa katèmpuh tuwa  
ngèrksèng lirnya mèngko singgih mitambuhi  
ya sumongga ing karsa

20. amung sira adhi dènudani  
antuk sih Nata ja lali mringwang  
sabarang patrap dènlumèh  
rinta wotsèkar matur  
kados batèn dédé sè sami  
lan adhi dè nabisa  
ngèmbat karya Prabu  
éwuh wong kinarya ngarsa  
mung sajuga adhi sira aja wani  
malèsèdkèn ing karsa

21. mung rumèksa ugèring wong abdi  
sakalirnya kang rayi pyayama  
mugi tuka bèrkah mangko  
Paduka i(ng)kang lulus  
Pangran nyabda lah i(ng)sun adhi  
kaya nora mardana  
marang Sang Aprabu  
arsa angindhung kéwala  
tanpa karya lèlakoné awak mami  
marang sun mring sasama

22. nanging sira dhi idhèpa tulis  
ing kang katur lah iki uninya  
binuka surat winaos  
kula nuwun Sang Prabu  
puntèn-Dalèm pun paman mangkin  
sangking rumèksa kula  
Panjèngan Prabu  
pocapan ing kang akathah  
ing kang botèn sami lan pènggalih Aji  
kula kang wau Nata

f.135v

23. kakèrsakkèn kagadhahan sabin  
pèmausan ran pun Ngadira(j)a<sup>c441</sup>  
satus karya sarèng Katong  
ngajèngkèn Garbèg Mulud<sup>442</sup>  
kakèrsakkèn kapundhut malih  
kang dhawuhkèn timbalan  
Dhi Jayèngsèstrèku  
yèn sampun tas karsa Nata  
ngong sumongga nanging kagungan Sang Aji

f.136r / duk tinampèn pun paman

24. sawèg trimadya tèngah kang sasi  
yèn sampun tèrang sumongga karsa  
kalih déné malih Katong  
tur uninga Sang Prabu  
sawèg Kadospatèn dalèm Ji  
gadhadh pèrkawis kula  
lan Janingrat Prabu  
pèrkawis sambutan uwang<sup>443</sup>  
kawan-bèlah ingkang rumiwin Sang Aji  
duk Kadospatèn Nata

25. sampun kaséta ingkang pèrkawis  
kalampahakèn karsa Naréndra  
drèng rampung mangké Sang Katong  
sèmangké kula nuwun  
karsa-Dalèm yèn supé Aji  
jawi ngong wus bicara  
dhatèng kang gung-agung  
tan sagèd anglampahèna  
sampun lami kèlawan ingkang pèrkawis  
sampun kaséta Nata

26. amung sumongga karsa Sang Aji  
kula inggih sumongga ing karsa  
kang dados lèrès Sang Rajèng  
nging yèn tan watèn Prabu  
karsa-Dalèm kang lèrès Aji  
bilih wotèn éwahnya  
lèrésan praja gung  
dados anèlaskèn manah  
abdi-Dalèm kang saé-saé prasami  
yèn kula nyaosèna

27. tiwasipun rēmbag kang gung sami  
mongsa mangké jrih anglancangana  
karsa Nata pan rumaos  
kula nuwun Sang Prabu  
jrih umatur sumongga Aji  
titi kang srat Pangéran

<sup>c</sup> BL MS. 'Ngadirasa', see above n. 395.

nyabda winor guyu  
dudu layang laré jabang  
angrusuh ing sabarang patrap nēgari  
tan liyan ngéman rumèksa

28. Dyan Pringgakusuma dhèku tan nging  
kaguntur sabda lèrès sèdaya  
ngongasan bèk gung sumèlèh  
gya katimbalan Prabu  
Radèn Pringgakusuma kalih  
Kèrtawijaya<sup>444</sup> mosa/n  
Pangran ngandika rum  
layangé iku saosna  
lamun arsa mijil sing sira Sang Aji  
ninga Nata turingwang

f.136v

29. wus binè(k)ta<sup>d</sup> nulya manjing puri  
Nata taksih srèng katèdhan priksa  
paman ing pèsajakané  
réka kapara ngayun  
kèndèl angsung tulis pribadi  
kaduwung tyas sun karya  
Miji linggihipun  
sun ganjar pèngango gonja  
mawa intèn<sup>445</sup> Dyan Pringgakusuma turing  
lèrès timbalan Nata

30. wus tinundhung praptanya ing jawi  
dinangu Pangran priyé timbalan  
karya dura-sèmbadané  
kang surat batèn katur  
mung ijèman tur kula Aji  
yèktos kalintu tampya  
timbang Sang Prabu  
kang gunggung dikakkèn ngrēmbag  
gya kang surat pinundhut Pangran kondur  
glis  
brongta sumèlang driya

31. brangtaning tyas dhumatèng Sang Aji  
tan rumasa ingèttukèn papa  
bènèr luputa pamané  
bok sègantèn dènagung  
ningalana sajruning tulis  
sampun dinugèng karsa  
yèn lèpat Sang Prabu  
karya surèm ing nēgara  
pan kètarèng Sang Nata nyuprih luputing  
tan sudya ngluhurèna

<sup>d</sup> BL MS. 'binèpta'.

32. sumčlangé tyas dhaténg kang rayi  
Pringgakusuma yèn datan nyata  
timbangané Sang Akatong  
nging kayéktoskèn iku  
sampun lami ing Sènèn Kémis  
inggih tan na yékto(s)nya  
Pangran tyas wus kondur  
kathah kang karasèng nala  
tan mardana pèndhak ditèn Sènèn Kémis  
lirna Nata sèmuwan

f.137r 33. dhasar botèn nga(ng)gé dèndhawuhi  
sawab tan watèn ingkang paréntah  
duk karya Miji pamané  
kèja/wi Sang Aprabu<sup>446</sup>  
nadyan takèr-tèdhak nègari<sup>447</sup>  
paman ngèkahi sabda  
sarèng kang tyas kondur  
tan arsa jinawil ing lyan  
ing pasèban sèmuwan Pangéran nganti  
timbangan Sri Naréndra

34. nadyan priksaa Pangran pawarti  
tan mardana nganti printah Nata  
yèn yéktos sih Jèng Sang Katong  
wus lami tan na iku  
kayéktosan sihé Sang Aji  
Pangran anyiptèng karsa  
sumongga Sang Prabu  
tan sagéd nglampahi karsa  
kang tan yéktos kinambang-kambang  
mèryogi  
adana raga-nyawa

35. duk sèmantèn wus putusan aglis  
matèdhani mriksa ingkang wayah  
Pangran Dipanègarané  
lamun éyang kasèndhu  
nyaoskèn srat pyambak<sup>c</sup> mring Aji  
kang wayah sumèrèpa  
kang srat tèmbugipun  
wus wikan pinundhut kang srat  
mring kang éyang saklangkung ana(n)dhang  
ki(ng)kin  
sinamur panarima

36. mung nènèdha Pangran ing Hyang  
Widi  
ingkang muga kèngètana Nata  
ing ngèlmi barang patrapé

<sup>c</sup> BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.

atmaja dyah umatur  
sèsmu waspa kinèn anangkil  
rama tan padyèng karsa  
mung atmajani(ng)sun  
dènbisa ngawulèng Nata  
lamun sudyasuta ngindhung tan wrin  
krami  
wusnya ing lama-lama

37. sèngsaya rausan kathah prapti  
kang tan layak gita-ginupita  
won-saé kathah ucapé  
bungahi mring Sang Prabu  
Pangran ngèturkèn sèdhèng galih  
sring sèba raka Pangran  
Pakualam dalu  
nyaturkèn woning Naréndra  
wotèn malih basa corah pèngadu blis  
paman duk sao/s layang

f.137v

38. kang srat sinuwir-suwir mring Aji  
ukaranya kang paman nènèdha  
songsong kuning bumi akèh  
dyi-èwu lan nunuwun  
putra dadya Ratuning puri  
mila Naréndra duka  
kang paman sinèrung  
ing kapti ginalih lancang  
sinumbaran mring wayah Ngran Dipanagri  
lamun arsa angraman<sup>448</sup>

39. sinèkajèng wayah kang nadhahi  
ujaring corah pèngadu sètan  
tangèh dhumatèng yèktiné  
jalma rerasaning mbyung  
kang tan rêmèn ngathik wèwadi  
Pangran mèsèm umiyat  
sabda tan rinungu  
tan lama Minèstèr késah  
mring Bètawi pamit mring Nata tan lami  
Sukètris jaga Nata<sup>449</sup>

40. lami tan miyos-miyos mring Loji  
mung sapisan laminya jinaga  
dhumatèng Sukètarisé  
awis siwakèng Sèptu<sup>450</sup>  
nging Sukètris asring pinanggil  
dinangu praptanira  
Tuwan Minèstèrku  
wus lama cidrèng sèmaya  
wus mangsané sok bandar sun arsi-arsi<sup>451</sup>  
Sukètris sumusula

41. Sukêtris tandya sumusul aglis  
nging tan yêktos mugèng Laji Wétan  
kang yatra lami lèbèté  
icir kala pinundhut  
lami Nata dèrèng pèparing  
séntana myang Bupatiya  
kang wadya sèdarum  
tyas wus nyipta datan ana  
sihing Nata kadya ing wau-wauning  
tan lama Sri Narèndra

#### CANTO XLIV (Asmaradana)

1. asmaradana gumanti  
anulya Sri Naranata  
arsa kagungan karyané  
angramakkèn ingkang putra  
kathahira titiga<sup>452</sup>  
dyi putri sawiji kakung  
kang nama Ngran Suryabrongta

f.138r 2. ing sasi Ju/madilakir (June 1813)

kang kakung angsal putranya  
Dyan Dipati titilaré  
putra kang pèngayun ika  
kadyi putri pan angsal  
Dipakusuman kang sunu  
suta ran Prawiratmaja

3. satunggil angsal Bupati  
moncagra Mangundirana  
ingkang tètèngga Kalangbrèt  
rinata sinarèng kapat<sup>453</sup>  
putri dyi kakungira  
Pangran Dipawijayèku  
angsal ing Sasrakusuman

4. Pangran Diwijaya kang ri  
angsal ing Adikusuman  
kang putri dhinaupaké  
kang sèpuh angsalkèn Tuwan  
Husèn ingkang namanya  
kang anèm inggih kadhaup  
nunggil ing Adikusuman

5. Dèn Prawirakusumaning  
ing jawi para séntana  
inggih sami darbé gawé<sup>454</sup>  
Jèng Pangran Bèhi bésanan  
lawan Mangkukusuman

kang raka Aurun kakung  
ran Radèn Pujakusuma

6. Pangran Abubakar inggih  
bésanan lan arinira  
Pangran Mangkukusumané  
urun Dyah ri kadyi pisan  
Radèn Ngalikusuma  
Pangran Dipasana iku  
bésanan lan Mas Mandura

7. pangjabira anunggil  
Jumadilakir punika  
sangkalur ing tanggalé (29 Jumadilakir, A.J.  
1740; 29 June 1813)

samya jinèngènan Nata  
Radèn Pringgakusuma<sup>455</sup>  
dhèrèk ngawinkèn putrèku  
run èstri sumantèn Nata

8. nganti sudaranya prapti  
lama Twan Mèstèr késahnya<sup>455a</sup>  
mila tililar ing gawé  
kang ngladosi karsa Nata  
Sukêtris ingkang jaga  
tan mawi hurmat puniku  
sapanggihira pèngantyan

9. sèstu pan mirib lir lami  
anulya Sri Narana/ta  
undhang sajruning kèdhaton  
ngluhurkèn ansarènira  
kasih duk Kadipatyan  
Kandhuruwan<sup>456</sup> ingkang sunu  
wayahnya Radyan Dipatya

f.138v

10. ingkang sèpuh duk rumiyin  
sakèlangkung sihing Nata  
duk taksih ing Kadipatèn  
sarèng mundhut putra paman  
Kiniwa linggihira  
ing mangké karsa kaju(n)jung  
linuhurkèn Tèngènira<sup>457</sup>

11. sarta sinungan kèkasih  
Dèn Ayu Anèm namanya<sup>458</sup>  
pinaring lancang paidon  
samya kèncana sèdaya  
lyaning tan pinaringan  
kang kathah para Dèn Ayu  
kinarya lènggah pangarsa

12. nging wotèn wéwadinèki  
anandhang grah kapitèng tyas  
Dèn Ayu éwa manahé  
tanpa karaguyèng suka  
mènganggé sakarsanya  
samyā jrih angarubiru  
wus lama gènira gèrah

13. duk Kadospatèn gèn wiwit  
satilaré Dyan Dipatya  
punika pernah sanaké  
nanging samur tan kètara  
mangké séngsaya wèwah  
jinampyan madal kang dhukun  
ning Sang Nata langkung sihnya

14. pinujèng tyas siyang latri  
kang uning ma(ra)s<sup>a</sup> tyas marma  
dhumatèng Kajèng Sang Katong  
wantuné grah sapunika  
yèn lajèng supénira  
karèsmèn ingkang sinèrung  
kadospundi Sri Naréndra

15. nging Nata datan anggalih  
amung sihira kaétang  
jawi gumruh rērasané  
Pangran Arya mirē(ng) kabar  
jinawil ing akathah  
yèn putra Kiniwa lungguh  
sumala tyas nging sumongga

f.139r 16. nanging kang tinèdhèng Widi  
kang tyas bisa nglā/konana  
putra stri sakarsa Rajèng  
dadiya kojating basa  
putri yu anarima  
tan lèngganèng karsa kakung  
kang sumrèp ngèlmi utama

17. nging Pangran lēsah ing galih  
kathah karasèng ing nala  
mérang dhatèng sēsaminé  
séngsaya anèhèng brongta  
galih ingkang wékasān  
kadospundi sih Hyang Agung  
dhatèng omba kang minulya

<sup>a</sup> The *aksara* 'ra' is unclear in BL MS. because of paper staining. An alternative reading might be 'mangas'.

18. sapa kèn Nata lumiring  
Nata Sèpuh myang taruna  
sudirèng pakaryan prang bot  
ing dalèm mongsa punika  
tan padya na samiya  
rinèksa dhatèng Hyang Agung  
kalbèng èrdhah tan na mulya

19. mangké drèng wotèn tuwasing  
tansah dadya lèlampahan  
tan manggyan pèrnatèng Rajèng  
gèsèh adiling Narindra  
tan mirib ing ngèlminya  
séngsaya Nata kalimput  
mung galih kawibawanya

20. ing dalèm mongsa puniki  
wikan yèn èngèt tēmbènyā  
yèn ngosikkèn ing Hyang Manon  
ning paman lami tan séba  
nyipta ngindhung ing Sukma  
yèn tan watèn sih Sang Prabu  
adil palamartèng budya

#### CANTO XLV (Mégatruh)

1. asmaradi sinalin sèkar mégatruh  
Pangran ing dalu supèning  
katingal watèn èr agung  
anjog sagran Pulo Sari<sup>459</sup>  
sing lèr gung kidul gumrojo

2. (ing)kang wau katingal asat puniku  
sègaran langèn Sang Aji  
Pulo Gèdhong<sup>460</sup> Pulo Santun  
èrnya sat mina gung sami  
ngalèmpak dadya sawiyos

3. syarna mina gèng alit kasatan banyu  
mung ka/ntun sadhèngkul warih  
ting klènggèk gya binarèku  
pakonné Sri Narapati  
pèrnahnya nèng kidul kulon

f.139v

4. nèng ngandhaping Karanggayam<sup>461</sup>  
pèrnahipun  
giniring widhé minèki  
mung kilèn punganan iku  
winidhé pan datan kèni  
sawab ga(ng)gèng kèh dhut jèro

5. nging minanya kèh kasaban  
ga(ng)gèngnipun  
wotèn jalma jlok sing nginggil  
blès ga(ng)gèng tinulung gupuh  
paksané samèt minèki  
wèkasané amèrgogok
6. wong kang no(n)ton idab ningali mina  
gung  
nging ajrih samya mēndhēti  
wong gung kumēcēr andulu  
tan ana karsa Narpati  
kang mina nglumba ting kloyor
7. lingsir wétan kang mina nglènggèk  
syarna gung  
kang paman wlas aningali  
ngawél yèn ngangsiya lampus  
yèn Sang Nata datan arsi  
mundhut lwung pinaringna wong
8. nyipta ngungun sudhakēp jru supènèku  
gya Pangran undhang mring abdi  
piyambak kinèn anyēmplung  
kinèn mēndhēti minèki  
jawèng bara kidul kulon
9. sakilèngan pungangan ga(ng)gèng kang  
dhut gung  
kang paman nyipta ing galih  
jawèng widhé mila purun  
abdinya suka mēndhēti  
yèn angsal nguncalkèn gupoh
10. mring manginggil pungangan gènyya  
ngalumpuk  
tinampènan jalma nginggil  
wētawis lagya salsatus  
mina badhēr kutuk kalih  
gung kadyi gya watèn uwong
11. kèhnya pitu pangarsa ngambil minèku  
gya sinungan tri minèki  
mring abdi kang gagoh iku  
kang sinung narima kasih  
sirna wong Ngran taksih nanggong
12. tak(s)i<sup>a</sup> ngungun anggaliw wlas sih  
mina gung  
kang nèng jruning bara sami

<sup>a</sup> BL MS. 'takpih'.

dètēna / arsa tan mundhut  
ngalènggèk satengah lalis  
gya wotèn toya sing lèr grong

f.140r

13. anglangkungi nglubèri tēpi sèdarum  
gya sing kidul toya prapti  
lir grojogan ilènipun  
bédhah bata sumrot putih  
lompongnya watèn sagènthong

14. grong kang kisma buthèk tirta sagran  
agung  
ngungkuli pucak widhèng  
mina gung (bu)ngah<sup>b</sup> lumayu  
manut sakèbèking warih  
Pangran ngungun jruning turon

15. wahananya sasmita i(m)pèn puniku  
tandya sinrat tan tumuli  
duk ari supènanipun  
Jumungah Wagé tanggaling  
kawan-wlas sasinya mangko

16. Jumadilawal mē(ng)gah ing taunipun  
Éhé angkanirèng warsi  
sèwu pitung-atus walu<sup>c</sup> (14 Jumadilawal A.J.  
17[40]; Friday, 15 May 1813)  
pinintokkèn ingkang santri  
myang Ki Pangulu saèwon<sup>462</sup>

17. wus sinigèg Pangran nunuwun Hyang  
Agung  
mulyaning kèraton Aji  
puliya lir ingkang wau  
Nata angèsthiya adil  
luhuringrat ing kaprabon

#### CANTO XLVI (Mijil)

1. sampun lami mēgatruf pamijil  
wulan ping sawiyos  
ditèn Sènèn Jumadilakiré

<sup>b</sup> The first *aksara* of this word is unclear in BL MS.  
<sup>c</sup> The date of the Javanese year given here is clearly wrong. It should read 'sèwu pitung-tus wan-dasa'. Presumably, because of the demands of the metre (this line having to end in an 'u' sound), the author has been led into an error. For a discussion of Panular's dream and its significance, see below n. 462.



taun nunggil angkanira sami (1 Jumadilakir  
A.J. 1740; Monday, 1 June 1813)

Pangran supna malih  
angajèngkèn bangun

2. wotèn wulan gangsal pèrnahnèki<sup>462a</sup>  
kang agung sawiyos  
purnama sidi ika mangsané  
wétan gènnya têngangé mangsaning  
kang catur madyaning  
lèr kilèn lan kidul

3. nanging sasigar catur kang sasi  
tanggal kapitunon  
catur sura aprang langkung ramé  
ing cèlorot sènènnya nglimputi  
tuméja nglat-thathit  
tan arsa prang catur

f.140v 4. kasayahèn sè/munya ing pikir  
wulan catur dhéprèk  
wusnya samya catur ngangkat agé  
aprang gilig mangétan kang sasi  
ngroyok angèbruki  
purnama kang agung

5. langkung ramé punapa ing ngarsi  
kédhap grong mènecorong  
wulan catur tan mongga pèrangé  
èsmu kawèlèh ting clorot sami  
catur manggyan nuli  
ènggènnya kang wau

6. surèm saroté catur kang sasi  
kang wétan saya grong  
padhang sumarot sing karinané  
jru supèna Pangran gèn ningali  
kacaryaning galih  
sudhakèp mangungun

7. dètèn saumur dèrèng amanggih  
wulan prang ting clorot  
ngantya kamitènggèngèn mulaté  
sawunggunya lènglèng tyas kagimir  
ngungun nyiptèng galih  
kadyaparan iku

8. sèsmitaning Hyang ingkang kaèksi  
mring saliraningong  
apa baya wahananing tèmbe  
brangtaning tyas kèh karasèng galih

mangsaning kang nagri  
wong gung drèng sumuhun

9. dèrèng padya mirib lir kang lami  
wong bumi kèh kalong  
samya kèh ngèsm(u)<sup>a</sup> nataprajané  
kang kapèthal jinuwing sinuwir  
Pangran ngrès ing galih  
kadospundi Prabu

10. tèka wèkasan mèh supé kami  
punapa sayèktos  
datan mirib ing Nata ngèlminé  
kroban budi kang tan yun kagalih  
yèn sampun sayèkti  
suka kula ngindhung

11. lamun sotah Kajèng Sri Bupati  
pinipilan ènggon  
ngétutkèn putra yèn taksih kanggé  
yèn tan sudya saparan gèn ngungsi  
mérang nèng nègari  
lwung ngindhung Hyang Agung

12. saparannya pundi ingkang sudi  
anyukup ing asor  
yèn sampun atas ing pèpèsthè/né  
tan gumingsir umatnya nglampahi  
nanging lamun kénging  
sampun sapuniku

13. pintèn laminé tiyang ngaurip  
bok dèngung angraos  
angagèma tèpa ing dhiriné  
yèn kaduwung winuri tan mingin  
kadospundi Aji  
wit mijil diningsun

14. ingkang kina mirib tan ngrahyoni  
kadospundi Katong  
omba nunuhun dhatèng Hyang Manon  
mulyaning natapraja di luwih  
wèkasan Sang Aji  
doh manis sih mring sun

15. kinambang-kambang sih drèng mèryogi  
kinirèng limrah wong  
doh kilatnya ing Nata kédhapé  
twin mring atmaja doh nyiptèng dasih

<sup>a</sup> The last part of this word is unclear in BL. MS.  
The text seems to read 'ngèsmé'.

f.141r

nging sumanggèng Widi  
ngong nganti yèn tutug

**CANTO XLVII (Asmaradana)**

1. asmaradana gumanti  
sèngsaya gung brongta Pangran  
syang dalu nuhun Hyang Manon  
anadhah bukti pan néndra  
mulyaning di salira  
èngèta Kajèng Sang Prabu  
sampun anglanturkèn duka

2. lami tan sowan drès warti  
tur jalma ingkang tan layak  
saya Nata pènggalihé  
wus mongsa malèbèng bandar<sup>463</sup>  
sèdaya pinaringan  
mung kang paman dèrèng sinung  
taksih sinèr ing wardaya

3. putrèstri srèg angaturi  
ramanta kinèn mardana  
tuwin ingkang sih was kabèh  
nging rama tangèh tan arsa  
sumarah ing Hyang Sukma  
pintèn danguning kèpangguh  
yèn wus parèng Gusti Allah

4. angantya adiling Aji  
kang tan lawan kawor-woran  
ing bèbudining kang asor  
panggodha rèncanèng manah  
sinidik ing paningal  
kang trus sèstu yèn Hyang Agung  
Kalifah ing Tanah Jawa<sup>463a</sup>

f.141v 5. yèn dèrèng sèstu kadyè/ki  
paman taksih nunuhun Hyang  
mulyaning lulus kèprabon  
ginanjara dil Hyang Purba  
palamartaning praja  
myang kukum manut ing Rasul  
mulyaa kraton lir kina

6. nging Sang Nata tan ngyèktosi  
binawur kèdhaping kathah  
binorong dèrèng pasthiné  
Pangran tyas narimèng Sukma  
sumarah karsa Allah

mung nèntrèmkèn tyas ragèku  
nèng dalèm nglèlipur nala

7. akarya masjid wus dadi<sup>464</sup>  
surambi lawan balumbang  
larènnya pinagèr-banon  
samya linépa sèdaya  
pèthak lan sèrasahnya  
rèsik acèkli kapyungyun  
kari mawi gugunungan

8. ingapit uwit balimbing  
jram gulung pèthètanira  
myang cikalang pisang akèh  
kang wit-witan lami kathah  
blumbang dèrèng si toya  
lir tinalang larènipun  
wusnya ngangkat magèr-bata

9. mènggah lèrès ingkang kari  
kasipat sangking pasowan  
katawang-gumawang tinon  
pasowan dyi gya ngèwahan  
saka têngah piniyak  
piningalèrakèn sampun  
pinènggèl batur rinèka

10. mawi palènggahan kursi  
tètiga lir pèngantènana  
kang tngah munggal gunungané  
wétan kilèn samya warna  
nulya wotèn pawarta  
sabarang-barang puniku  
ingkang dhatèng salirannya

11. S(r)j<sup>a</sup> Nata myang sangking sari  
Ratu samya arèrasan  
Ratu Kèncana dèlingé  
apa-dipa sèmonira  
ing lyan tyas pèpalihan  
anyipta ana suminggun  
praja gita-ginupita

12. Pangran mriksa ing pawarti  
corah tè/mbung kang tan layak  
datan piniyarsa mangko  
éca gènnya nambut karya  
myang rintèn dalu nurat  
ngèngrèng babad caritèku  
duk bèdhahé Yugjakarta<sup>465</sup>

f.142r

<sup>a</sup> BL MS. 'S'.

13. linirènan nulya salin  
anrat Sèrat Manik-Maya<sup>466</sup>  
catur condra ka laminé  
wusnya wangsul dhatèng babad  
sèmantèn Pangran Blitar<sup>467</sup>  
kapatédhan garwa Prabu  
titilaré ingkang rama

14. ran Radèn Puspitarèsmi<sup>468</sup>  
asring kinarya kèpala  
prajurit Dyah duk wauné  
nging drèng ngantya minggah Lurah  
sampun putra satunggal  
putri warnanira ayu  
nanging datan tumut mèdal

15. taksih nèng salèbèng puri  
ginadhuh kang bibi ika  
Dèn Ayu Déwaningsihé<sup>469</sup>  
dhasar ingambil duk jabang  
karsanya Sri Naréndra  
sab Dèn Yu tan duwé sunu  
yusya Dyah sadasa warsa

16. nulya kabaring nègari  
gumruh badhé watèn Jindral  
prapta mèrdhayoh mring Katong  
kathahira kalih-wélas  
ingkang mēngku bicara  
wulan Siyam kabaripun  
wulan salikur gèn prapta (21 Siyam, A.J.  
1740; 17 Sept. 1813)

17. ing Siyam wandé gèdèring  
mung tamu pèngalit prapta  
Liknang<sup>470</sup> kang sipat jèjèré  
lan wadya Sèpèhi wèwah  
tamu wus katimbalan  
tan lama Kajèng Sang Prabu  
miyos mring Loji lir saban

18. dhahar méja kēmbul lan Gris  
punapa adaté saban<sup>470a</sup>  
satèngah pitu wiyosé  
santana putra gung pèpak  
Bupatya myang sēmara  
tuwin kang paman Sang Prabu  
Jèng Pangéran Pakualam

19. wus panggya nèng jruning Loji  
tuwin kang putra Pangéran  
Pangran Sur/yèngrat lan Prangé

wusnya ondrawinèng suka  
nginum wuru samadya  
nging wotèn tinèlèng kalbu  
Pangran Suryaningrat Ingrang

20. ngon kèdhap liring sudarmi  
kadyi wagéd ngon sēsmita  
nèlèng tyas dhatèng pamané  
Pangéran Adikusuma  
ingkang pinujèng montra  
sinèdyèng ciptaning kalbu  
ingon ta ing ngayalépa

21. sinukmèng guyan linarih  
Pangéran Adikusuma  
kaduk samadya wuruné  
dhasar wataknya rēmènan  
béragan num-inuman<sup>471</sup>  
dhasar angsal sih lan Prabu  
minulèn punjul sēsama

22. tan watèn mimba myang mirib  
kang wau pan mèh tan kontap  
duk nyarpèng ngadèg gèng Katong  
sangking wagéd tyasnya Pangran  
manjing jurjèr ing karsa  
nyaoskèn sètya panglupuh  
wrating tyas dut(a) langènyya<sup>b</sup>

23. kang wus tumrap lan Sang Aji  
katur wrat srat kathah-kathah  
nyaoskèn pèjah-gèsangé  
yèn malih tilara Nata  
ing pakaryan lir saban  
kathah sètyanya mring Prabu  
Sang Nata bayar ing karsa

24. wus kapura tan ginalih  
kèngètan sihnya mring paman  
duk taksih ing Kadipatèn  
pyuh ing tyas mèh pulih Nata  
nging winangun wi(ng)kingan  
kang paman tyasnya samèru  
uwah lawan soban-soban

25. i(ng) karsa nganyar-anyari  
ing solah muna kètara  
dhatèng ing wong sakadangé  
sanès duk waunya Pangran  
nanging wus watakira

<sup>b</sup> BL MS. 'dut tlangènyya', the line misses one sy.

kédhik kalingsëmanipun  
supèn ing purwa-duksina

f.143r 26. mangké wotèn kang ngèntèni  
/ ing karsa drusilanira  
kang ambèk gung paksa banthèng  
kang wus ngrasèng kadrusilan  
rinèmpak pasëmuwan  
purwa samya nukmèng guyu  
wékasan nyudakkèn naya

27. pramila duk watèn Ngloji  
Pangéran Adikusuma  
ingétut kadyi guguyon  
Pangran Suryaningrat Ingprang  
curiganing kang paman  
tinarik kinarya guyu  
kinarya wit ing bicara

28. paman rumasèng tyasnya nir  
ing purwa madya wésana  
sinamur guyu wuru bot  
mila Nata duk nèng kamar  
Pangran dhèrèk mring Nata  
krasèng tyas sumèdya ngaub  
sampun klajèng kang surèng tyas

29. sakundurnya Sri Bupati  
andhèrèk angampil padam  
Nata wus mugèng krétané  
Pangran arsa dhèrèk Nata  
inggal putra kadyinya  
kang paman ginèndèng purun  
biné(k)tèng<sup>c</sup> ngarsaning rama

30. myang ngarsaning Sukètaris  
santana kathah wus bubar  
mung Pangran Dikusumané  
kantun ginèmbong tan tata  
pamélèh saliranya  
winasa kinarya guyu  
kèpapan lir paksi mongsa

#### CANTO XLVIII (Dhandhanggula)

1. kawarnaa Kajèng Sri Bupati  
tèka mangu gupitèng wardaya  
karsa Hyang usik Sang Rajèng  
sarèng ing ditèn Sèptu

<sup>c</sup> BL MS. 'binèptèng'.

Kliwon Sawal nèm tanggalnèki  
taun Éhé angkanya  
sèwu pitung-atus  
kawan-dasa tanpa sirah (6 Sawal A.J. 1740;  
Saturday, 2 Oct. 1813)  
sinèngk(a)lan<sup>a</sup> pan taksih anunggil warsi  
kèngètan purwa madya

2. wésananing mring kang paman uni  
karyèng praja bubrahing nègara  
duk papa Nata kéraos  
Pangran Arya kang tumut  
tumékaa ing lara-pati  
tan liyan kang nglabuhana  
mung paman satuhu  
/ dhasar ngiras maratuwa  
patut-patut ngayémna paman kang galih  
nyuprih arjèng prajèngrat

f.143v

3. lan kéraos sisiping kang galih  
duk kang paman nyaoskèn kang surat  
Nata tan mriksa suraté  
kang paman sinrèng bèndu  
drèng mriksani ijémng tulis  
winèstan paman ngambah  
sisikuning Prabu  
kang paman runtik jruning tyas  
tan mardana duk sawlas condra tan nangkil  
ngèsthi ngindhung ing Sukma

4. madungpari Kajèng Sri Bupati  
anglènglaga tyas karya<sup>b</sup> cawèngah  
lir jabang murwa kèdhapé  
tuhu Nata kalimput  
kaluhuran digbyaning Aji  
mangku rat ing Ngayugja  
Sang Kajèng Sinuwun  
ing mangké èngèt mring paman  
minta sabin satus Tanah Sokawati  
pinyrèng Wijayèngsastra

5. inggal kang paman rinèmpèng galih  
mijil Tumènggung Wijayèngsèstra<sup>472</sup>  
nyaoskèn surat ngènggrèngé  
bumi cacahnya satus  
tèmbunging srat langkung angasih  
lèpat Wijayèngsèstra  
lami tan liniru  
sèngadi sawèg tinata

<sup>a</sup> BL MS. 'sinèngklan', one sy. missing in the line.

<sup>b</sup> BL MS. 'karkarya', one sy. too many in the line.

minta alim nging Pangran sampun udani  
mèsèm narimèng Sukma

6. nulya watèn cundakaning Aji  
panakawan ingkang sampun gulang  
lan paman nyandi wiyosé  
duta kinèn umatur  
maryogèkkèn paman gèn nangkil  
sampun lama ingantya  
mring Kajèng Sang Prabu  
lan badhé tamuwan Jindral  
wikan karsa kadyaparan yèn drèng nangkil  
karya pulaning kathah

7. lan badhé lénggahnya wus pinaring  
karya satus mintaning Jèngsèstra  
muwun Pangran timbalané  
nanging ngapaksa ngindhung  
wong tan tata lumaku kardi  
mundhak ngrusuhi praja

f.144r ing tata / kang rahyu  
duta mangrèmpèng<sup>c</sup> turira  
kathah-kathah Pangran sidik wus ngèrgani  
yèn dédé ciptanira

8. Pangran nyabda sumèné pinikir  
angéntosi usiking Hyang Purba  
darma lumaku wakingong  
ginalih tyas wus putus  
prayoganing lampah nègari  
tatatining satriya  
kang raharjèng laku  
kang nèthikèn kèlingsèman  
kang winèngku ing wuri sampun kèpanggih  
anulya aputusan

9. dhatèng Dyan Pringgakusuma Patih  
Jruning<sup>473</sup> ingkang nyumbagani ing rat  
ing Yugja mongsa sè mangké  
wikan ing tèmbé landhung  
cèkakira mongsa puniki  
sama lan Patih Jaba<sup>474</sup>  
pangandèling Prabu  
wus kawrat duta tèmbungnya  
dyan pikagyat saklangkung léganing galih  
sarta pasra(h) mring duta

10. sakèlangkung<sup>d</sup> panuwunku ugi  
kapatèdhan priksa mring Bèndara

yèn Nata kèngètan sihé  
rasannya pan tinulung  
sampun nganti tyas (ng)lantar<sup>e</sup> runtik  
panuwunku dèninggal  
mardana Aprabu  
mandah sukaning ing driya  
Sri Naléndra kang paman katingal nangkil  
dhasar ingarsa-arsa

11. sèmuning Nata krasèng ing galih  
mring kang paman ngrasèng lèpating tyas  
karya réngat tyas tan lumèh  
ingong gih watir klangkung  
yèn awèta lami tyas runtik  
yèn kadi critèng kuna  
praja karyèng rétu  
akarya susahing kathah  
kadyaparan wit lèpat sing kula ugi  
karya pèngrasèng nala

12. nadyan kèh(é) ing mongsa puniki  
pra santana tan mirib mémba  
kadya Bèndara karyané  
kang rumèksèng Sang / Prabu  
dhasar suta kagarwèng Aji  
bénjang ing dintèn Soma  
mardana agupuh  
mupung tingalan Sang Nata<sup>474a</sup>  
ingong ingkang nyaosi uningèng Aji  
yèn kang paman mardana

f.144v

13. nandahnya sukaning tyas Sang Aji  
duta matur patrap kadyaparan  
timbangan rakanta mangko  
Dyan Pringgakusumèku  
nyabdèng duta sampun ngèwahi  
punapa adat saban  
duta gya umatur  
pèrkawis kantun sajuga  
apèrkawis Bèndara gèn nuwun adil  
lèrès rèsiking praja

14. apèrkawis Dyan Janingrat juti<sup>475</sup>  
ingkang sampun karèmbaging kathah  
kadospundi wèkasané  
punika kang drèng rampung  
ingkang dados pèngrasèng galih  
rakanta narah printah  
ing salèrèsipun

<sup>c</sup> BL MS. 'mangrèngmpèng'.

<sup>d</sup> BL MS. 'sakèlung', one sy. missing in the line.

<sup>e</sup> The first aksara of this word is unclear in BL MS.

<sup>f</sup> BL MS. 'kèha'.

kang dados rēsiking praja  
sampun siwah pilih-pilih ing sēsami  
kang dadya mulyaningrat

15. kèndèl Dyan Pringgakusuma angli(ng)  
gampang pèrkara punika bé(n)jang  
angsal sampun sowan mangko  
kula Patya kang ngrèmbug  
duta mintar dyan kirim bèkti  
prapta Gusti wotsèkar  
purna sawling katur  
tata-titining dinuta  
mèsèm Pangran mriksa tèmbung gung  
amanis  
sumalèng ing wèrdaya

16. sumrèp kèdhik wataknya kang rayi  
budini(ng) tyas tan lana sèmbada  
sanès duk injing lan soré  
wagèd karya panglipur  
rèngat ing tyas sinanggi krami  
nukmèng solah sumbrana  
angsal ing pèngapus  
angèndhak jégal mangrongwang  
gunung dhuwur kèna asinuprih gigrig  
/ tinumpang nuta rèhnya

f.145r

17. kèlampahan ing mongsa puniki  
ing sapraja nirna Dyan Apatya  
nut rèh dyan santana kabèh  
samyà éring manglulut  
mung Pangéran Arya tan gigrig  
mèksa numpangi angkah  
dhinèsèk ing lutut  
winor ing yudanégara  
kang wus sumrèp ing karsa Sri Narapati  
purwa madya wésana

18. mila Dyan Pringgakusuma éring  
uning watak ing budi kèpadhan  
ng(a)osan ambèk kawèlèh  
wong kuna paksa luhung  
datan wandé nyuprih ngènèni  
wong mor surasèng Nata  
tan wigih pakèwuh  
gènira ngupados budya  
mikènanani mrih luputirèng sēsami  
lingsèm sujané mulya

19. kadosta basa puniku ugi  
pangrénahé Radyan Jayaningrat  
ing tyas pan dadya karèpè

sab wujudnya kang mangguh  
ing bicara kang bèbènéri  
binawur bènerira  
bicara dhinumpyuk  
sangking datan dhémènira  
nyuprih ramé pinrih luputing sawiji  
dadya lingsèming praja

20. mila kathah réka gèn nglèrés  
karya nisih binotan jinèksa  
wrat Janingrat sab ipéné  
lan tan na mélikipun  
pan kinarya jugar pribadi  
kagitik praja bèdhah  
sirna mélikipun  
Nata anyar tan kuwasa  
wus kinarya rērasan sabèn anangkil  
tan patya yèn mikira

21. gènuik atas rē(m)bag lan Apatih  
pinitambah pinrih kruraning tyas  
Pangran sinuprih kaplèsèd  
gèlāa Sang / Aprabu  
mring kang paman sinuprih alit  
ing budi arjaningrat  
tyas rumasèng kantun  
ing mongsa karya punika  
liringané wujudnya tètèlih pitik  
tan ana warègira

f.145v

22. darma nucuk darb(é)ning<sup>g</sup> kèpati  
tan wruh ingkang ambakali gaga  
bot è(n)thèng dadiya layon  
sawètarènging laku  
rèh lumiring sinung gaib  
tan na rumasèng nala  
nut budi kalimput  
ing éblis tan manut ing Hyang  
dhasar (kang)<sup>h</sup> Patih watak tan bèsukèni<sup>476</sup>  
lèngus rusuh patrapnya

23. dadya wrongka ing Nata tan  
manjing<sup>476a</sup>  
sakèh bicara ing praja nglompra  
tuwa kèh pangunjakané  
bobotnya mung puniku  
mila bèdhah ingkang nēgari  
tan awrat ingèmbanan  
sotya sèkalimput

<sup>g</sup> BL MS. 'darbaning'.

<sup>h</sup> BL MS. 'dhasar Patih watak tan bèsukèni', the line misses one sy.

sèdaya sampun kacipta  
mring Pangéran solah watak wong nēgari  
ngungun ing tyas anyipta

24. kadyaparan yèn sun tan nglakoni  
printahing Hyang nadyan sun karēpa  
andhoko ngindhung Hyang Manon  
salira dèrèng kuntung  
dadya narah karsaning Widi  
nging tyas nunuwun ing Hyang  
muga Jèng Sang Prabu  
nglampahna gunging pamriksa  
mring kang paman dèntrusna kèlawan  
ngèlmi  
twin ing yudanēgara

25. nanging Pangran pan sampun udani  
sakèhing basa mongsa punika  
wong gung lit kèh subalané  
umbak kathah tan tuhu  
amèrgonjak paksa dhalangi  
manis pucuk wlas lumah  
jatinya mēndhukul  
kathah nglanturkèn kang basa  
f.146r jégal mréwang sampun / pècat mring sēsami  
Ratuné kènèng kala

26. ditèn Sènèn Pangran sampun nangkil  
anglērési tingalan Sang Nata  
munggèng ing Srimēngantiné  
gupita kang andulu  
lami Pangran datan anangkil  
kang sumrèp langkung bungah  
sokur ing Hyang Agung  
kang tan sērju nir tyasira  
wusnya miyos tingalan mriksa Sang Aji  
kang paman tinimbangan

27. mring jru pura pyuh Nata jru tyasing  
ning sinamur nyuprih sampun gèng tyas  
kang paman sumantèn malèh  
apinging tadhah bèndu  
yèn sinungling gupuh aturing  
samya nrung ing pèngangkah  
kang nyuprih arjèku  
kang mor surasaning driya  
sampun campuh ing karsa tinundhung mijil  
wusnya nulya bubarana

28. nulya wotèn kabar ing nēgari  
paJindral lan wandé Mastèr prapta<sup>477</sup>  
wus tur surat mring Sang Rajèng

gēpah Kajèng Sang Prabu  
kinèn mēthuk wadya Bupati  
Wédana Jaba Jrunya  
ing Klathèn tumanduk  
trus kéring prapta Ngayugja  
hurmat munya ing Loji mriyèm dyi-wlasing  
inggar wadya sèdaya

29. wus mardana malèbèng jrun puri  
panggya lan Nata anèng kadyinya  
pinèngkul dhatèng Sang Rajèng  
tinabèkakèn gupuh  
mring kang ibu myang pramèswari  
wusnya lènggah atata  
Sang Nata andangu  
mènggah ing salampahira  
myang lujèngnya wus katur purna mring Aji  
Nata suka rēnèng tyas

30. sinunggata wus dhahar Sang Aji  
mugèng mèja inuman sumadya  
wus pènuh bubarana mangko  
tan lama gantyanipun  
Tuwan Mastèr matur mring Aji  
kèdhatèng/an kang surat  
kang Yang Jindral Prabu  
badhé karsa mring Ngayugja  
panggya Nata saklangkung (è)nèng' kang  
galih  
bè(n)jang ing wulan Bésar (Bésar A.J. 1740;  
24 Nov.– 23 Dec. 1813)

31. trima kasih Kajèng Sri Bupati  
undhang ing wadya badhé baJindral  
angrakit sènggah urmaté  
kèkès tyas praja umung  
ing kang tipis tyas samya ngrujit  
tomtomèn duk barusah  
ing praja tyas kukud  
ngathik kabaring pawarta  
Kajèng Sultan kang Sèpuh kabarnya prapti  
myang Ngran Mangkudiningrat<sup>478</sup>

32. kang sawènèh bungah wotèn tintrim  
kèh syaranya jalma ing sapraja  
corah ing sabda pan ambèr  
ganyta kawarnèng ngènu  
Pangran Arya kang manggung rujit  
kang nuwun diling Nata  
rèsik ing praja gung

<sup>477</sup> BL MS. 'anèng'.

ruméksèng saniskaranya  
apèrkarèng bènèré Jaksa Nègari  
wong utang-kapiutang

33. botèn ta puniku langkung kèdhik  
dadya kanisthanirèng kusuma  
yèn ngantya dadya ruwédé  
ing praja langkung umung  
kang rinèksa amung nègari  
panunggilannya kathah  
yèn kadya puniku  
karya rusak ing nègara  
yèn wong ngèmplang ngapus tan na adil Aji  
kadospundi gèn arja

34. ing mongsa puniki Kyana Patih  
myang Dyan Pringgakusuma gung samya  
tan satuhu bènèrané  
kang tyas amalang-mégung  
diyon jrihan anawang jalmi  
yèn watèn clak lan Nata  
panasé kèlangkung  
sawab rumasèng ing nala  
darma mukti lara-wirang tan nglakoni  
mila was dlasan Jèksa

35. nging Pangran Arya tyas ngrètna<sup>f</sup>  
wèning  
iba lamènira kang bicara  
sabar tuk catur tauné  
f.147r duk kang kéndhang Sinu/wun  
sampun rèsik jugar pribadi  
dhasar Rèkyana Patya  
kèndho tyas tan tuhu  
upama èmbanan timah  
kusiwalung<sup>k</sup> tan ngèdhapi ing nègari  
mila doh sotya pisah

36. ing mangkya linulusakèn Patih  
kinarya wèla pan kinanthènan  
Patih Jru ngèmbat karyané  
Dyan Pringgakusumèku  
samya caknya Jèksa Nègari  
kang aran Nitipraja<sup>479</sup>  
watak tri tan lulus  
karya béngasing nègara  
nging Sang Nata kabutuh dèrèng udani  
gung wadya kang sujana

<sup>f</sup> BL MS. 'ngèrtina'.

<sup>k</sup> BL MS. 'kusiwal lung'.

## CANTO XLIX (Pangkur)

1. sèkar pangkur kang gumantya  
Pangran Arya langkung kéwraning galih  
yèn kinindèlèna iku  
anganti ing sémaya  
kang gung-agung rëmbagnya lami wus tutug  
lan Pangran amirèng warta  
ingunjukakèn Sang Aji

2. tan manut bènèring praja  
mula bubrah lampah Jèksa Nègari  
pamanta ingkang arusuh  
gih pèrkawis punika  
narèngu mring (kang)<sup>a</sup> paman Jèksa dinangu  
tur sama lan Radyan Pringga-  
kusuma ingkang anisih

3. Pangran runtik ing jru nala  
gya putusan ngèncèngkèn kang pèrkawis  
mring Dyan Pringgakusumèku  
yèn tan na bènèrira  
ing nègara mérang sun pèlaur ngindhung  
sun tan arsèng séba Nata  
déné ngong kèpati-pati

4. mandahané yèn luputa  
pècak bènèr bicarèngnya kèpati  
géné nyuprih awonipun  
Radyan Pringgakusuma  
nyabdèng duta blaka suraosé kalbu  
mèdalkèn kang kèkandhutan  
drusila kau sabdaning

5. ingong tan duwé bènèran  
dlasan Pa/tih tuwin Jèng Sri Bupati f.147v  
jogar pèrkara puniku  
wong tan angambah Jèksa  
wong apadu gih watèn gantunganipun  
mundhuta bènèran pyambak<sup>b</sup>  
Gupèrnèmèn dhatèng Loji

6. duta nyabda tan mèngkana  
ingkang wau gantungan gih nyagahi  
yèn sampun sumrèp puniku  
lampahé kang nègara  
dyan tan ngrewès gya pamit duta tumanduk  
ing ngarsa Gusti wotsèkar  
pyayama purna aturing

<sup>a</sup> BL MS. 'narèngu mring paman Jèksa dinangu',  
the line misses one sy.

<sup>b</sup> BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.



7. Pangran ing tyas ngëmu duka  
nging sinamur ing tyas Pangran agigit  
kambil kudarsa kèpangguh  
ngëningkèn Radyan Pringga  
nging tan panggaya ingantya-antya adangu  
taksih wotèn pèdamèlan  
injingnya Sènèn umijil

8. wulan kawan-wlas ingétang  
wulan Sawal taun Èhé lumaris (14 Sawal  
A.J. 1740; Monday, 22 Oct. 1813)  
Srimènganti kang swan pènuh  
Radyan Pringgakusuma  
tinimbalan ing ngarsa Pangran agupuh  
adhi ngong wingi sun arsa  
katèmu lan sira ugi

9. arsa dadèkkèn pèrkara  
ing saiki mula ngong tème dhingin  
yèn ngong karan numbak tambah  
nyuprih arjèng yèn kèna  
tan kèpangguh mangké pasèban katèmu  
dhi priyé bènèranira  
ulèhmu ngreksa nègari

10. bènèré praja kang yèktya  
kang sumurup ngèlmi yudanègari<sup>480</sup>  
Dyan Pri(ng)gakusuma matur  
ingih pan datan siwah  
kang kula gé inggih lèrésan satuha  
tata-titining ing praja  
Pangran mèsèm nyabda malih

f.148r 11. pègéné tèka asiwah  
apa nganggo bènèrku pilih-pilih  
dyan matur sami satuha  
déné pèrkaraningwang  
ko mèmènta/s mayèng pinikir tan rampung  
wus lawas karya pèngrasa  
wah anané lir punapi

12. ing wingi ingong kokonan  
ana basa tan ingnak piniyarsi  
nganggo Upèrnèmèn kang gung  
nganggo Laji kang sabda  
priyé adhi sun tan mangarti puniku  
Dyan Pringga kras sabdanira  
tumungkul wik-uwik jobin

13. wus watakira Rahadyan  
yèn micara tumungkul tan ningali  
nadyan nèng ngarsa Sang Prabu

sinabda tan tumènga  
mung yèn runtik kètawis sangking ing  
pungkur  
pating panjut gigerira  
kang atos angganthèng sami

14. wantuné wau tas gèrah  
pan kasèbèt linglung kang tyas gariming  
Rahadyan umatur sèndhu  
inggih pèrmilanira  
botèn sagèd sab pèrkarèng wus kapungkur  
kalèban bèdhah ing praja  
kang malik wus sirna sami

15. ingkang pinabèn punapa  
inggang nyambut pan sampun dados  
alit  
punapa inggang sinaur  
Pangran mèsèm ngandika  
ya parintah kang kwasa bisané naur  
minurwat insun tarima  
yèn wus bènèring nègari

16. yèn aja sanak pribadya  
sinung awong iya insun nampani  
sun karyaa barang iku  
sun wètökkèn pèkahnya  
iku bènèr ing praja dadya tan éyung  
nanging sèlak kèmulakan  
wong padha salirèng Aji

17. Dyan Pringgakusuma nyabda  
ingih déné Paduka tan nglampahi  
ing Jèksa lèrésanipun  
tan mawi gègantungan  
Pangran nabda ya nut rèh ingong rumuwun  
yèn tan nisih bènèrira  
yèn wusna antaranè/ki

f.148v

18. pinikir marang parintah  
wèkasané jogar bèdhah nègari  
ing mangké adhi sirèku  
kang bakoni parintah  
apa sira jaluk gègantungan mring sun  
nganyarkèn witing bicara  
pun kakang iya lumiring

19. balik ta hawa wus tēlas  
ngong jinèksa laku yudanègari  
pèrkara apa tan kisruh  
Jèksa anampanana  
yèn durung tèk ing yudanègaranipun

kaya durung mungguh Jékسا  
larasé prakara iki

20. bésuk ga kukum parannya  
kadyaparan karya wong gung myang Patih  
mëntah maténgé tan èstu  
jaré ruméksèng praja  
Radyan Pringgakusuma kras sabdanipun  
inggih lyaning sapunika  
bicara nyar sun awaki

21. kang lama ing sun tan sagah  
nadyan Patya tanapi Sri Bupati  
kéjawi Upèrnèmèn Gung  
kang gadhah panguwasa  
Jéng Sinuwun tan kwasa sanès lan kruwun  
Paduka mundhuta pyambak<sup>c</sup>  
lèrésan dhaténg ing Loji

22. runtik tyas Pangéran Arya  
winor guywa réta sotya mangliring  
durung samono tyasingsun  
adhi lir raré jabang  
nora bungah yèn mènang kalah tan ngusut  
amung sabènering praja  
lakuné sun rébut yayi

23. Panjènèngan Sri Naréndra  
sotya rétna mēncorong adi wéning  
madhangí praja sēdarum  
pasthi lawan ěmbanan  
rukma mubyar sinangling sēngsaya murub  
sapa dhi ya kaya sira  
kang murubi tuwin Patih

f.149r  
24. ing mēngko nyurēmķēn praja  
antarané marang ing awak mami  
pira lawasé puniku  
duk bēdhah kang nēgara  
pating blu/lung mangko mulya arsa  
nundhung  
lamun satuđu Jēng Sultan  
kaya patēmbungmu adhi

25. ngēculkēn ngong tanpa kandhang  
tanpa bumi langit kang kaya mami  
ing praja tan duwé Ratu  
dhumèpèl tan linawan  
marga sēka sira timbalan Sang Prabu

<sup>c</sup> BL MS. 'piyambak', one sy. too many in the line.

kinèn anasaring tata  
kaya wong kēh marang Loji

26. witing prakara sēpala  
karya marga sangking tan sērju  
kami  
wus pasthiné awakingsun  
ya sumarah lēlakyan  
nanging ing sun jaluk pratondha pangēcul  
srat kang atas Sri Naréndra  
Pringgakusuma nyagahi

27. sabda kras sēmayèng dina  
tigang ditēn pasthi kula nyaosi  
srat kang ngatas lan Sang Prabu  
yèn tan klakyan kawula  
dinukana ngong pasthi tan cidrèng  
wuwus  
késah tan pamit sing gēnyaya  
mriksa yèn Pangran srēng galih

28. linggih mor lan kancanira  
sarta udud sajaknya ngungkak krami  
Pangéran supé andulu  
sru nyabda tēka lunga  
durung tutug dadi kinon sru gon muwus  
ngango sēmaya tri dina  
lah mayo padha sakiki

29. sira katēmu wa Patya  
Pagēlaran tinon matur Sang Aji  
sun anti inggala rampung  
mungmpung mongsa pasēban  
kaya apa timbalané Sang Aprabu  
Dyan Pringgakusuma turnya  
kasēsa wotēn punapi

30. pērkwis saé kang sabar  
tamtonipun inggih mawi pinikir  
turnya lan sinambi udud  
Pangran kras angandika  
mung gunané rēmbug kang kinarya ngayun  
tanpa wē/kas durung pira  
Pringga wis arēp ngrusuhi

f.149v

31. ngēcrahķēn Nata sēsanak  
wit pērķara bara ruméksēng nagri  
mandah mring lyaning wakingsun  
santana yèn ngong gampang  
kaya dadi pangilon nir tyas tañ tuđu  
arēp ambubrahķēn praja  
tan rumasa ongganēki

32. apa iku Jêksanira  
kang kok andèl dadi Nitinègari  
Jêksa édan nora patut  
pan lagya pépuwungan  
Radyan Pringgakusuma datan umatur  
yèn wis nyata Sri Naréndra  
supé maring awak mami

33. wit sangking drusilanira  
dènbuwanga iya ingong lumiring  
nanging suta ngong sèdarum  
sun suwun tut wuri(ng)wang  
karya apa sutané wong tan wrin ngurus  
Dyan Pringgakusuma turnya  
lon sanès ingkang pèrkawis

34. séjé apa mor rasanya  
Pangran kondur gupita kang anangkil  
Dyan Pringgakusuma gupuh  
Nitipraja dinuta  
mring Ki Patya kinèn wadul pèrkarèku  
lan kinèn anuwun kang srat  
munya atas Sri Bupati

35. angsul-angsul dhatèng paman  
srat pangècul pèrkarèng tan mè(r)duli<sup>d</sup>  
Patya nir tyas datan rëmbug  
lamun dadya bicara  
ngur linandhung kawula ingkang angrëmbug  
dyi drusilèng kèlanthungan  
Pangran sumrèp mèsèm galih

36. kêtawis pangrèkanira  
Radyan Pringga yèn panggih klithah-klithih  
tan saé lamun dinangu  
cidra tan ngangsul srat  
satèmbungnya wus lami datan satuhu  
Pangran wlas ing sasola/hnya  
ing naya liringing rayi

f.150r

37. cinoba linèjar sabda  
gupuh-gupuh kang rayi awotsari  
saklangkung drèsirèng atur  
yudanègara tinap  
wong aguna srana tyas wagèd anamu  
nging Pangran Arya wataknya  
wlasan tyas rahayu budi

38. adat kang sampun klampahan  
Pangran Arya yèn binalilèng ati

<sup>d</sup> BL MS. 'mèduli'.

tan ngrahayoni satuhu  
Gusti Allah tan kilan  
sawab rèsik ing budi samaning machluk  
sampun watèn ka(n)canira  
kang nyidrani tan bèsuki

39. luwung tyas samya carèma  
pitèn banggi rinéwang ngasih-asih  
nuwun mulyaning Hyang Agung  
drèng rampung kang bicara  
Pangran karya ngèngrèng srat bicantèn  
gupuh  
tèmbungnya anédha karsa  
sudara Minèstèr Ngloji

40. lèrès patèmbungnya indah  
yèn (a)siyos<sup>e</sup> baya putra kajodhi  
Pangran wlas ing dalèm kalbu  
si(n)tèn mongsa punika  
kang tinawang ing kathah ingkang sinèpuh  
karya acrah ing nègara  
paran wangsa ngong sabumi

41. mung ta gèrgèting tyasira  
wong gung-agung ngiloni tyas kang juti  
kang dadya bèn)tèring kalbu  
saingga sampun putra  
kadya téga linajèngkèn ngèngrèngipun  
sinungkèn uninga Patya  
Jèng Pangr(an) panggih pribadi

42. sinungkèn kang srat winaca  
Kyana Patih saklangkung asih-asih  
sab Dyan (J)aningrat<sup>g</sup> puniku  
taksih dados bicara  
yèn priksaa kang srat pasthi / yèn sinuwun  
sawab amètèngkèn praja  
klèrèsan gènira ngicih

f.150v

43. wus lama gènira ngancam  
wotèn ingkang dhudhah jarogkèn wingking  
mandah tyas suka anglatur  
Pangran mèsèm ngandika  
dadi kula kang kinèn ngénggalkèn laku  
pakoné<sup>h</sup> Pringgakusuma  
ing wau kula tan ngèrti

<sup>e</sup> BL MS. 'siyos', one sy. missing in the line.

<sup>f</sup> BL MS. 'Pangr'.

<sup>g</sup> BL MS. 'Naningrat'.

<sup>h</sup> BL MS. 'pakoné Pringgakusuma', one sy. too many in the line.

44. jawané kula sinambat  
kang kinarya pangarsa Paduka gigit  
ajèng buwang jalma puguh  
tan bisa wong aguna  
angalap dho yèn luput dhadhap siwaru  
napa bèciking nègara  
yèn wong nyuprih lir puniki

45. nging ta mènawa tan wikan  
adhi Pringga karèpé Twan Mastèring  
Patya mèsèm lon umatur  
ngaping kalihi karya  
Pangran pasra(h) dadya tan bènèr satuhu  
mandah wong kaya (wa)kingwang'  
kang srat klakona sayèkti

46. katon tèmèn buwang sanak  
wit tèkèng ngong mandah ucaping sami  
bakyu ing pamothahipun  
wong tas kélangan putra  
nging pinupus tyas wuthu mring wong gung-  
agung  
suda Panjènèngan Nata  
sab wong gung Patih jrèh pikir

47. Ki Dipati aturira  
sapunika pasthi kula antèpi  
yèn sun manah karya kèpyur  
kula undang piyambak  
ngong lèrésì yèn mé(ng)gok ngong saos  
Prabu  
nuwun karsaning Sang Nata  
kèsangètèn damèl kikin

f.151r  
48. Pangran mèsèm ing tyasira  
Ki Dipati mathèthèng kasurani(ng)  
nging adatnya lir karupuk  
mlènthung tan na / jayanya  
ing wardaya Pangran tan ngandèl sèrambut  
sab wali-wali wus cidra  
lèlèb badharkèn pèrkawis

49. nging Pangran nglanturkèn sabda  
kathah-kathah Kya Dipati angasih  
ing sabda budi rahayu  
sarta tur sègah wédang  
dhèdhaharan rati matéga wus pènuh<sup>481</sup>  
sabèn-sabèn Pangran Arya  
tindak ingurmatan Patih

50. Iyeningpun iku tan nganggya  
sampun mashur Patih kalon ing sami  
sanès sawab nir ing kalbu  
mring watak Pangran Arya  
budi-arja lèrès santosa rahayu  
kinrobok èwèd jinangkah  
tinèmbi miring pamijil

#### CANTO L (Mijil)

1. undhang Sang Nata ing ditèn Kémis  
amèpak wadya grong  
nèng Paglaran pra santana kabèh  
putra Bupati narArya Mantri  
wadya Jru prajurit  
sumahab pra anung

2. jèjèl pipit pèngankilan Aji  
Twan Minèstèr saos  
mring kèdhatyan amèrdana Rajèng  
anlaskèn gupitèng karya tulis<sup>482</sup>  
sawusira dadi  
kang srat gya Sang Prabu

3. nuding Bupati dyi lawan carik  
ngampil srat Sang Katong  
mugèng talam sinongsongan jéné  
samir sèta tiningkèm kang tulis  
ngandika Sang Aji  
Bupati Jro gupuh

4. kang srat paringna Danurja kalih  
mufakating kang wong  
santana putra ng(a)wadya<sup>a</sup> kabèh  
wotsèkar Dyan Jadipura<sup>483</sup> tampi  
wus kinèn umijil  
sibra lampahipun

5. / pra(p)tèng Paglaran arèk kang nangkil f.151v  
gupita sakèh wong  
pratiwa jro andhawakhèn agé  
timbangan-Dalèm Kya Adipati  
gèpah anampèni  
Patya dhawah Prabu

6. Ki Dipati dhawuhnya Sang Aji  
kang srat karsa Katong  
mufakatna abdi-Dalèm kabèh  
ing Ngayugja santana putra Jj

<sup>1</sup> The first *aksara* of this word is unclear in BL MS.

<sup>a</sup> BL MS. '*ngowadya*'.

Bupati myang Mantri  
Jaba Jro sèdarum

7. tuwin prajurit nung Yugja sami  
sakathahing uwong  
samy mirsakna timbalan Rajèng  
Patya sandika gépah nampèni  
srat sinungkèn carik  
gya winaos gupuh

8. ngadèg binuka srat songsong kuning  
kang séwa abukoh  
angèningkèn dhawahnya Sang Rajèng  
Kya Dipati mufakatkèn sami  
tanduk srat gya muni  
iki dhawuh-Ingsum

9. Adipati Danurja sirèki  
ing mêngko Sun lorod<sup>484</sup>  
dadya Patih ngèmulu wong akèh  
atas Upèrnèmèn (sa)sabdaning<sup>b</sup>  
karya tan ngrampungu  
sakèrsaning Ratu

10. Patih dhèku miyarsa kang tulis  
lan karoné mangko  
cabar tiwas amomong ing akèh  
bicaraning praja mangkaksami  
sangking wèlu ati  
tan jinrayan wong gung

11. wus tan patut sira mêngku nagri  
angèmbani Katong  
lan wus tuwa sajakira répot  
patut nganggur mung madhèp Hyang Widi  
sira Ingsun alih  
jènèngmu Sun pundhut

f.152r 12. Sun arani Purwa Adipati  
Mijining wong agrong  
bawah pangwasa Sun pundhut kabèh  
Sun pa/ringi satu(s)<sup>c</sup> karya linggih  
sarta Sun gadhuhi  
sèkèt mosan-Ingsum<sup>485</sup>

13. Kya Dipati mangèmpèng ing ati  
angusapi èloh  
ing samèngko karsanIngsum déning  
kang Sun angkat dad(i)ya Apatih

dadya banan Aji  
rumèksèng prajèku

14. dadya kèmulung wong Yugja sami  
wah ing ngamonca grong  
kang wus atas yang lan Upèrnèmèn  
ninging maksih mudha tilas Bupati  
Japan moncanagri  
Samadipurèku<sup>486</sup>

15. patut dadya Patih mêngku nagri  
èmbananing Katong  
lan Sun ganjar anamaa Radèn  
Adipa(ti)<sup>d</sup> Danurja lir dhimin  
karo déné maning  
Pri(ng)gakusumèku

16. Ingsun alih arannya pribadi  
Pringgadiningrat<sup>487</sup> wo  
maksih tètèp dadya panggèdhéné  
Bupati Jro lawanging nègari  
ngisoring Apatih  
pangwasa wah lungguh

17. lan si Sindurja<sup>488</sup> Ingsun marèni  
sawabnya wus répo  
Ingsun karya Miji ta linggihé  
satus sarta Sun gadhuhi sabin  
sèkèt mosan mami  
kang gumantya iku

18. bocah ngong lawas si Jayèngsari<sup>489</sup>  
gumantiya i(ng)gon  
kang linggihan myang kalèrèhané  
Kaparak Tèngèn Margongsa<sup>490</sup> sami  
sarta sun arani  
Rahadèn Tumènggung

19. Mangundipura Kiwaning linggih  
Pringgadiningrat gon  
Ingsun bawat limang-tus linggihé  
purna sabda srat timbalan Aji  
wus mufakat sami  
gung kang nangkil umung

20. titi srat timbalan Kèmis Lègi  
tanggal walu mangko  
wulan Bèsar anuju taun Èhé  
ongka warsa sèwu / pitung-tusing

f.152v

<sup>b</sup> BL MS. 'sabdaning', one sy. missing in the line.

<sup>c</sup> BL MS. 'satu'.

<sup>d</sup> BL MS. 'Adipa'.

catur-dasa dadi (8 Bĕsar, A.J. 1740;  
Thursday, 2 Dec. 1813)  
sinĕngka mĕgatruf

### CANTO LI (Mĕgatruf)

1. wus tinata ing Paglaran ingkang lungguh  
mundur kiwa Patih lami  
manggyan Dyan Patih kang baru  
asigra anraping krami  
patut dadya banan Katong
2. prakosya nung sudigbya pasĕmonipun  
tan wigih lĕrĕp ing sami  
tan kĕnĕng tinrak ing kĕwuh  
pasĕmon ambĕk nyudarmi  
kadya mot lir sagra agrong
3. ing Paglaran sri guwayanya umancur  
mantuk sĕnĕnnya lir lami  
pulanging Patya dhumawuh  
sĕngguhĕ Radyan Dipati  
solah liring myang pasĕmon
4. wus sairib Dyan Dipati kang  
rumuwun<sup>491</sup>  
sabda lir Dyan Rongga Syargi<sup>492</sup>  
pinĕthikan ingkang langkung  
ĕsĕm myang gutuking liring  
pantĕs karya rĕsĕp tyas wong
5. danguning wong samya mawas Patih  
baru  
samya gupitĕng ing ati  
dĕnĕ cĕplĕsan amuguh  
tinimbang Patih kang lami  
Ki Purwa langkung (ka)sĕbod<sup>a</sup>
6. wusnya tata Paglaran duta gya mangsuk  
matur mring Jĕng Sri Bopati  
wus purna Sang Nata gupuh  
Dyan Patih kinĕn nimbali  
duta mintar praptĕng ĕnggon
7. katimbangan Patya pasajaknya gupuh  
nyandhak wĕdhung mĕdhar wĕni  
cingak sagung kang andulu  
Dyan Patya nganyar-anyari  
mĕrang tyas sinawang uwong

<sup>a</sup> The first *aksara* of this word is unclear in BL MS.

8. dadya kagok kampuhĕ sinandhung-  
sandhung<sup>493</sup>  
tan wigih lir mrak kasimpir  
prapta ing ngarsaning Prabu  
non rĕsĕp Kajĕng Sang Aji  
tandya ingawĕ agupoh

9. Tuwan Mastĕr saklangkung rĕ/na ing  
kalbu f.153r  
wus mugĕng ngarsaning Aji  
pinanjĕr amarikĕlu  
kadya kajĕma ing siti  
pyuh tyas Nata non Patya nom
10. Mastĕr pasra(h) dika ngabĕkti Sang  
Prabu  
gupuh gya nguujung mring Aji  
pinĕngkul dhatĕng Sang Prabu  
wusnya sinabdan mring Aji  
dĕnpintĕr ng(rĕ)kĕng<sup>b</sup> kĕprabon
11. aja kaya Danurja ingkang wus mantun  
sabarang patraping nagri  
dĕnrumĕksa dĕnrahayu  
dadya kĕmuling sabumi  
aja nyanyuwĕ ing kĕwuh
12. Dyan Dipati wotsĕkar saklangkung  
nuwun  
wulang-Dalĕm dhatĕng kami  
mugi sagĕda Sang Prabu  
nglampahi kinarya Patih  
sawab Dalĕm Jĕng Sang Katong
13. langkung t(r)ustha<sup>c</sup> Sang Nata gya  
kinĕn gupuh  
tabĕ sudara nyabda ris  
dĕnpintĕr lir wĕling Prabu  
Dyan Dipati nrima kasih  
ngurmatan mriyĕm pitu grong<sup>494</sup>
14. kinĕn wangsul Maglaran Nata  
ngĕdhatun  
Twan Mastĕr mantuk mring Loji  
kang Maglaran bubar sampun  
wĕwĕrta sarĕng amulih  
mring somahira sĕmangko

<sup>b</sup> BL MS. 'ngĕrksĕng'.

<sup>c</sup> BL MS. unclear: the text seems to read 'langkung  
ustha', but the MS. is stained and the surface of the  
paper slightly torn.

15. salin Patih sawangnya kang dadya anung  
kang linarod sarèng mulih  
pinapag sari ngèmuluh  
pèngrasèng tyas dèrèng lami  
dadya Patih glis cinapot
16. ngungun-ngungun garwané kalih sèluku  
kang nèm patèdhan Sang Aji  
nanging sawèg wawat sèpuh  
gètun mulyaning sakèdhik  
Ki Purwa gya mangsuk kabong
17. kadhawuhan kinèn ngalih gogar-gupuh  
dadanan kinèsèr sami  
bèbèrah bèkta dunyèku  
kèdhiké wong dadi Patih  
153v / nampèni kucuh ing Katong
18. bèrkahira ing praja tuwin balèdug  
dhasar gèmi Kyana Patih  
mila sugih r(a)gi<sup>d</sup> langkung  
Dyan Patih ingkang taruni  
kondurnya ginèrbèg ing wong
19. pan gumèrah jalma Kèpatiyon ambyuk  
pinèthuk garwa myang sèlir  
nyawang kang raka umancur  
sènénging Patih ngènggoni  
sèdhèpnya pating garèndhol
20. suka-rèna miwah wadyanya sadarum  
ngalih Kèpatiyon nuli  
kang usung-usung kumèrud  
Danurjan dipunrèsiki  
jaba jro wingking sinapon
21. dhasar wataknya Dyan Dipati puniku  
rèsikan ing wisma apik<sup>495</sup>  
wusnya pinindhahan iku  
injingnya Garèbèg<sup>496</sup> nangkil  
sènénnya pan saya kamot
22. tan winarna ing Garbèg miyos Sang Prabu  
pan kadya adating nguni  
Twan Mastèr matur Sang Prabu

<sup>d</sup> This word is unclear in BL MS. The text seems to read 'rgi'.

margi Rahadyan Dipati  
yèn kang Yang Jéndral mèh rawoh

23. ri sèdhèngnya sémaya kang yang gya rawuh  
Nata anduta Bupati  
Wèdana putra dyi iku  
santana Ngran Mangkubumi  
Ngran Dinègara sawiyos

24. Pangran Dipanègara kang putra sèpuh  
tandya kapèthuk ing margi<sup>497</sup>  
lampahnya anulya laju  
Jèng Pangran Pakualaming  
inggih mèthuk sagarwa grong

25. putra kalih kang sampun mèthuk rumuwun  
Pangran Suryaningrat Pranging  
wus ngiring mring kang yang laju  
sinrat duk Yang Jéndral prapti<sup>498</sup>  
mring Ngayugia ditèn Rébo

26. wulan Bèsar tanggal kawan-wlas puniku  
taun Èhé angkaning warsi  
sèwu pitung-atus catur-  
dasa gya mèthuk Sang / Aji (14 Bèsar A.J. f.154r  
1740; Wednesday, 8 Dec. 1813)  
myang garwa Ngran Dipatya Nom

27. wahananya kréta wadya gung gumuruh  
upacara anglèpasi  
prajurit Jro mugèng ayun  
Twan Minèstèr dhalangi  
Nata durmaning praja grong

#### CANTO LII (Durma)

1. sigra budhal Kajèng Sang Sri Naranata  
wadya badhol mènuihi  
lurung gèng barisan<sup>a</sup>  
kapang mawi bèrdongga  
ing Loji baris Sèpèhi  
Inggris atèmbak  
sumahab ngarsèng Loji

2. tandya hurmat maryèm munya lir glap  
nampar

<sup>a</sup> BL MS. 'binarisan', one sy, too many in the line.

bardongga ambarungi  
syaranya lir gérah  
wor tambur jriting kuda  
gèrdéging kréta mor jalmi  
lèbu limunan  
pètèng lir kukus api

3. wiyosira wancinya gumiwang kilyan  
sarèng lan éyang prapti  
anèng pèsanggrahan  
kang ran Rēsanēgaran<sup>499</sup>  
kédhik Yang Jéndral rumiyin  
agēnti tapak  
kasēsa Sri Bupati

4. ga pinèthuk mring kang Yang Jéndral  
agēpah  
anèng pèngkulan kalih  
samya ciciyuman  
lir puyuh tètaronan<sup>500</sup>  
Twan Jindral lawan Sang Aji  
rēsèp jruning tyas  
kadyi dhatèngkèn kang sih

5. Kajèng Ratu lan Niprul  
arèra(ng)kulan<sup>501</sup>  
wah Pangéran Dipati  
Inggris gung sumahab  
hurmat tabé mring Nata  
wusnya tarap mugèng kursi  
angéring-nganan  
tuwin kang paman Aji

6. Kajèng Pangran Pakualam kéring ngarsa  
twin Pangran Suryèngrating  
wa Ngran Bèhi kanan<sup>b</sup>  
ri Pangran Mangkubumya  
kadyi tèbah kiwaning Gris  
kang pra sèntana  
sèpuh samya nèng kursi

f.154v 7. nanging dédé pèpancéné linèng/gahan  
pancèn tamu kang linggih  
Ngran Arya Panular  
kéring nèng kursi têngah  
putra santana nèm linggih  
clak ngéring-nganan  
garèbèg Sri Bupati

8. ngandhap tarub agung kang para  
Bupatiya  
sumahab para Mantri  
bèr prajurit tata  
Jawa Sabrang Yun-Yunan  
lir pindah udyanasari  
busana abra  
kumilat sarana thit

9. hurmat munya drèlira mawantya-wantya  
sarèng Jawa lan Inggris  
lir ruing prawata  
tandya Sri Naranata  
kèmbul dhédhaharan sami  
wédang inuman  
lan kang Yang Jéndral adi

10. kang dhédharan sogoman adi wowohan  
wus winradinkèn Inggris  
myang putra santana  
Bupatiya myang sémara  
langkung suka kang yang uning  
tuwin Niprulnya  
hurmat Nata kinasih

11. drèsing sabda kang Yang Jéndral mring  
Sang Nata  
Nata sumantèn malih  
Niprul mring Ratunya  
drès sabda katimbangan  
Ratu Kèncana angasih  
lumadèng salah  
dhokoh susugunèki

12. wusnya boga gya budhal wadya  
gumèrah  
samarga hurmat muni  
bèrdongga barungan  
undur tataning lampah  
rumiyin Kajèng Sang Aji  
kantun kang wadya  
Pacinan Inggris baris

13. tèkèng Loji supènuh kang marga  
pèjah  
tarap tandya Supèhi  
wus dungkap Sang Nata  
pangarsa wadya Sabrang  
samya mugèng kuda téji  
gèrbèg Twan Jindral  
tanapi Sri Bupati

<sup>b</sup> BL MS. seems to have 'kangnan'.



14. kréta lajèng marganira tinangkéban  
wadya Jawa tan kèni  
yèn nrak abarisnya  
dhèdhèg wadya nèng marga  
tindhahnya Liknang ngadhangi  
mugèng ing kuda  
f.155r ngli/ga pèdhang ngajrihi
15. lawan Pangran Suryaningprang  
képalanya  
wadya gung samya bali  
upacarèng Nata  
samya wangsul sèdaya  
lurung Danurjan mènui  
prasamya nyimpang<sup>501a</sup>  
mèdal sawétan Ngloji
16. Laji Bèsar anulya mingèr mangilyan  
wadya gung langkung kikis  
kuwatos mring Nata  
sab pisah wadya-bala  
tomtomèn duk bèdhah nagri  
lan critèng kuna  
gunané wong Kumpèni
17. tèka dadya pèngrasèng kèpyuring nala  
anyipta nyalawadi  
tan sumrèp rè(h) kormat  
sangking nunggiling karsa  
wusnya tata hurmat Inggris  
pangrèkèng kuda  
mundur tata lumaris
18. mangsuk Laji Gung wadya Sabrang  
sèdaya  
brol wong gung liwat sami  
mangsuk Laji Taman<sup>502</sup>  
mardana wotèn jaba  
jawining glèdhègan sami  
kang pra santana  
Patya tuwin Bupati
19. myang ampilan sèmara wadya sèdaya  
tuwin Bupati kalih  
sangking Salakarta  
kang ngiring Tuwan Jindral  
ran Dyan Puspakusumèki  
dyi Wiraguna<sup>503</sup>  
patrap pènganggè nunggil
20. Sri Narèndra pinarak lan Éyang Jéndral  
nèng gèdhong<sup>504</sup> dyan arèsmi

Inggris ingkang bèsar  
praméswari wus mintar  
kundur dhatèng dalèm puri  
sarawuhira  
Nata yang hurmat muni

21. mriyèm Ngloji syaranya lir kadi gèrah  
drèlnya lir rugin wukir  
Patya tinimbalan  
ing jro gèdhong mardana  
kinèn ngangkatkèn ing ngarsi  
wadya sèdaya  
Nata kundur mring puri

22. pamit mring yang Twan Mastèr  
ngiringkèn Nata  
gumuruh wa/dya sami  
hurmat mriyèm munya  
lir glap Nata wus prapta  
ing pura pinapag sari  
bèrdongga munya  
rarasira ngèrangan

f.155v

#### CANTO LIII (Mijil)

1. Tuwan Minèstèr wus mangsuk Laji  
bubaran wadya grong  
Hyang Baskara lumarap mangilèn  
gya kasaput katri sawang injing  
kang éyang pinanggih  
Jéndral mring kèdhatun

2. Nata mèthuk mugèng ing Siti(ng)gil  
